Хъистаман Султанбегова

ЛЬАБГО БОРЧIАРАБ СОРДО

МахIачхъала
2016

ББК 84 (2 Рос-Даг)
УДК 821.351.12
С — 896

Хъистаман Султанбегова. Льабго борчIараб сордо. — МахIачхъала, 2016. — 416 гь.

Х.С. Султанбегова. Три бессонные ночи. — Махачкала, 2016. — 416 с. (на аварском языке).

© Султанбекова Х.С., 2016

1 тIехь

ЛЬАБГО
БОРЧIАРАБ СОРДО

1.

Жакъа буго къоло цоабилеб апрель. Сакина-кIодол тахтаялда тIамун буго жиндирго кверал угьараб харил кьералъул кваникьтIан. Сверудаса-сверухъ лъун руго, тIинабиги рорлъун магIида ран рукIаралъуса рахъарал чинидул гъудрул ва лъабгIаркьелал магьидал гIучIал. Щибаб гъадаро-ялда аскIор лъун руго цIулал гьарурал гъудал. Гье-зул гIоркьал кенч1езарулел руго тIад рахъарал накъишаз. Хьибилалда руго лъабавго НухIил васа-зе лъураб лъабго гьитIинаб къандалъо. Тахтаялда цебе, мугъ чIвалеб бакIал рорхатал, лъабго бакI буго вас НухIиеги, гьесул чIужу Суайпатиеги, жийго Сакина-кIодоеги.

Гьезул хъизаналда лъалаан гьеб къоялъ НухIие рокьулел пунщарал гIатIал хинкIалги, бакъвараб гьаналда цадахъ белъараб чIахIа гьабун къотIараб картошкаги, бухараб ражиялде тIаде тIураб бетараб рахьги, цIияб бахъараб нисулъ гьарурал цIурачадалги цере лъун, Сакина-кIодо гьезухъ ялагьун йикIунейлъи.

Жание лъугьун, кодоса васги гIодове виччалаго, Суайпатица абуна:

— Дуе кумекалъе дагьай цее ячIинин йикIана. Вай Аллагь, гьал жал! Гьазда ретIел рекъезабулаго кватIана.

Васалин абуни, мангиялде харизе лъугьана. Гьезда лъалаан гьел къандалъаби гьезие лъурал рукIараллъи.

— Дуца бицунеб щиб? Кинабго хIадурун буго, — тахтаялде рахунел васазе кумек гьабулаго, абуна Сакинаца. — НухIиги Абакарги кир тарал?

— Дов, гIамал кIодо, Абакар, гьаниве гIедегIун, векерун цеве унев вукIарав чи, хIарщулъ гIодов речIчIана. Гьесул тIажу хисизейин нахъ руссана гьел. Мунги, лъабавго вас цадахъ рачунгейилан, гьезда бер кколин хIинкъун йикIунелъул, ниж гьезухъ балагьун чIчIечIого цере рилълъана.

— ЛъикIха, дир яс. Абакар — дов вугевха, цо бахъизе рас камичIого, цIар лъурасда релълъарав. ЖакъагIадин цебе буго Сибиралде ккун аралъуса, цIорон хванин гьевин кагъат бачIараб къо. Мунагьал чураяй ункъг1алалъ гьелдаса хадуб хасало хинлъизе тIокIаб цIа бакичIо. Гьев квачан хведал, гьесие щвечIеб хинлъи, диеги къваригIун гьечIин.

— ЧIа-чIа-чIа, — хьвагIун квергун чIезаюна Суайпатица Сакина-кIодо. — Гьел къваридал харбазде юссани, мун чIезайизе кIоларо. Бицея, щиб кьезехъин бугеб цо вугев васасе? Дуда лъалебищ, гьавураб къо баркун, лъеберго сон байдал кьолеб сайгъат цIакъго къиматаб букIине кколеблъи?

Дагьай кIалалда пагьму гьечIей йикIана НухIил чIужу Суайпат. Йигониги, яцгIалалъул яс

жиндиего йокьун ячун йикIиналъ, нусалъ гьабизе кколебги жинцаго гьабун, гьей васасда берцин йихьизаюлей йикIунаан Сакина. Жалго лъикIаб, тIаде гIемерал гьалбал рачIунел тухумалъул рукIиналъ, кваназе, хинлъизаби гурони гьечIеб хIалалда гьабун, тIагIамаб квен цебе лъезе Суайпатие хIадурун тун букIунаан гьелъ.

Сакина, жийгоги эбел-инсул цо йикIана. Гьединлъидал, жиндирго цохIо вугев васасе цоцазда хадур лъабавго вас гьавидал, нусалъул кинаб бугониги гIунгуртIи гьелда бихьулароан.

Вас, НухIи, хинлъи-цIорой рекъезабун хьихьарав вукIун, къватIи-рокъове вахъун, гIадамалъ вукIине ва кIудияб гIаданлъи гьабизе лъалев чи вукIинчIо. ГьитIинго эменги хун хутIидал, Сакинаца, гIемер хиралъиялъ гьесда барахщун, веэвешедун гIезавурав вукIана гьев.

НухIил эмен вукIана АхIмад. Гьезул тухумалде Сахратазулин абулаан. Наибзаби гьезухъ гурони рещтIунароан. Щибниги цIияб жо гьабизе ккани, данд базе, гIакълу гьикъизе гьезухъе рачIунин биценги бугел чагIи рукIана гьел.

2.

Эбел-инсул рукъ таралдасаго талихI кьечIей гIадан йикIана Сакина. Жиндихъего ихтияр

щвечIеб талихI, гьезие мутIигIайлъун йикIиналъухъ кьураблъун толеб букIана гьелъ.

Сакинайин абураб цIарги гьелъие щун букIана бечедав мадугьалас кьун, гьей жиндир нус йикIине йигин. Гьесул гIолохъанго хварай эбелалъул наслабазул букIараб цIар букIана гьеб.

Бечедав мадугьаласул цIар букIана Сахратин. Гьесул анцIила лъабго сон барав васасе гIужде яхиндал, лъадилъун Сакина кьезе разилъун, гьелъул инсуца Сахратил квер босун, къотIиги гьабун букIана. Нахъа щиб кколебали ургъел гьабичIого, жиндир нус йикIине йигин абураб рагIи, къо бахъанагIан щулалъана мадугьаласулги.

Нахъаса къотIичIого кьолел сайгъатазги, цоцаздехун бугеб адаб-х1урматалъги заман бахъанагIан уяблъун лъугьунеб букIана гьеб къотIи-къай.

Мадугьалзабигун лъикI йикIине кколин гурони, токIаб жо Сакинада малъичIей эбелалъе, ясалъул букIинеселъул ургъел букIинчIо. ЧIахIиял хурзал, гIемерал харибакIал, анкьго чу, анцIила кIиго вехь тарал гIиял рехъаби рукIана мадугьаласул. Гьеб букIана эбел-инсуца цо йигей яс Сакинае талихIлъун рикIкIунеб жолъун.

ХIакъикъаталдаги, Сахратулазул тухумалъул гIадамал гIаданлъи бугел, намус-яхI цIунарал рукIана. Бечелъи хIехьезе лъаялъ, гьел лъалел

гIадамаз гьезул кIудияб къиматги, адабги гьабулаан.

АхIмад хехго кIудияв гIурав, ворхатав, берцинав, чалухав гIолохъанчи лъугьана.

Амма, гIадамаца къимат гьабулев, кинабго лъикIаб-квешалда гъорлъ берцинлъи хIалтIизабулев инсул васас, инсуца гьабураб къотIиялда тIасан галиги тIамун, жиндиего абурай ясги тун, къватIиб росулъа, цойги чиясе абурай яс хъамун ячана. РагIаразе гьеб букIана АхIмадил цIакъго кIудияб гъалатIлъун, гIадлъараб лъугьабахъинлъун.

Эбел-инсул адаб тарав васги вукIинчIо АхIмад. Къокъаб заманалда гьабураб гьеб гIажаибаб ригьин, кинавго чиясе кин ккарабали лъалареб балъголъилъун хутIана.

Инсул гIакъиллъиялъ, кигIан захIмалъаниги, бергьаравлъунги течIого, росо рагIалда жиндасаго рик1к1ада босана гьесие мина. Гьоркьохъеб къагIидаялда рукъалде руссинарурал гьезие гьаюна кIиго яс.

Сакинайин абуни, цIакъго берцинай, росуго бахилай яс лъугьун гIун ячIуней йикIана.

АхIмадица чIужу ячаниги ракI хвечIо гьел мадугьалзабазул. Сакина цоги чиясе ине барахщарав Сахратулаца, гьей кIиабилей чIужулъун ячине рази гьавуна вас АхIмад.

Гьанжеги гьениб Сакинада гьикъулеб щибго букIинчIо. АхIмадил вац-яц гьечIолъиялъ, гьесие хутIулеб магIишат букIана аслияб жолъун. Эменги рекъечIого къватIи росолъа ячарай чIужуялъе тезе кIолеб бечелъи букIинчIо гьеб.

АхIмадица йокьун, хъамун ячарай чIужуялъул ц1ар бук1ана Х1аликъат. Гьелъие Сахратица щибго, я ретIел, я гIадаталда рекъон нусалъе кьезе кколеб хъалим, кьун букIинчIо. Бертин гьабун, кIодоги гьей гьайичIо. АхIмадида тIад рекъон вугин ккелин, Сакинал эбел-инсудаса гьев намуслъун вукIана. ХIакъикъаталдаги, Сахрат воххунги вукIинчIо гьеб ригьиналдаса.

Инсулгун рекъел къварагIарав АхIмад, Сакина ячине разилъана. Амма жиндиего йокьун ячарай лъадигун вугев рокъое гьей ячIине разилъичIо. Сакина ячана АхIмадил инсул рокъое.

Сакина ячунеб къоги, гьелъие кьезе бугеб, бищун эбелалъ анищ гьабулеб чемоданги цадахъ цого къоялъ кьезе хIукму ккана гьезул.

Зарбалалъул хъабало, гIарцул кун кьурараб ичIцIалал курхьаби, меседил гъурщал, анкьго умумузул наслабаз цоцахъе кьураб, хасго цIаруе гIоло гьоркьоб хIалтIизабулеб букIараб бечелъи рокъобе бачIун, йохизе щвана Сакинал эбелалъе.

— Балагье, гIадамаца куй бачIунеб мехалъ, гьез цебеги къотIун оц бачIун буго! Магьаридае, кIудияв Сахратил рукIарал, Хала-щобалги кьолел

рагIула, — ян бицун, цIар кьолеб букIана росдал гIадамаз.

ЦIар-рецц бокьулей чIужу йикIиналъ, гьаюраб къоялдаса нахъе Сакинае кьурал, гьелъ цониги нухалъ ретIун пайда босичIел сайгъаталги рукIана эбелалъ, бачIараб чумаданалда батIаго рихьдае тIаде журан.

— Бихьарабищ, Сакинал эбелалъ АхIмадил рахъалъан рачIарал киналго гIагаразе нахъаса угьарал симис халатал кIазал кьурал. Къан гьел кIазалгун берцинго гъез кьурдун свери бахъараб куц, — ан гIемер рец кьолел рукIана гьеб бихьарал росдал гIадамаз .

— Кьеларищха, цохIо йигей ясалъе! Дагьаб жойищ Сахратица гьезие баччараб, — гаргадулел рукIана, гьелда жахIдалъаралги.

— Росулъ тIокIай гьечIейгIан берцинай, гьайбатай, росдалго васазул хадуб ракI хварай яс, чIужуги лъималги ругеб бакIалде магIишаталъе гIолон кьолей йиго, — ан абулаан Сакинада ракI бухIаразги.

Гьеб анкьмоцIалъ кваначIого, кьижичIого, чвахун-ецIцIун гIодулей йикIана Сакина.

Гьей ячуней къоялъниги берцинго ретIелги ретIун, къачIан ракI разилъун вукIинчIого, жиндаго бугеб гIайиб дагьабги цIилъизабуна АхIмадицаги.

Гьеб бичIчIичIого рукIинчIо Сакинал гIакъилал эбел-эмен. Гьезда ккун букIана, бечедалги ругелъул, кIияйго чIужу шаргIалда рекъон ращад хьихьилин АхIмадица.

Инсухъе щвезе вачIун гурони вихьуларев рос, лъимаде жийго йикIин лъаралдаса, вокьи-вокьунгуртIи щибали лъаларей Сакинае цIакъго багьаяб хазина гIадин хиралъун лъугьана.

АхIмадие йокьун ячарай чIужуялъ гьарурал кIиго ясазде тIаде Сакинае вас гьавидал, тухумал-даго цо вугев васасе наслуялъе бихьинчи вижи, цIакъго кIудияб рохеллъун букIана Сахратие.

КIудияв инсул, НухIил цIар лъезе щун кIуди-яб бертин-мавлид гьабуниги, АхIмадил жиндирго Сакинадехун батIияб гьуинлъи бижичIо. ТIаде гъоркье хьвадун, вас вокьун, гьев кодов ккун, гье-лъул ракI боххизабизелъун берцинлъиги гьес гьабичIо.

АскIой гьечIей, жиндаго жеги йихьичIей АхIмадил тIоцесей чIужу Х1аликъатгун, я гьелъул лъималазулгун щибниги хурхен Сакиналги букIинчIо.

3.

Доб заманаялда Грозный шагьаралде Харсал-дайин абулаан. Гьениве чуял риччалеб бакIалде жиндирго чу бекеризе биччазе аралъуса АхIмад,

чоцаги рехун чIван вачIана. Гьеб букIана Салатавиялдаго рагIараб цIакъго кIудияб къварилъи. Аллагьасул къадарин тун гурони, щивго чиясда кин ккарабали хадув гъезе кIвечIеб балъгояб балагь букIана гьеб.

Ахирисеб нухда тIовитIизе восана АхIмад Сахратица, живгоги Сакинаги ругел рокъове. Гьеб къоялъ киназдаго гьоркьой бищун ракI бакъварайлъун йикIана Сакинал эбел. Керен бухIарай гьелъ, гIадамал гIодизе цо-цо магIил рагIаби абулаан:

Бодуй байрахъ чIварав
Кьолбол хазина,
ЧIварав чу бичила
Вас бечелъизе

Инкъилазул щобда
Щвакун мун лъурав,
ЩинкIил чол чIеладай
ЧIалде бахъине.

Дур багIараб чодул
Чилъи бихьулищ,
Мун кьурдулеб кьили
Кьавудай тараб.

Кьибил тухумалъул
Васал рихьулищ,
ТIаде ракьги хъван мун
Векьизе кIварал.

БахIарай яхъиндал
Хъат зурун чIвала,
Яхъа дир яс тIаде
Духъ ниж гIодизе.

РечIанхъизе лъвани
Цояв чи къола,
ТалихIгун къеркьедал
Къел щванин нилъей.

Мун хIажат гьечIелъуй
ХIал гьабун кьедал,
КьечIеб жо батила
Дуе гьеб талихI.

Йокьанщинал васал
Басра гьаридал,
Рекъараб гьабуна
Дий АхIмадица.

Мун гьойде рехизе
Гьанлъун лъугьаяй,
Гьанжиялдаса мун
Кий лъун цIунилей.

Бакъуй рагIадалъе
НакIкIлъун свереяй,
Судун бугин керен
Кинахъ гIодилей.

АхIмадил т1оцее хъамун ячарай ч1ужу Халикъат, гьев вугев гIун, гьесул гIагарлъиялъулгун тIаде-гъоркье ун гьуинлъи гьабурай гIадан йикIинчIо. Ахирисеб нухде АхIмад нухарег1изе, жиндир лъималазул эменин, гьезде гъорлъе яч1инеги гьелъул таваккал г1еч1о.

Цебе ккараб щиналъе г1айибияй гьей йик1арай г1адин, гьейгун к1алъач1ого нахъег1ан къан ч1ч1ун вук1ана Сахратулагь. Сакинае бокьулареб гьабун, кигIан рекъон букIаниги, жийго яч1инч1елъул, ах1ун гьей ячине ине гьев разилъич1о. Гьеб къоялъ нахъег1ан къанги ч1ун, хадуй гьезулгун гьуинлъи гьабизе к1оларе гъалат1 бук1ана гьеб Х1аликъатил. Чияр росулъ АхIмадги гьечIого хутIи хIехьезе кIвеч1ого, жедерго букIараб магIишатги босун, минаги бичун, кIияйго ясги ячун, гьей жиндирго росулъе тIад юссана.

Сахратулазул букIараб бечелъиги АхIмад хун анлъго сон балелдего хIуригатги ккун бахъун ана.

НухIил эбел, Сакина, АхIмад хун хадув, цIакъго хиралъана гьанже кIудияв имен Сахратие.

АхIмад хвезегIан Сакина, щаяли жиндаго гIемер магIнаги бичIчIулареб балъгояб барщигун йикIунаан эмен-эбелгун. АхIмад хун хадув, жийго бетIергьанаб рукъги бихьичIого, вакьадасул рукъалъе хъулухъги гьабун хутIарай механъ, жин-дихъго гьезул гурхIулеб ракI бихьун, эбелалъул ракI боххизе, жиндирго рокъоб бугеб лъикIлъи бицун, чIчIечIого гьелъие рекIелгъей гьабулей, гьелъул ракI батулей йикIунаан гьей.

— Эбел, балагье цо НухIихъ, бахъизе рас гьечIо, инсуда релълъарав. Жинцаго кавуги рагьун тун, боцIи къватIибе ун батидал, гьев рагIаравищ, каву къазе гьабураб жо бугила! КигIан кIудияб гIайиб жиндаго кканиги, нилъеде гьебги рехун, жиндиего лъикIаб бицинабизе нилъ тIамизе гьесул бугеб махщел, — ян абуна Сакинаца.

— ЧIа, доб къоялъ рахь босун витIидал, гьес дие гьабуралъул бицинчIого хутIана, — ян абуна эбелалъ.

— НухIицаги расги абичIо! Щиб ккараб? ИнчIевищ гьев? — гьикъана Сакинаца

— Унаревищ! Исубие рахь босун витIарав, ГIисаца баркала кьейин абунин вачIана. Исубие букIараб жо букIанин дица абидал, диде вуго, Ис-убие бугониги, ГIисае бугониги батIалъи щибила. Гьесги дуе гьебго баркала гурони, тIокIаб батIияб жо битIизе букIинчIо, — ян абуна эбелалъ.

— Балагьея гъосухъ, дида гьебцин бицинчIо. Сон данде ккарай школалъул директор Хатипат йикIана бицуней, школалда НухIил цIар бищун лъикI цIалулезулъ бугин, гIадлуялъеги лъикIав вас вугин, гьев вецулей.

— ЛъикI-лъикI, дир яс. Сахрат-кIудада вукIинги лъикI буго гъосие, эменлъун ккун вукIине.

— Вай Аллагь, жиндирго инсул цIар лъурав вугелъулги ватилаха, кIудияв инсуе гьев хиралъун вугев куц. Гьедин батила, бокьухъе тунги вукIунев. Дица щибниги жо НухIида абуни, гIарзалъги ун кIудиявги вачун вачIуна. Дие гьезул букIунеб кеп бихьизе бокьилаан. К1удиясги, вагъулев хвелги гьабун, гьесие кантIизе кьолеб гIакълу! Щиб лъалеб, гьитIинаб мехалъ вукIарав жиндирго АхIмадин ккун, гьесул ургъалие бигьалъи букIунеб батилин йохун йикIуна дун.

Эбелалъул ракI боххизе жиндирго рокъоб бугеб лъикIлъи бицун, чIчIечIого гьелъие рекIелгъей гьабулей йикIунаан Сакина.

КигIан гьайбатай йигониги, Сакинае Сахратулазул рокъоса кьуризе букIинчIо рес. БетIергьанчи хун хадуб чIужугIадан росасе ин — цIакъго нахъегIанал чагIазул пишалъун рикIкIунаан Наибзабазул тухумалъ. Гьелде тIадеги Сакинал инсуда АхIмад васин гурони кколароан. Сакинагун кин

вугониги, АхІмадицаги инсулгІадин адаб хатир гьесулги гьабулаан.

4.

Цо нухалъ, Сакинал инсуца жидерго хер лъолеб гьор базе рачун рачІун рукІана кІиго къадахъан. Кваназе рачІайин гьезде эбел ахІдолей мехалъ, Сакина кавудахъан жание ячІуней йикІана. Къадахъабазда эбел ахІдарай рагІинчІеблъиги лъан, Сакинацаги гьезде кваназе рачІайин абуна. Азбаралъув вукІарав инсуда рагІана, гьезул цояс абулеб:

— Рилълъа, рилълъа, гьайбатай къоролалъ гьабураб квен кваназе, — абун.

БакъанилъизегІан щибго абичІо Сакинал инсуца. Къасеялде, гьабураб хІалтІиги борцейин, дихъа кколеб гІарацги босейин, тІокІаб тІаде хІалтІиги гьабизе гьечІин, гьел хІалтІухъаби нахъе ритІана. Сакинада бичІчІана, жинда гьез къоролаян аби сабалъун инсуца гьел нахъе къотІараллъи. ХІалтІухъабиги щибго гьикъичІого, босун гІарацгун ана.

Гьелъие гуревги, сундуего кьварарав чи вукІана Сакинал эмен.

Сакинал эбелалде ракІ бакъваялъул унти ккканин абизе бегьула. РакІ бухІун жийго йикІин ясал-

да бичIчIизе гIадин, цо къоялъ Сакинаги ахIун гьелъ абуна:

— ТIасалъугьа, дир яс. Мунги йокьун, мун кьеян рачIанщиназда, дуе АхIмад вокьун вугин, гьелъ жинцаго вищаравги вугин, дуда кIалъазе дица гьел риччачIо. Дур талихI къинабурай дун ккола. ТIасалъугьинчIониги гIайибги гьабиларо. БукIа-абе, дие гьелъухъ ахираталда гIазаб.

— Эбел, дуца бицунеб щиб? Гьеб Аллагьасул къадар буго. Нилъеда лъалеб жо дагьаб буго. Дие БетIергьанас кьун вуго вас. Гьеб хIукмуялда нилъги разилъизе ккола. Дие гьалдаса т1ок1аб бат1ияб къисмат бокьизе бук1инч1о, — ян абулаан.

АхIмад хваралдаса щибниги жоялдаса йоххун гьимулей яги елъулей йихьич1ей эбелалъ, каранде къан гIодулаго абурал гьал къваридал рагIаби, гIемер эбелалда бухIараб ракIалъ, кIочон толарелъун хутIана Сакинае.

Дун хварай мехалъ мун
Хадуй гIодуге,
Дунго гIодун йигин
ГIураб къадаралъ.

Керен бухIаниги
Х Iал лъазе тоге,
ХIал нилъер лъалез
Мун гIад гьаюледухъ.

Чанги дунгIадинай
ГIодараб дунял,
Гьеб толеб жо бати
Бертин буго дий.

БитIараб-тIекъалъул
БатIалъи лъачIин,
Аллагь, лъугьинадай
Мун дида тIаса.

МагIил горо тIинкIун
ТIванкъанги бекун,
Чаналъдай хIанчIана
ХIал щвараб нигIмат.

Ракъи-гIорцIиялъул
МагIна лъалареб,
Къояхъ щибдай щвела
Бикьулеб мехалъ.

Бекерун бергьинчIеб
Чода релълъараб,
Чанги жо хутIанин
Дир гьабилилан.

Чанаде бахъиндал
Гудракье ккараб,
БацIил гIадал къояз
Къакъараб куц хьул.

5.

Кин эбелалъул рекIел-ургъел цоги рахъалде буссинабилеб лъаларей Сакинаца, цебе заманалда рукIарал харбал гьикъулаан гьелда.

— Эбел, сон дов наибасулги, дурги, хьитазулги бицунаго, тIаде васги вачIун хутIана хабар. Дуе гъол резнал хьитал рачIаралищ? Хадуб щиб гъозул ккараб?

— Киса рачIунел, дир яс. Амма гьел сабалъун, гIумруялъул гIемерал гъалатIал ритIизарулеб гIакълу щвана дие, кигIан инсуе гьеб захIмалъаниги.

— Щибха ккараб?

— Щибха ккелеб! Инсул вукIарав лъикIав гьоболха дов вукIарав, ГIабег ХIасан абулев наибасул вас Абакар. КIудиял тукаби рукIана гьесул. Рахъ-рахъалде вичаризе хьвадулин, ЦIоралде унцин къайи бачIунин бицен бугев чи вукIана гьев. Дунин абуни, гьев вачIанщинахъе, гьесда цадахъ чагIиги рукIунелъул, инсуца кваназе жо гьабизе эбелалъе кумекалъе ахIулаан. Цо нухалъ, гьезда цебе квен лъолаго, Абакарица бицунеб рагIана жиндирго тукада ругел цо батIиял резнал хьитазул. ТIаса чуранагIан цIвакулел, жанисаги хинал, лъикIал, жиндир тукада гурони гъодинал резеналъул хьитал гьечIилан, гьезул кIудияб хайирги кканин, абун.

Иинсуца гьикъана гьесда:

— Абакар, гьезул багьагIаги щиб? ЦIакъго багьаял жал ратилаха гьел, — абун.

Гьеб рагIизе лъалхъарай дида, къоло щуго гъурущ абулеб рагIана. Инсуда гьикъани, гьес гIарац кьезе биччаларилан хIинкъарай дица, инсудасаги балъго, рокъоеги ун босун кьуна къоло щуго гъурущ Абакарихъе, диеги росейин гьединал резнал хьиталинги абун. Лъилго гьечIел хьитал рокьиялъ кидадай гьев вачIинаян йикIана дун. Гьесие гьабулеб хъулухъалдаса гIорцIулараго вукIунаан эменги. Гьеб лъабабилеб нух букIана Абакарил вачIунев хьиталги дие росичIого. Инсуца, дие цIакъ хирияб бурутI хъун батана, гьаб нухалъ гьесда кьагIрил гьан чIалгIун батилинги абун.

Гьанжисалалъги хьитал рачIун ратичIелъул, дица хIехьезего кIвечIого инсуда абуна:

— Мун гьоболасе кьагIрилцин гьан кьунаниги хъулухъ гIоларого вукIуна. Дуе гIолонгIаги, гIарацги кьун букIиндал, дие резнал хьитал щайха Абакарица рачIинчIел?

Гьедин дица абидал инсул кьер хъахIлъун ана.

Щибго хIал лъазе биччачIого гьалбалги нухда регIун, инсуца дун ахIана жиндаго аскIое. Дида лъалаан щай дун ахIулей йигеяли. Гьев кIалъазегIанго чIечIого дица абуна:

— Хун букIа-абе гьеб къоло щуго гъурущ! Дуда гьедин ургъелги ккезабун кIваричIо дие гьел хьитал.

Хадубги дица щиб абулебан гIенеккун, дун лъугIизегIанги чIчIун, гьес дун аскIой гIодокIине гьаюна:

— Гьеб дур къоло щуго гъурщил яги дуе щвечIел хьитазул гуреб гьаниб бицунеб бугеб. Дуда лъала дун гъов гьобол вачIиндал воххулев вукIарав куц. Гьеб къоло щуго гъурщиде дуца ГIабег ХIасанил Абакар, наибасул вас, вичана гурищ дир жакъа. Гьеб буго дие захIмалъараб жо.

Эбел цо-цо, Сакинаца хадуб щиб ккарабин гьикъизегIан, кIалъачIого чIолаан. Бихьулеб букIана гьей лъикIго унтун йигейлъиги, ва гьеб бахчулей йикIарайлъиги.

— Эбел, щиб жо кколеб «гъов вичанин» абураб инсул рагIи? — ян гьикъана Сакинаца.

— Щиб букIинеб, дир яс. Инсуца угьун хIухьелги биччан абуна дида доб къоялъ, дир ясалъ гIарац битIараб мехалъ хьитал рачIунарев чилъун хъванин жинца гьев жакъа ракIалда. Гьанжи гьеб сундаго хъвагIазеги, бук1араб бак1алде бичинеги кIоларин. Жиндаги гъосдаги гьоркьоб рекIел сукIи ккезе букIинчIин, гъосухъе гIарац кьезе бегьилищан гьикъун букIарабани. Абакар жиндиего гIодовегIанлъи — гьеб бугин

захIмалъараб жо, сахлъи гьечIеб бугин гьеб ругъун…

Хехго цIалеб эбелалъул хIухьел бихьарай Сакинаца, барахщун, гьелда тIокIаб щибго гьикъичIо.

Бидул кьаби цIикIкIун, бетIералъул бидурихь тIун, БетIергьанасул къадар щун къокъидго хвана Сакинал эбел.

Унго-унголъун жиндирго бетIергьанчиги вокьулей, гьесул адаб-хIурматги гьабулей, берцинго гIумру арай гIадан йикIана Сакинал эбел. Гьединабго букIана Сакинал инсулги гьелдехун рекIел хинлъи.

Камурай эбелалдасаги захIмалъун букIана Сакинае, дару гьечIеб ругъунлъун, гьелъ каранда къан босун араб жиндирго къварилъи. Щиб лъица бицаниги цо йигей ясалъе кьечIеб талихI ва гьелъие гIайибияй жийго йигилан гьелъ рикIкIин.

Эбелалда бичIчIун букIана, жийго камидал Сакинал ракI кутакалда бакъвазе букIинги, гьелъул ургъел бикьизе цоги чи гьечIевлъиги.

Эбелалъ гIемер такрар гьабулеб букIараб «чадикълъи — бигьаяб жо, амма чиякълъи — цIакъ захIматаб жо» абураб кициялъул магIна, гьанже эбел гьечIого хутIидал цIакъго бичIчIана Сакинада.

ГIемер цIцIадал ралел сон букIана гьеб. Сакинал пуланлъиялъухъ балагьун, тIабигIаталъ

тIолеб магIуйин кколаан балеб цIцIадцин. Гьел лъел къат1раби рик1к1ун, ургъел бикьулейгIадин йикIунаан гьай, цо-цо рагIабиги абун гIодулей.

Цо-цо йикIуна дун
ЦIад балеб мехалъ,
ТIупан тIун гIодулеб
Дунял бихьидал

ГьадегIанго къварид
Къоялъ чвахизе,
Элъулгидай эбел
ЙикIанайилан.

МугIрулги щобалги
Щибун херлъилел,
Эбел холей йигин
Хиял гьабичIел.

ХIалада бакIлъараб
БакI гIемер тарай,
Данде къазе анищ
Къуват хвезегIан.

Эбел, гьарай мадад,
Нуралъул хIуби,
Дица щиб бакилеб
Канлъи дурги ссун.

Мун хвечIониги ракI
Бакъван букIанин,
Дица щиб гьекъелеб,
Бакъванин талихI.

Эбел дур балъгояб
Чурич1еб чохт1о
Каранде къан дица
Къойил сунт1улеб

Мах1сабазда т1асан
Рет1арал хьитал.
Ц1акъго х1ал бергьиндал
Х1ет1е бегьизе.

Дур пуланлъиялъул
Паркъолеб чирахъ
Канлъиги сунареб
Нартги т1олареб

Эбелалъул калам
Рак1алда накъищ
Киб х1ажаланиги
Х1алай батулеб.

6.

Эбел хун хадуй, кIиявго эменги рекъон, инсуе хъулухъ гьабизе Сакина жийго гьаюрай рокъое тIад юссинаюна. Гьаб нухалъги гьикъичIо гьелда, дуе кин бокьилебан: эбел-инсул рокъое тIад юсинейищ, яги рососе арай бакIалда хутIизейищ?

Гьение тIад юссин лъикI бугониги, Сакинада ракIалде кколеб букIана цо-цо вачIунев вукIарав АхIмад вачIинчIого хутIулев гIадин. КъанагIат гурони вачIунарев вукIиналъ, гьесдаса хьул къотIулароан гьелъул. КъотIнасан унел лъималазул кIалъай рагIаниги, АхIмад вачIунев вугин ккун черхалда цIа рекIунаан. Цинги, гьев хваравлъи цIилъун гIодизеги лъугьунаан.

Къварид унеб гьелъул гIумруялъухъ балагьун, гIелцояз гьей йигеб бакIалда жидерго къисматалъул бицунароан. Гьелъул адаб гьабун, Сакинада рихьулеб бакIалъан жедерго россалгун цадахъги унароан.

ЦIакъго къварилъидал, бокьулаан гьелъие АхIмадил цIар гъорлъ бугел цо-цо рагIабиги абун гIодизе.

АхIмад, мун чIваниги,
ЧIалгIен буссинчIеб,
Тедал захIмалъана
Дий дур инсул рукъ.

Нахъ юссун ячIунин
ТIад буссин гьечIеб,
Доб дир къараб талихI
Билълъана цадахъ.

АхIмад, дун ракьалда
Юкъарай мехалъ,
Кьураб алжан гIадаб
Эбел-инсул рукъ.

Дун цIидасан цоги
Гьаюуларелъул,
Гьанибищ батулеб
Къараб дир талихI.

Аний дун ячIун
Мун вачIунарелъул,
Сундуе рорчIилел
Къо гьечIел сардал.

Къараб ралъдалъ гама
Хьвадуларелъул,
Дида бихьуларо
Хьул буссунеб бакI.

Бананиги щвечIеб
Щакаб как гIадаб,

Щванилан йикIина
Дун дунялалде.

Щваниги хинлъичIеб
Хаслихъ бакъгIадаб,
Хъварал къадаразул
Къиматги цIунун.

КъватIи-рокъоб данде ккараз Сакинал эбелалъул яги АхIмадил цIар бахъулароан. Кинаб бугониги батIияб жоялъул бицун, дагьабниги гьелда гьел кIоченаризе жигар бахъулаан. АхIмад хвараллдаса, хадуб цIан гьекъезе чу гьезда бихьулелъусан росулъ лъицаго бачинчIо. Живго АхIмадил эмен рекIинегIан, рекIине чуги кьолочIо.

7.

Сакинал вакьадасул букIараб, боцIигун цадахъ кулакин абун бахъараб минаялъуб, букIана школа.

Сентябр моцI, лъимал цIализе школа рагьараб заман букIана гьеб.

Сакинае сабабалъе гIадин, росулъе йитIун ячIана ц1ияй учителница. Гьей йикIана Сакинаде гIумру бахинчIей гIадан.

Рукъзалги гIемер ругелъул Сакинаца гьей жиндихъего ячана. РакI гIатIидай, квер гIедерай,

гIамал берцинай гьелъ рокъоб кинабго гьабулаан. ЦIарги гьелда Зубаржатин букIана. Амма, гьелъул адаб гьабун, киназго гьелде лъималаз гIадин, учителницайин абулаан. Кие Зубаржат ине кканиги, гьелъ Сакина ячунаан цадахъ. ЦIалдохъабазул эбел-инсухъе щвезеги, росулъ гьарулел батIибатIиял данделъабаздеги унаан.

Росулъ бугеб школалда ункъго класс гурони букIинчIо. Районалда цIалулев вугев НухIиде щвезеги, гъесул учителзабазулгун лъай-хъвай гьабизеги унаан. Гьелдасан букIана Сакинае дагьабго роххел.

Мун дие Аллагьас йитIун ячIарай хIурулгIин йигоян абулаан, Зубаржатидаса гIемер разилъарай, Сакинаца. Бицен ккараб бакIалда, гьелъул хIурмат гьабун, дир гьитIинай яц йигин толаан.

ЦIаларай, гIелму-лъай бугей Сакина йикIинчIониги, гьелъие хъулухъ балагьизе хIарахъат бахъана Зубаржатица.

КIиго километра гурони нух букIинчIо райцентралдаса Сакинал росулъе. КъватIи-рокъое яхъун гьелъие лъикIаб букIунеблъи лъарай Зубаржатица, хъвазе-цIализе лъалеб букIиналъ, балагьана районалъул женотделалда хIалтIизе бакI. Гьение йосараб къоги букIана Сакинае гIумрудул сайгъатлъун.

— Гьанже дица дуе щиб сайгъат гьабизе кколеб, хIалтIи балагьун дун йохизаюралъухъ? — гьикъана разиго Сакинаца.

— Мун лъикI йикIиналдаса кIудияб сайгъат дие щибго гьечIо, — ян жаваб кьуна Зубаржатица.

— Щиб дуца бицунеб! ЦIияб дуниялалде ячана дуца дун, — ян жиндиего гьабураб лъикIлъиялъе къимат кьуна Сакинаца.

— Дицайищ мун хIалтIизе ячарай? Дов начальникасда мун берцин йихьичIейани, бокьараб багьана батулаан гъосда. Мун ун хадув, щийкинин гьикъулевги вукIана, пакъир.

— Гьелеха, эдинин дун цIакъго йоххун йигей, руччабазда гъорлъ диего рекъараб хIалтIулеб бакI щун букIиналъ.

— Уха, цоязе гьедин, цоязе додин. Амма, дун щийин гьикъулев чи дида ватуларо.

— ЧIа, чIужу гьечIев чи ватани, абе… Вай кIваричIо! к1варич1о! Гъосие мунги кьун дица щибилеб? — ян абуна, хIинкъадго Сакинаца.

— Йо, мун цIехарасе дун кьолеб къагIида букIунаро.

— Дун щай? Дун цIехарасда дуца абеха.

— Щибун абилеб? Дун къваригIун йикIарайани, цеего лъалаан дун гьесда… Дида гьев лъарав куц бицани, мун анийго чIеларо.

— Бицея, дуда лъалелъул дие гьединал харбал рокьулеллъи.

— Щиб бицинеб? Дида гьев нижеда дарс кьезе малъулеб бакIадасанго лъалаан. Цо дир гьудулалда гьев берцинги вихьун, гьесулгун лъай-хъвай гьабизе кумек гьабун букIана дица.

— Хадуб щибха ккараб?

— Щибха ккелеб? Гъолъул цойги вокьарав васги вукIун вуго. Кинал гьезул лъикIал ругоян бихьулей йикIун йиго гьей. Гьебги тIатун, дун нечараб жо ккана.

— Хадуб гьес щибунха абураб?

— Расги абичIо. Гьудулалда релълъарай дунги ятилин теларищ гьес. ГIемер ккола гьединал жал, — цоги бицине бокьараб лъугьабахъин жиндирго бахчараб гIадин, квер хьвагIана Зубаржатица.

Сакинада гьанжи хIалтIуда рагIулаан гьединал батIи-батIиял харбал. Рос-лъадиялда гьоркьор ругезул рагIи дандеккунгуртIи, гьоркьор ругел лъималазул хал гьабичIого руччабазул гIедегIиялъ кколел гъалатIал, лъикIлъи хIехьезе лъачIого жидерго гIумру хвезабуразул къисаби. Кинаб лъикIаб, кинаб квешаб, кин гьел ратIа гьарилел?

Цоял къисматалъ къварид гьарун къакъалел. Цоялин, абуни, гIумроялъул талихIалъул ралъдалъ лъедолел. Хадурго гъезе кIолеб жо букIун гьечIин гьаб дуниялин, жиндиего сабруги кьолаан Сакинаца. Гьеб киналъулго хIисаб гьабун, ритIухълъи-

ялъул рахъалъ, гьалъ гьабулаан жиндиего маслигIат.

ХIалтIуда лъай-хъвай гьабун, цоги цIияй гьудул ятана Сакинада. ЦIарги гьелда Халисатин букIана. Халисатица жиндирго гIумруялъул бицараб мехалъ, дагьабги лъикI бичIчIана Сакинада, гIолохъанлъиялъул ригьалда жиндаго щибниги бихьун гьечIеблъи.

ХIалтIудасан ритIун, Сакинаги, гьалъул цIияй гьалмагъ Халисатги, цоги-цоги росабалъе руччаби данделъараб бакIазде кIалъазе ине кколаан. ТIасияб къоялъ гьел ине кколеб росулъе нух рикIкIад букIана. Зубаржатиде жий рокъое ячIунарилан хабарги битIун, Сакина ана Халисатихъе егизе.

8.

КIиго гьудул, жидерго гIумруялъул, рукъалде ун кьечIеб талихIалъул, жедерго цо-цо ругел васазул лъикIлъиялъул бицун, хIалтIул бицун, хабаркIалалда рукIана.

— Цере цIализе ясал гIемер ритIуларoан, — цо къварилъи бицуней йигей гIадин, байбихьана Халисатица жиндирго гIумруялъул хIакъикъат рагьизе. — Амма дун цIализе йитIизе эбел жийго разилъана.

ЦIализе инеги щведал, щибдай гьай гIаданалъе къварагIараб жоян, ракIалде ккана Сакинада.

— Гьение цIалулей бакIалде щун кIиабилеб къо букIана. Халатаб, берцинаб коридоралдасан чIухIадго уней йикIана дун. Тохлъукье цо васас цебе хIетIе ккведал, хIинкъарай дихъа тетрад гIодобе бортана. Босун гьеб дихъе кьолев чи, гьев нижерго росулъа вас вукIин лъана дида. Гьеб хъачIаб махсаро риханиги, дица хIал лъазе течIо. ВахI, Халисатищха мунин, хадубго цун, росулъго кьварарай дир эбелалъул цIарги абун, гIажаибго дихъ валагьана гьев. Кин эбел разилъарай мун гьание цIализе йитIизеинги гьикъана.

ТIоцобе васасда квер, гьес гIодобе бортараб тетрад кьолеб мехалъ гурони хъвачIей дун, гьесул квер ракIалда хъвараб гIадин хIал хисун лълъвана.

Дун гьелдаса хадуй, къварагIинчIониги, гьев данде кколарищан, доб коридоралъусан гIемер хьвадулаан. Лъалареб дарс гьикъизе гьев валагьулаан. Ниж кIалъалаго тIаде рачIаразде росулъа гIагарай ясин абун гьесги толаан.

— Божилъи гьабун эбелалъ цIализе йитIарай дица, — ян абуна хадубги Халисатица, — гьесда щибго жо абилелде, каникулалъ рокъое ингун эбелалда бицана кинабго. Эбелалда дун йичIчIулаан, гьедин щвараб букIана дие цIализе ине гьей разилъиги.

— Вай, дир яс, — ан угьун биччана эбелалъ хIухьел. — ЛъикIаб хабар буго гьеб. Амма цин

гьесул эбел-инсуца щиб абулебали лъазегIан чIезе ккола. БакIги лъикIаб буго, васги дида лъала.

— Вай, кигIан лъикI! — йоххана дун.

— Воре, къватIибе хабар рагIизе тоге. Жинцаго гьев васас абилеб батила, гьесиеги мун йокьун ятани. Росулъ йигониги, гьев вихьулеб бакIалде унге.

— Щай?

— Нилъеда лъаларо Аллагьас кин хъван бугебали. Нагагь нилъее бокьухъе ккечIони, мун гьевгун хьвадулей йикIанин абизе бегьула. Гьаб заманалда чияе швараб лъикIлъи бокьуларо гIадамазе. Щиб гIайибдай чияда чIвазе щвелаян рукIуна… Гьагъай нилъер мадугьал йиго дида сон мунги гьикъун, цIалулеб бакIалде-нахъе лъида цадахъила дуца яс йитIулейин? Жидерго ккаралъ кантIун ятилаха.

— ГъелъиегIаги дун щай?

— Гъодинал чагIи рукIуна, кидадай жидерго ккараб кIоченаян, цогидазде абизе жо балагьулел. Аллагь, Аллагь, тIубазабе нижер мурад, цIуне квешлъиялдаса.

— Эбел, дида ракIалда гьечIо, гьезул щиб ккун букIараб? — ан гьикъана дица.

— Щибха ккелеб, дир яс. Мун жеги школалда цIалулеб заман букIана гьеб. Мадугьалалъул яс, Элбика, квен гьабизе малъулеб бакIалде цIализе йитIун йикIана.

— Гьа, лъала, дагьай хIалакъай. Хадуб щиб ккараб?

— Гьений цадахъ цIалулеб бакIалдасан Лавашиса даргинасе йокьун, гьес доб багьаяб гамачI бугеб баргъичги кьун, роххун-роржун ине рукIана гьел, цIакъго тIасан ккун. Гьедин ккезе хъван букIун батила… Гьезулго росолъа цо гIолохъанав следователас бицун буго, дие тIоцобесеб дело гьабизе щванин. МахIачхъалаялда, Элбикайин абулей цIалдохъан лъабго къоялъ тIагIун, ятуларого йикIун, гьей ялагьизе кканин.

ГIенеккун вукIарав цоги гьалмагъас бицун буго гъов даргинасда, дур абурай яс Элбика лъабго къоялъ йилун, ятуларого йикIун йигин.

Элбикаги гьеб заманаялда кIодо-эбелги ун-тун, гьелде щвезе росулъе ячIун йикIана. Цинги, гьей магIарухъ йикIарал къоялги, гьелъул цIарги, гьудулас бицаралде данде ккун, абурав васас гьай йихьигун, щибго жоги гьикъичIого, цIан бахъун, «пока не позднойин» абун, нахъе ун буго баргъичги.

— Гьелда букIараб гIайиб щиб? — ян гьикъана дица эбелада.

— Гьединха дун! Нилъедаго гIайиб гьечIони-ги гьединал жал рукIунин, цIодорго рукIине кко-лин. Нилъерго гьединаб жо ккечIого букIине, мун кантIизе, дуда гьеб лъугьа-бахъин ракIалде щвеза-булей йигей, — ан абуна эбелалъ.

— ЦIодорлъичIого, щиб гьелъ гьабун букIараб?

— Щиб гьабизе кколеб? Росулъе ине йигин бицине кколаан. Гьанжие цоги чиясе росасе гьей бигьаго унаро. Гьев даргинас ячинч1ого тарайин, гьевгун йикIарайин абула гьелде. Гьедин гIемер жоялдаса цIунизе кколеб жо буго гьаб гIумру. «Ясал — цIорол жалин, цIунизе кколин» — малъулаан цебе гIакъилал умумуца.

— Эбел, даргинасде щайха гьез букIараб куцалъ бицинчIеб? — ан гьикъана дица нахъойги эбелалда.

— Бицун буго. Эхеде рекIине билет босараб бакIалъа кагъатцин щвезабун буго. Амма гъев васас, бицараб гьеб хабар нижер гIадамахъе щванин, нахъе бакIаризе жинда хIал кIоларин, гIадахъцин босун гьечIо.

Эбелалъ абураб битIун бихьарай дун, гIадамал щаклъилин яхчаризе ккеялъ, кидадай каникул лъугIинаян къоял рикIкIуней йикIана.

9.

ЦIалулеб бакIалде щвейгун, дун гьев валагьулей, гьев дун ялагьулев, болъодухъа тIаде рахунеб кIиабилеб тIалаялда данд чIвана.

— Халисат, кие яхъарай? Кида щварай? Мун росулъ йихьизего йихьичIо? — тIатIалго суалал кьуна гьес.

Щиб абилебали лъачIого, дир класс тIоцебесеб тIалаялда букIиндал, жиндаго хадуй ячIун йикIун ятилин ракIалде ккечIого букIине, дирго ракIалде тIоцобе бачIараб абун ана гьесда:

— Дица эбелалдаги бицана мун гьанив цIалула вугин.

— Щибинха абураб эбелалъ?

— Щибин абилеб? Нуж лъикIал чагIи ругин, мун лъикIав васги вугин… — абун, дун багIарлъана, дицаго абуралда ракIги бухIун.

— Дида эбелалъ абураб бицинищ? — ян абуна васас.

— Бице.

— Бокьарай тIаса йищеянги абун, гIемерал ясазул сияхI лъуна цебе.

— Дуца щибун абураб, — гIодоеги къулун нахъойги багIарлъун, хIетIе кьуркьузабуна дица.

— Гьел цIаразда гъорлъ дие йокьарай яс йикIинчIо, — гьимун абуна гьес.

— Гьениб цIар букIинчIей яс щий? — гьикъана дица.

— Дица хадуб бицина, — ян абун, векерун ана гьев.

ТIасияб къоялъ ниж киналго цо залалдеги ракIарун лекция цIалулеб къо букIана. Гьенир

рихьизе рукIиналъ, гьеб сордоги дир кьижичIого пикрабазда ана. Лекциялдаса хадуб дунго гьесда йихьулеб бакIалде щведал, кидадай гьес цIар ахIилаян кIутIулеб букIана дир ракI. ГIемер мех инелде рагIана ахIулеб:

— Халисат, чIа, нужер чан дарс бугеб жакъа?

Дида гьеб чан бугебали лъалароан. Дир черхалда бугебщинаб расалъ салам кьуна дие, гьес Халисатин дир цIар ахIидал…

ЦIалулел цого курсалда рукIаниги дидаса кIиго соналъ кIудияв вукIана гьев, цин армиялде ун вукIиналъ.

Армиялъул цIар бахъараб мехалъ, гьениб цо къваридаб лъугьа-бахъин букIараб гIадин, бераздаса магIу бацIцIана Халисатица.

Хадуб щибха ккарабин, Сакинаца гьикъизегIан, гьей пикрабазда хутIун йикIана.

— Хадуб щибха ккелеб? Гьес эбелалда дун гурони ячинарин абун букIун буго. Дицаги эбелалде абун букIиндал, кIиялго умумулги рекъон, бертин гьабизе каникулалъул заманалде дандеги ккезабун, къо цIан батана. Бертин гьабун хадуб шагьаралда рукъ кквезе къотIицин гьабун букIана. Цинги, ниж киноялде, къватIире сверизе цадахъ унаан. СагIат цо-кIиго тIубазегIан цо-цо паркалда кьурдулеб бакIалдаги хутIулаан. Гьениб букIараб кваналеб бакIалда цадахъ цого заманаялда рачIине

къотIиги гьабулаан, — къваридго бицана Халисатица.

Гьединаб, ракI боххараб гIумруялъул берцинаб цо къо цин бихьичIей Сакинада, жийго йокьичIого АхIмадие кьураб куц цебе чIун букIана.

— Щайха мун гьедин пащманго йигей? Гьесие ине разилъиялдаса ракI сверунищ букIараб? — ан гьикъана Сакинаца.

— Дуца бицунеб щиб, Сакина? Вас гьавизегIан дидаса талихIай чIужу ракьалда тIад йижун ятиларо. КIочонаро, дица лъимер гьабизе йигин абидал, гьес кодойги ккун, дун цо анцIго нухалъ сверизегьаюн ятила. Вас гьавураб механъги, киналгоги хIайран гьарун гIемер воххиялъ больницаялъул кIиабилеб тIалаялде щвезегIан, кунадаги бухьун тIугьдузул квацIи бачIана дихъе битIун.

Больницаялдаса ниж рокъоре рачине, бахIаралда хадур гIадин, гьесул гьудулзабаз машинацин бачIана.

ГIадаталда рекъон, гьесул эбелалъ восана вас машинаялъуве. Дунги росги рекIана нахъехун.

ГIагаразул, гьесул гьалмагъзабазул цIун батана рукъ.

ГIемер цогидаз цоцахъе восун, жиндирго вас кодове восизе гьесде эргацин щвечIо.

Кидадай гIадамалги ун, гьесухъе вас балагьизе кьелаян йикIаниги, гьеб заман щвеларин хIинкъараб, батIияб асар букIана дир рекIел.

Гьалмагъзаби нухда регIизейин арав гьев жаниве вачIунаго, мун ахIулев вугин абулеб цо лъалареб, батIаяб гьаракь рагIана дида. ГIедегIун гIадин, нахъги вуссун хадувго гьевги ана.

КватIулев вугин, вачIунев гьечIищан гордухъан балагьарай дида вихьана дир рос цо расги багIарай чIужугIадангун. Гьес гьей гъежги ккун доегIан ячуней йикIана. Гьейин абуни, тIа-тIад юссун, гьесда хурхуней йикIана. Цинги гьес гьей, къвалги бан, данде къалей йихьана дида. Дирго беразда бихьаралда божизе бокьичIого чара хварай дица, дунго чIаго йикIин яги макьилъ гьечIейлъи лъазе, цIорораб лъеца беркIал чурана.

РекIел чIчIваби жагъаллъаралкиниги, чорхол хIал хисарай дун, нахъойги дидаго бихьараб мухIканлъизе, гордухъе яккана. Росасул хехго рокъове тIад вусунеб гIадаб хасият букIинчIо.

Гьеб сагIаталъ дица вас одеялалда гъорлъ жемана. Гьевги восун, гъозда йихьулареб нухасан, дун дирго гьалмагъалъухъе тIурана. ТIасияб къоялъ росулъе эбелалъухъеги юсана.

Хадуб, щиб-щибги бицун вачIинчIев чи хутIичIо дихъе ниж рекъезаризе. Щиб бицаниги, дун тIад юссинчIей мехалъ, васги вихьичIого, гьев росуги тун арав т1ок1ав дида вихьич1о.

— Гъой гIадан щий йикIанин гьес абулеб букIараб? — ан гьикъана Сакинаца.

— Жив армиялда вугев мехалъ, доя бухгалтерлъун хIалтIулей йикIанила гьелъул эбел. Цадахъ рукIун ратилаха, гIурусайлъидал… Гьав армиялдаса вуссун хадув гъолъие гьаюн йиго яс. Инсуда яс йикIинги бицине, гьевги вихьизе, эбелалъ течIого, йитIун ячIун йикIун йиго асда хадуй

— Ячининги абичIелъул, лъимер гьабизе гьей йикIинги гьесда лъалеб букIун гьечIелъул, щибдай-киндаян бихьизегIан щайха мун чIчIечIей?

— Гьанже бицунеб мехалъ гьедин ккола. Амма, доб мехалъ, гьагъадагIан ракI бацIцIадго дунгун вугев чияс бицинчIолъи, квеш бихьун букIараб куц. Васасда ракI бухIун хутIун батила, хвезеги рази йикIана дун.

— Квеш бихьизе щиб жо бугеб гьениб?

— Щиб бук1инеб? Росулъ хабар тIибитIана: яс йикIун йигин, чIужу йикIун йигин… Дирго беразда гьел рихьараб куц рекIелъ къан хутIун букIана… Гьес гIемер армиялъул бицунаан. Щайха дида гъос бицинчIеб гьей гIадамалъул хIакъалъулъ? Дуе рос хвеяласа азарго нухалъ захIматал рукIана дие гьел къоял. Дида тIокIаб жо лъаларо. Хвел буго, Сакина, ракI бухIи, хьул къотIи. Гьеб абуни, буго ццин бахъинги, рекIел бакъвайги. Умумузул аби гьечIищ: рухIел бакъарабилан, ццин гIорцIарабилан.

ТIокIаб жо бицине ва гьикъизе бокьун гьечIолъи бичIчIизабуна Халисатица. Гьелъ бицаралъул хIисаб гьабизе заманги букIинчIо.

10.

Радал хехго рахъун индал, къваригIелги тIубан, къадеялдего нахъ руссун рачIунаго, нуцIил кIалтIа чIун ятана Зубаржат. Сакинада ккана, балагье, гъой гIадамалъ дун рокъое ячIунарилан абураб ругьелги щвечIого, жинда хадуй гьей ячIарайгIадин.

— КигIан лъикI, нуж хIалтIул заман лъугIинчIого хекко рачIарал. НухIи цIалулеб школалъул директоралъ эбел ячIаян абун бачIиндал, цадахъ ине ячIун йикIана, — ян абуна Зубаржатица.

Школаде щведал, каридоралъуй ятана директор Хатипат. НухIи цIализе лъикIав вугин, гIадлуялъеги гIодов виччарав вугинги бицун, рачана гьал жиндирго кабинеталде. Хадуб гьелъ бихьана, дарсида мугIалималъ НухIихъа бахъараб, цо ясалъухъе хъвараб кагъат.

— Дун гьаб цIакъго бегьулареб жойилан гуро, — ян абуна Хатипатица. — Гьел тIадегIанисел классалъул цIалдохъаби ругелъул. Амма гьей яс дида лъикI лъала. Гьанже гьесде ирга щун батила

гьелъул. Школалдаго гьелдаса тIасан ккарай яс гьечIо.

ЦIакъго хIинкъарай Сакинахъги балагьун, Хатипатица тIаде жубана.

— Гьединаб жо ккей тIадеги лъикI букIуна, хадуб ккун гIакъло кантIи щвезе…

Хатипатгун чайги гьекъон, гара-чIварулел рукIана гьел. Директоралъ абуна:

— ТIарамагъадисеб четверталъги НухIи гьадин лъикI цIалани, школалда учительлъун хIалтIизе тIад вуссинавизелъун хъван кагъатгун, дицаго кумек гьабун, училищияледе цIализе витIун бажаруларищан бихьила.

Дагьабги гьей директоралъулгун гьоркьоблъи гьуинлъун, разиго руссана нахъ.

11.

Т1асияб къо букIана 8 март. Халисатги Сакинаги ине кколаан туснахъалда жанир тIамурал руччабазухъе, гьезда гьеб къоги баркизе, законалдаса бахъараб гIакъуба гьезие бугищанги бихьизе. 8 марталъул хIурмат гьабун, анцIго чIужугIаданалда гьоркьоса цояй, унта щокълъиялде, саназул кIодолъиялде балагьун, туснахъалдаса хвасар гьарун къватIире риччазе гьабураб хIукмуги букIана гьезухъ.

Радал ц1ад балеб батун, дагьай кват1ун щвана Сакина х1алт1уде. Щияб къоялъ к1иго километраялъ илъанхъун щвезе кколаан гьай районалде х1алт1уде. Гьедаг1анго нух бук1ана гьел жанир т1амураб туснахъачаг1азе бараб мина бугеб бак1алдеги.

ХIалхьиялъул къоги бугелъул, туснахъалдейин абидал, Зубаржитиеги бокьана гьезда цадахъ ине.

КIалъазе гьелъул кIудияб махщел букIиналъ, гара-чIварун туснахъалда ругел чагIазулгун гIадин гуреб, дагь-дагь ккун, цадахъ хIалтIулел чагIазул гIадин унеб букIана гьезул дандчIвай.

Гьел жанире рачIаралдаса нахъе, цо гIадан Сакинахъ цIакъ балагьун йикIана. Жиндихъ гьадигIан щай балагьулей гьай лъаларей гIаданин, кколаан Сакинадаги.

Зубаржат цIакъго берцинго кIалъалей йикIун лъаларо, гIакъуба-къварилъиялъул бицуней ва гIарз гьабулей гIаданго яхъинчIо.

Цоялъ абуна, нуж гIадал чагIи цониги нухалъ рачIинчIин, нижги боцIи гурелъул: гIайиб лъачIого ккун, ццин бахъиндал ккун, ракI бухIарал гIемерал ругин. Гьедин, цо берцинго тIаде рачIун кIалъани, нижго чIаго рукIингIаги лъан букIинарищин, баркала нужееин, абуна гьелъ, нижергун гьабураб берцинаб кIалъаялъухъан.

Гъой, кидаго Сакинахъ балагьун йикIарай гIаданалъ, берцинго кверги борхун абуна, цо суал кьезе бегьилищин?

— Бегьила, — абуна, гьелъул хIеренаб каламалда гIажаиблъи гьабулаго Халисатица.

— Дие бокьун букIана, нуж кисаяли лъазе. Бицине, бегьулеб батани.

Халисатица, БуцIласайин абуна.

Лъабалго батIи-батIияб росулъа ругониги, гьезие гьеб щайилан, гьалги кIалъачIого чIана.

Халисатица росдал цIар БуцIласайин бицаралдаса, гъой гIадан, пащманлъи гьурмадеги рехун, цо жийго гIайибияй йигей гIадин, батIияй лъугьана. Амма Сакинада тIаса гьалъ бер босулеб букIинчIо.

Къо лъикI, абун, унел мехалъ, гъой Сакинахъ балагьун йикIарай чIужуялъе цоги жо абизе бокьун букIараб гIадин бихьана гьезда. Заман лъугIанин милиционерги вачIун, гьелъул мурад тIубачIого хутIана.

Рокъое щвезегIан, гьадай гIадан щай дихъ додин балагьун йикIараян, пикрабазда йикIана Сакина.

— Дица щай дирго росу бицинчIеб долда? Мун кисаян щай дицаго гьикъичIеб, — цееса гьей унарого, жиндагоги гьей лъалей йикIарай гIадин, хIисабал гьарулей йикIана гьай.

Гьелдаса анцIго къо индал, ахIун бачIана руччабазул туснахъалдаса къватIире риччалел ункъайго чIужуялъул документазда нужерги гъулбасал рукIине кколин.

Гьеб къоялъ Сакина хIалтIуда йикIинчIо. Гьелъулги рахIат хвезабичIого, Халисат ун гьеб къваригIелги тIубан, гьезул квералги росун ячIана. Йихьигун бицана Халисатица ккараб щинаб.

— Гъой, нилъ кисайин суал кьурай чIужу йикIинчIищ? Гьейги йигоан къватIире риччалел руччабазда гъорлъ.

— Щаяли, дида цееса уней гьечIо гьей гIадан. Диеги бокьилаан мунгун илъине, — ян абуна Сакинаца.

— Мунги, дой цояйги кир ругелилан гьикъана гьелъги, — ян абуна Халисатица.

— Щиб сабаблъундай гьей туснахъалде ккун йикIарай, лъачIищ? — ан гьикъана Сакинаца.

— Нилъее гьеб щай? Дица гIемер жо доба цIаличIо. Чи чIваялъул статья бугоан.

— Гьагъай гIадамалъ чийищ чIвалев? Мекъа суд гьабун батун, эдин йиччан ятила.

— Лъаларо. КIиабилев росас жий чIвалей йикIанин, жийго цIунулаго тункидал гъоркье вортанилан, чIезабун бугоан.

— КъватIие щай йиччараяли бихьизабун бугоанищ? — ан гьикъана цIидасан Сакинаца, гьелда рак1 бух1ун, суд мекъа гьабун батизе бокьун.

— Бугоан. Гьелъ лъикIаб гIадлуялъул мисалги бихьизабун бугин, гIумруялъги кIудияй йигин, лъачIого ккараб гъалатIги бугин къватIие йиччазе гIиллабиги рихьизарун ругоан.

— Гьединал жалалдаса цIунаги, — ян абуна Сакинаца, цееса гъой чIужуги унарого, жийго нахъойги гьение ккечIолъиялдаса ракIги бухIун.

12.

Пикраби-ургъалидаса жалго хвасарлъулеб дарулъун, цо-цо ракI гъолареб мехалъ лъабайго аск1оре ккани, киссан балагьунги жидедаго рагIарал харбал рицине руссунаан. Ракъараб мехалъ тIагIамаб квен цоцахъа бахъун кваналел чагIи гIадин рукIунаан гьел, цIияб жидедаго рагIараб хабар хасго чияр россал какун бицунел мехалъ.

— ЧIа, сон бетIергьанчиясда гIарз гьабун, гьевгун раталъизе йигин ячIана цо г1адан, — ян байбихьана Халисатица. — Дун гьелъие рат1алъи лъик1аб жо гурин, лъималазе г1олонги чанги жо х1ехьезе кколин, нахъа рак1алда бух1изеги бегьулин, малъиял гьарулей йик1ана. Гъой г1адамалъ гордил къвалги нахъег1ан бачун жиндирго лъик1 хъах1иллъараб гъеж бихьизабуна. Квен цебе лъедал сон дун гьес гъежги ккун къват1ий лъунин, абуна гьелъ. Щиб сабалъунин дица гьикъидал, гьелъ абуна, их бач1ун бугин,

мич1илъ хинк1ал щайин гьарич1еланги абун юханин. Их бач1аниги жеги мич1 т1аде баккун гьеч1елъул, киса гьебги бет1ун дица гьесие хинк1ал гьарилелин, абуна гьелъ. Хадуйги дун, гьеб бигьаяб жо бугин, дирго ккарабги бицун, гьей г1одоеччазайизе лъугьана. Дагьав цевеги гьалмагъасухъеги ун, гьесул ч1ужуялъ белъараб чахъдал бет1ерги хинк1алги кьунин, нелъер гьединаб лъик1аб квен бук1унарин, жиндие рек1елбакъвай гьабунин бицана гьелъ. Дидаги к1веч1ила, дозул г1иял-рехъаби ругин, нилъер къайиялда жеги гегецалъ баг1ин абич1ин, дуца кьейин дица белъилин, абич1ого йик1ине. КIудияв эменго вукIанила гьесул жиндирго чIужуялъе квешав чи. Гьес, жиндаго гьикъичIого хьибилалдаса къотIун бакъвараб гьан тIамун батунилан, хьагинисаги бахъун, белъараб гьан букIараб бакIалда букъизабун буго лъадиялда.

— Гьелеха, гьадиналги рук1уна — ян абун, жиндирго бицине лъугьана Сакинаги. — Риидал, каро бичизе ячIуней цо гьобол йикIана нижер. Гьелъие росу сверун лъугьун гьеб бичизе кумек гьабулаан дир эбелалъ. Цо нухалъ, районалде арав эмен къасе рокъовеги вачIинчIого, гьоболалдего балагьичIого гIодулей йикIана эбел: цо жо ккечIого гьев ватуларин, кидаго вачIинчIого гьев чIолароанин. Карул ургъалида йикIана гьоболги. Гьей гьоболалъ эбелалда абуна, гьа-чIере, щиб дуца

гьабулеб жойин? Гьаб кару бичичIони, гьаб цIцIекIлъун хекко холеб жо буго. Гьедин ургъел гьабизе кколел чагIийищ гьел россал? ВачIани — тIех кьела, кьал гьабиларо, ани — нух битIайги, ракI бухIилароян тезе кколел жал руго гьел росал. Яхъайин, кару бичизе.

— Гьеле! Рос хвани щиб, каро хвечIони, — ян елъана Зубаржат.

Жийго Зубаржатилги цIакъал рукIунаан биценал. Гьеб къоялъ бицине цIияб хабар букIинчIого, жинца тIехьалдаса цIаланин, сихIирай лъадиялъул бицине лъугьана гьей.

— Кидаго, мун гIабдалин, чIужу кIалъазего толарев росасде абун буго лъадиялъ, тIокIаб диде гIабдалин абугейин. Абуни, дица мун гьаб росуги бачун, гIабдалин, гьаб рукъ бакьулъ бугеб хIобода вухьинавилин, — ян байбихьана Зубаржатица.

Цо къоялъ лъадиялъ, рекьаризе хурире ине рахъунаго росасда абуна, дун квенги гьабун хадуй ячIинин. Мун, оцал цодагьал кваназаризе, цевецеве инарищин.

— Эдинха дица дуде гIабдалин абулеб. Дуца малъичIониги лъала дида оцал кваназе кколеллъи. Дун мун гIадинав гIабдал гурелъул, — рацIулаго оцалгун, ана рос хуриве.

Квенги гьабичIого, екерун базаралдеги ун босула гьалъ цIияб ччугIа. Хурие щун, росасда бихь-

ичIого гъеб ччугIа рехула, векьарун вачIунаго гьесда хIатIикь батулеб бакIалде.

Гьес оцал чIчIезаридал, щибго лъалареб гIадин ахIун буго гьалъ, щиб лъугьарабин?

— Щиб лъугьинеб, гьание ялагье, ччугIа буго гьале нилъер хуриб, — ян абуна гIажаиблъун росас.

— Мун гIадаллъунищ? Хуриб ччугIайищ букIунеб?

— Мунго йигелъул мун гIабдал! Гьание ячIа, гьале гьаб жо ччугIа гурищ?

— Вай, бугизеги буго! Гьанже бачIун батила, цIияб жоги бихьула. Бакъги багIарун буго, гьеб махI бахъун хвезе бегьула. Оцалги свакан ратила нужеца дагьаб хIалхьи гьабе. Мадугьалги ячIун квенцин гьабун бажарун букIинчIо дида, дукьа хIинкъун гьание гIедегIун. Дун хех гьаб ччугIаги бежун ячIине ина, — ян абула гьалъ.

Лъадиялда лъалаан гьесие ччугIа цIакъ бокьулеблъи.

ЧчугIа бежизе арай лъадиги бакъинегIан ячIинчIони, хуриб хьараб ролъги хIанчIаца кванани, живгоги, гIамал гьечIев, вакъуца холев вукIани, гьасул ццин кинха букIинеб? Рокъове щолаго, гIабдалин ахIтIезе, вагъизе, лъугьана рос.

ГIодун, мачIчIаби рухула лъадиялъ. Хурисаги вагъун рокъое йитIанин дуца дун, дидасан дуе къварагIараб жогIаги щибин.

— Йо, гIабдал, щай дун вагъулев? Мун доба хуриб батараб цIияб ччугIаги босун, бежун ячIине гурищ дица йитIун йикIарай, — ян дагьабги цIакъ ахIдола рос.

— Вай, херлъараб къоялъ диде бачIараб къварилъи! Бакъуца бухIун бетIер сверизабун батила, дир хирияв рос, — дагьайги лъикI чIчIичIчIидун, ахIдон, мадугьалзаби ракIарана гьалъ. — Хурире квенги босичIогойищ унел? Киб букIараб гьеб ччугIа?

— Киб букIунеб квен! — ан битIана гьас мадугьалалде килищ. — Радалиса мунги ячIун кIалъалаго, квен гьабизе регIичIелъул гьай!

— Ва-ба-бай, дун ячIун йикIинчIо! Эб хуриб ччугIаищ батулеб? — гIабдал гьавун вуго гьав рос мадугьалалъги.

Радал дибир, яги тохтур вачIинегIан гьедин тани, гьес чIужу чIвазеги бегьулин абун, тIаде рачIарал мадугьалзабаца рукъ бакьулъ бугеб хIобода вухьун вуго гьев.

ТIокIаб гIабдалин киса абулеб, гьелда гьикъичIого кваналарев лъугьун вуго рос гьелдаса хадуб.

13.

Гьединал къватIисан рагIарал батIи-батIиял харбазги, цIалулеб бакIалда дой ясалъулгун ккараб

лъугьабахъиналъги тIамун йикIана Сакина, анцIила микьго сон балелдего НухIие чIужулъун жиндирго яцгIалалъул яс ячине.

Ригьин гьабулеб мехалъ тIоцобе Сахратида гьикъана.

Гьениб инкар гьабун, жиндирго щибниги жо абизе бакI букIинчIо гьесул. Щайин абуни, АхIмадил инсул Сахратил рахъалдасан гIагарай яс йикIана НухIие рекIее гIарай. Гьелъул эбелалъ, эмен гьечIев васасе жинца яс кьоларин абураб, Сакинада рагIараблъи лъалаан гьесда. Эмен гьечIев васин абунин рагIараб къоги, унтиялде тIаде унти гIадин букIана Сахратие.

Жиндаги гьикъичIого ячарай чIужу сабалъун АхIмадил жинцаго бакъвазабураб ракIалъ, гIемер гьеб каранда къаялъги къулун букIана Сахратулагьил мугъ. РакIалдаса унеб букIинчIо, накабиги гIодор чIван, ккараб бицине теян АхIмад цеве гIодов чIчIедал, жинцаго гьев тиризавурав куцги. АхIмадил гьормахъ балагьичIого, барщун гьевгун, кIалъачIого аралщинал соналги.

Къисас жиндасаго боссе жо гIемер букIана гьесие, амма къокъаб заманаялда гьабураб гьеб берталъ Сахратулагьие щвана жиндирго рукIарал мурадал тIоразаризе.

АхIмадие нахъе цIунун тун букIана гIарцул хъанжар-рачел. Гьесулго букIана, доб ахирисеб къоялъ чуял риччазе инелде, жиндаго такъияги

лъун, магIида бан тун букIараб бухари-т1агъур. Цойги букIана ТIелекь чуял риччалел къоялъ АхIмадие чу бергьун щвараб хвалчен. Гьел гурелги АхIмадиейин цIунун рукIараб жидиего Сахратулагьие кIудияв инсуца кьураб кIудадал пандурги, наиблъун тараб соналъ Хундерица сайгъат гьабун кьун букIараб гужгатги. Гьебщинаб жо букIана гьас гьеб къоялъ кьезе хIадурун.

Гьеб бертадул къоялъ НухIил бахIарай жание ячIуней мехалъ, АхIмадил инсул Сахратулагьил хIалахъ балагьун, балъго гIодуларей чIужугIадан йикIинчIо гьениб гIахьаллъи гьабулеб гIагарлъиялъул.

Зурма-къали, кьурди гьечIониги, гIезагIан эбел-лъимал ракIарараб дандеруссин букIана гьеб. Роххалилги, къварилъиялъулги къагIида цIунун жиндирго адаб гьабизабизе лъалев гIамалалъул чи вукIана Сахратула.

НухIие цоцазда хадур лъабго васал гьаруниги, васазда АхIмадил цIар лъезе биччачIо Сахратулагьица, гIумруялде гIащикъго хварасул цIар цо кьери гьоркьоб биччан гурони лъезе лъикIаб букIунаринги абун. Гьес абун батулаан, АхIмадил цIар лъуни — гьечIевлъун, цIар лъун гьечIони — гьев чIаго вугевгIадин кколин жиндаян.

НухIил лъималазе Сахратула цIакъго лъикIав вукIиналъ, школалде ун рачIунел васал, цин гьесухъе рекерулаан. Расандулел гьезухъ валагьун,

нуж рихьизе йигейаниян, бахIарго хварай АхIмадил эбел Аминатги яхъулароан ракIалде щолел къварилъалабазда гьоркьоса.

14.

Роххарал рукIа, пащманал рукIа, нилъехъ балагьичIого унеб букIуна замана.

НухIи, дой школалъул директор, Хатипатица кьураб кагъаталда рекъон цIалунги вахъун, росулъ бугеб школалда мугIалимлъун хIалтIулев вукIана.

КIудадал берда цере гIун рачIана гьале НухIил лъабавго васалги.

Бищун кIудияв вас, ХIосен, мех щварабго ана армиялде. Гьев вукIана дагьав инсуда релълъарав, кIалъазе бокьуларев, лъаниги дарс бицине кIвахIалав, вацазулъ махI рекъезабуларев, жиндиего бокьараб гурони гьабуларев. Сакина-кIодойин абуни, тIокIаб жо тун, гьесда хадур посылкаби ритIулей йикIана.

Рокъоре рачIунел кагътаздасан бихьулеб букIана гьев гьанже къимат лъан, дагьав лъикIав, тамахав лъугьунев вукIин. ЦIакъго кеп щолаан гьезие, хадусел васазде эбелалъ малъараб гьабейин ва берцин рукIайин гьес кагъаталда хъван бачIунеб мехалъ.

КIиабилев вас Абакар гIамал кIодо, тирияв, имгIаласда релълъарав, гьабулеб жоялъе кьучIав,

кIвахI гьечIев, вегIерав вукIана. ХIисаб лъикI лъалеб букIиналъ, бича-хисулеб жо малъулеб техникумалде цIализе лъугьана гьев.

Бищун гьитIинав Мирза жеги школалда цIалулев вукIана.

Школалда цIалулев вугониги, тIоцобесеб классалдаса нахъе цадахъ цIалулей яс йикIана Мирзае рекIее гIурай. ЦIар гьелде Айзана букIана.

Эбел-инсуца йихьизайичIей яс йокьи къанагIатаб жолъун букIана доб заманаялда. ВацгIаласе яцгIал ячинги цIакъго лъикIаблъун рикIкIунаан. ЛъикIаб тухум-кьибил, гьезул бугеб бечелъи, чIахIиял хурзал цIакъ хIисаб гьабун рикIкIине бокьулаан гьезул чIахIиял умумузе.

Мирзае йокьарай яс, Айзана, гIагарай йикIинчIо. ЙикIинчIониги, Сакина-кIодо гьезде тIаде-гъоркье ун, адаб-хъатир гьабун йикIунаан.

КIудияй тохторлъун яхъун Москваялда хIалтIулей йикIана Айзанал эбелалъул Нурбика абулей яц. Унта-щокъазда гурхIулей, адаб-хатир бугей гIадан йикIана гьей. Гьелъул лъикIлъиялъ берцин гьабураб тухум букIана гьезул.

Нурбикадасаги кIудияв, гьенив Москваялдаго чIчIарав вац абуни, бикъа-хъами битIун ккун, цIар лъалареб бечелъиялъул чи лъугьун вукIана. ГIарац гIемер бокьиялъ «ГIарцул-гIакъил» абун лъураб тIокI-цIар абизе бокьулаан гьесие, жиндирго цIар абизегIан. Гьел кIиязулго гьоркьоб бугеб гIамала-

лъул кIудияб батIалъиялъ гIемерго гьезда гъорлъе я нахъе къачIого чIчIун йикIунаан Сакина. Мирзае бокьун букIиналъ, гьесие гIолон цIунараб букIана Сакинаца гьезулгун гьуинаб гьоркьоблъиги.

15.

Кидадай цоявгIаги васасе ригьин гьабизе щвелаян йикIарай Сакина-кIодое, цIакъ захIмалъана армиялдаса ХIосенил бачIараб кагъат.

«Заман лъугIаниги, армиялда хIалтIуда чIезе вуго. Гьедин армиялда х1алт1уда ч1ч1арал чаг1азе гьаниб Черкесскалда рукъги кьолеб буго», — ян хъвалеб букIана ХIосеница.

Вихьизе ракI щун бугин кIодоца гIемер кахтал хъван, анцIго къо базе вачIана ХIосен. Щвезе рокъовеги вачIун тIад вуссун унелъул, Сакинада лъана, кигIан гьараниги гьев рокъов чIезавизе кIолев гьечIелъул гьениб цо гIилла бугеблъи.

ХIосеницайин абуни, гьелъул ракI хвезабизе бокьичIого, мунги ячина дица дое, доба лъикI бугин, хIалтIиги бугин, рукъги бугин, дун анив щиб гьабулев вукIинев, хадув балагьилаян, ургъел гьабугеян абуалаан.

БатIияв лъугьун вачIун вукIана ХIосен армиялдаса. «Бабуля, ты же меня любишь!» — ян гIурус мацIалъ рагIабиги абун, гьей гуккун толаан.

ТIад вуссун унелъул: «Вореха, гIурус ясалде валагьуге! Нилъер росулъа дуе йокьарай яс ячуна дица. Нуж лъабазего хъизан гьабизе кинабго жо хIадурунги буго дир. Кида нуж разиял бертаби гьаризе щвараб къо дида бихьулеб?» — ян, абуна Сакинаца.

Гьев ун хадувги кагъаталда тIокIаб батIияб жо хъвалароан кIодоца, лъади ячиналъулги, тухумалъул лъикIал ясал рукIиналъулги гурони. Гьеб бихьиларин хIинкъараб бакI букIиналъ, цIияб хабар рагIилин хIинкъунги йикIунаан.

Гьаб нухалъги кагътида хъван кIодоца битIана, кида мун вачIуневин, гьел ясал рихьизаризе ва бертин гьабизе?

ГIемераб мехалъ жиндаго ракIалде бугеб, бахчизе бокьичIо ХIосение. Дидаги гьикъичIого кIодоца гIадалаб жо гьабизе гурин, кинабго бугеб хIал бицун хъван битIана кагъат.

Гьеб кагътида хъван бугоан:

«Дие, гьаний тукада хIалтIулей йигей, цо яс йокьун йиго, амма гьей гIурусай гуро. Эбел йикIун йиго гIурусай. Гьейги росасе ун, яс жийго кIодогун йиго. Берцинайги йиго, йихьарайго дие гьей ракIалъ йосана. ЦIар гьелда Ася буго. Эменги магIарулав вуго. Дица гьей гурони тIокIай чIужуги ячунаро. Дуца эмен рекъезаве, дун дур бищун вокьулев васлъидал. Дида ккола, дуца дие бокьараб гьабизе киналго рази гьарилин».

ХIосение яс кьезе бокьарал чагIи гIемер рукIиналъ, гьеб хабар росулъ рагIизе цIакъ захIмат букIана Сакинае.

— Вай, гьаб баккаралъубго къотIизабизе кколеб хабар буго. Дунго инчIони, гIадамада лъани щибилеб? НухIидагIаги бицинаан, амма нагагь гьес чIужуялда бицани щибилеб? Росуго цIелагурищ гьеб хабаралъул, — ан рахIат хварал пикрабазда йикIана Сакина.

Черкесск абулеб шагьаралде ХIосеница жий ахIулей йигин, абуна гьелъ. Кидаго къватIие яхъинчIей Сакина гьение ине разилъи, цIакъго гIадлъун букIана эбел-лъималазе.

— Дида бихьизе бегьуларищ щибниги бакI? Щиб лъалеб, цо гIурусавги данд чIван, дояго чIезеги бегьула, — ян махсароги гьабун, релъизе тIамулаан гьелъ гIелцоял.

ЯчIинищин гьикъичIого, поездалъул вагоналъул номерги хъван данде ахIиялда хIикмалъун вукIана ХIосен. Амма кIодо тамахай, щиб кканиги жиндир рахъ кколей йикIин лъалаан гьесда. ТIадежоялъе, гьасие рекIее гIурай яс гIезагIан лъикIай йихьизеги берцинай йигелъул, кIодое гьей йокьилин, ячIун лъикIин ккана ХIосенида. КIодоца кьезе ругел суалалги цере чIчIун, щибдай гьабилаян, жиндиего бигьаяб нух балагьизе ургъулев вукIана гьев. Гьесда ракIалде ккана, кIодо

ячIинелде, жинца гьикъун лъикIин Асяда эмен вугеб бакI.

— Биччанте гьев магIарулав вукIин бихьизе. Дун гIабдал ккеларищ, гьелъул инсул росугIаги бицине лъачIони. Гьикъани, дица кIодода щиб абилеб? –ан абула гьас Асяде.

Асядаги инсул росдал цIар лъалеб батичIо.

— Дир лъабго сон бугеб мехалъ ана эбел росасе. Бесдал инсуда аскIой течIого, дир инсуца кьураб гIарцухъ, дун хьихьана гIурусай кIодоца, ян — бицана Асяца. — Щаяли, дида лъаларо, инсуца чIужуги ячинчIо. ЧIчIечIого школалде щвезе вачIун, дир тIалаб гьаби букIана гьесул кIвар бугеб ишлъун. КIодогунги лъикI вукIуна, гьелъул вас гIадин. Инсуца гIемер гIарац кьолелъулги батила, дир эбелалъул эбел дихъ лъикI балагьула.

— ГьабсагIат эмен кив вугев? — ан гьикъана ХIосеница

— Гьаб нилъ ругел шагьаралъул рагIалда бугеб конфетал гьарулеб фабрикалъул директорасул заместителлъун хIалтIулев вуго.

Гьелъухъ гIенеккизе гIемер заман букIинчIо ХIосенил, поездалда ячIуней кIодода дандчIвазе ине гIедегIун вугелъул.

БачIунеб заманаялде гьениве щваниги, поезд кIиго сагIаталъ кватIиялъ, нахъа гурони щвечIо гьел рокъоре.

Росулъ гьечIеб гIадаб хIамамалъуй чордезеги гьаюн, тамахаб босада егидал, свакарай кIодо хеккого кьижун ккана.

Радалго яхъун, как-диналда йикIана Сакина-кIодо. ХIосенин, абуни, векерана росдал цIар гьикъун инсулгун Асяца кIалъай гьабунищан бихьизе. Цого-цо гьеб букIана кIодо рази гьайизе бугеб хIужалъун.

Асяе сундулго ургъел букIинчIо. Гьелда лъикI лъалаан унго-унголъун жий ХIосение йокьун йикIин. Радалго гьев вачIиндал вихьигун лъана Асяда щай ХIосен вачIаравали.

— БуцIла абулеб росу бугин абуна инсуца. Амма гIемер суалал кьолев вукIана, кидаго гьикъичIеб жо щай гьикъулебин? Дица цебе щибниги бицун букIинчIо нилъер хIакъалъулъ. Дида ккола, инсуе жиндирго мацI бугев чи дие вокьи, кIудияб талихIлъун букIине бугин. Гьанже дир эмен, кин бугониги, дихъе вачIинчIого чIчIоларо, дица бицина кинабго — ян абуна Асяца.

Бицунелъе хабар къокъ гьабун, кIодогун дун вачIани нилъ цуцазда лъалароянги абун, ана ХIосен.

ГIедегIун вачIунев гьас, хехго нуцIа рагьидал, кьижун ккун йикIарай кIодо хIинкъадго ялагьана. ТIокIаб абизе жо батичIев ХIосеница, живго булкаби росизе ун вукIаравлъун гьавуна.

— Гьале дица дуе бокьулеб тамахаб булка босана. Цин нилъ кванала, хадур рилъина дуда шагьар бихьизабизе, — ян абуна гьес.

— Кваназе жо дица гурищ бачIун бугеб. Киб бугеб гъоб дихъ рукIараб хулжал? Дуе бокьулеб тIулалъ цIураббакъвараб бакьги, коронир режарал цIурачадалги, нилъерго рокъоб бахъараб хIанги бачIун буго дуе кIодоца.

Кванан къватIире рахъингун, ХIосеница Сакина-кIодо ячана Ася хIалтIулей йигеб тукаде. Цин кIодолгун бицен гьабилелде, жиндиего йокьарай яс гьелда йихьун йигони лъикI букIинин, ккана ХIосенида.

Жание лъугьингун кIодоца, вай гьазул тукеналъул берцинлъи щибго, камураб жого гьечIо жанибин, абун, гIажаиблъи гьабуна. Хадуб цун тIаде жубана, гIурусайго гурейгIадай, йокьилей жо йиго гьай йичарухъанин, абун.

Гьанже ХIосенил ракI дагьаб гIодобе биччана. Гьениса гIарацги кьун гьелъие рокьарал конфеталги росун рилълъана кIодоги ячун паркалде.

— Пихъго бижуларел гьалгощинал гъутIби щибизе? КигIан гIемераб пихъдай букIинаан, бичун бахъунареб? ГIадада бугеб ракьалъул кIодолъи бихьулищ? — ян йикIана гьикъулей Сакина-кIодо. — Гьал чIахIиял рукъзабахъ ругел чагIазул къватIазул бацIцIалъи. ГIагарлъиялда гьоркьоб ригьин гьабулел чагIи ратила. ЛъикIаб

тухумалъуса нус щвараб бакIалда букIуна гьадинаб бацIцIалъи, -- ян росдал ясал ракIалде щвезаруна гьелъ.

— Рокъорего рилълъа, как базе мех щун батила, — ян абуна Сакинаца, росдал ясазул цIар жинцаго бахъараб мехалъ, гьес йокьарай яслъул бицун жинде щибниги жо абилин хIинкъун.

Сабурай, гIемер жо бихьарай кIодо гIемерго гIедегIулей йикIинчIо ХIосенгун кIалъай гьабизе.

Къасеги гьел ана шагьаралде тира-сверизе.

Гьейгун цадахъ свердулев вугев мехалъ, Асял бицине бугеб жоялъул ургъел кIочонцин тун батулаан цо-цо ХIосенида.

Гьес хIисаб гьабулеб букIана, цин кIодоцаги абун, гьелъ малъараб гьабуларевлъун вукIинегIан, дицаго гьарила гьелда Ася ячине разилъеян.

Росулъги гьес жиндиего къварагIараб жо гьарулеб мехалъ, дир хирияйин цин гьейги еэдун, цинги байбихьулаан бокьараб жо гьабизе гьей рази гьайизе. Гьесул сихIираб хIеренлъиялда балагьун бичIчIулеб букIана Сакина-кIодода, ХIосеница щиб гьанжеги жиндидасан гьаризе бугебали.

— Хирияй, йокьулей дадал-баба, духъе дир кагъат щванищ? — ан гьикъана цин ХIосеница.

— Щвана, валлагь. Гьеб щвечIебани дун гьание киса ячIуней йикIарай, — ан абуна, кIваркьун цо ццим бахчараб сихIираб гьимигун, Саки-

наца. — Дуца хъвараб жо махсаро батилинги тун, мун вихьи букIана дир аслияб мурад.

— Гьелеха, дадал баба, дида лъалелъул дун дуе бищун вокьулев вас вукIин.

— Мун вуго кIудияв Сахратулагьил АхIмадил тухумалъул вас. Гьанже дуца гIурусалдасанищха кьибилалъе кьучI лъезе бугеб? Дур кIудадал хоб кьвагьила гьеб рагIани. Дун хведал бокьараб гьабе, дица дуе чIужу некIого хIадурун йиго, — ян ячIинахъего кьварун кIалъан, ХIосен вусинавизе кIоларищали жигар бахъулеб букIана кIодоца.

— ЧIа, тIасалъугьа, гIенекке цо дихъги. Гьей гIурусай гуро.

— Щий хIурулгIин йигониги, кIваричIо.

— Дунгун гIумруялъ цадахъ йикIине йигей чIужу ялагьизе лъаларевлъунищха рикIкIунев вугев дун дуца?

— У!

— Балагьея, дадал-баба, бокьани какцин бала гъолъ, мацIги малъизе бегьула…

— МацIги малъизе кколарел, какалги ралел кире ун ругел росулъа ясал?

— Диего рухIгIан хирияй, йокьарай ясги тун, гIадамазе гIолон йокьуларей ясги ячун гIумру хвезаби, гьеб буго букIунареб, бажаруларе жо. Дудаса гьеб бичIчIулев чи щив? Гьебги бичIчIулей, дунги вокьулей йигин, дуде божилъи-

ялда вукIана дун, йокьарай яс яти дуе бокьилинги ккун.

ГIемер бигьаяб жо букIинчIо ХIосение кIодода жинцаго гьей Ася толарейлъи бичIчIизабизе.

Дагьайго тамахлъарай кIодо нахъойги Ася йихьизе ячана. Хадуб, кинабго ккараб жо рокъор ругезда данд баялде рачIана.

КIодо уней мехалъ, вокзалалда поезд бачIинегIан чIчIун, хIагъабго бицунел рукIана к1одоги васги.

— Лъалароха, дир вас, долъул мацI нижедаги лъалареб, нижер мацI алдаги лъалареб, росулъ гIагарлъиялъ нилъеде щибун абилебали? — ян абуна гьанжеги Сакина-кIодоца.

— Гьеб бицун бахъинчIищха, хирияй дадалбаба? Абунагури дуца, мун дир рахъалда йигин. Дица дирго гIумру цадахъ тIамизе мустахIикъаб талихI балагьун буго. ШаргIалдаги, паспорталдаги гьей магIарулай йиго. Нилъер районалъул БуцIла росулъа эменги вуго гьелъул. Дун мурадалде щвезе кумек гьабейин ахIун ятанин, кагъатги гьедин бачIун букIанин рокъосездаги абун, дие кумек гьабизе ккеларищ дуца!

— БуцIларего нилъ щибизе, тухум цIурал ясалги тун.

— Росулъ дие йокьарай яс гьечIо, йокьизеги гьечIо. Асяеги мун цIакъ йокьана, аний щайин мун толарейин йикIана.

— Гьелеха, дир вас, гьеб буго гьанже дида бихьичIого хутIун букIараб жо.

— Дида лъала, дуе йокьизе йиго Ася. Дадал-баба, дуе бокьани дун гьей ячун хадув рокъове росулъецин вачIина. Гьале лъагIел гIолеб буго дида Ася лъаралдаса. Нижер гIамал данде ккола. Гьединлъидал, дие кидаго тIокIай цоги яс йокьизе гьечIо. Дир талихI къинабурайлъунищ дуе йикIине бокьун бугеб, яги дир рахъги ккун дие талихI кьурайлъунищ?

ТIасияб къоялъ ХIосеница кодо вокзалалде швезаюна. Поездалде яхиндал Сакина гьанжи жиндирго пикарбазда хутIана.

— КигIан лъикIха дица, Суайпатие киг1ан бокьаниги, гьелъул яцалъул ясалъул суал жалго лъимал рихьун гурони цIар къватIибе бахъиларин, тIирун чIун биччачIеб. Гьанже щиб гьабилеб букIараб? БитIараб буго, ХIосеница жиндиего бокьараб жо гурони гьабуларо.

Чияда ва эбел-инсуда бицине ресги гьечIого, жиндиего къварилъахъдулел къоял цере гIемер рукIана Сакинал. Доб мехалъ, гьанже Халисат гIадай гьудулги йикIинчIо гьелъул. Гьейги ракIалде щун, рак1алде бач1ана гьалда туснахъалда ругел руччабахъе щвезе араб къоялъ,жанир т1амуразда гъорлъ жиндихъго ялагьун йик1арай гIадан. Гьелъ нуж кисайин суал кьедал, Халисатица БуцIласайин абун букIин.

— БукIана, БукIана! БуцIласайин абун бук1ана. Цо нухалъ ниж гьенире Халисатица рачун унцин рукIана! — ян мухIкан гьабуна гьелъ жиндиего гьеб росдал цIар. Т1оцое араб сордоялъ гьелъ бицарабги ракIалде щвана кIодода. Гьеб ракIалде щвеялъ гьалъул ботIродаса бащдаб ургъел тIаса ана. Дица Халисатида гьикъила, щал гьел чагIияли? Вай, лъикIал чагIигIаги ратаги. Кида дун рокъое щолей? Цин дица гьелъулгун данд бан гурони, рокъоб бицинаро. Аллагь, гьабе кумек гьей Ася ХIосеница ячинчIого тезе. ГIакълу кье, Аллагь! БитIараб нухалде ниж ккезаре, Аллагь!

16.

Поездалдаса рещтIунаго, данд чIвазе рачIун ратана рокъосел.

— Мун дояго чIезейин гурищ ун йикIарай, ватичIевищ гIурусав? — ан махсаро гьабуна нус Суайпатица.

— КъотIи-къай гьабун тана, — ян елъана Сакинаги. — Нилъ рукIуна Нахъа-мегъ гурони тIокIаб бакI гьечIеб гIадин. Щибго бихьичIого хвезехъин йикIун йиго.

— Вагь! Алъул доба цIакъ ракI рекъон бихьула.

Бихьанщиналъул бицуней гьалъие махсараби гьарулаго щвана рокъоре.

Сакинада ракIалда Халисат гурони гьечIелъул, гьей гьикъана рокъое щун яхъинелде. Суайпатица абуна, дида рагIанин гьей МахIачхъалаялде васасухъеги щвезе, жиндиего даруги гьабизе, ралъдахъеги хьвадизе хIалхьи-ялъул къоялги кьезарун, анин. Халисат ятичIей мехалъ, ине бакI гьечIелъул, дагьай гIодоеги йиччан, лъималгун нахъалъизегIан бихьа-рагIараб бицуней хутIана Сакина.

ХIалхьи гьабейин, Сакинаги тун, лъимал индал, гьелъул хIукму ккана нахъисеб къоялъ МахIачхъалаялде ине. Халисат ячIинегIан чIезе кин кIолеб?

— ХIосенил хабар лъималазда бицинелде Халисатгун кIалъазе кколелъул, дун цин шагьаралде ун лъикI, — къотIана кIодоца. — Гьейгун ралъдахъеги ина, Абакарги вихьила.

Абакар цIалулеб бакI лъалаан Сакинада. Гьес Аликидаги абун Халисатги ялагьилин, ургъелго гьабичIого радалго яхъана сапаралъ.

РакIалда гьечIого кIудияй эбел ячIиндал, Абакар цин хIинкъун, хадув воххун лъугьана. КIодоца гьикъилелдего гьес абуна, сон Халисат-адаги йихьун йикIанин, мун ячIинчIищанги цIеханин.

Бакъанил мех букIун, гьеб къоялъ Халисат ялагьизе рес букIинчIо.

— Дадал-баба, багIарунги буго, мун рокъой чIа. Дун эбел кий йигейин Аликидаги гьикъун, гьейги ялагьун вачIина. Ралъдахъе иней ятарай Халисатида цадахъ рокъовеги вачIун, гьениса кIодоги ячун, кIиялго ралъдахъе щвезаруна Абакарица.

— Гьале анкьабго къо буго ралъдахъе хьвадулей. Вай, бергIаги ккогеги дир васасда. Гьес дие гьабураб хъулухъ, — абуна, гьаб-добалъул бицунаго Халисатица.

— Я, гъарин, цо ХIосен лъугьун вугев батIияв чи! Дуда кинабго бицине дир бугеб гъира щиб, — байбихьана Сакинацаги. — Дир тIокIав гьеб бицине чиги гьечIо, лъидаго жеги бицинеги бицинчIо. ХIосен ватана цо ясги йокьун.

— Гьеб щиб лъикIаб хабар!

— Гьелъул эменги магIарулав вугин абидал, дунги шайтIабаца ккурай гIадин, ХIосенида тIадги рекъон щвана рокъое.

— Щийха гьей? Дуда йихьарайищ?

— Щияли, дуда гьикъизе илъана.

— Дида я?

— Дуда гурони, лъидаха? ХIосен вугев шагьар буго Черкесск. Гьенив, конфетал гьарулеб фабрикалда хIалтIулев вуго гьей ясалъул эмен. БуцIласа гьев вугин абидал, дуда лъазе бегьулин, нужерго росулъа чилъидал, цин дургун данд базе ва ккараб щинаб бицине ячIана. Гъой ясалъ абун

буго, жиндир эбел гIурусай йикIанин, цоги чиясе гьей рососеги ун, жий кIодоца хьихьун гIурай йигин. Инсулги чIужу гьечIин, щай гьечIеялиги лъаларин.

Росдалги, Черкесскиялда бугеб конфетал гьарулеб фабрикалъулги цIар бахъидал, Халисат кьерги тIун лъугьана. Жиндирго хIал хисиги бахчулаго, гьесда цIар щибин гьикъана гьелъ.

— Вай лъаларо, цIар гьикъизе дида кIочана. Дир гIадаллъи! ГIадал гьаюн йигелъулха.

Сакинада ккана, балагье, дир васасул васас гьабулеб бугеб рекъечIеб жо сабалъун гьай лъугьарай куцин, цIакъго бегьулареб жо гьес гьабураб гIадин.

— ЗахIмалъана дуе дица бицараб жо. Гьединха дие мун йокьулей. Диегоги гьедин захIмалъидал, гьабизе жо тIагIун тIоцебе дуда бицине ячIана.

Сакинада бичIчIулеб букIинчIо щай Халисат гьедин хIал хисун лъугьараяли.

— Гьесда Ибрагьим цIар батани, — божи гьечIого абуна Халисатица, — гьев вуго дица дуда бицун вукIарав, дир бетIергьанчи. Гьей ясги йикIине ккола доб сордоялъ гьесухъе, ячIун йикIарай гIурусалъул яс.

Гьанже Сакина-кIодо хутIана цIорон. Гьелда ракIалде ккана цебе букIараб хабарищ лъикIаб, яги гьанже рагIарабищ?

Гьел кIиялго, цоцада къвалги ран, батIи-батIиаяб къварилъиялъ гIодизе лъугьана.

— ЧIая, гьей ясалда цIаргIаги щиб? — магIоги бацIцIунаго, гьикъана Халисатица.

— Щиб букIинеб? ГIурус цIар Ася буго, — абуна Сакинаца.

ЧIужуги ячинчIин, жиндир эбелгунги рекъечIин ясалъ абунин рагIиндал, гьеб бичIчIарай Халисатида, сонаца рекIеда къараб къоно гIадаб, талихI бихьичIеб жиндирго гIумруги кIочон, Ибрагьимгун араб аваданаб заман цебе бачIана.

Гьезие жинди-жиндир ургъелалда тIад ургъизе заман букIине, Аллагьас кумек гьабураб гIадин, хадур рачIарал лъималаца гьел рокъо-рокъоре рачун ана.

Абакарица абуна:

— Халисат-ада, метерги гьабго ригьалъ вачIина дун нуж гъоре ралъдахъе щвезаризе. Биччанте дадал-бабацаги цодагьаб хIалхьи гьабизе.

— ЛъикIха, дир вас, вачIа, — разилъана Халисат.

Рокъоре щун, Черкесскиялде иналъул бицун гурони, Сакинаца гьеб сордоялъги Абакарида ХIосенилгун ккараб хабаралъул бицинчIо. Рогьинегiан ургъалилъ йикIана гьей. Нус-нус батIияб пикру бачIунаан ботIролъе.

— Ася ячани, Халисатие квеш букIинадай, яги гьелъие тIадеги бокьизе гьечIодай? Къоло цо соналъ чIужу ячун гьечIелъул, гьей тIаса лъугьинеги бегьула. Дихъа бажарулебани гьел рос-лъади рекъезаризе, кириги букIинаан, цинги, цIакъго битIун ккезеги бегьулаан. Лъималазда бугеб гIайиб щиб? Вай гьесул цIаргIаги лъарабани. Конфетазул фабрикалда гьезул росулъа цоги чиги хIалтIулев вукIине бегьула. Гьев Халисатил рос ватундай лъикI букIина яги ватичIогодай? Гьаниса кIалъазе щолеб батула ХIосенихъе. Абакарица бицун букIана чIчIечIого гьесухъе живго кIалъаялъул. Метерго абила, дун ХIосенихъе кIалъазе ячейин. Цин дица Асял инсул цIар лъазабила, гьев Ибрагьим вугищали?

Радал тIаде яхъун, Абакарида ХIосенихъе кIалъаялъул бицинелдего, жакъа ралъдалълъе ине дагьаб квачан бугин багьанаги батун, жание лъугьун ячIана Халисат.

— Нолъ мунгун ятIалъун хадуй, дун Ибрагьимил гIагарай гIаданалъухъе ун йикIана, — ян абуна Халисатица. — Черкесскиялда вугин дир яцгIадин йигей чIужуялъул васасул васин, бицана дица гьелда. Гьесие Асяин абурай ясги йокьун, мун цIакъ ургъалидаги йигинги абуна. Гьей ясалде цIар Ася батани, гьелъул эмен дур вукIарав бетIергьанчи Ибрагьим вугин, абуна гьелъ. Яс тукада хIалтIулей йикIинги лъалеб бугоан гьелда.

Жиндаго гьение индал бихьанщинабги, ракIалда бугебги бицуней гьелъухъ гIенеккизе бугеб гъираялъ, Халисат Абакар ун хадуйги гьейгун халат кватIизегIан кIалъалей хутIана.

— Гьеб цIарги, ц1алулеб бак1алда, дида ясаца Халисатин абичIого, Асяйин абулеб букIиндал, дир хIурматги гьабун, хадуб жинцаго хисун лъураб букIун буго гьес, — цодагьай гIодоеччалаго абуна Халисатица. — ХIосение гьей Ася ячани лъикIаб буго. Инсуда релълъарай ятани, талихI кьун буго нужер васасе. Бищун нилъее къваригIараб жо буго — лъималазул талихI. Гьаб къисматалъул бищун кьогIаб бакI бихьарай мунги, бищун гьуинаб бакI бихьун бортизе биччарай дунги, нилъеца гьеб нилъеего кьечIеб талихI лъималазе щвезе жигар бахъизе кола. Нилъее ралъад щай. Метерго рокъореги рилълъун, НухIилгун дандги бан щиб гьабилиян, ХIосенил мурад тIобалеб къагIида балагьизе ккола.

— ЧIчIа, гьединаб жоялъе г1едег1изе бегьуларо. Цин дицаго бицун, гьез щибундай абулаян мух1кан гьабизе ккеларищ хIакъикъат, — ян абуна Сакинаца.

— Щибун, нилъее щай? Дица гьединаб жо малъизе кколей гIадан гуро мун, — ян абуна Халисатица. — Дица, хадуб диего бигьаяб букIине, кинабго васасда битIун бицина. Мун гьедин васасул къварагIелалъ ячIун йигин, дун гьелъие кумек

гьабизе инеги кколин. Дир, вас гурони, тIокIав щиб кканиги бицине чи гьечIелъул, гIелцоял гIадин рукIуна ниж. ГьитIинав мехалъ лъикIав чиясул хIакъалъулъ бицунеб бугони, гьесул чIужу йигейищин гьикъулаан Аликица. Эмен киве арав, щай нуж ратIалъаралилан, кидаго гьикъичIо. Дир эбелалъул вацас, чIчIечIого нижехъе вачIун, къварагIараб жо бугищ абун, гьикъулаан. ЯхI бугев чи вукIана гьев. Росулъе кино бачIараб мехалъ, цоги лъимал эменалгун унелъул, Алик вачине вачIунаан. Цо нухалъ эбел-инсул хIакъалъулъ бугеб киноялъухъ балагьун рачIунаго, гьас гьикъун буго, мун кидаго нижее щиб къварагIаниги гьабулев вукIуна, дунги кивего вачуна, мун щай нижее дадалъун вукIунаревин…

Гьедин гIемераб хабар-кIалалдаги рукIун, метер цадахъ росулъе ине къватIире рахъине къотIиги гьабун, Халисат васасухъе рокъое тIад юсана.

Нахъияб къоялъул радал, Халисатица витIанин цо гIолохъанчи вачIана Сакинахъе кагъатги босун. Гьелъ хъвалеб бугоан, жиндие дуда цадахъ ине щолеб гьечIин, цо къварегIел бугин, хадур рихьилин.

Халисатги ячIинчIелъул, росулъа гIагарав васасул машинаги унеб батун, Абакарица рокъое нухде регIана Сакина-кIодо.

17.

Къасеялде рокъое щун жание лъугьунаго, кIалалда пагьму гьечIей нус Суапайтица, ячIарайищин гьикъичIого, дандеги ячIун абуна:

— Дуда кIудияб гIакъуба бихьун букIун батила, гьал васал гьарулаго! Дидаги лъачIого дир васасе чIужу ячинейищ ракIалде ккараб? КигIан лъикIха кьолей гьечIей! Гьеб гIурус хьон къварагIун букIана бачине гьанже!

Ккараб щибали бичIчIинчIей Сакина, машинаялъ квеш бетIер унтизабуниланги абун, жиндирго рокъое ана. Нусалъ сундул хIакъалъулъ бицараб лъаниги, щиб лъугьарабали лъачIо СакинакIодода. Цоги жо гьелъги абун дирго ракI лъукъизабилин, щибго калам нусалдехунги гьабичIо.

Хадусеб къоялъ, хIатIил гьаракьалдасанго лъана гьалда, жаниве лъугьун вачIана НухIи.

Сакинада лъалаан Суайпатица жиндего абураб жо НухIида бицинчIеблъи. Щай гурелъул, щиб гIайиб жинда кканиги НухIида бицунареблъи лъалаан гьелда. Сахлъиялъул, сапаралъул гьикъун гаргалаго, НухIица абуна:

— Сон Суайпатги дунги почалде ХIосеница кIалъазе ахIун ун рукIана. Гьесие цо яс йокьун рагIула, хутIараб дуда гьикъеян абуна. Гьей ясалъ абун буго, гьеб бицине жий инсухъе ун йикIанин.

Бокьарав чиясе айин, амма гьел чагIазул васасул цIар кIочон тейин, абунин инсуца. Гьелъул эбел гIурусайищ йикIараяли? КIалъаялдаса бичIчIулеб букIана, ХIосен цIакъ пашман вукIин. Кинабго жо дуда лъалин абидал, нахъойги кIалъазе вачIинин, тана дица. Дуцаги дида щибго жо бицун букIинчIелъул, щибдайин досулги дурги ккарабин гьикъилин вачIун вукIана.

Сакинада гьанже бичIчIана, Халисатица жиндир тIокIав чи гьечIелъул васасулги дирги бицунареб жо букIунарин абураб жоялъул магIна. Гьанже кватIун бицана гьалъ васасда Черкесскиялде щай жийго ун йикIараялиги, ХIосеница кагъат щибун бачIун букIарабги, гьей Ася ячинчIого гьесдаса жалго бергьине гьечIеблъиги.

ТIаде лъугьун ячIана Халисат.

— Вагь, Халисат, щварайщ? Дурго сахлъиялъул щиб буго? Гьанже нуж, гьудулзаби, данделъана. Дица гьаниб тIокIаб гьабизе жо гьечIо, — янги абун, вахъун ана НухIи.

ТIаде ургъел бачIарай гIадин йихьана Халисатида Сакина.

— ТIаде ккараб батIияб-цIияб жо бугищ? Мун дагьай къваридго гIадин йигин ккола дида? — ян гьикъана Халисатица.

— Лъаларо, гьеб лъикIищ ккелеб яги квешищ букIинебали? Асяде инсуца гьев васасул цIар кIочон тейин абун буго. Гьеб бицун ХIосен пашманго

кIалъалев вукIанин абизе вачIун вукIана НухIи. Дица гьазда щибго жо бицун букIинчIелъул. Гьедин тIубани, лъикI букIинаан. Лъаларо кин битIун ккелебали? КигIан лъикI мун ячIарай.

Гьедин тIубани лъикI букIинаанин абураб рагIи бокьичIо Халисатие. Гьалмагъалъул васасул талихIалъе гIоло уней йигейлъунги гьаюн, Черкесскалде ине гъира букIиналъ, Халисатица абуна:

— Гьаб нухалъ дое дун йиччанте. Щиб Асял инсуе къварагIун бугебалиги бихьила, кьезеги гьайила… Жибго тани, кин букIинебалиги балагьила, — ян абуна Халисатица, Сакинае бокьараб къагIида гьеб бугеблъиги бичIчIун.

18.

Халисатица, самолёт чIчIолеб бакIалде данд чIвазе вачIайин бачIараб телеграмма, ХIосение кIудияб роххеллъун букIана. Цоги жо лъачIониги, гьей кIодол лъикIай гьудул йикIин лъалеб букIиндал гьесда. Рокъов вугев мехалъги жиндиего гьабизе бокьараб жо эбелалъ гьабизе течIеб мехалъ, цин гьав унаан кIудияй эбелалъухъе. Гьелъги къабул гьавичIони, унаан Халисат-адахъе.

— Йиччанте, тIадеги лъикI! Цо гIилла гьечIого ячIине йикIинчIо Халисат-ада, — жиндие гьей ячIин лъикI бугин, пикрабазда вукIана ХIосен.

Ибрагьимгун дандчIвалей мехалъ, аскIов чи вукIине бокьун букIинчIо Халисатие. Эдин, самолёталдаса рещтIун ХIосенилгун ккараб гарачIвариялдаса хадуб гьалъ абуна:

— Гьеб фабрикалде гьаниса дунго ина. Ибрагьимгун цин дунго кIалъани, лъикI букIина. Балагьила щиб гьениб ккарабали? Мун аск1ов вугони гьесие бицине бокьич1ого бук1инеги бегьула.

— Халисат-ада, гьедин дуца абухъе букIина лъикI. Гьаб таксиялъ щвезайила мун фабрикалде. Гьав таксистасда ине кколеб бакIги бицун буго. Кинабго лъала гьесда. Гьале дир адресги. Цинги, рокъор рихьила, — янги абун, Халисатихъе жиндирго цIар тIад хъвараб кагъатиги кьун ана гьев.

Фабрикалде щвезегIан Халисат батIи-батIиял пикрабада йикIана. РихьичIого гьоркьоб гIемер заман ун бугелъул, сундасандай бицен байбихьила ва кинандай гьев дихъ балагьила, кинав чидай гьесул лъугьун вугоян кколеб букIана гьелда ракIалде. Жинцаго гьесул суратал рихъараб куц чIчIолеб букIана цебе. Цинги гьелъ жиндиего рикIкIана гьал жугьаби:

Расги гIайиб гьечIел
Кагътил рукъаби,
КъотI-къотIун рехана
Ццим гIодоцине.

Гьанже гьикъичIого,
ЯчIуней мехалъ,
Арал сонакьа дун
Йиго нечолей.

Дица ракI чуранин
Дуй чучизелъул,
Чан лъикIлъидай ана
Илбисалъ бикъун.

Дир бортараб талихI,
Дур батичIеб ракI,
Киналдай нилъ къела
Къеркьолеб мехалъ.

19.

Лъидаго щибго гьикъичIого Халисатица директорасул заместителин хъвараб нуцIа балагьана. Гьев цIехедал, цебесеб рокъой гIодочIарай гIолохъанай ясалъ, гьев регIун гьечIин, гьаний гIодойикIаян бакI бихьизабуна.

Халисатие доб къоло цо соналдасаги халалъулеб букIана гьений гIодойкIун унеб бугеб заман. РакIалъул кьабиялъ горде борхизабулеб бугин кколаан гьалда. Хьитазда жанир хIатIалцин сородулел рукIана.

Жаниве къварагIелалъ вачIун вукIарав кIудияв чи нуха регIизе нуцIа рагьигун, Халисат йихьана Ибрагьимида.

Щивго вихичIого Ибрагьимица рагьараб нуцIа гьей жание ячIинегIан рагьухъе ккуна.

— Гьале къого сон буго, лъица нуцIа рагьаниги, мун гьечIодаян, бетIер борхула дица, — ян абуна Ибрагьимица. — Дида лъалаан, кида бугониги гьеб рагьарабго цо къоялъ мун йихьизе йикIин, — ян къваридго тIадеги жубана гьес. — Болжал букIун буго цIакъго халатаб.

Ибрагьимица доб бортараб тетрадь кьолеб мехалъгIадин букIараб нечараб сороди кквезе кIоларого йикIана Халисат. Лъаларо, гьез букIинелъулищ яги аралъулищ цIикIкIун бицарабали, гьеб гьезул балъголъилъун тела нилъеца.

ГIемер ххалат жийго хутIарайгIадин, ине, цодагьай йихадго тIаде яхъана Халисат.

— ЧIая, мун гьанже киехун? Дица машина кьела мун швезаизе, — ян абуна, тIаде вахъунаго Ибрагьимица.

— Машина къварагIунаро, дун таксиялда ина… — ян абуна гьалъ нечадго.

— Гьеб такси щай нилъее. Абе адрес кие щвезаиезе кколейяли.

Ургъулаго, Халисатица бахъун кьуна доб ХIосеница адрес хъвараб кагъат. ХIосенин цIар бихьигун Ибрагьимида бичIчIана кинабго.

— Гьанже гьелъул иш дидаялдаса дуда лъикI лъала. Дудаго берцин бихьухъе гьабе, – ян абуна Ибрагьимица. — Дихъе калъан ячIун йикIана гIагарай гIадан. Гьелъ бицана мунги ячIун йикIанин, гьей Асягун ХIосенил гьоркьобакI Сакина кIодое бокьун гьечIин… КIодолги дурги гьоркьоблъиги, нуж яцалгIадин ругеллъиги лъала дида. Дуеги гьеб бокьун гьечIелъул…

— Щай бокьулареб? — Ибрагьимица абулеб жоги гьоркьоса къотIун, абуна Халисатица. — Асяеги ХIусениеги бокьани, элдаса лъикIаб щиб?

Цоги сундасаниги тIаде щвезе рохалил тIири хутIун батиларо, гьеб кинабго щвана дихъе жакъаян, ккана Ибрагьимида, ясалъул цIар Халисатица бахъараб мехалъ.

— Щиб кканиги, гьале дир телефон. Кинабго гьаниб хъван буго, — ян абуна Ибрагьимица, гьелъухъе жиндирго карточкаги кьун.

Хадуб, цо кнопкаги цун ахIана цеерокъой йикIарай яс. Гьай гIадан гьаб адресалда щвезайизе машина битIейин, гъолъухъе кагъатги кьун, Ибрагьимица Халисат коридоралде щвезегIан нухай регIана.

Машинаялда жаний, гьекъечIого мехтарай Халисат, ккараб бицине чи гьечIелъул, гIисинаб бакъаналъ гьебго кечI ахIулей йикIана

Чанги хIасраталъе
Цоцин щолареб,
Дие — кIицIул рокьи
Цо вокьулевгун.

КьечIезе босизе
Рес рекъолареб,
Дий яхIалъухъ щвараб
Щулияб давла.

Дица талихIалъул
ХIал лъазе гIоло,
Къоло цо сон кьуна
Цо лахIзаталъухъ.

Гьелъул цIайиялъул
ЦIумур бухидал,
Цо батани гIела
Нахъе тараб къо.

Гьаб дуниялалда
Цо дун ятила,
Рокьул кьо борцине
ГIорхъи цIунарай.

КьечIезда лъаларо
Щиб щвечIебали,
Кьуразда лъаларо
Щиб щварабали.

Сакинаги ракIалде щун тIадеги жобана:

Дой дир гьудулалъул
Гьайбатаб гIумру,
БачIинаго чIинкъун
ЧIваркьан бекараб.

Седон бацIцIунилан
ЦIваки лълъунареб,
Чини гъун бугелъул
Гъалай чIолареб.

20.

ЦIакъго гьей кватIидал, рахIат хун рагьда свердулев ватана ХIосен.

— Жанире лъугьун щибилеб, — ян абуна Халисатица. — Рилълъа тукаде. Кий йигей гьей дур Ася? Дида йихьизе кколарищ гьей?

Гьалъ нахъе айин абизегIан цадахъ вукIайин абун битIараб машинаялдаги рекIун, щвана гьал тукаде. КIалтIе щолаго, Ася тукадул нуцIа рахалей йигоан.

Асяда, жиндирго эмен вачун бачIунеб машина бихьигун, рекIелъе батIияб хIинкъи бачIана. Гьениса къватIире ХIосенги Халисатги лъугьунел рихьидал, гьей гIажаиблъун хутIана.

— Щиб лъугьараб? — ян гьикъана Асяца.

— ТIасалъугьа, дун гьай дир тетя ячIинегIан, гьалъухъ балагьун кватIана, — ян абуна ХIосеница, гьелъул гъажалда кверги лъун. Гьей нахъ юссине лъугьиндал тIадеги жубана:

— Рагьуге, рагьуге! Ниж жанире лъугьине гьечIо. Гьале гьай дир хирияй ункъгIал, цIарги гьалде Халисат буго.

— Дицаги бегьулищ тетя Халисатин абизе? Дида цIарги Ася буго.

— Бегьула, дир яс, щай бегьулареб! — ян абуна Халисатица разиго.

— Ася, метер Халисат-ада рокъое ине йигелъул, нижехъе илълъине бокьиларищ дуе? — ян гьикъана ХIосеница.

Бокьилаанги абун, гьез рагьугейин абуниги, нахъги юссун тукенги рагьун, Асяца соказул шушбиги, цойги кагътилъ жемараб жоги бачIана босун.

Гьединаб жоялъухъ лъикI хал гьабулей Халисатида ракIалде щвана, инсуда релълъарай ятани нужер васасе талихI кьун бугин абун, жинцаго гьелъие къимат кьун Сакина гIодой иччазаюрай куц.

ХIосенил ккун бугеб рукъалде аскIоре шваралго, Ася цин букIнида бугеб телефон-автоматалдасан кIалъана жиндирго кIодохъе, нахъа гурони ячIунарин. ТIаде рахун, рокъоре жа-

нире лъугьингун кухнялъуе ине бегьилищанги гьикъана ХIосенида.

Заманго балелде гьелъ чай гьекъезе ахIидал, столалда тIад чай гуребги, камураб жо гьечIоан.

Цадахъ гара-чIварун кваналел рукIаго щибун гьезие кьимат кьелебали лъаларого йикIана Халисат.

— Дуниялалда къадарал хъвалел мехалъ, тIоцебе васазе бачIун буго можоро ясал рищизе, — ян байбихьана Халисатица. — Цере бищун берцинал, хадур дагьал берцинал, гьедин кьерда чIезарун рукIун руго ясал. ТIоцобе яс йищизе ирга бачIарав васасда ккун буго, цебесеб кьерда ругел ясазул берцинлъиги бихьун, вабабай, гьанир цере гьадагIан берцинал — дорегIан дагьалги берцинал ратилин. ЦевегIан арав гьев, дорегIан ругездаса цере рукIарал ясал берцинал рукIараллъиги бичIчIун, тIад вуссине лъугьуна. Амма, гьав чIезавун вуго, тIад вуссине къотIи гьечIилан. Дагьавги цевегIан ани, дагьалги сурарал ратизе гурин, щвараб бакIалъа ячунго тун йиго гьес лъадилъун яс. Гьединила, рос лъикIав вугони — лъади захIматай, лъади лъикIай йигони — бетIергьанчи захIматав кколел. Дида ккола нужехъ балагьун, ХIосеница Ася тIоцебесеб кьердаса ялагьун йигин, — ян роххизаруна Халисатица гьеб хабаралъ.

Гьедин чай гьекъолаго, кIалъалаго, батIибатIиял харбал рицунаго кидаго цадахъ рукIаралгIадин рекIелгъеялда ана заман.

Ася щвезайизе ХIосен цадахъ индал, гьев хекко вачIунаревлъи бичIчIана Халисатида. ТIад юсун цойги стакан чаялъулги гьекъон, диваналда гIебедеги чIван йикIана гьай.

— Вай, кидаго йикIинчIо дун гIакъилай. Къоло цо сонги бан щвараб Черкессиялда, гьаниб балеб бугеб цохIого-цо сордо. Вай гIабдал, вай гIабдал, щиб квешлъи гьабураб дуе гьаб гIумруялъ? ГIайибго гьечIого дуего гIакъуба кьезе гьанжигIаги нечоларищ мун? Гьев дур цIар тIамичIев рос, дур васасул эмен… ГIадамаца балагьулеб гIумруялъул талихI бокьун холей йигей мехалъги илбисалъе бокьараб гьабулеб къагIида щиб? Дуе цойги дуниялищ кьезе бугеб? Дунгони кIварачIоан, инсул тIагIамалдаса ватIагьавуна дица цо вугев вас. Цоги лъимал рукIинеги бегьулаан, вай дир гIадаллъи! вай дир гIадаллъи! — ян абун, жиндаго гIайиб гьарулей йикIана.

Хадуб, ракI чучиялъе жиндего абизе рачIунел кочIол мухъал рикIкIине лъугьана.

ТалихI цIалеб цIадеро
ЦIан уна цоги рахъалъ,
Дуего щолеб лъикIлъи
Ургъулеб бакI талхани.

Лъим тIечIеб тIогьол гIадин
ЧIурканлъи хола чорхол
Боссе рес щвараб талихI
Щайин, мун нахъе къани.

— Вай, дихъ гьесул телефон буго гурищ! — ян тирщун тIадеги яхъун, жиндихъего гьес кьураб кагъат балагьана Халисатица.

Минаялъул букIнида бугеб Ася кIалъалей бихьараб телефон-автоматги ракIалде щун, хекко тIадежоги реххун гьай кIалъазе ана.

Ибрагьимица «да»-ин абидал, гьай щиб абилебали лъачIого гIенеккун чIана.

— Алло, щай кIалъаларей, дида лъала гьай мун йиго. Дун гьаб сагIат вачIина. Дида адрес лъала. Бащдаб сагIаталдасан ячIа къватIие. Воре ячIа!

Халисатица щибниги жо абилин хIинкъарав гIадин, гьес хехго гIодоб лъуна трубка.

Кин шварайяли лъачIого юсана гьай нахъе. ХIосенида жийго кие араяли лъан букIине, сородулел квераца хъван кагъатги столалда тIад лъун, яхъана къватIие. Заманго инчIого, бачIунеб бихьана гьалда доб жиго рекIун битIун рукIараб машина. КъватIивеги вахъун Ибрагьимица гьелъул хIинкъараб нечеялъухъ балагьун щибго абичIого,

матIуялъусан гьей йихьулеб рахъалъул нахъисеб нуцIа рагьун ккуна гьей жаний яхине.

ЦIакъ берцин къачIараб кIалгIаялъул жанире лъугьиндал гьезда бихьизабураб столалда тIад тIугьдул гурони гьечIоан. Кваназе жо лъие щиб бокьилаян дандги бан босана гьаз.

Халисатица нечадго абуна:

— Къаси духъе ячIин, дица гIумруялда лъикIлъиялъе тIамураб кIиабилеб гали кколин.

— ТIоцебесеб гали сундуй букIараб, бице бегьулеб батани? — ян гьикъана Ибрагьимица.

— ТIоцебесеб гали — ание духъе ячIин.

— Дидаги ккун букIана, дир рохалил жакъа щибго хутIун батиларин. Гьале, хутIун букIун бу-го, — ян кверал гьаваялде ритIана Ибрагьимица, Аллагьасдаса разилъиялъул гьимиялъ гьумерги лъалъан.

МахIачхъалаялда цIалулеб мехалъ араб ункъго соналъул багьаяб ккана цадахъ араб гьеб талихIаб ункъо сагIат. ХIосенихъе тIад юссине за-ман букIинчIо.

ГIаршалъул рагIдукье хIурулгIин ячун унев вугеб гIадаб асар букIана Ибрагьимил, Халисат самолёт чIолеб бакIалде щвезайизе унев мехалъ.

РатIалъулелъул кида рихьилелин, хадуб щиб гьабизе бугебали бицине гьел цоялг1аги рек1еда рук1инч1о.

«Рокъое гIагарлъанагIан дир Алик лъугьинадай гьавуралдаса вихьичIев инсуда тIаса, яги гьесде гIайиб гьабичIого дун йикIун йигин гьелъие гIайибияйин гьес телин », — абун хIинкъарал пикраби гьарулел рукIана Халисатица.

21.

Самолёт чIолеб бакIалде данд чIвазе вачIун Алик ватичIев мехалъ, цо гIилла гьечIого вачIинчIого чIезе вукIинчIин, ургъалилъе ккана Халисат. Рокъое щведалги, нуцIа рахан батана гьелда.

КивегIагидай аравин, жий ячIунейлъиги лъалеб букIиндалин, рокъовги ватичIелъул дагьабги ургъел гьабизе лъугьана Халисат.

Жив ватичIони, мадугьалихъ бугеб рукъалъул нуцIа бихьизабун букIана гьалда Аликица, гьаниб толин жинца кIулин.

НуцIа рагьарай мадугьал, гьалъ Аликица кIул тун букIарабищин гьикъидал, цин Халисатихъ пащманго ялагьана. Хадуб жание ун, щибго жоги абичIого босун кIул кьуна.

Хехго гьебги босун нуцIа рагьана Халисатица. РетIел хисулей йикIаго, гьелда бихьана столада тIад лъураб кагъат.

«Эбел, тIаса лъугьа, кинабго лъикI букIине буго. Дида гIайиб гьечIо. Дуца щибго ургъел

гьабуге. Киназда гIайиб бугоян чIезабизегIан дун нахъе виччалев гьечIо милициялъ», — ян хъван бугоан Аликица кагъат.

— Вай, рецц Аллагьасе, чIаго вугелъул, щибгIагидай ккана?! Дидаго кумек гьабизе кIвечIони, эмен ахIила, — ян абуна Халисатица жиндаго.

ГьебсагIат жание ячIана дой кIул кьурай мадугьал.

— Мун ралъдахъе ячине вачIун вукIарав вас гьечIищ? Досда цадахъ эхетун Аликида ятун йиго жиндирго йокьарай яс, — ян абуна гьалъ, Халисатица гьикъилелдего. — Цинги, гьас гъежги ккун цIан йиго гъой яс, дуца гьаниб гьабулеб щибинги гьикъун. Гьедин щакдарулев чи дие къварагIун гьечIин абун, гъеж туркIун бахъулаго, гьелъул горде бихъидал, гьейгун цадахъ вукIарав дур гьудулалъул васас, Аликида кьабун буго. Цинги аскIор рукIараз милиция ахIун, гIайиб киназда бугояли чIчIезабизе рачун ун руго. Дихъе рачIана кIулги, кагъатги. Кагъат дица лъуна гьеб столалда тIад. Мун ячIине йикIин лъалаан гъосда. Эбелалде данде ине кколин бицунев вукIана. Гъовцоав вас, мун ралъдахъе ячине цо нухалъ гьанивеги вачIун вукIана, — цоги нухалъ мухIкан гьабуна мадугьалалъ.

— Дида гьей яс йигинцин бицун букIинчIо гьес. Гьел кIиго яцазул лъимал рагъизе ккани гьез-

да гьоркьосан бекерараб кетогIаги щиб? — пащманлъана Халисат.

— Гъой ясалъ абун буго, жий Аликица хIакъир гьаюнин, жиндие кигIан гъев вокьун вугониги жий гьесие инарин, — абуна нахъойги мадугьалалъ.

— Я гъарин, гьей ячунев чи щив? Лъие гьей къварагIун йигей? — абуна ургъичIого Халисатица.

— Гьедин абуге. Гъой яс рекъечIони, гъол кIиялго жанир тIамула. Гьанжи закон кьварун буго. Нужеца гъей ясалъул эбел ялагьизе ккола. Жедеего гIарац къварагIарал чагIи гьадинаб иш бицат гьабун бицунелги рукIуна, — кьуна гIакълу мадугьалалъ.

— У-ха, дир яс, битIараб буго, баркала, — гьей ун хадуй, лъикI гIодизеги гIодана Халисат, какги бан хадуб дугIаги гьабуна.

Щиб гьабилебали лъаларого йикIарай гьалде ракIалде вачIана, гIемер гьал рекъезаризе лъугьун вукIанарав Ибрагьимил гьудул. Гьесухъе гьебги бицине гIакълу данд базе ине нигат ккана гьалъул.

Рокъов гьевги ватичIого ракI бакъван, нахъ юссун ячIиней йикIарай Халисатида дан чIвана гьесул чIужу.

— Нижедаги гьеб хабарги рагIун, щиб гьениб ккарабали лъазе, цо лъалев чиясухъе гьикъизе ана Исрапилги рилълъа рокъоре, кватичIого гьевги

вачIина, гьесда щиб бугониги хIакъикъат лъан батизеги бегьула.

— Нужеда лъица бицараб? — ян гьикъана Халисатица.

— Ибрагьимилгун гьудуллъи хун гьечIелъул Аликида хадув цIалулеб бакIалде ун тIалабалда вукIуна Исрапил, гьес абунги батизе бегьула.

Цо-цо праздниказда дуе бокьиларин гьесде кIалъачIониги вас вихьизе щвезе живго Ибрагьимги вачIунаан.

Халисатида гьеб лъалароан. Ибрагьимихъе жийго ун йикIиналъул бицун борчIизе гурин, гьеб лъазе бокьичIого гьалъ кIалъай цойги рахъалдехун буссинабуна.

— Нужерго васал-ясал кин ругел, росулъего ун йикIарайищ? Эбелалъул щиб бугеб?

Нахъа сардилъ гурони вачIинчIо Исрапил. Халисат йихьарайго, гьай росулъ йигилан вукIарав гьав, виххун хутIана.

— Дудаго лъачIого дицаго тIубазабилин вукIана дун. Гьале, дой яс жийго йихьизайилин ун гьениса вачIунев вуго, — ян абуна гьес, Халисат ячIиналъул гIиллаги бичIчIун.

— Дун хадув ваккулев вукIиндал, цIалулеб бакIалъан ахIун лъана дида Алик жанив тIамун вугин. Гьедин ун вукIана. Гъой ясалъул эбелиш гьечIеяли гьелъул, кIодо эбел ятана. Кколеб закон гьабичIого теларин, цогIагиясе ясги кьеларин,

цIакъ щулаго йигоан гьей. Щив гъов вас? РагIана, дур лъикIай гьалмагъалъул вас вугин. Жалгоги гьудулзаби рукIун руго гьел васал, щиб гьезие ккарабали? — ян жиндаго кинабго лъалеб букIин бичIчIинабуна, Исрапилица.

— Гьудул щий йикIуней? Яц йиго. Дир яцги гьечIелъул, яцалъул бакIалда тарай йиго гьей. Амма нижер лъимал жалго гьудулзаби гурел, ниж лъалел рукIиналъ, цоцазда лъалел рукIана, — ян абуна гьелъ.

ЦIакъго кватIизегIан гьелгун кIалъала хутIидал, Аликги гьечIин, Исрапилица рокъое ине йиччачIо Халисат.

22.

Радалго, Сакинаги йихьизе, гьелъ жий ялагьулей ятилин, тIаде батIияб хабарго лъачIого рокъое тIад юссана Халисат. Ятизеги гьей, гьабизе жо тIагIарай гIадин, нуцIида кIалтIа яхъун чIун ятана.

КIалъачIого, цин цоцаздаги хурххун гIодана кIияйго гьудул.

— Йокьарай яс ХIосеница ячине бегьуларого йикIарай дун, балагье нилъедаго лъачIого гIун рукIун руго нилъер лъимал. Хирияв Аллагь, дуде аманат, цIуне нижер лъимал. Нолъ НухIи, лъалев следавателги ватун, ургъел гьабугейин, цIалулеб

бакIалда бугеб гьудуллъиялъул судалдеги битIизабун, гъой ясги йихьизаюн, жинца тIобалин рагIи кьуна гьес. Лъаларо, ясалъ щиб бицинебали, — ян хаду-цебе гъезабун, бицана гIодое йиччаларого йигей Сакинаца.

Халисатица жиндаго Исрапилихъе ун лъараб бицун, ХIосенилгун ккаралъул бицине гьезул эргаго швечIо.

Нахъойги къватIие арай Сакина, метер гьудуллъиялъул суд букIине бугин абунин ячIана.

— Ячине ятилаха ясалъ вищарасе. ЛъикIай ясгIаги ятайги, — ракI гIодобиччазабуна Халисатица

ЛъикIай йикIинчIейани гьезиеги йокьизе йикIун ятилароанин, хIукму къотIана кIиязго, жаниб щиб бугебали лъалареб къисматалъе, васал туснахъалъуре ккечIони, щиб кканиги разиял рукIиналъ.

Гьеб букIана анцIила лъабабилеб май. Ургъел бугел хекко щолелъул, Сакинаги, Халисатги, кумекалъе рачарал нугIзалги рукIана гIодоркIун гьел лъимал цIалулел рукIараб гIемерал партабиги ругел кIудияб залалда.

Жанире лъугьун рачIана лъабго чIужугIадан. Гьезда цадахъ йикIана цо гIолохъанай яс — гъоб къварилъи хIехьарай студентка. Гьезул цояй йикIана доб туснахъалда тIаса бер босичIого Сакинахъ балагьун йикIарай ва Халисатида нуж ки-

сайилан гьикъарай гIадан. Жанireги рачIун, дагьал рикIкIадегIан гIодорчIчIана гьелги. Гьанжисалалъ гъой гIадан Сакинахъ щиб, гьел ругеб рахъалдецин ялагьичIо.

Хадур рачIана жанире берцинаб лагачерхалъул ретIа-къарал ункъгоял, къвалакь цоясда бицатаб т1ехьги рукIана. Гьел столалда нахъа гIодор чIчIаралго бичIчIана гьел суд гьабулел чагIи рукIин.

Хадур рачун рачIана цадахъ милиционергун гьазул васал. Гьелги кирехунго ралагьичIого гIодоре къулун, нечадго гIодоркIана жидедаго бихьизабураб бакIалда. Суд байбихьилелде цебе, кодор кахтал ккун букIарас цIехана:

— НугIлъи гьабулел рачIун ругищ? КIиязулго эбел-эмен ругищ?

Хадув, тIадеги вахъун, студент АхIмадов Абакар НухIиевич абун, байбихьана биография цIализе. Султанов Алик Ибрагьимовичасулги цIалун, къварилъи хIехьарай ясалде ирга щвана. Бащдабги цIалун гьес хадуб хутIарал бакIал жиндиего цIалана, цогидазде рагIиларедухъ. Цо жоялда гIажаиблъи гьабураб гIадин бетIерги кIибикIун, аскIов вукIарасда бихьизабуна гьеб тIамачI.

Гьезда ккана, кагътал хIадурарав чиясул ккараб гъалатI батилин гьениб. Гьас кагътал рихьарас, тIадеги вахъун абуна:

— Гьаниб цо бичIчIулареб жо буго. Абакарин абулев васасулги, гьей ГIатигатин абулей къварилъи хIехьарай ясалъулги, кIиязулго кIудияв инсул цIар, гьаниб хъвараб гьазул биографиялда рекъон, АхIмад буго. Гьавурав къоги, хвараб къоги, цIарги гьезул цо буго. БитIараб бугищ гьеб?

Гьелда хадуб щиб гьес цIализе букIарабали лъаларо, гьелъул жаваб гьезухъе щвелелде, ясалда цадахъ ячIарай дой Сакинада йихьигун лъарай гIадан, нахъехун реххун кIотун ун, гIодой йортана.

Киналго риххун ккун, гьелда тIад речIчIана — цояз лъим кьун, цойгияз кIаркьаби рухун лъавуде ячIинаюна.

Гьелъухъ, баба — бабаян, гIодизе яс лъугьиндал, лъана ясалъул эбел гьечIелъиги, кинабго жо гьабулей гьелъул кIодо-эбел гьей йикIинги.

Дагьалги нечана васал, жал сабалъун ккезехъин букIараб жойин.

Халисатги Сакинаги аскIоре ине-инарел лъаларого чIчIун хутIун рукIана.

ЦIорарал жалгIадин кIалъазе шуруларого рукIана гьей гIадамалъул кIутIби йигьун тIаде яхъун хадурги. Цинги гьелъ абуна:

— Гьел васалги рокъоре риччай, нужги рокъоре а, нижги рокъоре ина. Нижер гьезде абулеб жо щибго гьечIо.

Щибго жо бичIчIинчIого киналго хаган чIчIун хутIана.

Унтун уней гьей чIезайизе ва гьелъие суалал кьезе суд гьабулелги хIинкъана. Ясалъ гъежги ккун ячун уней йикIана гьей. Сакинадаги Халисатаги аскIоре щведал гьелъ нахъги балагьун, нилъ хадур рихьилин абуна.

КIудяв инсул хIакъалъулълъ абураб жо щиб букIарабги, щай гьей гIаданаль лъимал къватIире реччайин абурабги лъиданиги бичIчIунеб букIинчIо.

Цояца абуна, гьелда щивниги чияс тIаса лъугьун тейин абун батилин. Амма, гьедин батани, судалде щайха гьей ячIарай?

Цойгияца абуна, гьел васал рихьидал яс кьезе бокьун батилин.

Дагь-дагь ккун чагIи ун, Сакина-кIодоги Халисатги жалго хутIана кIудияб залалда.

ГIемер заман инчIого гьезде тIад вуссун вачIана Исрапил.

— Ккараб жо лъазегIан суд нахъ тIамун буго. Шагьаралдаса къватIире унгейин хъварал кагътазда гъулбасги гьаризарун, васалги метер рокъоре риччазе ругин абуна — ян гьелгунги кIалъан Исрапил ана.

— Нилъеего гьабуни, квеш букIунеб жо, чияе гьабизе бегьуларо, — ян абуна Халисатица. — Дир цIакъ ракI бухIана гьей г1адамалда. Нилъ, гьезул росдал цIарги лъазабун, метерго гьезухъе швезе ине кколаян.

— Росдал цIар гьанибго, гьей яс цIалулеб бакIалда лъазабизе бегьула, — ян абуна Сакинаца. — Мун гьаний чIчIа, дун гьабсагIат ячIина.

23.

ТIасияб къоялъ радалго рахъана къватIире Сакина-кIодоги Халисатги. Шагьаралдаса гIемер рикIкIада бугоан гьезул росу. БатIияб район, квешал нухал… Киннигі, къалъилелде щвана гьенире. Гьанжего-гьанже г1урчинлъулел берцинал щобаз бахчараб жаниблъиялда бугеб берцинаб росу бугоан гьеб.

ЦIеххедал, аск1обег1анго бугоан гьезул мина.

Азбаралда, бакъ речIчIулеб рахъалдехун, берцинал накъищал рахъараб цIулал мугъ чIвалеб бакIги бугеб тахтаялда тIад тIамун бугоан НикIалайил заманалъ букIараб, багьаяб, кIудияб халича. Цогидаб рахъалдасан, жеги жаниса тIубан цIа свинчIеб хIащул гьабураб коронисан речIчIун бачIунеб букIана накIкIил цIул бухIараб кIкIуйдул тIагIамаб хинлъи. Хьибилалда бугоан, гъорлъ бакъвараб канги лъун, берцин сокIараб бичIараб цIул.

Азбаралъув щивго чи гьечIоан. НуцIихъе гьал щолаго, къватIие ячIана дой туснахъалда кидаго Сакинахъ балагьун йикIарай гIадан. Гьел рихьигун

цин, нуж рачIунеллъи лъан букIанинги абун, цо цIорорабго кверал роси гьабуна гьелъ.

— Дуда дун лъачIо, — ян абуна гьелъ, къваридго Сакинахъги балагьун. — Лъалищха, хисун ятила. Долдаса хадубги гIемераб къварилъи бихьидал, къосинарищ. Дидани мун лъана, цIакъго дагь гурони йихьун йикIинчIониги. Доя тусснахъалдаго мун йихьарайгоги щаклъун йикIана, АхIмадги ракIалде щун, гьай гурищ дой НухIил эбелин. Суд гьабулеб къоялъ АхIмадил цIарги абидал, гьебги бичIчIун дагьай тамахлъана, цIакъ нечараб жо ккана дир… АхIмадил вас НухIи… Гьалищха гьал рукIарал, рихьилинго хьул къотIарал. Щиб лъалеб, гьаниб цо лъикIлъиги батизе бегьулин, ккана дида. НухIи гьавураб къоло цоабилеб апрель, гьебни дида кидаго кIочонаро. Дица гьавичIев вас дуцаги гьавун, дун къарайлъун йикIараб къо. Амма гьев воххун вукIарав куц, цIакъ вокьун вукIана АхIмадие вас… Живго гIумру къокъав вугелъул букIун буго. Хадуй кидаго йикIунаан дун, кигIан лъикIин гъосда вас гьавун вихьаравин.

— Гьай гIадан дида лъаларо, — ян абуна гьалъ Сакинаде, Халисатидехунги юусун. — Доб къоялъ туснахъалде рач1индал мунгун йихьун гурони, доя росолъги йихьун йикIинчIин ккола. Жанире лъугьа, жанире лъугьа…

НуцIа рагьун жанире лъугьунаго халатаб коридоралъуб бищун бихьулеб бакIалда бан бугоан АхIмадил кIудияб сурат. Гьениб бугеб шкафалда цебе лъун бугоан бакьулъ кIияйго ясгун АхIмадилги тIоцIеесей чIужуялъулги бахъараб цогидаб сурат. Гьелъухъ балагьун ккана Сакинада, йикIунги йигин цIакъ берцинай гIадан, балагье хисун йигей куцилан.

Сакинада, гIемер суратахъ балагьизе бокьиялъ, цояб рокъоса ячIун жиндаго лъикI юссарайин абизе аскIой яхъун чIарай гIаданцин йихьичIо. Хадуб, вай лъикI ятарайилан, къвал бана нечарабго къагIидаялда.

Гьениса кваназе цоги рокъоре рачунел мехалъ, АхIмадида релълъарай йикIиналъ, лъана Сакинада, гьей тIоцее йихьулей йигей гIадан НухIил бесдал яц йикIин. Кванайин, биссмилла гьабейин абулеб гьей ясалъул каламцин АхIмадил каламалда релълъон, гьев кIалъалев гIадин рагIунеб букIана Сакинада.

Гьел кваналел рукIаралго тIаде ячIана цо гIадан.

— Халикъат, ада мун мавлидалде ячIайилан абизе йитIун йиго дун дадал бабаца. Нижее ункъо ясалда тIаде вас гьавун вугоян гьеб рохел киназдаго лъазабизе г1адин разиго. Дур гьалбалги рихьула, кисагIаги дуе гьадигIан лъикIал гьалбал? — анги абун, гьазул кверал росизе лъугьана.

Халикъат гьелъ абидал, ракIалде бачIана Сакинаде доб заманаялда жалго цоцада дагь гурони, рихьичIониги цIар лъалеб букIиндал, гьеб Халикъат абураб цIар жиндиего бокьулареб букIараб куц. Гьанжи, жиндирго гIагарлъи гIемерлъизе бокьиялъ, киндай гьезде гъорлъе лъугьинеян хIисабалда йикIана Сакина.

Гьедин дагьаб заманалъ кIалъачIого, жиндижиндир пикрабазде руссун чIун рукIана киналго.

Сакинае гьал гIагарал рукIин лъаралдаса, гьеб бокьабарблъи бичIчIарай Халисатица, щиб гьезда ракIалда бугебали лъазегIан чIчIечIого, ургъичIого абуна:

— ГIагарал чагIи рукIун руго нилъ! Дир васасул лъикIав гьудуласул яцгIалищха дир нус кколей? Нилъ гьанжи дагьалги гIагарлъана.

КIалдибе лъим босарабгIадин я Сакина, я Халикъат кIалъачIо.

Гьеб абиялдаса ракIги бухIун, Халисатица гьикъана:

— Гьай дур яс ятила? ЦIарцин гьикъичIо. Дида цIар Халисат буго.

Аминат бугинги абун, тIокIай кIалъачIого гьей яс чIчIедал, гьай йиго дир кIудияй ясин абун бицине лъугьана Халикъат:

— Гьай гьаюраб мехалъ воххун вукIана АхIмад, эбелалъул цIар лъезе ясги щун. Дой хварай ясалде цIар Къурайщи букIана. АхIмадие кIудияб

гIаданлъи гьабурав гьудуласул эбелалъул цIар букIана гьебги. Дунги хъамун АхIмад доб сордоялъ гьезухъе вачIиндал, Къурайшица вас витIана АхIмадил инсухъе ккараб бицине. Гьес маслигIат гьарани нахъ чIваларебгIан гьоркьо бакI бугел чагIи рукIана гьел. Аминатилги йиго яс Карпият. ГIатигатил анцIго класс лъугIинегIан цо соналъ рокъойги тун, цинги кIиялго цадахъ ритIана цIалулеб бакIалде. Нужер васасда цадахъ цIалулей йиго ГIатигат. Гьей, эбел хваралдаса дицаго хьихьун, бищун лъикIай, бищун диего йокьулей йиго.

Замана унеб букIана.

«Расги жоги абичIого нахъги кин руссинел? Гьаб халатаб нухги тун гьазул росолъе щвезег1анги рач1ун. Нахъойги гьанире кин рачIинел? Абизеги кин абилеб? Кин Халикъатида бичIчIинебали лъаларелъул. Цо бокьулареб жо ккани, гIучI хъвани йихъулей гIадай гIадан гьайги йихьулин. ТалихI къаразде данде къо бигъарал ккаралин бугелъул. ЩибгIагидай дир васасда бихьизе хъван буго», — ян, хIисабазда йикIана Халисат.

Каву рагьулеб гьаракь рагIидал, гьал нуцIихъ ралагьана. ЯчIуней йиго дой гьазда судалда йихьарай яс. Гьелъ цин цеегIан йикIарай жиндирго эбелалъул яц Аминатида ункъачойинги абун, гьуинго кIалъай гьабуна:

— Жакъаги метерги дир дарсал гьечIо. Ясаца, росдал цIар гьикъун Абакарил эбел ячIун йикIанин абидал, бабаги жийго ятилин, ячIуней йикIана.

Абакарил эбелин гьалъ абидал, ункъачо гIажаибго балагьана. Гьелда жеги лъалароан жиндирго ясалъулгун лъайхъвай гьабизе къварагIун Абакарица ГIатигат ахIун йикIарайлъи.

ТIоцере рихьулел гьалбадерида горбодаги хурхун, разиго, нуж ун ратилин хIинкъун йикIанинги абун, ГIатигат ана цогидаб рокъое. Свакаялъ дагьабго гIетI бараб бетIералдаса кIаз бахъарабго гьурщун ана халатал гъалал. РетIел хисун, беркIал-кверал ги чурун, гьал ругел рокъоехун ГIатигат юссиндал, гьелъул гъалазда ялагьун хутIана Сакина. ГIемер Халисатица бицун рагIун букIана, халатал гъалалгIан жиндие рокьулел жал гьечIин. Гъалал халатал чагIи берцин рихьулин, дидаги гъалал, кигIан хъулухъ гьабуниги рижизаризе кIвечIин.

Цин ГIатигатица, жинцаго МахIачхъалаялдаса бачIараб булкаги, буханка-чедги къотIун лъун, цебе квен букIараб бакI рекъезабуна. Гьелъухъ балагьун ракI рекъон йикIаниги, гьадагIан гIагарлъизегIан жиндирго йокьарай яс йикIин Аликица бицинчIолъи, цIакъ рекIее гIечIо Халисатие.

Бакъанил какги ГIатигатицаги азда цадахъ бана. Гьеб букIана, гьале жинцаги балин какин жийго йокьизе бихьизабулеб гIадин.

— Нилъ рокъореги кватIизехъин руго, нухги рикIкIада бугелъул, гьанжигIаги къватIире рахъине ккела, — ян абуна Халисатица Сакинадехунги юссун, гьездаги рагIиледухъ.

— Кире рокъоре? — абуна ГIатигатица. — Метер радал цадахъ рилълъина, гурищха баба? Гьанже нужее рекIине жо киб букIунеб, метер радал анлъгоялдаго буго автобус.

Гьелъ бицаралда тIад Сакинаги рекъон, Халисатие рокъое йилълъине бокьиялъе кумек щвечIо.

ГIатигат ячIаралдаса рукъ канлъи свараб бакIалда чирахъ бакараб гIадин лъугьана.

Кванан хадуб ГIатигатица гьел рачана ахикьехун.

Гьанжего-гьанже гъутIби тIегьараб заман букIиналъ, цIакъ берцинаб тIабигIат цебечIолеб букIана ахикь гъутIбузда гъоркь гIодоркIарал гьезие.

Къасеялде Халикъатил мадугьалалъ нисуги бачIун, кинацаго кумекги гьабун, коронир режана гIемерал цIурачадал. Азбаралъуб гIодоргичIчIун гьелги кваналаго цIакъ рагIи данде кколеб хабаркIалалда рукIана гьал.

ГIатигатида лъалеб букIинчIо Аликил эбел гьесда гIайиб щун йикIин, гьес щибго гьелъул рахъалъан жиндаго бицун букIинчIелъул.

Бокьарал добехун бугеб рокъор регайин Халикъатица абидал, Халисатица жийго ГIатигатгун

цадахъ гьений егизе ин тIаса бищана, жиндаго лъалареб гьезул букIараб гьоркьо бакI лъазе къварагIун.

Аралщинал соназ цIакъго цоцадаздаса рикIкIалъун чIчIеялдаса дагьай намуслъарай гIадинги лъугьун, Халикъатгун хутIарай Сакинаца абуна:

— АхIмадил эменгIаги хутIун вукIаравани лъазеги бегьулаан. ЛъачIо гьей яс хварайлъи. Балагьеха дуде тIаде ккун букIун бугеб кIудияб къварилъи.

— ГъотIодаса йортун хадуй кIигониги къоялъ берцинго гаргадулейги йикIана гьей. Тохтурзабазул гIайибинги абуна. Щиб лъалеб, дида бихьизе хъвараб жо чияда бихьилищ? — ан угьун хIухьел биччана Халикъатица. — Бищун чара хвараб жо, чи гьечIолъи батана дида. АхIмадил хобалда аскIоса дирго росулъе тIад юссинги дие цIакъ мекъса ккана. Гьелъго батилин тола дица гьабгущинаб къварилъи тIаде бачIараб. Амма, кигIан дида ракIалда бухIаниги тIад юссине букIинчIо рес. Гьеб ургъел чучизе бичIчIулев чиги вукIинчIо.

— Туснахъалде мун ккелелде мехищ гьеб букIараб? — ан нахъойги суал кьуна, гьей яс кида хвараяли лъазе бокьарай Сакинаца.

— Цебего мех букIана. Дица лъабго сон гурони бачIо туснахъалда.

Халикъатида кьижизе ракIалда букIинчIо. Жиндаго гъоркь бугеб къандалъо рекъезабунги лъун кIалъалей йикIана гьей. Сакинада ккана гьелъ ГIатигатилги Аликилги бицине батилин, балагье, ХалисатгIаги йигей ани цадахъ калъазеян. Амма бицунеб жо цIакъго батIаяб, гьей кидаго кантIулареб ва жеги гьелда рагIинчIеб букIана.

— Чияеги абурай, росулъаги гурей, дун кин АхIмадица ячараяли лъазе, дуе кидаго бокьулеб букIун батила, — ян байбихьана Халикъатица. — Дургун ккараб АхIмадица бицун букIана. Мун ячуней мехалъги дида гьикъана гьес… Дица абуна, АхIмадица гьоркьор ругел кIудиял гIиллабазул бицараб мехалъ, яче дурго гьей, разилъулей ятанийин. Дида лъалаан АхIмадие мун йокьуларейлъи, щай абуни дов вукIана ритIухълъи кьучIчIав чи. Кидаго мадугьалихъги рукIун, яцлъун гурони мун йихьуларин, дур гIумроялда барахщун вукIунин абулаан гьес. Жиндир дуде ккараб, я дуе кьезе рокьиги гьечIин. Жинца инсуе гIоло, мун разилъизе ятиларин ккун, кьун букIанин ячине жиндирго разилъи. Гьесда дицагоцин ракIалде щвезабизе ккола-ан, мун цо щвезегIаги инсухъе инчIевищан. Гьениве индал духъе щолевлъи лъалаан дида. Гьеб ккана гьадин.

ТIоцебесеб сордо

Нижер росулъ щибаб моцIалъул тIоцебесеб хамиз къоялъ, чуял ричулеб-росулеб базар букIана. Гьенире кисаго чуял ричулел-росулел чагIиги рачIунаан. Рукъалда аскIоб букIиналъ, дир инсуца рокъоре ине гIедегIаразухъа, ричун инчIел чуял учуз росун, цинги, хадур хьихьун, ричун, чуязул даран гьабун жиндиего хайир гьабулаан.

Цо нухалъ АхIмад вачIана эменгун цадахъ азбаралде инсуца вачун, гьесул букIараб бекерулеб чу бихьизе. Гьел рачIунеб мехалъ дун йикIана тIаса рагъида. РачIинахъего АхIмадилги дирги берал речIчIана цоцазда. Къадарги букIун батилаха, цIа пирхана дир бадисан. ГIадан гурев, цо малаиклъун гьевги вихьун, сверулеб букIана дир бетIер.

Дов, сихIирлъун, жиндирго инсуде абулев рагIана жиндие лъим бокьун бугин. Цинги, Халикъат, дир яс, лъим босун ячIайилан ахIана дир инсуца. Дица инсухъе кьолеб букIана лъим, гъосие къварагIун букIинчIеблъи лъаниги. Гьес гьагъав васасе кьеян, АхIмад вихьизавуна. Лъим гуреб, гьесухъе ракI кьолей чIужугIадин йикIана дун.

Чуялдаги рекъечIого гьел ана базаралде. Дун егулей рукъалъул къватIибехун бугеб гордо букIана гьеб базаралде тIаде балагьараб. Дир

гъира букIана АхIмадида доб гордохъан дунго йихьизе. КигIан дун ялагьун чIчIаниги гьев дихъ валагьичIо. Гьесда щиб лъалеб дир горду доб базаралъул гьоцIибе балагьараб букIин?

ТIасияб моцIалъул тIоцебесеб хамиз къо кидадай бачIинаян йикIана дун, гьел базаралде рачIунищан гъоб гордохъан балагьизе.

АхIмадилги инсулги кин гIакъло ккарабали лъаларо, гьел цин базаралде инелде радалго рачIана нижехъе. Дун йихьизе къварагIунги букIун батизе бегьула.

Гьеб, цебе гьез босичIеб чу цогиязе бичун букIана инсуца. Нижер инсул цоги букIана бекерулеб чу. Амма гьелъ жиндиего хъулухъ гьабулев чи гурони рекIине виччалароан. Гьеб чуялъул цебесеб бохалда кверги кьабулаго инсуца, махсаро гьабула гIадин абуна, рекIине кIвани гьабги бичилаха нужееян.

— Щай кIолареб, дун рекIина, — ян абуна АхIмадица.

— Гьелда рекIине лъидаго кIоларо, — ян гьоркьов кIалъана чуялъе хъулухъ гьабулев чи.

— Цин бихьизабеха, хадув дун рекIина, — ян абуна АхIмадица.

Инсуда вихьигун лъалаан лъикIав лъунев чиги, лъикIаб лъунеб чуги. АхIмадил чIаголъиялъухъги балагьун, гьес ишан гьабуна чуялъе хъулухъ гьабулев чиясде. КIанцун чодаги вахун цо

свери бахъана гьес. Ургъелго гьечIого гъоркье лъугьине хъулухъчияс гали босулаго, цояб рахъалъан гьесул кверада тIад кверги лъун, тириго кIанцIун чодул кьолода жанив танкан гIодокIана АхIмад. Цо-кIицIул малалги хьвагIун, багъаричIо-го чIчIана чу. Бицараб рагIи хвезабичIого дир ин-суца чу бичизе гурин хIинкъарав, чуял хьихьулев чи хаган асухъ балагьун чIчIана.

— ВахI, пайда щиб! — ан гIажаиблъун хутIана эмен. — Цо йиго дир яс. Гьей цойгиясе кьезе рагIи кьун гьечIебани, гьейги кьелаан дица гьав гIолохъанасе.

Гьанжи дагьайги гIадаллъарай дие, гъоркье-тIаде лъугьуней хвелги гьабун, доб гордохъан ба-лагьун йикIанин, дуда йихьичIин, дир гордо база-ралде балагьараб бугин АхIмадиде абизе щвана.

Эменин абуни, чу бичизе ккаралдаса сундего регIулев вукIинчIо. РекIине чIчIолареб букIиналъ гьеб абадияблъун ккун, гьелдаса ватIалъизе кIола-рого вукIана гьев.

Гьелдаса гIемерал къоялго инчIо. Базарго гьечIеб къоялъ цо чу букIана бухьун чуязул базар букIунеб гьоцIиб. Доб гордохъан балагьидал гье-нив дида вихьана АхIмад. ХIинкъун дун нахъе къана, тIокIай гордохъан яккичIо.

Хадуб, гIадамал кьижараб мех букIана гьеб, цо чул пунхъигIадаб жо рагIун йорчIун, дун гор-дохъан ялагьана. Чул кьилиялдеги вахун тIаде

харизе бакI балагьулев вуго АхIмад. Гьес дун йихьарайго дихъе квер бегьана. Дун гIабдалги, лъикI къулана гьесде квер гIунтIизе. ГIемер къулун ятилаха, йортун ана чуялдеги гьесдеги тIаде. Кодой дунгун кIиялго гIодоре рортана. ГIемер цоцаца кквеялъ ниж цIакъго гIодор кьабичIо. КьабичIониги, хIинкъиялъ дун сородулей йикIана. Дидасаги ургъел ккана АхIмадида. Гьесулги ракIалда букIинчIо гьедин ккелин. Дун йихьизе бокьун вачIин гурони, ячине вачIаравги вукIинчIо гьев.

Гьанже щиб гьабилеб? Дица абуна, дун рокъое юссинарин. НуцIаги бухун кин иней? Кий йикIанин дица абилеб? Гьеб букIана, АхIмадида аскIоса ине бокьун букIинчIолъиги, дун инсуца чIвалин хIинкъиги.

АхIмадин абуни, гIемераб мехалъ щиб гьабилебали лъаларого, батIи-батIиял нухал ралагьулев ургъалилъе ккун вукIана. Дица пикро гьабичIо инсуе дун гьевгун иналдаса, кавуги бухун рокъое ячIин лъикIаб букIараблъиялъул.

Гьабизе жо тIокIаб гьечIелъул, рекIун щиб, рещтIун щиб, радалалде ГIандире АхIмадил инсул лъикIав гьудуласул доре щвана.

Гьесул чIужуялда цIар букIана Къурайщ. Гьедин лъун букIана АхIмадица дой хварай ясалда цIар Къурайщин.

Щуго моцI бана, дун цо бакIалда, АхIмад цоги бакIалда, гьесул инсуца разилъи кьезегIан. Дир инсуца, кигIан рекъечIеб жо дица гьабун бук1аниги гьеб ккараб бицун арабго, разилъун пурман кьун бачIун букIана. Дида хадуб бичIчIана, Сахратазул тухумалде яс ин инсуе кIудияб чIухIи букIараблъи. Нилъехъго гIи, хур, ракь бугеб мех букIинчIищха доб. Наибзаби гIакълу гьикъизе рачIунел чагIазул дое яс ккей, гъосие живго кIодолъи букIараблъиги.

АхIмадил инсуца цоги бакIалда рукъги босун, эние ячинчIищха дун.

Гьеб заманаялде ниж цIакъго-цIакъ цоцазе гьуинлъун рукIана. Инсудацин хъвачIого, нижеего магIишат гьабизе лъугьана АхIмад. Сунда квер хъваниги чвахун бачIунеб букIана тIаде боцIи… ГIумру къокъав вугелъул букIун буго гьеб.

АхIмад хун кIиго соналде дун, эменги рекъон, рокъое росулъе ясалги рачун анеб мехалъ. Мина бичараб гIарацги АхIмадил инсуца ясазе тейин абуна.

Гьелдаса хадуб анкьго сон ана. Дов, дун абун йикIарав чи, гьеб заманалде жиндирго чIужугун ратIалъун рукIана. Эбелалъул цо дандияйгунги рекъон, къойилго тIаде хьвадун, ахирги бетIер сверизабун, рази гьаюна гьесие ине.

Ясазул, цоялъул анцIила кIиго, цоялъул анцIила ункъго сон букIана. РикIкIада бугеб гье-

сул росулъе ине дун разилъичIелъул, гьев рукъги ккун нижер росулъе гочана.

Гьес дун ячине ккураб рокъоре дир эбелалъ ясал риччачIо. Жиндаго аскIор тана. Дирги, гьесда аскIоб бараб кIиго сонги-бащдабги, тIаде АхIмадги балагьун гьабулеб бугеб квешлъи гIадин, унеб букIана.

Цо къоялъ, дун эбелалъул дояса рокъое щолаго, милициясул ретIелги ретIарал кIиго чияс вачун унев дир рос, кавудал кIалтIа данде ккана. Жиндаго гIайиб букIун нечарав гIадин, гьев дихъ валагьичIо. Дун йихьаниги, дунгун кIалъачIого машиналде вахана.

Жание лъугьиндал, мадугьалги йиго, цоцахъ бан рукъги буго. Бихьулеб букIана, цо жо балагьулел рукIараллъи.

Рекеризе риччалел чуязе кьолеб лъиналде гъорлъе кьижулеб дару бан бугин, эб дару рокъоб бугищан балагьулел ругин абунин гьезул цоясин, бицана мадугьалалъ.

Чуял рекеризе риччазе ритIулеб бакIалда хIалтIулев вугин живин бицун букIана гьес. Чуязулго бицине бокьунгуртIиялъ, дица щибго жо гьикъулароан. Бищун бергьунеб букIараб чу, даруги гIемерлъун, биччалелдего кьижун ккун батун буго. ЦIех-рех гьабулез балагьидал, гьес гIарацги босун гьабураб хIалихьатаб иш батана гьеб. Гьес дару балеб бихьарав вас дир эбелалъ дой

гъот1одаса йортун хварай дир яс кьезе раг1и бицуна вугев вас вук1ана

Гьелъулги дие ургъел букIинчIо. ТIадеги дирго ясазде регIанин дунгоян, эркенлъи щванин йохун гурони.

Абухъего, гьев туснахъалдаса вачIинелде кIияйго ясги кьуна рукъалде. Рукъалдаги магIишаталдаги лъикI рукIана ниж. Гьелде т1адеги доба т1уснахъалда цо г1адангун щиб квещлъи гьабула вук1аравали т1аде к1иго сонги кьун кват1ун вач1ана.

ВачIана гьев. Гьевгун цадахъ балагьги бачIана. Гьеб заманаялда хвана дир дой Къурайщ абурай яс. ЗахIмат унтана дунго. Кидадай бихьинчи вихьилаян рукIарал ниж, к1удияй ясалъе гьавуна хварав вас.

ЦIакъго диргун ракI бакъвараб гIумру хIехьезе кIвечIого, жинцаго гьабураб хIалихьатаб жоялъ гIадамакьаги нечон, туснахъалда живго вукIарав гIурус ракьалде хIалтIизе ана гьев, рехун нижги тун, талихIалъ.

КIиго лъагIалидего гIемераб гIарацги щун гьев вачIиндал, гIадамаздаги доб ккараб иш кIочон тана. Дунгоги цодагьай гьесде чучун, мунгIаги гьечIев ани щиб гьабилебин букIараб абулеб бакIалде ккана.

Дир хварай ясалъул яс, ГIатигат, нижехъего ячана, дурцас чIужу ячун хадуб.

Ихдал мех букIана гьеб. Эбелалъул рукъалда цебе бугеб хур белалъ бекьизе кколаан, пуруцалъ бекьулареб бакI букIана гьеб. Гьенир хIалтIулел рукIун сваквaрал чагIи, ниж тIаса рагъиде рахана кваназе, чай гьекъезе. Гара-чIварун рукIаго, гьас дун габурги ккун данде къана. Гьадинаб заман бачIинин вукIинчIин, мун росасе аралдаса захIмалъанин дие мунги рокъой тун туснахъалда бараб заманин.

— Дов Салимица, гIемераб гIарац кьун буго судиясе, дие гIемерал сонал кьезе. КIудияб жойищ гьеб чу кьижи букIараб? — ан абуна гьес. — Гьале гьадин нилъ кIиялго аскIор рукIине щвезе, дов мун хъамурав АхIмадил чу дица кьижизабураблъи, лъачIого хутIана гурищ.

Дун сородулаго тирщун тIаде яхъи, квеш бихьана гьесда.

— Досда цадахъ арай мун къварагIун ячинч1о дица. Хвезе гьавидалги, гьесул горбода бетIер теларин ячана. Щиб, мун гьедин лъугьине квешищ бугеб нилъее? Дуе гIоло чиги чIван хIакъцин босана дица тIаде, — янги абун, гьевги тIаде вахъана.

Рагъида бугеб хIуби ккурай дида аскIове вачIунев вукIана гьев, дие лъикIаб бицине гIадин. Дица бугеб хIалалъ, гьалаглъарай чIужуялъ гIадин, кIиябго кверал лъикI тункидал, гъоркье вортун

ана. Гьев гъоркье рехизе кIвеялъ хIалхьарай дун, гIемераб мехалъ хадуй яккичIо.

Хадуб дида гъов хун вугин ккана. РакI бухIараб ххвел гьабулейищ йикIарайали дида лъаларо, дир гIодиялъухъе ячIана цо нухасан уней йикIарай, нижер берцинаб гIумруялда бахиллъарай, гьанжеги кьунин дуе талихIин йикIарай, дирго гIелалъул дунги йокьуларей мадугьал.

Вай, асие щибин, гьелъ витIизавидал, рухIгун вугоанн гьев, амма гIинда жанисан би бачIунеб букIана.

Тохтур ахIеян, дида гъолъ абидал, тохтур щибизе, гьалъ рехана дун, гьалъин, абуна гьес кIицIолго. Цинги къанщун ана берал.

ТIокIав кIалъачIо.

Сордо-къоялъ больницаялда чIаго вукIиндал, дир хIинкъи гьев сахлъизе гурин букIана. Гьев хваралдаса гъой мадугьалги вачIавачIарасде, дица гъоркье реханин гьес абиялъул бицуней йикIана. Дица ургъел гьабулеб букIинчIо. Гьев хведал, дун йохун йикIана. ХIал хьун, гьеле дуегиян, цим бахъун къирулел рукIана дир цаби. Гьедин ккечIебаниги, дица гьев тезе вукIинчIо. Дида гъов чIвазе кIванин абураб жо гуреб, цо гьунар дихъанго ккараб гIадаб чIухIи букIана рекIелъ. Туснахъалде кколеб жойин гьеб дида ракIалдацин букIинчIо.

Щиб ккарабин гьикъаразда, ниж гьеб заманаялда цIакъго лъикI рукIиндал, махсаро гьабулаго реххун анин абун толаан.

ГIодизе, дун сабалъунищха мун хваравин, АхIмадихъ гIодулаан. ГIаданги чи аскIор гьечIел мехалъ, магIоги АхIмадихъ гьадин абулаан:

АхIмад, дуниял тун
Мун араладаса,
ТалихI къосиналъ дун
Мекъсе ячана.

Къисматалъ ватарав
Тущман чIварав куц
Бицине кида мун
Дида вихъулев

Бадрул гIазизалъул
Зулму кIочараб,
Чанги къо букIанин
Къосун дун ккезе

Дир ккараб гъалатIалъ
ТIатинабураб ,
Къисас босе щведал
ТIаса лълъва дида.

Доб дур багIар чодуй
ХIилла ургъарав,
ХIалихьат вачIанищ,
Дица витIарав.

Дие бугеб хIалхьи,
Гьеб ургъарасде
Дуде тIаде хъвараб
Ракь хъвазеги щун.

Дур гIащикъаб гIумру
— гIазаб гьесие,
Жансус чIвазе щвараб
Даража дие

ГIарщалъул рагIдукь бакI
Диеги ккун те,
Гьеб хIалаллъулеб хIал
ХIехьанин гIемер.

Гьелъул рагIабазухъ гьалгъан хутIарай Сакина лъугьана гIодизе. КIиялго цадахъ дагьаб мехалъги гIодун, цинги туснахъалде кинха ккарайян, гьикъана Сакинаца.

— Кинха ккелей? — бералги рацIцIун, цIидасан байбихьана Халикъатица жиндирго ккараб бицине — Гьезул гIадамаздаги бичIчIинарищха… Махсаро гьабулагойин абуниги, чи хун вугелъул.

Дида малъана, дица АхIмад лъикIав вукIанин абидал, гьанжеги гьев дир тушмангунищ мун йигейин дида тIад речIч1анин абеян. АхIмадида хадуй доб мехалдаго чIвазе кколей чIчIужу йикIанин, гьанже чIвала дица мунин, дун гIанкъулей йикIанин, дунго цIунизе нахъе тункулаго, вортун анин абеян.

Судалъул гIадамаца абураб жоялъулги, жаний тIамиялъулги ургъел букIинчIо дие, гьев хведал.

Харбал, суалал чIалгIун, кигIан лъикIин дун гьаний туснахъалда, гьеб лъалареб бакIалда йигеян йохун йикIана. Нужги рачIун рокъое йиччазе щвараб ихтиярцин бокьун букIинчIо дие. Киналго гьел цадахъ туснахъалда рукIарал, дир пуланлъиялда ракI гурхIун рукIунаан.

Бокьун букIараб куц щиб, цо дунго хвелелде, цониги бицине бегьулев чиясда гьаб бицине.

Гъваридаб жинцаго битIараб жо гьабураб гIадин, ракI чIараб, бечедаб хIухьелги биччан, къваридго ялагьана гьай Сакинахъ.

— НухIида ккарабги бицун, цIидасан эмен ракIалде щвезавизе, гьедагIан гIакълу гьечIей гIадан мун ятиларо, — ян абуна Халикъатица. — Дуда бициналъе гIилла букIана, дуесеб талихI диего босулаго дирго къараб талихI, дида Аллагьас гьеб бецIараб куц дуда лъан букIине. Гьанже лъан элъул лъугьине жо гьечIо. Нилъеца хIехьарабги бихьун пашманлъугеги нилъер наслаби. Нилъеца

гIамал гьабизе ккола гьанже, кигIан кIваниги, лъимал ритIун кколеб къагIида балагьизе. Дида ГIатигатица бицунги букIана, жиндир лъай-хъвай ккарав васасда цIар Алик бугин. Эбел-эмен магIарулалги ругин. Гьел цадахъ гьечIин абидал, гьей цо къваригIел гьечIеб бакIалде кколей ятилин хIинкъун, абун букIана дица кьеларин. КьечIого нижго рорчIулеб хIал батани, кколеб тамихI гьабейин. Гьанже гьабизе кколеб дидаялдаса дуда лъикI лъала. Дуца рекъезабе, хадуб ккарабщинаб дудаго лъалелъул.

Сакина йикIана жиндаго нолъ щиб ккарабали лъаларей, яги киданиги бихьичIеб бихьун гIажаиблъарай, йорчIизе бокьараб макьуялдаса йорчIуларого йигей гIадин**.**

Как ахIулеб гьаракь рагIиндал, кьижизего течIин дица мун, кигIан хекко гьаб рогьараб — ян, нечадго т1аде яхъана Халикъат.

Рогьана гьеб сордо кьижичIого.

24.

Лъавудаса арайг1адин аск1оса Халикъат индал, гъапуллъун ккун йикIарай Сакина, Халисатил елъанхъулеб гьаракьалъ йорчIизаюна. Ханжу цIалкIулеб цIалкIил кIутIиги, Халисатил разияб елъиги, аргъанги хъван къали кьабун бачунеб бакъан гIадин букIана. Хъармухъчаялде данде

панкъал гьаризе бетараб рахьги тIун, ханжу буцизе хIадурулел рукIана гьел.

Рахъаралищин гьездеги кIалъан, мунни, гьанийго гIурай гIадин йихьулин, Сакинаца абидал, рахъине ниж кьижизецин кьижичIин абуна разиго Халисатица.

— Аликица бицинчIониги, ГIатигатица бицана нолъ жидерго планазул, — ян гьанжеги елъулаго кIалъана Халисат. — Бихьуларищ гьазул сихIирлъи! Цо-цо букIунеб рагIула гIадалаб талихI, цо-цо букIунеб буго гIакъилаб талихI. Дида ккола гьазул гIакъилаб талихI бук1ине бугин.

Халисат гьедин разиго елъулей Сакинада киданиги йихьун йикIинчIо.

Ккарабщиналъул хIисаб рокъоб данд базеги тун, ригьиналъул рахъалъ цоцада расги жоги абичIого, ГIатигатгун рокъоре тIад руссине, автобусалда рекIине къватIире рахъана.

Жидерго росулъа цо вас нахъехунги вахъинавун, цере гIодор рукIине азие бакIги гьабун, нахъехун жийго гIодойчIчIана ГIатигат.

Доре унел мехалъ букIараб халатаб нух, нахъе рачIунелъул къокъаб букIунелъул, хеккого щвана МахIачкъалаялде. Рокъоре гIагараб бакIалде щведал, Халисатица чIчIезабуна автобус, нежер гъорего илъайин.

Аликги вихьизе, гьезул ккарабги лъазе, жидерго ккарабги бицине Халисатгун Сакинаги рещтIана.

ТIаде вачIарав Алик, жиндирго судалда ккараб бицинелде, сапаралъул шиб ккарабин, дол г1ачагIаца щиб абунин, гьезде цIехолдизе лъугьана.

Аликида гIайибалда йигей эбелалъ щибниги гъосие бокьулареб жо абизе гурин, кIал цебе ккезабуна Сакинаца:

— Мун вукIун вуго «хъабчилъ багьадур». Дол щиб гьабулел чагIи? Гьале дун — ясалъул эбел. Дуе бокьухъе букIина кинабго. НухIил бесдал яцалъул яс кколей ятана дур ГIатигат. Аллагьасул хъвай-хъвагIай батараб багьанаялъул хIикмат бихьулищ, нахъойги гьелгун ниж данделъизе.

Сакинаца мухIканго бицана, кин ГIатигат Абакарил бесдал яцгIал кколейги, цоги бицине бегьулеб щинабги.

Аликида цадахъ суалал кьезе лъугьана Халисатги. Гьелда лъаларел бакIалги рукIиндал,

Ххалат бахъараб хабаралдаса хадуб, лъабалго рекъон, Аликие ГIатигат ячине гьаризе иналде рачIана.

— Сакина-кIодо, эбел йикIана дида гIайиб щун, гьелда бицинчIого дица щибниги жо гьабизе букIараб гIадин. Гьей йитIарайги йиго, амма гъо-

зул наслу лъачIого, къватIиса яс дие йокьун йигин кин дица бицинеб букIараб? Дидаги гъозул щибниги лъалеб жо букIинчIелъул.

Эбелалъе ГIатигат рекIее гIун йикIинги лъан, Сакина-адал тухумалъул яс гьейги ятун, ракI чIчIарав цIодорав Алик, эбелалъе цIакъго бокьараб жо гурони гьабуларевлъун живго вихьизавулев вукIана.

Боголил гIуж, жеги квананцин гьечIел гьал, гIемер свакаялъ унтарал чагIи гIадин рукIана.

— Абакарида ккарабги гьикъизе, рокъоегIагидай дун ина? ХIосенил хабар Халисатида гьикъизе, анийгодай чIчIела? Метер росулъеги ине кколелъул, рокъоселги, дун аниса кидадай ячIинаян ургъалида ратила, некIого васазул хабар росулъги рагIун батила, — ян хIисабазда йикIана Сакина.

НуцIикIалтIаги эхетун Аликица абуна:

— Дун къасе рокъове вачIинаро. Нуж свакангги руго, ракъунги ратила, гьанже кватIунги буго, нужеца хIалхьи гьабун лъикI.

— Мун киве унев? Рокъов чIа. Нижее, дур ургъел гьабизегIан, гIодор регизего бокьила, — ян абуна Скинаца, свакаялъ гьенийго чIезе ракIалдеги ккун.

— Киве дун инев? Абакарихъе ина!

Абакарихъе ине вугин гьес абидал, свакги квенги кIочон тана гьезда гIемер роххиялъ. Бищун

кIудияб къварилъи гьезие букIана, гьел цоцалъ лъикI гьечIого хутIизе гурин.

Абакарица милициялде ккараб мехалъ бицун букIана Аликида, жинда лъалаанин гьей ГIатигат дуе йокьарай яс йикIин. Гьелда цадахъ йикIуней Карпият абулей яс, гьей йигин жиндир ракIалъ йосун. Гьелъулгун лъай-хъвай гьабизе кумек гьабейилан гьаризе ахIун йикIанин ГIатигат жинца.

Гьезул росулъе ун рачIун хадур, Сакинаца бицаралдасан, бичIчIана гьанже Аликида гьей Абакарие йокьарай, яс ГIатигатил яцгIал йикIин. КIиялго Абакарил бестIал яцгIалзаби рукIинги.

Гьелъул бицине къваригIун унев вукIана гьев Абакарихъе. Гьеб букIана гьесие цIакъго цIияб, гIажаибаб хабарлъун.

Алик индал, кватIулеб бугин, цин какалги ран, кванан хадуб гьелда Ибрагьимилгун ккараб гьикъилин йикIарай гIадан, гьикъичIого Халисатица жинцаго бицинародаян дагьай лъалхъана гьай.

— Валла, лъаро, — ян абуна ургъичIого Халисатица. — Кинабго лъик1 буго. Амма, цощинаб гIадамаца, чиги ч1варай эбелалъул яс ячуней йигин абиладай нилъеде?

ХIосенилги, Асялги ккараб лъазе бокьараб анищ рекIелъа бикьараб гIадин тIагIана кIодол.

Гьеб, чи чIварай эбелалъул ясин аби, рекIелъ магIгIадин къан чIана гьелда.

Радалиса тIаде яхъиндал, кIалъачIого барщун ине ракIалда букIана Сакинада. КъватIие яхъинин ретIизе кодоре росарал хьитал гIодобги лъун, нахъги юссун гIодойкIана гьай.

Сакина ине йикIин йихьун, кванач1ого кийин абун, кухниялъуе чай тIезе лъугьана Халисат. Гьелда лъалаан нолъ жинцаго абураб жоялъ гьей къваридго йикIин. Къваридго гьей течIого, щибниги жиндаго гьелъ абизе бокьун, гIодой ч1ана гьай Сакинада аскIой.

— Дир цIакъ ракI бакъвана дуца гьагъадин Халикъатиде абиялъ, — ян абуна Сакинаца. — Нолъ дуда аскIой аний чIчIеялдасаги дир гIемер ракI бухIана. ГьанжиелъизегIан кин букIун батаниги, гьанже гъол руго нижер хъизан. АхIмадил хIалае гIоло гьел лъан хадур, гьезде абулеб жоялде батIалъи гьечIого чIчIезе дида кIоларо.

ТIокIай Халисатица чи чIваян абураб рагIи абичIого букIине, Сакинаца гьелъие лъикIаб мисал бачана. Гьебги ракIалде щун бицине, нахъ юссарайги йикIана гьей.

25.

— БицинегIан кIудиял мунагьалги гьечIел, микьго чи чIван вуго, цо Мусаин абурав чияс., —

ян байбихьана бицине Сакина-кIодоца. — Гьесул эмен лъикIав иман бугев чи вукIун вуго. Къокъаб заманалда гьев эмен, захIматаб унтиги чIван, холев вукIун вуго. ГIакъобаялда рухI бахъизе кIоларого вугев мехалъ, дугIа гьабизе тIаде вачIарав дибирас, вай пакъирин, живгони гьав валигIадав чи вихьулин, гьасул лъималазул тIаса ккечIеб хIакъ бугодайин, абун буго.

Гьеб абулеб рагIун буго вас Мусада.

Дун сабаблъун гьесие гIазаб кьогейин, гIодун, Аллагьасде гьардезе Муса лъугьиндал, босун буго инсул рухI. Хобалъув лъолев эмен вихьаралдаса, дол жинцаго чIварал хобалъур лъурал куцги ракIалде щун, жиндихъан ккаралда тIаса лъугьайин, кидаго Аллагьасде гьардолев, гIодулев вукIун вуго гьев.

Гьанже хвалдаса цIакъго хIинкъула Муса. Щибин жинца гьабизе кколеб, гьел микьго чи чIвараб гIазаб тIаса ккезейин, хьвадун вуго гьав дибирзабазухъе. ГIемераб жо лъалел, цIаларал чагIаз, тIадеги букIунеб гIазабалъул квешлъи бицун гурони, гьасда щибго жо малъун гьечIо.

Инус-хIажи абулев дибирас абун буго, мун гьеб гьикъизейищин вачIарав, яги дица малъараб гьабизейищин?

ГIемер воххарав Мусаца, унго-унго гьес малъараб гьабизе бугеблъи бичIчIинабун буго.

— Бигьаяб иш гуроха, дир вас, гьеб, — ан абун буго Инус-хIажица. — Дуца гIезабизе ккола ах, микьго батIияб пихъил тIагIам жаниб бижулеб. Гьелда жанисан бахъе нух, гIадамазе пайдаяблъун хьвадизе букIине бугеб. Цинги, дуца гьеб ахикь чIчIе дурго цIарги чIван цо зазил гъветI. Гьеб нухдасан унев щинав чиясе бикье гьеб ахикь барщараб пихъ. Дуда тIаса хIакъ ккараб соналъ, доб дуего чIчIараб зазалъул гъветIалда тIад тIегь базе буго.

Микьго чи чIвараб мунагь тIаса ккун хадуб бихьизе бугеб тIогьоде гIащикълъиялъ, гьесда щибниги гIакъуба, я заман, я захIмат лъалеб букIинчIила. Гьес инсул хутIараб магIишатги гьелда тIад хвезабунила.

Гьанже, дибирас пихъалъулги нухалъулги букIунеб кириялъул бицарабги букIана гьев воххизе хIужалъун.

Хеккого гIадамазе тIасан хьвадизе хIажатаблъун нухги лъугьана. ГъутIбузда бижараб пихъ бикьун гIадамаца кьолеб баркалаялъ, живго гIадамазе хирияв лъугьиналъги, гьасда цо-цо мехалъ жиндирго зазил гъотIода бижизе бугеб тIегьцин кIочонеб букIана.

Цо къоялъ, вихьула Мусада, гьес бахъараб нухдасан радалго гIедегIун вачIунев борхатаб лага-черхалъул, лъикI ретIа-къарав чодул рекIарав. Гьеб букIун буго гьанжего-гьанже цIибил барщу-

леб заман. ЧIегIерабги хъахIабги кьералъул берцинаб барщараб цIибилги бищун, лъикIав чи вихьулин, цояб кверал ъухъ гьел хьопалги ккун, чIезавуна гьас рекIарав.

Салам кьедал, рекIарас гьебги буссинабичIого гьикъана, дуца дун щай чIезавуравин?

Гьесухъе цIибилги кьолаго, Мусаца, гьаб дир ах бугин дица унев-вачIунев чиясе бикьизе гIезе гьабураб, дуеги гьаб дирго ахикьа цIибил кьезе чIезавунин, абуна.

Гьесухъе бегьулеб кверал да малги бан, гьурмалъ речIчIизабуна цIибил рекIарас:

— Лъие дур цIибил къварагIараб, кIвар бугеб къварагIелалъ гIедегIун унев дунги чIезавун? Пайда щибха, гьанже мунги чIван дуда хадуб гьеб бикьизе дун регIун гьечIелъул! — янгIодовеги кIанцIун гьес цIибилалъул хьопазда тIад хIетIеги лъулъазабун ракьулъ къазабуна.

Живго хIакъир гьави бегьуларев Мусада, доб хIакъ лъалареб пахролъиги рекIелъе бачIун, гIалимчиясул малъи кIочон тана.

Микьго чи чIварав, цоги чи чIвани батIияб жо щибин пикроги гьабун, гьев чодулав, речIчIун тIуманкIгун чIвала гьас. Долцоялго гIадин, жинцаго хобги бухъун, лъун парахат гьавун вуго.

Нахъияб къоялъ жиндихъаго ккараб жоялдаса бакъвараб ракIалъ бетIерги сверун, гьабизе жоги тIагIун свердилев вугев Мусада, жиндагоцин

лъачIаго доб зазалъул гъветI бугеб рахъалдехун ккун ватана. Гьесда бихьун буго гьеб зазил гъветIалда тIегь бижун.

Мунагь тIаса ккани тIегь бижизе букIараб зазалъул гъветI, дица тIадеги цоги чи чIвайдал тIегьан бугин хIикмалъарав Муса, цин лъикI гIодун, Аллагьасде гьардон, хадув, ккараб бицине векерун вуго дов Инус-хIажихъе. Мусаца, ккараб щинаб, хIарп камичIого бицуна кковухъе гьесда.

Жиндаго цебе букIараб тIехьалъул тIанчал доре-гьанирехунги регун, Инус-хIажица абун буго гьесде:

— Гьев дуца чIварав чи мацIихъан, хIиллачи вукIун вуго. Гьев кIиго кьибилалда гьоркьоб кьал босун, хIилла-мацI гьабизе уневги вукIун вуго. Гьеб кьолбозда гьоркьоб ккезе букIараб питнаялдасаги, нахъе ккун гьес гьабизе букIараб хIиллаРекIкIалдасаги, гьениб ккезе букIараб чIвайхъвеялдасаги тухумал хвасар гьаридал, Аллагьас дур цере гьарурал мунагьал чурун руго. Гьев чIвайдал дур гъветIалъе рахIмат кьун тIегьги бижун буго.

26.

— Гьединаб жо буго, Халикъатиеги гьедин даража хъван батизеги бегьула. Цо чу букIун батиларо гьес кьижизабун. Чанги гъодинал жал

гьарун рукIун ратила. ГIорхъолъа борчIараб тIатунин, буго умумузул кици. Нилъер лъимал багьанаде ккун, нилъ лъаялдаса гьей йоххун йигей куц. Гьел дорегIан тун араб заманалда хадуб ракIцин бухIун буго дир, — ян гьанже жиндиего гьел цIакъго гIагарлъараллъи бичIчIинабулей йикIана Сакина. — ГIадан киса щолеб жо? Гьале дие, дунго хваниги, васасе яц щвана. Нилъеда гъел лъалароан, гьелда нилъ лъана. Гьебги АхIмадие гIоло гьабураб жо батила. Дуе гьебгущинаб жо щай? Васасе йокьарай яс ячуней йиго: вассалам ва калам, лъугIана иш.

— Дидаго ракIалде ккараб жо бук1ун абураб букIинчIо гьеб, — цебе абуралда ракIги бухIун, бацIцIине лъугьана Халисат. — Нилъер васазе ясал кьезе бокьарал цогидал росдал чагIи рукIуна гIайиб чIван абизе жо балагьулел. Дунги бетIергьанчиги гьабгощинаб мехалъ гьадин ратIалъун хутIулароан. Дуцагоцин абичIищ, эсда букIараб гIайиб щибин? Эбелалъул яцалъе бокьун букIана дун жиндирго, росасе индал гъоркь ватарав, васасе ячине. Балъго чагIи ритIулел рукIун руго, дица абунинги абун дида цIар тIамейин Ибрагьимихъе. Жийго ячIани тIамилин, гьевги чIун хутIун буго. Дидаги абулаан гьелъ Ибригьимиде цIар тIамейин абейин. ЦIар тIамейин абуни, талихI къунин, дунги чIана. Гьединал жал рукIунелъул йикIана дун…

— Гьа, гьебни Аллагьас хъвараб букIинин. Бицея гьанже дурги, Ирагьимилги, Асялги щиб ккарабали? — абуна Сакинаца.

Гьезул хабар дагь-дагь ккун гьуинлъуде бачIине лъугьана.

— Щиб бицинеб? Гьанже нижерго лъималазул бертин цебе ккезеги бегьула. КигIандай Ибрагьим воххила! Кинабго дидаго бараб букIун бугo. Дун нухда регIулелъул, тIокIал кида нилъ рихьилелан, дида хадув балагьун вукIараб куц. Вай хваяй дун, гьарурал гIадалал щинал жал унел гьечIо цереса.

Сакинада кин ракIалде ккелебалицин хал гьабичIого, Халисат Ибрагьимил бицине лъугьана.

— Дица абичIищ, — ян абуна гьанжеги Халисатица. — Ася инсуда релълъарай ятани, нилъер васасе талихI кьун бугин. Росулъа ясал додин хьвадизе лъалел рукIунаро. «ГIурус-дурусин» гьечIищ кици. Ибрагьимги вуго, валлагь лъикIав. Нижер дурцлъун ХIусен кколев вугелъул, дунгоги йохун йигей куц.

— Дицаяли, гьелда ФиргIанидаса Муса авараг цIунарай Асиятин цIар лъела… ЧIа, чIа, гьебни те! Кидаг1аги гьев Ибрагьен лъик1ав лъугьарав? — Мун дое щибизе ун йикIарай? Мунго рекъезейищ, яги дир васасе Ася щай кьолей гьечIеяли лъазабизейищ? — ян елъана Сакина.

— Гьереси бицинаро, бакъинегIан гьевгун йикIана дун, — ян абуна Халисатица. — Цинги, гьаб адрисалда ине кколин, ХIосенил цIар дица бахъиндал, кинабго бичIчIана гьесда. Доб къоялъ, дун гьесул хIакъалулъ гьикъизе арай гIагарай гIадан гьечIиш? Дие бокьун гьечIин кIалъан йиго гьей Ибрагьимиде. Мун ц1акъ къваридго йигин дица абун бук1индал. Нилъее бокьун гьечIин абун букIун буго, гьев васасул цIар кочIенабейин абураб жо. Гьелъул иш гьанже дуцаго гьабейин абуна гьес. Гьеб тIубачIого ячIун гьечIелъул дун. Кинабго дуе бокьахъин гьабулей гIадан — гьале дун.

— Бокьараз бокьарай ячине те, — ян абуна Сакинаца ахиралда. — Хъабщун кьурди кIочон бугищан бихьизе дунго кьурдизе бегьулеб бертин къварагIун буго, — хъабщизарулаго хIатIалгун, дун кватIулей йигин лъугьана гьай къватIие.

ХIосенил хабар лъазе бокьун чIч1арай йикIиндал, радалиса Халисатгун бицине гьебги ккун кватIулей ятана Сакина. Гьедин, Абакарихъецин щвечIого, рекIине машинаялъул гIамалги гьабун, гьай росолъе рокъое ана.

27.

Рокъое щвейгун, Сакинаца НухIидаги нусалдаги бицана лъималазул ккарабщиналъулги, су-

далъулги. ГIодун, горбода хурхун, кидаго гьабичIеб адаб гьабун лъугьана НухIил чIужу Суайпат.

— Мун гьение ун йикIинчIейани щиб гьабилеб букIараб? Вай балагье кколеб букIун бугеб квеш. Гьикъун гурелъул къварилъи бачIунеб. Аниб росулъги цIакъго кIодо гьабун бицун, дун йикIарай ургъалида. НухIи хIалихъе чIезавуна, цин мунги ячIинегIан щибдай кколаян чIаян. Гьей гIадан, дуда лъалей гIадан яти, ккун бугеб лъикI.

Сакинаца гьезда, хасго нус йигей бакIалда, гьей гIадан АхIмадил тIоцеесей чIужу йикIин бицинчIо. Цин НухIилгун дандги бан, хадуб бицине батилин тана.

Балагье, нилъеда Сакинал Халисатилгун ккараб бицунаго, Аликил Абакарилгун ккараб бицине кIочон тола батана.

Аликица босун бачIараб цIияб хабаралдаса пащманлъун, щиб гьабилебали лъаларого хутIун вукIана Абакар. Гьесда бищун сурун бихьулеб жо букIана, яцгIал лъадилъун ячин.

«Гьединищха эб букIараб? Щиб гьабилеб, гьанже батIияйги дие йокьизе ятиларо, гьейги яцгIал рагIула, чIужуго ячинчIого вукIине ккелаха» — ян ургъалилъе ккана гьев. — Баба гурищ йикIарай, нижер щибго гIагарлъи гьечIин ракI бакъван, гьел кисан раккарал гIагарал чагIи?

— Ле, мун гIадаллъунищ вугев? — ан, гьесие сабру кьолев вукIана Алик. — ЯцгIалин рикIуна цо эбел-инсул ругони, аскIор цадахъги гIуни. Гьей йиго цоги эбелалъ гьаюрай бесдал яцгIал.

— ГIемер ракIалъ йосун йигелъул, дир гьел-дехун гIагарлъиялъул намусго гьечIо. Дида ургъел бугеб, цогидаб рахъги буго гьениб дару гьечIеб.

— Дару гьечIеб жо щиб? Дидаги бице. Дуда батичIони дида батизеги бегьулелъул дару.

— Дуда щиб лъалеб, дида лъаларищ. Сахратула-кIудада хварав мехалъ киналго лъугьана дадал-бабаде, ясалги гьоркьор ругелъул, гьезда лъазабизе ккелин кIудада хвей. АхIмадил рухIалъул хIалае гIолонгIаги рачIине тейин зигаралъ, цоцазда лъанги рукIинин, лъималазда бугеб гIайиб щибин, — ан бицана Абакарица

— Цинги, щибха ккараб?

— Щибха ккелеб? Дадал-эбел, лъица абуниги, разилъичIо. Щайила жиндие гьел рихьизецин, букIараб къварилъи цIилъизе.

— Гьебищ букIараб, дару гьабизе кIолареб ургьел? — ан бигьалъарав гIадин Алик кIалъайдал Абакарица абуна.

— Нижехъа Хизри гьечIищ? Дов вукIунуан, цо йихьигун йокьарай яс — гьеб бугин чиясул талихI, — ан абуна Абакарица. Гьей йихьичIого чIезе кIоларого вукIарав гIадин гIумруго унеб букIунила хиялазул ахикь. РакI букIунила ахIуд

бахъун алжаналъуб. ЯчIинчIониги яс йокьи, кьечIониги хадув хьвади — гьеб бугила чиясул гIумруялъул рекIелгъе. Дида кколаан гьей тIоцее йихьарай ясги йокьун, гьей йихьичIого чIезе кIолареб заман дида кидадай бачIинаян. Доб мехалъ бахиллъун вукIаниги, гьанже ракI гурхIула дир гьесда. Гьанже дун гIадин йокьарай яс щвечIей мехалъ бицунеб жо букIун батила гьесул гьеб хабар.

— Досул иш батIияб букIана ле, гIамал гьабизе кола, — ян абуна Аликица.

— Жакъаги, дуде абилин вук1ана дун ГIатигат разилъани, киноялде йилъинин абун букIана Карпиятица… Щиб гьабилеб, гьеб киноги рихана дида!

— ЧIая, хехлъизе бегьуларо. Цо щибдай букIинаян балагьизе ккола. Бигьаяб жо гуро — рекIелъ йосарай яс тей. Дурги дирги кколеб букIараб бихьичIищ? Дие йокьарай ясгун мун цадахъ ватиялъ, дун кидаго тIасалъугьине вукIинчIо, дуца гьей Карпият гьикъизе ахIун ятичIейани. Дару гьечIеб жо букIунаро! Дица эбел кIалъазайила дадал-бабаде.

— Йохъ, кидаго дие чIужу щвечIониги, гьейги разилъуларо, гьей рази гьечIеб жо дицаги гьабуларо, — ян абуна Абакарица.

— ЧIая, дуца яцгIалинищ гьей ячинчIого тезехъин йигей, яги кIодо разилъичIогонищ?

— КIодо разилъичIогоха! Дица абуна гурищ, гьеб гIагарлъиялъул хурхен дир рекIелъ гьелъулгун гьечIин. Амма, воре дуца щибго абуге, кIодое бокьулареб жо бокьарав чилъун дун гьавуге. Гьадинги гIумруялъ гIемер къварилъи кьурай гIадан йиго гьей, — янги абун, бокьана Абакарие хабар къокъ гьабизе.

28.

Радал тIаде рахъаралго хекко къватIиве унев Аликида цадахъ, къватIиве лъугьана Абакарги. Гьесда живго киве, щибизе ине вугевали лъалеб букIинчIо. Радал ячIинин тарай гьей кIодо-эбел йихьизецин щаяли бокьун букIинчIо Абакарие.

Аликидайин абуни, цIалулеб бакIалде щведал лъана тIоцебесеб кIиго дарс гьечIолъи. ГIатигатги ятичIого, цIехезеги бокьичIого рокъовего щун ватана. Аликин, ахIтIолеб эбелалъул гьаракь чIвана гьасда. Нахъе вуссун валагьидал, тIаса гъоркье чедги босун тукадаса къватIие ячIуней йигоан гьей.

Вихьигун лъана эбелалда гьесул цо рази гьечIолъи. Дагьай пашманлъун, Халисат рокъоре щвезегIан кIалъач1ого чIчIана. Жанире лъугьиндал Аликица гьикъана:

— Сакина-кIодо арайищ?

— Рокъое инейин анаха. Цин Абакарихъе ун ятила. Гъой мун вукIаго ячIинчIищ?

— ЯчIинчIо. Ниж Абакаргун цадахъ лъугьана къватIире. Рокъор нижги ратичIого ун ятила. Гьаб тетратги къварагIун вачIун вукIана. Дун ана, хехго вачIина.

Дагьаб ракIги гIодоб биччана гьалъул, сордоялъ кьижунго йик1инч1елъул, г1одой йик1аралъуй кьижун ккола ятана. НуцIида кIутIидал, гьалда ккана Абакарги ватичIого нахъ юсун Сакина ячIуней йигин.

НуцIа рагьигун, йиго ГIатигат.

— Жание лъугьинаро, доб къоялъи нуж ч1орого кканин бабаца нужее цо-цо мешок картошкадул битIун бачIун буго. Шоферас нужер рукъ лъаларин абидал, бихьизабизе илълъун йикIана.

— ГьабсагIатха арав Алик. Вай, дир яс, щай гьеб букIараб… Гьенир рагьдаго гIодор лъун тела нилъеца гьел мешокал, лъимал рачIиндал жанире росизе. Нижее кIиязего цо бугониги гIелаан, цо нужеего босе.

— Карпиятил эбелалъ бачIарабцин нижер жеги тIагIинчIого буго, — ян абун, ана ГIатигат.

«Лага-черхалъулги рекъей, лъикIай жо йиго, ту-ту машаллагь. Щиб дие къварагIараб, валлагь йиго щавлухъ гIадай нус», — гьей унелъул хадуйги балагьун йохун, абуна жинцаго-жиндаго Халисатица.

ЦIалулеб бакIалдаса вуссун вачIинев вугев Алик гьанисалалъ цодагьав воххарав гIадин

вукIана. Рукъалъул кIалде щолаго асда данд чIвана почтальон, нужехъе кагъат бугинги абун. Гьениб бугеб адрес бихьигун, живго-жиндиего гьимизеги гьимун, Аликица гьеб кагъат кисаниб бахчана. Гьеб букIана гьесул рохел.

— Вакъуца холевха эбел дун вугев. Ниж я нолъ кванач1о, я радал кванач1о, — ян абуна гьас, жаниве лълъунаго.

— Эдинха дие мун дове-гъове ине вокьуларев, дунго йигей мехалъгIаги дуе хинаб квен щвезе, — ян абуна Халисатица, гьев вачIинелде хIадурун букIараб кванил гъадаро цебе лъолаго.

Аликида ракIалда къан хутIун букIана, чIужу щвечIониги, кIодо-эбел рази гьечIеб жо гьабуларин жинцайин, Абакарица абураб рагIи. Гьадин ккечIеб ани, эбелалдаги лъачIого гьей ГIатигатилгун кинабго рекъезабулев живго вукIарав куцги ракIалде щвана гьасда.

Гьанже кантIарав Аликица бакI лъуна эбелалда цебе, Абакарица абурабщиналъул гIакълуги щун.

— Баба, — ян абуна Аликица. — КватIун бугониги дуда лъана гьей дие йокьарай яс щияли. Дуца гьей дие йокьунищ ячуней йигей, яги дурги ракI рекъон, лъикIай, бегьулей ясги ятунищ? Лъазе бокьилаан, битIун бицани.

— Бегьулареб бакIалъа яс дуе йокьун ятичIолъиялдаса йохун разилъун йиго дун, — ан

абуна Халисатица. — Гьеб буго кIудияб талихI, васасе йокьарай яс эбелалъеги, эбелалъе йокьарай яс васасеги йокьи.

Хадубго цун, гьесда малъулеб гIадин, васас кьураб суаладасаги разилъун Халисатица бицIана ракIалде бач1араб кици:

— БахIарасеги бахIаралъеги рецц гьабун кIалъазе рагIи кьедал, сайгъатлъун гьезие гIакълу кьолеб букIана кIалъазе вахъарасин. ЦIакъго конфетал рокьулев васасул кидаго анищлъун букIун буго, жиндиего йокьарай яс ячараб сордоялъ, радал тукадеги ун росун тIоцоре гьелъие конфетал кьезе. Конфетал гьечIеб заман букIуна гьеб. Ячун йиго йокьарай ясги, рогьун буго сордоги. Гьанже гьав векерун вуго дол конфетал росизе тукаде. Конфеталги росун жиндирго анищ тIубазабизе бахIаралъухъе вачIунаго, гьелда аскIой яхъун чIчIун ятун йиго жиндирго эбел. Васас хIисаб гьабун буго, гьал конфетал гьанже дица лъие кьелелин? ГIумруялъ анищ гьабурай бахIаралъейищ яги гьанжелъизегIан дун хьихьарай эбелалъейищ? Кинго кIвечIила гIакъилав васасда эбел къварид гьайизе. Конфетал кьунила эбелалъухъе. ТIаса кIиго конфетги босун эбелалъ гьел конфетал кьунила бахIаралъухъе. Кьурданила бахIарав, кьурданила, чIезавизе кIолев вукIинчIила. Вай, дир вас, дуе лъугьараб щибин, сундаса мун гьедагIан цIакъ вохаравин гьикъун буго, гIажаиблъарай эбелалъ.

Васас абун буго, гъол конфетал дуе кьун мун йохизайизе дида лъараб куцин, тIаса кIиго конфетги босун нусалъе кьезе дудаги лъараб куцин. Гьанже нилъер иш битIун кканин, гьелдаса воххун кьурдилев вугин. Элъухъего, дие йокьулей яс йищизе, мун витIун ккун вуго. ЛъикIаб бакI бугелъул гьелда тIадги рекъон йохизеги, йокьизеги лъан дидаги буго. Гьанже нилъер иш лъикI ине буго, иншааллагь.

Эбелалъ бицунеб жо лъугIинегIан, Алик, жиб-жиб рагIиялда разилъун, цо шуричIого, цIакъ гIенеккун вукIана.

— Нилъ сабалъун, жедерго гIагарал чагIазулгун гIагарлъи цIилъун, Сакина-кIодо йохун йикIин, гьеб бищунго лъикI гьечIищ? — ан кIалъана цIидасан Халисат. — Гьадин ккун букIинчIебани, нилъеда гьел лъазего лъазе рукIинчIин, сундасаго къварагIараб жо гIагарлъи букIанин, бицуней йикIана Сакина-кIодо. БетIергьанасда батараб багьана бихьуларищ, НухIие яц щвезе! Гьеб киса щолеб жойин, цIакъ разиго йикIана гьей. Нахъойги доре нилъ кидайила рилълъунелин гьикъулейги йикIана. РакI балеб бугила гьанже гьел рихьизе. Гьелдаса йоххун йикIун, жиндирго васасул васасе ригьин гьабизе йикIарайлъицин, кIочон тана гьелда.

— ВахI, ГIатигатил яцгIал йокьун йикIин Сакина-кIодода лъазеищ лъалеб букIараб? —

гIажаиблъун гьикъана Аликица, Абакарида бицарабги ракIалде щун.

— Щиб дуца бицунеб? ГIатигатил яцгIалищ йикIуней Ася? — ян абун борчIун ана Халисатихъа.

— ЧIая-чIая, Ася кин гьаний гьоркьой жубарай? — ан гьикъун, борчIун ана Аликилги.

Ася щийин, гьас цин гьикъичIолъиялда гIажаиблъиги гьабун, Халисат жаваб кьезе лъугьана.

— Сакина-кIодол Абакаридасаги кIудияв цойги вуго васасул вас. Гьесда цIар буго ХIосен. Черкесск абулеб шагьаралда вукIана гьев армиялда хъулухъ гьабулев. Гьений тукада хIалтIулей Асяйин абурай ясги йокьун, гьей ячуней йиго Сакина-кIодоца ХIосение. Гьеб гурищ дуца гьикъараб?

— Гуро, гьеб гуро… Дир хирияй, гIагарай, йокьулей эбел! Дида лъала гьеб кинабгоги. Асяйин абурай яс дир инсул яс йикIинги лъала, мун дое щай ун йикIараялиги лъала. Гьелдаса дов, дир инсул гьудул воххун вугев куц. Досха дидаги бицараб. Квешав чи ватиларо гьев дир эмен. Гьале кидаго бачIун букIинчIеб кагъатги духъе бачIун буго, — ан бахъун кисиниса дой почталионалъ кьураб кагъат гьелъухъе бегьулаго, абуна Аликица. — Дун вукIунаан, дицани чIужу ячинин, амма мун лъие кьелейин? Гьале кигIан валагьаниги щвечIо мун ячине чи. ЯчIа дир инсуе. Дуе бокьани, диргоялда цадахъ бертинги гьабила.

Нечарав гьас, эбел жиндихъго ялагьичIого йикIине, вахъун нахъасан гьелъул бетIер карандеги къан, къахIан ккун букIана, жиндиего абизе бокьараб щинаб абун бахъинегIан. Гьес йиччан тараб механъги, гьесухъ ялагьизе кIвечIого, гIодое къулухъе хутIана Халисат.

— Гъоб, дуца ГIатигатил яцгIалин абураб жо бичIчIинчIого, дицаго дуда гIодой йиччан бицине букIараб балъголъи тIатана дир, ан абуна Халисатица. — Дуца бицунеб букIарабги щибали бицея. Бицея лъие щий йокьун йигей? Абакариейищ йокьун йигей ГIатигатил яцгIал Карпият? Гьеб щиб цIияб хабар?

— Щибха букIинеб… ГIатигатида цадахъ йихьун йиго Абакарида цо яс. Йихьигун гьейги рекIее гIун, гьейгун лъай-хъвай гьабизе кумек гьабейин ахIун йикIун йиго гьес ГIатигат. Дун доб къоялъ цудагьав гIедегIана… Амма, гьей дуца абухъе НухIил яцалъул яс ятани, гьеб бакI Сакинакiодое бегьуларин, цIакъ ракI бакъван, чIужуцин ячинарилан вуго Абакар. Гьеб букIана дица дуде абулеб.

— Гьеле дир вас, Аллагьасул хIукму! Гьел данделъизе къадар букIун буго нилъги багьанадае ккун. Аллагьас цоцазе гъол рокьизарун, Сакинал мурад тIубараб къисмат! Гьеб киса щолеб жо? Дун метерго росолъе ина гьелда бицине гьей йоххулеб хабар.

Тирщун тIадеги вахъун, Аликица абуна:

— Дунги ина гьеб хабар къасего Абакарида бицун, гьев воххизавизе. Эбел дун рокъове гIужда вачIинчIони ургъел гьабуге, ниж киналго гьанже киноялде ине ракIарила.

Гьелъ батIияб жо абизе гурин, гьебги ахIун, ворчIун ана Алик цевеса.

Халисатиейин, абуни, жийго хутIизе бокьун букIана. Гьеб дагьаб заманаялда ккарал щинал батIи-батIиял цIиял лъугьа-бахъинал цоцалъа рахъун цойиде ккезаризе, гьелъие жийго гурони гьечIеб бакI къваригIун букIана. ТIаде жоялъе, Ибрагьимица бачIараб кагъатги букIана цIализе.

Дир гъаримлъиялда
Пириги речIчIун,
Пархун ана талихI
Хваян дунги тун.

Хьул къот1уда щвараб
Саналзул кунч1и,
Гьале дун нарт тIолев,
ТIурун мунги ун.

Макьудай гьебилан
КъотIизе индал,
Къадияс абуна
Уяб жо бугин

Кин халалъаниги
ХIехьей бигьаяб
Я дир хIалхьи бачIа,
Я мунго ячIа.

Алжан щвеларин дир
Щаклъиго гьечIо,
Дун кивин, гьикъун мун
ЯчIун йикIиндал.

ТалихI сабруялъе
ХIалал букIинищ,
ХIалалъ дица бахъи
Мухъилъ гьечIелъул.

Дуца талихI гьукъун,
Хьул дица хьихьун,
ГIумруялъул ахал
Херлъулел ругин.

Къадаралъе пигIро
Кьун бугин бичас,
Кида щолеб заман
Дуй кантIи щвараб.

Кагъат цIалун хадуб Халисатица, гьев вихьичIого араб халатаб заман гьоркьоса къотIараб гIадин, жиндиего вас гьавун йоххараб сордоялда аскIой жийго лъуна. Доб сордоялъ, берцин жинцаго

угьараб юргъаналда гъорлъги жемун гьесда вихьизе къачIарав вас, гьесда кодове вегьизе букIараб гъираялъул хиялалъ йикIана Халисат. Цинги гьесде данде жаваб хъвазе мухъалги ургъана гьелъ.

Гьалгущинал мухъалъ
Хъван гьечIин дир цIар,
ЦIурмий кьабичIелъул
Кьавудай чIвана.

Мунго вачIиналъул
Бицунго гьечIин
Дидайищ гIузраби
ГIемер ратарал

Гьанже кагъат-къалам
Кин духъе щвараб,
Ругъназул картIазда
ТIад накъищ хъвазе.

КъвакIун чIей бекизе
ГIилла щиб ккараб,
Дир таваккалалде
Гъорлъе ваккизе.

Копое жиндиего рик1к1аниги, кагъат битIизе ракIалда букIинчIо Халисатида.

Къасе кватIун вачIиндал, Аликица бицана Исрапилил васасе чIчIужу ячуней йигин, берталъе нилъги ахIун ругин. Гьеб къоялъ, радалго роххараб

хабарги босун Сакинахъе инейин йикIарай гIадан, берталъе ине ккана гьей.

Гьанже Халисатил мурадлъун букIана, гьениве берталъе Ибрагьим вачIунелъул, жийго гьоркьой гьечIого, эменги васги жалго цуцада рихьун кIалъазе. Исрапилица Алик жаниве ккейдал гьабураб гIаданлъиялъухъ беталъе ячIарайлъун ккезабизеги, жигар бахъулей йикIана гьей.

ЦIакъго берцин тIобана гьеб Халисатил анищ. БахIаралда хадур унел мехалъ, Исрапилица цо машинаялда рекIизарун ритIана Ибрагьимги Аликги.

29.

Нилъеда лъаларо, кинаб лъикIаб, кинаб квешаб ккезе бугебали нилъедаго лъалареблъи.

Дуниял бижулеб мехалъ Аллагьас гьикъун буго малаикзабазда, Адамил лъимазул жалго рижараб куцалда тIасан гIарзал ругищин? Ругин, абула малаикзабаз, халатал-къокъалин, рицатал-т1ереналин, берцинал-сураралин, бечедал-мискиналин аза-азар батIиял гIарзал ругин… Гьел г1узраби гьез диде рехун тезе бугин абула Аллагьас, гIакълоялда тIасан гIарза бугищин? ГьечIин, абун буго малаикзабаз, гIакълоялда тIасан цониги гIарза бачIинчIин. Гьедин батани, щивав чиясда жедецаго гьабулеб жо битIараб бугин ккезе бугин абун буго

Аллагьас, цогидаб щиналъул ножоца ургъел гьабу-гейин.

Гьединила, щиб гьабуниги щивав чиясда жин-ца- жинца гьабулел битIараб бугин кколеб.

БитIун букIинчIо, гьабгущинаб лъугьа-бахъиналда гъорлъ Зубаржат гьечIолъи. Гьелъие гIилла букIана, гьей Москваялде тIадегIанаб лъай босулеб бакIалде цIализе йитIун ун йикIин. Гьеме-раб заманаялъ, щвезецин ячIунги йикIинчIо гьей.

Кинабго Зубаржатиде тIамун ругьунлъун, яцлъун-яслъунги тун йикIиналъ, гъорлъ Зубаржат гьечIого ккарабщинаб лъугьа-бахъин батIайиса ккезеги бегьулаанин гьей йикIарайаниян, кколеб букIана Сакинада

Сакинал ракIалъул ахIи гьелда рагIараб гIадин, ккезеги гьедин ккана. ХIалтIудаса рокъое ячIинелде, Москваялда рукIарал курсалги лълъуг1ун, ячIун ятана Зубаржат. Гьел, цин гIодун, цинги цоцалъ хурхун, жалго цоцазе кигIан гIагарал ругелали бичIчIизабулаго ана гIемер замана.

— Гьаб ахир заманаялда дие бокьа-бокьухъе кколеб буго, Аллагь! Духъа гьанже дун нечон йигей куц! Аллагь, — абун, цере ккун кверал гьур-мада рахъулей йикIана Сакина.

Амма, гьалда жеги лъалароан,бищунго жий йохизе бугеб хабар босун Абакар живго вач1ине вук1ин. Кидаго анищлъун бук1араб г1агараб бак1алъан ригьин гьабизе гьелъие щвезе бук1инги

Нилъер г1агарал чаг1и гьеч1ин гьелъ абураб жо бук1ана ,г1агарал чаг1и гьеч1ого гуреб, ригьин гьабун, г1агарлъиялда гьоркьоб г1агарлъи ц1илъизабизе чаг1и гьеч1олъи. Халисатил васги Сакинал васасул васги гьанже рук1инехъин руго дандияллъун.

Цойги лъалароан гьелда, Зубаржатица бицине бугеб хабаралъ гьезул гьадагIан гIагарал ракIал ратIалъизе рукIинги. Зубаржат йихьизе кIолареб кинаб бугониги гIилла букIунеб жойин ракIалде кидаго ккелароан Сакинада. АхIмадил чIужуялъ бицараб балъголъицин гьелда бицинеин йикIана гьей. Амма гьеб бицине гIедегIун йикIарайани, хIасил кин ккелеб букIарабали лъаларо. Гьелда Аллагьас малъараб гIадаб жо ккана хадуб г1одойичан бицинин сабруялда чIчIей.

Сакинаги, халатаб сапаралдаса ячIарай Зубаржатги, кухниялъуре лъугьун кваналаго, жидецаго гьарулел рук1арал т1аг1амал квеназул бицине лъугьана.

Нисо жаниб бугеб гъадароги цебе босулаго елъана Сакина, нах гьеч1ебинги абун.

— Дур рак1 хвела доб щаг1ил дадил ккараб бицани. Дуда ккоге мун аралдаса аниб заралго ккеч1ебин. Дой нилъеца т1алда хур бекьулаго комекалъеги ячун йик1арай Шамалай гьеч1ищ, гъой ах1ун йик1ана цо-к1иго нухалъ щар ч1вазе. Гьагъадин дица ц1унун бук1араб гъеб дад чуризеги

т1амулаан дица гьей. Цояб г1оркьги ккун босулаго жибго бортанаянги абун, бекизе гьебги гьабун ятана.

— Т1ок1ай жийго щар ч1вазе ах1ич1ого йик1ине бекизабун батизеги бегьула, — ян абуна Зубаржатица. — Дагьай камурай йигин ккунго бук1ана динда гьей.

— Лъаларо, г1емераб заманалъ дорахъа лъун, къват1и рехизе гьел кескал к1оларого дида бук1араб къо.

— Рехаралищ?

— Рокъоб бекараб жо бегьуларин абулелъул, рихьараб мехалъ к1одол мунунагьал чуризабизе бук1ине к1иябго г1оркьги нахъе тун, рехана.

Кванан хадур Зубаржат, сумкабиги аскIоре росун, жинцаго рачIарал сайгъатал рихьизаризе лъугьана.

— Мун цIализе ун йикIун гьечIо. Базаралде ун йикIун йиго. Доба жого тун гьечIо дуца, — ян махсаро гьабуна разиго Сакинаца.

Сайгъатазда гъорлъ, Зубаржатил жиндирго цIар чIвараб жо бихьичIеб мехалъ, гIажаиблъарай гьелъ, дуего щиб босарабин, гьикъана.

— Диего босараб бицани дуца щибундай абилаян х1инкъун тун бугинги абун — ян сихIирго ялагьун елъана Зубаржат.

— Гьа, бицея, бицея. Цо дие рекIее гIолареб жо дуца гьабураб гIадин гьаналъ бицунеб буго ди-

да. Мун, цощина, дова гIурусавги ватун ячIун ятичIони?

ГIурусавин гьалъ абидал, Зубаржатица, бицунеб жо цоги рахъалдехун буссинабун, абуна:

— ЧIая, доб Исубил бертадул щиб ккараб?

— Щибха ккелеб, дунги инчIо мунги гьечIого. ГIарац битIун тана. Гьединаб ирга щолареб бакIалде дунго ине бокьичIого.

— Балагьеха дун сабалъун мунги инчIого хутIун йиго. ТIаса лъугьа. Нужер гIадамазул аваданлъи бихьун, дие нужер бертин бихьизе бокьун букIараб куц. Гьабгощинаб мехалъ гьаний йигониги цониги кIудияб бертин бихьичIо, — ян абуна Зубаржатица.

— АхIмад чIваралдаса, нижер росулъа васал цойги росулъ, чияр берталъ кьурдулелцин рукIинчIо гьанжи-гьанжилъизегIан, — ан абуна Сакинаца.

— Гьелеха, — ян абуна Зубаржатица. — Амма, доб къоялъ дун берталъ чIчIун йикIарайани, Москваялде ин гIадада ккезе букIана. КватIарал чагIи тIасияб соналде тIамун, рокъоре тIадруссун ритIана.

Гьабгущинаб жо ккезе бугей дун, Аллагьас Москваялде ячинчIого телищха, дие кигIан бертин бокьаниги.

Гьанжеги байбихьана гьалъ Сакинада лъалареб цIияб хабар бицине.

К1иабилеб сордо

— Мун разилъани, мунги рехун тун, дояго чIчIезе ракIалда буго дида, — ян абуна Зубаржатица.

— Щибилея-щибилея, бицея, бицея! — тIаде йорхана Сакина. — Щибизе дуца дун рехун тезе кколей?

— Дица абуна… мун разилъаниян.

— Цин бицине ккела, щибизе иней йигейяли, сундуе дир разилъи къварагIарабалиги?

— Лъалищ, дуцаги Халисатицаги нужерго гIумруялъул бицунеб букIараб мехалъ, дида ккола-ан, захIматаб бугониги, бицине берцинаб бугин нужер къисмат. Диргойин абуни, дица бицунароан, нуж бицаралда божиларин хIинкъун. Дун росасе унцин йикIинчIин, къокъ гьабун толаан. Щайин абуни, гIайиб гьечIого росас дида лъураб бугьтан нужеда лъазе бокьун букIинчIо дие. Гьанже бицинчIого бегьуларо, дица щиб гьабилебали дуца хIукму къотIизе кколелъул, — ян кIвар бугеб жо бицунеб къагIидаялда кIалъалей йикIана гьанже Зубаржат.

Сакинаца кьураб жавабалъ жийго гIумруялъул битIараб кьучIде ячине йикIин, ракI чIчIун букIана гьалъул.

— Бесдал эбелалъ дун гьитIинго кьуна росасе. Дидаса гьев гIемерго кIудиявги вукIана. Вихьизавурав мехалъ цодагьав берцинав чиги вукIун, бесдал эбелалда аскIоса ине бокьиялъги, разилъун йикIана дун гьесие ине, — ян бицуней йикIана Зубаржат. — КIудияй эбел хун садакъа гьабулеб мехалъ, гьениб бикьизе бачIараб чакаралъул таргьа, бестIал эбелалъ босизабуна дида тIаса рагъиде, мугъалдаги лъун. Гьеб сабалъун хварай ясги гьаюн, дунго хIаллихъе хвечIого хутIана. ТIокIаб лъимерги дие лъугьинчIо. Гьелдасаги унтун-унтун йикIун, тохторзабаз МахIачхъалаялде айин кьураб кагъат бихьана дица инсуда. Унтарай чIужуйин чIечIого бадичIвай гьабулев вукIунелъул, росос гьение ячунгуртIи лъалаан дида. Дида ракI бухIун, инсуца, жинда лъалин руччабазул унтиялъе цIаларав лъикIав тохторин, гьесухъе ячана.

Цо къоялъ, инсуе гIаданлъи гьабун рукIунги ратила, гъов гьоболасул чIужуги, дирго гIадаб ригьалъул ясги рачIана дихъе больницаялде раккизе. ЦIакъ дихъ ракI бухIун балагьунги йикIана гьей яс. Гъажалда бараб кIудияб, берцинаб сагIтихъги ялагьун, эбел, документал хIадуризе заман гIагарлъун бугин, дун цо къварагIунеб кагъат босизе кватIулей йигин, абуна гьелъ, жийго цIализе лъугьуней йикIинги дида лъазегIадин. Дица гьей ясалда, кире кьолел ругел дакументалин

гьикъана. ЦIакъ бокьулаан дие цIализе. Эбелалъ кьуна жаваб, инстуталде лъолей йигин. Эбелалъ лъолей йикIинги, эбелалда цадахъ ячIинги… Эбелги ракIалде щун дир бераз магIо кквечIо. Дирги эбел йикIарайани учительница яхъунеб бакIалде цIализе диеги бокьилаанин, ракIалде ккараб жо абуна гIодилаго дица. Гьелдаса хадув щвезе вачIарав инсуца абуна, дой дуде щвезе ячIарай ясалъ инсудеги абун, гьесул лъайхъваялдалъун техникумалде мун цIализе лъезе дакументал хIадурулев вукIанин. Гьелги жанире кьун вачIунев вугин. Дунго цIализе лъезе эбел ячIарайгIадин ккана дида, гIемер йохиялъ. Дие кьогIав вугониги, инсуца абуралда щибго абулараан бетIергьанчиясги.

ЦIалула мугIрузул районалда йик1анин хъвараб кагъат къварагIун бугин инсуца абидал, бетIергьанчияс балагьун гьеб бачIин букIана дие ракI гIодобиччазе роххеллъун. Рокъое дун зкзаменалги кьун гурони инчIо, ине заманги букIинчIо.

ВичIчIуларев, гьуинлъи гьечIев, босараб гьой гIадав бетIергьанчи вукIиналъ, кидадай цIалулеб бакIалда ине мех щвелаян йикIунаан, рокъоса йорчIизе бокьун.

Радалго лъадае иней йикIана дун. БоцIуе кьезеги, гьев вахъинелде кIиго лъабго нухалъ ун хIадурун букIине кколаан лъин. Данде ккарай цо классалда цадахъ цIалулей йикIарай гьалмагъалъ

абуна ГIумарасхIаб жиндир рос метер МахIачхъалаялде хасалил сессиялде ине вугин. Дида цадахъ гурев, батIияб бак1алда цIалулев вукIана гьев.

Дицаги, дун кватIани нахъе рехулин, гьебго къоялъ ине жигар бахъана. Автобусалда жанир гIемер чагIиго гьечIоан. Дун ячIун мехго балелде, вачIун дида аскIов чIчIана гъой гьалмагъалъул рос ГIумарасхIаб. Нижерго цIалул бицун, кьезе кколел экзаменазул бицун рукIана ниж. ГIодоре лъугьунел мехалъ дир билеталъухъ гIарацги гьес кьуна.

Нижгун гьеб автобусалда йикIарай росулъа гIаданалъ, ниж гаргадилел рукIанин, дие билетги ГIумарасхIабица босанин бицун буго дир рососда.

Коридоралъуй, хIисабалъул дарс кинаб кала-салда бугебин цо васасда гьикъулей йикIана дун. ВачIинейинго вукIинчIев гьев дир бетIергьанчи вихьидал, дун расги ракIалда жо гьечIей гIадан, щибдай кканаян хIинкъун лъугьана. Гьесда ракIалде щиб ккарабали лъаларо, дов васасдаги бихьулаго, дир гьурмалъ хъат бан гIодой ккарай дун, тIад малалги ран хIакъир гьаюун гьес юхана.

Рокъоса хал кквезеги вачIун вугони, дун цоги чигун кIалъалейги ятани, цебеги абурай яс цоги-ясда хадуй унги йигони, гьедин батилаха, гIиллаго гьечIого дун гьенибго цIарги тIамун тана гьес.

Рокъое щведал, жиндирго гIайиб дагьлъизе, ГIумарасхIабгун ятанин мацIал гьесги гьарун. Дирго бицинароан, ГIумарасхIабил йокьун кьоларого йикIун, хIалихъе ячарай чIужу эбел-инсуца рокъое ячун ун, гьесулги рукъ бихана.

ЦIалулеб бакIалъан нужер гьание хIалтIизе йитIун, гьадинай лъикIай гIакъилай гIадан мунги данд чIвай, кIудияб талихI ккана дие.

ГIумарасхIаб, цIакъго ццим бахъун, чIужу эбел инсуца нахъе ячун ун ятарай мехалъ, нужеего тейин абун, росулъего вусинчIо. Дунги, дуда лъалаха, тIокIай росулъе инчIо. Дун къварагIарав чиги гьенив вукIинчIо.

Гьанже, Москваялде йитIичIишха. Ниж цIалулеб бакIалда аскIоб, больница лъаларо, цIалулеб бакI лъаларо, хъахIал халгIаталги ретIарал васал-ясал жанире-къватIире хьвадулел рихьулеб кIудияб кIалгIа букIана. Рокъое-нахъе автобусалда рекIине ниж гьелда цере рачIине ккола-ан. Цо къоялъ, рокъое ине автобусалда жание яхун, гIодойчIун йикIана дун.

— Если я не ошибаюсь…, — ин абулеб рагIана.

Нахъехун ялагьарай, вуго гъов ГIумарасхIаб чIчIун.

— ГIумарасхIаб, мунищ? Вай, мун анивищ вугев? — ян цее кIалъана дун. Цо рес къотIараб

бакIалда нилъехъаго чи вихьидал, йоххун хинлъунги лълъугьана.

ГIагардаго букIиналъ, хехго дун гъоркье рещтIиндал, гьевги рещтIана дида цадахъ. ЛъикIалан мехалъ гьаб-доб бицун, хабар-кIалалда рукIана ниж. Цинги дихъе гьес жиндирго хIалтIулеб бакIалъул телефон кьуна. Доб бакI больница бугин, живги гьенив хIалтIулев вугин, чIужуги гIурусай йигин, кIиго ясги йигин, жиндие тIадеги лъикI кканин. Гъодин ккечIеб ани, дун цIалиги лъугIун хадув тохтурлъиялъ цIализе Москваялде инароанин, агрономлъиялъ щиб дие кьелеб букIарабин, халатгьабун бицана гьес.

Амма, гъой росулъ йикIарай лъади, жиндие цIакъ йокьулаанила. КигIан йокьулей йикIаниги, гьечIеб, букIинчIеб жоялдаги божун эбелалъ абураб гьабун гъой чIчIанин, гьеб рокьудасаги ракIги бусанин.

Нахъа-нахъаги, кида вихьаниги лъугьанщинаб бицунев вукIунаан ГIумарасхIаб.

Жиндир лъикIаб гIарац щолеб хулухъги бугила. Бокьани, жинца рукъги кквелила. Нилъеда гIайиб гьечIого нилъер гIумру хвезабидал, рачIа гьанже гьебги уяб гьабун, цо талихIаб гIумру гьабизе.

Ясазул, я чIчIужуялъул дуе щибго ургъел букIине гьечIин вукIунаан. Щияаб нухалда, гьай йокьун ячарай чIужуялъулгун гьоркьо бакI

гьечIин, цIакъго жиндир цим бахъараб жо — гьей лъимадае йикIанин, гьебги хвезабизе бугин абунин раг1ун бук1ана щиб ккарабали. БукIа абе, гьелъухъ Аллагьасда цебе гьезие гIазабин, гьезде гIайибал гьарулевги вукIунаан. Дун рокъое ине йигин, абидал тIокIай дун нахъе ячIунарей гIадин цIакъ бокьуларого вукIана. Гьаб анкьида жинда хIасил лъазебейин, божилъи хварабгIадин абуна гьес. Дун рокъое унеб къоялда цебе къо букIана гьеб. Дур вукIарав росги, цIияй чIчIужуялъ чIван хвезе рекъарав вукIун вугин, бицунев вукIана ГIумарасхаб, амма, пайда щибила, гьев чIаго вукIаравани, гьесда нилъер талихI бихьизабизе.

Зубаржатица гьеб абигун, боххун букIараб ракI сун ана Сакинал. Ах1мадил ч1ужуялъ бицарабги рак1алде щун.

— Гьев дур вукIарав рос, чIужуялъищ чIварав?

— ЧIван гьечIо! Махсаро гьабулаго, гъолъухъа тункун гъоркьеги вортун хун вуго.

— Гъой чIужу щий йикIарай? — ян дагъай хIинкъадго гьикъана Сакинаца.

— Щиб лъалеб? Цее гьесие абун йикIарай гIадан росги хун, цIидасан ячун йикIун йиго кIиго ясгун цадахъ.

Гьанже кинабго жоги кIочон Сакина-кIодо цIоран хутIана. Жиндаго лъикI бичIчIине суалал кьун гьай дагьайги гаргазаюна гьалъ.

АхIмад чIварав чиясул йикIарай чIужу Зубаржат йикIин мухIканлъидал, Халисат лъимал аскIор гьечIоб заман бук1иналдасаги йохун, хехаб хIукму къотIана кIодоца гьелъие.

— Балагьея, — ян абуна Сакинаца. — Мун гьитIинай чIужу гуро. ТалихIго кьечIого Аллагьас лагъ толаро, цоязе цебе, цоязе хадуб. Цоял рохху-ла лъимадаса, цоял — магIишаталдаса, цоял — чорхол тазалъиялдаса. Нилъецайин абуни, гьеб щвезе тIалаб гьабизе ккола. Мун ячIун йигин рагIани, Халисат ячIинчIого йикIинаро. Дуца абе гьелда, мун хекко нахъйисине кколин. ГIумарасхIабица дуда абун буго, мун гьаб анкьалъул ахиралда аниеги ун, жинда хIасил лъазебейин. Лъазабун щиб гьабилеб, дие бокьанинги абун, кIутIун тIад юсса! Дурго бугеб къварагIараб хIажатабги босун метерго яха поездалде.

Цо къоги гьелда аскIоб базе бокьулеб букIинчIо гьанжи Сакинае, гьелда гIайиб гьечIониги.

Нахъойги юссана тIад гьай.

— Мунго Москваялда гIумру гьабулей йикIине щвезеялъухъги абе, вачIани вачIун, вачIинчIониги дица дур хъизаналъеги дуеги квалквал гьабизе гьечIин. Диегоги бокьун бугин, щиб кканиги цо мугъ чIвалеб бакI букIине. Мун херай гIадан гурейлъул. Аллагьасе бокьани, васгицин гьавизе бегьула дуца гьесие гьеб гIумруялда.

Г1емер гьай хекко Москваялде ине бокьиялъ,бицаншинаб хабаралъул халалъиялъги, лъач1ого рогьун батана къижич1ого гьеб сордоги.

30.

Исрапилил васасул берталъа Халисат яч1инелде Зубаржат Москваялдеги ун, парахалъун йик1ана Сакина.

ГьедагIан хирияй гьудул аскIоса индал, цо кIудияб ургъаликьа жийго йорчIарай гIадин, пашманлъиги роххелги жубараб, цо батIияб хIалалда йикIана гьей. Сакинада ракIалде кколеб букIана, вай, гьабгущинаб жо дидасаги бахчизе бажарарай, пасатай гIадан йикIун йигин Зубаржат. ГIемер гьей йокьиялъ жиндиего маслигIат гьабулейги йикIана:

— Нахъойги, нагагь ячIани, дой йиго ГIумарасхIабил чIужу. ГьабсагIатин абуни — дир рос чIварав чиясулъ йикIарай чIужу дир рокъой рекъезе гьечIин гьелда г1айиб гьеч1ониги.

РитIухълъиялъул гурони ургъел гьечIей Сакина, лъидаго гьеб лъачIого борчIиялдаса, Аллагьасде кIудияб рецц гьабун гIорцIуларого йикIана.

Берталъе Халисат ун, бицине регIичIеб доб роххараб хабар, живго Абакарги вачIун, гьес бацун щвана Сакинахъе.

Абакар сундуего кьучIав вукIана. Гьесие бокьулароан букIине батилин, лъугьине батилин щибго жо нахъ тIамун тезе. Гьесие жиндиего рагIине бокьун букIана, Карпият жиндие йокьи кIодо-эбелалъе мурадлъун бугин Аликица бицараб хабар, уяб бугищан бихьизе.

Унеб бакI къараб, хIалуцараб лъеца къватIибе нух батун чвахун араб гIадин, чучун бачIана Сакина-кIодол ракI. Йохиялъ, тIолабго дуниял жиндирго квелщаликье ккараб гIадин, тIегьана гьалъул анищ.

Абакарица жинцаго босун бачIараб хабаралъ, АхIмадил лъималгун дагьайги гIагарлъизе къварагIун йикIиндал, кIодо-эбелалъул мурад тIубана. РакI рекъараб, нусал щун васал-ясазул цуцазе рокьиги данде ккун, бертаби гьариялде заман щведал цIакъго разияб нухде бачIана.

Аликиеги Абакариеги кIияйго яцгIал цадахъ рачун бертин гьабизе, гьел васал разилъичIо. Нижее бокьун бугила Аликил берталъ бахIарасул гьудуллъун Абакар вукIине, Абакарил берталъ бахIарасул гьудуллъун Алик вукIинейин чIана гьел.

ХIосениеги Абакариеги цадахъ бертин гьабизе Сакина-кIодо разилъичIо. Жиндие гьеб рохел-кеп гьабун, эбел-лъимал цадахъ ракIарулеб къо къокъ гьабизе къварагIун гьечIин. Дицаго гIумруялъ анищ гьабун букIараб къагIидаялда,

лъабавго васасе лъабабго бертин батIа-батIа, лъилго букIинчIеб къагIидаялда берцин гьабизе бугин чIчIана Сакина-кIодо.

Киналго разилъун, август моцIалъул тIоцебисеб хамиз къо лъикIаблъун рикIкIана, кIудиявги вугелъул, цин ХIосение Ася ячун бертин гьабизе .

Сакина-кIодо йикIана рагIа-ракьанде щун берталъе ахIулезул цIарал иргаялда хъвалей ва росулъ ругел гурелги, эбел-инсул рукIарал гIагабожаразул цIарал ургъулей. Гьел умумузул гьалбал ракIалде щвеялъ, жийго гьезие кIодолъизе йикIин лъалаан гьелда.

Халисатилги букIинчIо кIодое щибго кумек. Щайин абуни, Халисатица бертинги гьабун, жиндирго рокъоса Ася кьезе гьабун букIана къотIи. Гьедин гьабуни ХIосениги Сакина кIодоеги бигьаги букIинин,гьабураб букIана гьеб. Гьеб гьабизе щвей Халисатилги букIана кIудияб роххеллъун.

Ибрагьимица, дуе бокьараб гьабейин кьураб ихтияралъ, яс гьечIей Халисатида жиндирго яслъун ккана гьанже Ася. ТIоцее йихьарай мехалъго ракIалде ккун букIана гьелда, жиндирги йигейани гьадинай ясин.

КигIан кIваниги берцин гьабейин, къварагIанщинаб жинца чIезабилин абуна Ибрагьимица. Росулъ букIунеб гIадаталда рекъон гьеб берцин

гьабизе хIаракат бахъун, Сакина къецалъе ахIулей гIадин букIана Халисатил хIадурлъи.

РачIа нилъеца эбел-лъималазе кьолел сайгъатал берталъ кьезе тезе, нилъерго бертинги берцин букIинейин Халисатица абидал, дидаги гьедин ккун букIананин, тIад рекъезабуна, кIудияб къагIида къваригIун, щиб ургъилебали лъаларого йигей Сакинаца.

Лъие щиб кьелебали рекъезабун къачIан тезе бокьарай гьалъ, кумекалъе ахIана нус Суайпат.

Жинцаго васал гIедал, лъабалго нусабазе кьезе цIунарал гIарац-меседалъул баргъич-кIилкIал цере рахъана Сакина-кIодоца. Гьезда гъорлъ кIилкIал рихьигун, Суайпат барщун доехун юсана.

— Я гъарин, дица гьал лъабго релъарал, кьо бугел кIилкIал лъабайго нусалъе тарал жал рукIанин абулеб гьечIищ дуда, — ян абуна Сакинаца. — Щиб дуе жакъа дидасан къварагIараб жо? Щиб багьана батунги рази гьечIолъи бихьизабулей йиго гури!

— Дица лъабго вас гьавизе вукIин дуда кисса лъалеб букIараб? — гIайиб щун кIалъана данде Суайпат. — Доб, дие битIараб чумоданалда дуца хъарщи-кIилкIал рачIун, гIадамал гаргадилин жинца хисун кьо бугел кIилкIал лъунин, бицунаан эбелалъ. Дур рукIун руго гурищ, гьел лъабго гIаги?

— Вай, дир яс, рукIинчIо! Мун ячунеб мехалъ кир гьал рукIунел? Дуда кIочонищ тараб? Ругъжаса инсул гьоболас вас жаниве ккун вукIиндал, росулъ лъазе бокьун гьечIинги абун, бичизе бачIараб гIарцул тIагIалида гъорлъ рукIинчIищ гьал? Болъоду-кIкIалахъ букIараб хурги УхIумие бичун, гъос кьураб гIарцухъ росичIищ нилъеца?

— Дида лъаларо, дуца гьабулеб бугеб жо, — ян абуна гьанжиги Суайпатица.

— Щай лъалареб? Мун гурищ дица йитIарай цIулал гъудрул ругел низамал росизе хасаб-чиясул гъое? Бащдаб кило гIарцул тIагIелазухъ бащдаб хур кьечIищ? Хадуй дун ракI бухIунцин йикIанин.

Гьанжеги чIчIечIо нус:

— Нижее букIинчIебищ доб хурил бутIа? ХадургIаги щайха дуца дие гьел кьечIел?

— Эб, цIар чIвазе дир цоги лъималищ ругел? Кинабго нужер букIинарищ? Дица дур лъималазе бакIарулеб бугеб чемоданалъуб гурищ гьал кIилкIалги лъолел ругел?

— Дирго лъималазе дицаго лъелаан гурищ! Ай йикIуна кинабго жо жинцаго гьабулейлъун йикIине къварагIун.

— Гьеб жо жакъа бицунеб жо гуро. ТIаде гIадамал рачIинелде нилъецаго кколе-кколесе кколеб лъун, къачIазе ячIайин ахIун йикIана дица мун. Гьаниб камун бугеб дуцаги тIад лъун рекъезабизе, — ян квербацIалда гъорлъ бухьараб

гIарцул тIагIелалда цебе бугеб бакI бихьизабуна Сакинаца Суайпатида.

Камураб жо щибдай бугоян балагьизе ккол-елъулин абидал, гьанжиги нус данде кIалъана:

— Мунлъидал гьеб рекъезабулей чIужу! Дуцаго рекъезабе. Кьолбол ясалги тун кисаяли лъаларел гIурусайги ячун рекъезабулей гурищ мун йигей! Дун щай дуе? Халисатицалъидал дуе жинцаго гьайичIей яс кьолей йигей. Гъолде абе гьаниб камураб жо лъезе ячIайин.

Гьанже кантIана Сакина, гьаб сундуе гIоло бицунеб бугеб жоги лъан. Сон гьайункъалалъул дое ун къоца рокъое ячIинчIин вукIана НухIи. Гъозиелъидал бокьун букIараб яцгIалалъул яс ХIосение ячине.

Гьединал гIакълу гьечIел жал жиндего нусалъ гIемер абун, ругьунай йикIана Сакина. Суайпатида цебе бихьизе лъун букIараб гIарцул тIагIел бухьараб квербацIцIалде тIаде аскIоб букIараб какикьжоги рехун, рагьтIе цо чи вачIун жиндаго рагIараб хвелги гьабун, къватIие лъугьун ана. Гьеб букIана, цоги гIантаб жо гьелъ абилелде, жийго гьоркьоса нахъе ине бахъараб жигар.

КъватIие якки мекъе ккечIо. ГIака бачIинелде бокьобе гъечIого хутIараб бече хахизехъинги батун, йикIаралъуй нусги тун, хадуб бечIчIизе бегьулеб букIараб гIака бечIчIизе лъугьана гьай.

Сакинае гьанже цо жийго ургъизегIан, нусги рокъое инегIан заман ине къварагIун букIана.

Бищун Суайпатие бокьулареб жо букIана, жинцаго абураб гIадахъ босичIого, данде кIалъачIого, гIамал гьабичIого жийго тей. Жиндиего битIун кколеб къагIида балагьизе махщел букIиналъ, Сакина ячIинегIан шуричIого, таралъуй йикIана гьей. НухIица, эбелалъе мун щибизе къваригIун ятарайин гьикъулеблъиги лъалеб букIана гьелда. Сакина тIад юссун как базе лъугьарай мехалъ, жамагIат гьабейин аскIой чIчIана Суайпат, щибго жо жинцаго абун букIинчIеб гIадин.

Какалги ран, цуцаде кIалъачIого сайигъатал къачIала рукIана гьал.

— Бицея нужеца жакъа щиб гьабурабали? — абун, жаниве лъугьун вачIана НухIи. — ЛъачIого тIаде щун ратула бертадул къоял. Гьанже нелъее минуталъ чIчIезе заман гьечIо. Эбел, доб берталъе гIадамал ахIизе цIарал хъвараб кагъаталда, нилъеда Загьи кIочон йиго. Дица гъоб кагъат Камилихъе кьун букIана. Гъос абуна, аскIой ругелги ахIун гъой ахIичIого гьоркьой тезе бегьуларин.

— Бертин гьабулеб мехалъ бищун къварагIунел гъоркь хутIулин, биценцин буго. Амма, Загьийин, абуни, ахIичIониги ячIуна. Лъидаго рекъезаризе кIвечIел жидер васги нусги дуца рекъезарунин, дуца кьураб гIакълуялъ батIияй лъугьанин жиндир нусин, дандкканщинахъе би-

цун, дие баркала кьолей йикIуна гьей, — ян нусалда рагIинедухъ жиндиего къимат кьуна Сакинаца.

— Гьагъабгощинаб жо нилъее гьабулей йикIуней дир яцалъул якьад хъванцин гьечIо. Дида гьикъулеб жо нужер букIунарелъул, — ан Сакинаде гIайибги рехун, кIалъана гьанжеги Суайпат.

— Нилъер гIадаталда рекъон гIагарал чагIи берталълъе ахIуларо. Жалго рачIуна. ГIаданлъи буго нилъеца гьабун, нилъее гьабун букIунеб жо. АхIичIого рачIин буго живго бертадул бетIергьанчиясе вачIине вокьулев вукIин хIакъав чияс гьабулеб ритIухълъи. ГIайиб щвей буго гIаданлъи гьабичIого ворчIизе къварагIарав чияс хIалтIизабулеб багьана. Цойги цо нужергун данд базе бокьараб жо букIана, Халисатица абичIебани дунго ургъилароан, — ян абуна Сакинаца. — Нилъер гIадат буго, васасе абизе ракIалда йигей яс, гъозул гIагаралгунги рекъон, кьурдизеги яхъинаюн, берталъ гIарацги бан кIодо гьаюлей. Халисатида ракIалда буго, Аликие йокьун йигей ГIатигатида гIарцул бакIалда гъажалда курхьенги хун, нуслъун гьайизе. Цинги, ячинегIан ургъелги букIинарила. Щибго гьабичIого тани, рекъонги гьечIила. Гьанжи гьенире ун баргъич хезе, гьелде руссине заманги гьечIин, щибдай гьабилаян гьикъизе ячIун йикIана гьей.

НухIица абуна:

— Халисатица гьабуни, нилъецаги гьабизе ккела. Абакарие йокьарай яс гъоркьищ телей? БитIараб буго. Нилъерго бертинги берцин букIине, мун гьеб лъикIлъи киссадай букIинаян гьеб къварагIун холей гурищ йигей? Дуего бокьухъе гьабе, кин берцин букIунебали дудаялдаса лъикI гьеб лъида лъалеб? Дун цо зурмида цадахъ щвантIих пулев чи гьечIищан унев вуго. Дида рагIана гьев гени бичизе ун вугин, — абун, рокъове живго ине вукIин бичIчIинабун, вахъун ана НухIи.

НухIи къватIиве лъугьинегIан хIехьон чIчIун йикIарайгIадин, гьев аравго Суайпатица абуна:

— Бихьулищ, дой Халисатица бахIарай жиндирго рокъосанги кьун, жиндиего кIодолъи балагьулеб бугеб куц. Гьеб гIечIого, гьанже гьеб берталъ гьелъул васасул абурай яхъинайи букIана гьабичIого хутIараб жо. КIиялгоги рекъон бокьабокьараб гьабулел гурищ нуж ругел. Нужеего бокьарав чи витIе, амма дун гьей бахIарай ячине инаро. Гьей гIурусалда цере чIвазе накабиги гьечIо дир.

— Рокъоеги ячун, анисан Халисатица кьечIеяни, бахIарай ячине нилъ, кIудияб харжги бахъун, Черкесскиялде ине кколел рукIинчIищ? Дуда чан нухалъ гьелъул хIакъалъулъ бицине кколеб?

— Уха, дуе дояса гурони бегьичIелъул…

Нахъги вуссун, жаниве вачIинаго гьеб рагIарав НухIица, щиб гъоб бегьичIеб жо бицунебин гьикъана.

— Щибго гуро, нижерго хабар… Мун щай тIад вуссарав? — ян кидаго гIадин, нусалъ абурабги бахчун, кIалъана Сакина.

— Нижер школалъул деректор вукIана, жинца стол-бакIазе комекги гьабилин, гьей бахIарайги шагьаралда гIурай яс йигелъул, городалдагIадин бахIаралги гьалбалги столазда нахъа цадахъ гIодорчIезаруни берцин букIинин. Дуда гьикъилин абун букIана дица. КIочон гьебги тун инев ватана. Щибин гъосде абилеб?

— Воре, воре! ТIоцобе гьабулеб бертин гIадаталда рекъон гьабизе ккола. Гьел цIиял къагIидаби нилъее къварагIун гьечIо. ЦIияб цIар кинаб лъелебали лъалареб жо буго щиб абуниги батIалъи гьечIел чагIаз гьабулеб пиша. ГIайиб чIваларедухъ берцин гьабизе жигар бахъун кумек гьабейин абе. Гьесиеги щибниги жо нилъее гьабизе бокьун батила. Баркала кьезе воре кIочонге. Дунги хъабало ахадасан чIвазабун бугищан бихьизе ине йиго. Нужги цадахъ рокъоре а. Унел мехалъ, каву кIиликIичIги бан тезе кIочонге.

— Эбел, гьанже мун гьаглъана. Дуца берталъ хъабало ретIизехъинищ бугеб?

— У, вала валлагь, ретIила! Щай гьеб ретIулареб, ретIизе къо Аллгьас кьураб мехалъ?

БахIарай ячинеги, накаби чIвазеги дунго ина васасул эбел хIисабалда, — ян тункизабуна Сакинаца Суайпатида, гьелъ бахIарай ячине жий инарин абун букIиндал. — Цо, дица «бакIиде яхъин» гьабулеб мехалъ ахIизе ругел рагIаби ургъун ругел куц, берталъ бихьила нужеда!

Сакинае щвана нусалъулгун букIине букIараб къварагIел гьечIеб хабаралдаса йорчIизе. Ургъалабаца, къварилъалабаца буцун накIкI лъун букIараб дунялалде, гьебги тIаса ун, бакъ щвараб гIадин гвангъун бачIун букIана Сакинал ракI. Гьелъ жигар бахъулеб букIана, гьев НухIил эмен вукIарав ани цIакъ берцин ккелеанин, гIадамаз тIад кIалъай гьабулареб къагIидаялда тIоцобе гьабулеб гьеб бертин нухда тIобитIизе.

Бертин гьабизе истихар гьабун бачIараб хамиз къоялъ, росулъ квен гьабизе цIа лъицаниги бакичIо, берталъе къачIан гурони. Жеде-жедер тухумалъул хассаб ретIелгун, къокъа-къокъа гьабун, рачIунел рукIана бертин гьабизе Сакина-кIодоца рукъалда цебе къачIараб гьоцIире. Цониги, щиб къварагIун бугебин, сундул кумек хIажат бугебин Сакинаде абичIев чи хутIун ватиларо гьеб къоялъ росулъ.

Жиндиего бокьулеб, гIумруялъ щвезего щвечIеб, кьурдунин гIайиб гьабулареб къо жакъа бачIиндал, свери кIодо гьабун цIулал хъветерги бан берцинго къачIан букIана Сакинаца гьоцIул

бакьулъ бакI. БахIарай ячIинегIан жиндирго букIунеб ретIелги ретIун йикIана гьай. Амма киназдаго лъалаан жакъа гьелъие бокьараб гьабизе ихтияр букIин.

Росо рагIалда машинаги чIчIезабун рещтIинаюна бахIарай. АхIулаго кечIгун, кьурдилаго, бакI-бакIалда лъималаз бахIаралъе нух къан батаралъуб къурди-свери гьабулаго, гьел нух ккурал лъималазе сайгъаталги кьолаго щвана азбаралъуре. Лъида щиб гьунар батаниги, Сакинае гIаданлъи гьабун, гьеб гьунар къватIибе бахъун букIана гьеб къоялъ.

Бищунго гIадамал гIажаиблъараб жо букIана, берцинго къачIарал ясалги рачун, цо къоялъ цере АхIмадил тIоцое йикIарай чIчIужугун цадахъ гIагарлъи рачIин. Росдада лъалареб жо гIемер букIиналъ, цIакъго гIажаиблъун букIана щибаб лъугьа-бахъин.

НухIи кIодогьавун, бесдал яццазги гIин къотIизе бачIун букIараб оц хъунго рехана, гьагъабгощинаб квеналде тIаде гьезул адаб гьабун.

Сахратазул наслуялда насибаб жо гьабичIого течIо Сакинаца. Доб дагIбадараб къоялъ квешезе жийго инин абуниги, нус кIодо гьайизе цIакъ бокьулей Сакинаца, НухIидаги абизабун, гIадаталда рекъон Суайпат йитIана бахIаралда хадуй.

Рокъое щварай мехалъ, бахIаралда гьумер бахчизе бараб бадибигъ борхулаго гьабулеб дугIаги къачIан букIана Сакинаца Суайпатие.

Азарго гIака къинлъарай,
Къого гамущ бечIчIарай.
Адабалда натI лъурай,
Намусалда лъалкI тарай.

Гьоболасе чед кьолей,
Ячарасе ракI кьолей…
Лъик1лъиялда квер барай
Квещлъиялда мал барай

Малъич1еб гьабуларей
Гьикъич1еб бицунарей
Раг1ул г1омо лъунарей
Г1ат1ал т1аг1ам холарей.

Гьабизе кьеруларей,
Кьезе мукъсанлъуларей
Кванил т1еренаб ккурай
Х1алт1ул бицатаб ккурай.

Нежедехун чехь кьурай
Чиядехун мугъ кьурай
Дуца яслъи гьабила
Дун эбеллъун йик1ина.

БахIаралда аскIой йикIаралъги данде абуна:

Дурго яс гьечIелъул, яслъи гьабейги.
Васазул лъудбузе яцлъун йикIайги.

Абурал цIакъал рагIабазе къимат кьолел чагIи гIемер рукIана гьенир. Амма гьеб сихI къотIиялда гьоркьоб, Суайпатил ракI нусалдаса разилъун йохун бихьулеб букIинчIо.

Гьелда хадуб, цин гIодоб кIудияб салмаги тIамун, Къурайщил васас яхъинайуна Сакина сверуде кьурдизе. БахIаралдасаги къачIан йикIана гьей: хъабалояда тIасан бараб биццатаб хара, ретIарал озденг черекал, бакьулъан къарал къакъадераби.

ЧIвалеб хъаталъги, гьезухъ балагьун гIажаиблъун хутIиялъги, гьел чIезе гурин хIинкъун, кин арабали лъачIого ун батана лъикIалан заман.

ЦIакъго берцин букIана, жалго кьурдун свакайдал, бахIаралъул квер Сакинаца ккун, бахIарасул квер Къурайшил васас ккун, кIиязго гьел бакьулъе сверуде рачунел мехалъ.

Хадуб НухIица жиндирго чIужу яхъинайизе кколеб бакIалда, гIаданлъи хIисабалда, бахIарай ячун ячIарай Халисат кьурдизе яхъинайиги букIана цIакъго рекъон.

Бищун рекIелгъе гьабун букIана, цоял ясаца бихьиназул ретIелги ретIун, жалго лъаларел ясазде аскIореги рачIун гьезда къвал базе лъугьиндал, гьел хIинкъун тIурулелъул.

Васазулин абуни, кIудияб къокъа букIана Мирзаца куцун. Вацасул бертин кIодо гьабун бахIаралда цере свери гьабун гугарун, берталъе рачIаразе кеп щвезе циялда, цералда релълъараб ретIел ретIун кьурдун, гьезул гIамал хасияталъе къимат кьурал кучIдул ахIун, киналго рукIана хIайран гьарун.

Мирзаца ретIун букIана кIудияв Сахратулагьица гIолохъанаб мехалъ ретIулеб букIараб ретIел. Гьесда рекъон букIараб куцалъухъ балагьун, бергIаги ккогегийин, киналго Мирзае къимат кьолел рукIана.

Цоязул рахIат хвараб жо букIана, бищун берталъ кеп кьолеб, бахIарайги йикъун рецIел босизе щолеб гьечIеб ресалъул. Халисатица, гIадат лъаларей бахIарайги йигелъул, гьоркьор чагIиги тIамун бахIарай цIунизе щулалъи гьабун букIана.

БахIарасул чагIиги чIчIун рукIинищ. Ургъана гьез батIияб хIилла. Аское цо лъалей ясги йитIун, бахIаралъ хIатIал унтун рахъун лъун рукIарал хьитал рикъизаруна. Кьурдизе бахIарай яхъуней заман щоларого, къо чIун букIана хьитал рикъаразда. БахIаралда хьитал ратичIеб мехалъ, Халисат гьел ралагьизе лъугьиндал букIине бугеб

кепалъухъ урхъун, балагьун чIчIун рукIана гьелъул гIахьалчагIи.

БахIарай йикъидал кьезе кколеб букIаралдаса кIиго нухалъ цIикIун рецIел кьун гурони щвечIо нахъе хьитал. Гьелде тIадеги, гьоцIо бакьулъ бахIарайгун кьурдизе вахъун чIун вукIана бахIарав, хьитал рикъарав чи бицарав гьоркьохъанасеги кьезе ккана гIарац, хекко гьел щвезе къварагIун рукIиналъ.

Бертахъ гIащикълъараб росдал, талихI гьекъолеб гIадаб асар букIана гьеб къоялъ. ЦIакъ кеп букIана гIадатго лъаларел, гьединаб кеп бихьичIел, рахъ рахъалъа ХIосеница ахIун берталъе рачIарал гьудул-гьалмагъзабазеги.

Бертин берцин гьабизе рокьарал гIемерлъун, доб бакIиде рахъинги, шиша свериги Сакинае щвезего щвечIо.

Амма, бертинги лъугIун, бахIарай азбаралъуса рокъое ячуней мехалъ, азбар бакьулъ гьейги чIезаюн, гьал рагIаби абизе щвана Сакинае:

Нужер къадаралда
Къалам лъурасда,
Къала дица тIад нуж
Жакъаялдаса.

Анищ бугеб щинаб
Щолеб бугелъул,

Щукру гьабун тела
Дий нуж кьураде.

Адамги ХIаваги
Данделъиялъул,
ХIалай чи вукIинчIо,
Жалго гурони.

Гьезул наслабазе
Насиблъанщинаб,
Насибал ратайги
Нижер бахIарал.

Бакъуй канлъи кьолеб
Кьибил гIуцIулей,
Кьолбода нур балел
Лъимал гьарулей,

Жакъа гьаб рохараб
ГIумродул гъасде,
Баркатгун рахIматгун
Щварай ятайги.

Берталъ абурал берцинал рагIаби цо-цо хвел гьечIеб кициялъул лъалкIлъун хутIулаан.

31.

Нахъияб къо букIана, бахIаралги ахIун, гIадаталда рекъон ясалъе къайи кьолеб къо. Гьеб къоялъ, Асяе кьезе къачIараб къайи бихьулеб букIинчIелъул, къайиялъул бакIалда Ибрагьимица гьеб босизе гIарацгIаги кьолеб батилин рукIарал гIагарлъи, хаган хутIана. Черкесскиялда бугеб кIиго-рукъалъул секциялъул кIулги, ХIосен гьелъул бетIергьанлъун гьарурал кагъталги горосверуде гьев ахIун кьуна Ибрагьимица.

Рукъалъул бетIергьанчилъун ХIосен гьавун ракI гIодобе биччай гуребги, гьел жиндаго аскIор Черкесскиялда хутIизе бокьиги букIана бищунго Ибрагьимие хIажатаблъун. Гьеб ригьиналдаса кинабго рахъалъан цIакъго-цIакъ вохунги вукIана гьев.

Ася ячине кIодо разилъизе къварагIараб мехалъ ХIосеница, дун, дуе бокьани рокъовеги вачIинин абун букIана дадал-эбелалда. Гьанже Сакинада лъана Асяги ХIусенги росулъ гIемер заманалда хутIуларе́ллъи. Гьедин букIана Абакарилги ГIатигатилги бертин хехго, гьал инелде гьабизе бокьун.

ХIосенил бертадаса йоххарай Сакинаца, Абакарил берталъ бахIарайги бахIаравги гурони батIияб жо букIине гьечIин абулаан. Кида щиб бичун босизе кканиги, гьелъ лъабго релълъараб бо-

сулаан. Гьедин букIана гьелъие сундулго ургъел гьечIолъи.

Гьеб заманалда цIакъго гьезие хирияв гьобол, ГIандиса Къурайшил вас гIуруца анин бачIана хабар. Абакарил берталъ кинабго жинца гьабизе бугин вукIарав гьев ками, букIана кIудияб къварилъи Сахратулагьил хъизамалъе. ХIосенил берталъ гьесда бер ккун батилин, абулаан гьев лъалелщиназги.

Гьенив берталъ г1ахьаллъизе швеч1ев гуребги, Мирзал тIубачIеб мурадалъул бицинеги къварагIун вукIана Сакинае маслигIат берцинав Къурайщил вас. Бертин гьабун рохизе киназего зах1малъизе бук1ин бич1арай Сакина-к1одоца нахъ т1амунин гуреб, цого соналъ к1иго бертин лъик1аб бук1унарин, Аллагьас хъван батани ихдал дуниял ц1илъулеб март моц1алъул т1оцобесеб итни къоялъ гьабизе бугин, къо ц1ан тана Абакарилги Г1атигатилги бертин гьабизе.

Х1осениеги Асиятиеги Черкасскалде русине киг1ан бокьун бугониги, Сакина-к1одол х1урмат гьабулев Ирагьимица Абакарие бертин гьабизег1ан лъимал к1одода аск1ор рук1ине кколин лъазабуна.

Гьанже к1одоца малъун гьелде ц1ар Асиятин гурони абулароан. Якьад, Суайпатидаги росдал г1адамаздаги жийго лъик1 йихьизе нух балагьулей йик1ана Асият. Лъидасаго цееги яхъун, гамунибе-

хун к1азги бухьун г1ачи гъезеги унаан. Лъадаре ина ратарал к1удиял чаг1азе г1ерет1-лъел босулаан. Бат1и бат1иял т1аг1амал квенал гьарун киналго жидехъего кваназеги ах1улаан. Гьелъул гьунарги, хьвадизе лъайги бихьун, роххалил ц1ун бук1ана к1одол рукъги, рак1ги. Х1осеница х1алт1улеб бак1алъул бицаниги, к1одо йохизе, мунго айин, дун гьанийго йик1ине йигин абулаан. Малъизего ккеч1ого г1енеккун жийго бицине гьикъизе лъугьун, дагь-дагь ккун к1одое бакьулеб мац1алъ к1алъазецин лъазабулей йиук1унаан. Х1осеница малъани жинцаги как балинцин абулаан

Х1осеницаги, воххун, дидаса дуе Асият йокьун йигин, гьанжи дуе дун щайин щакдарила вугев хвел гьабун, к1одо гаргазе т1амулаан. Г1агараз гурейги, мадугьалзабазцин Асият г1адай гьеч1они нусалъул пайда щибин абулаан.

Т1егьезе лъугьарал гъут1би, ч1ич1идулел х1анч1и, г1ерг1едилаго рехъаде унел г1ачи. Х1осен г1адав лъик1ав росги щун гьений ц1ияб г1умро гьабулей Асиятида жиндир талих1алъул бицунеб гаргалеб бугин кколеб бук1ана, цебесан чвахулеб лъарал гьаракьцин.

Гьале марталъул т1абиг1ат, бач1ана т1оцесеб итни, гьеб къоялъ Абакарил бертин гьабулеб мехалъ, ХIосенил берталъ гьагъадагIан воххун вукIарав Мирза, ракIалъул къварилъи бахчулеб

къагIида балагьулев вукIана. Яс кьолеб берталъ эмен, вац гIахьаллъуларел заман букIиналъ, Абакарил бахIарай яцгIал йикIун, Мирзада тIаса гIайиб рехулелги рукIана гIадамал. Мирзае щиб лъугьараб гьанжисалалъин, гьикъулелги рукIана.

ХIакъикъаталда, Мирзал унти батIияб букIана: анцIабго соналъ цо партаялда цадахъ йикIарай, ракIалъе гIурай яс, дов бечедав гьелъул имгIалас Москвялде цIализе ячун ин. Рассги ккечIеб гIадин вукIине кIолеб къварилъи букIинчIо Мирзае гьеб. Гьелъ вукIана батIиявлъун вихьулев.

Мирзае бокьаралда цебе хIетIе лъечIого чIчIун йикIин гурони, Сакинае цIакъго бокьулеб ригьинги букIинчIо гьеб. Жидерго васазе ригьин гьабулеб мехалъги гIедегIичIо Сакина гьей Айзана нуслъун гьаюн гIадамазда тIатинайизе.

32.

Мирзае рекIее гIурай яс, Айзана, дагьай ракI чIухIарай йикIана. Москваялде ани гьоркьоблъи хвезе бугин Мирзаца бичIчIинабун букIаниги, гьений цIалулей йигин абураб цIар тIаса бищана гьелъ. Гьеб букIана Мирзае цIакъго захIмалъараб иш. Гьабураб къотIиялда хадуй илълъине Айзанаца хIаракат бахъичIелъул, гьей Москваялде ин квеш бихьарав Мирзаца, гьейгун цадахъ тохту-

рлъун цIализе инги тун, милиционер вахъунев чилъун цIализе кьуна документал. Гьелъулгун гьоркьоблъи таниги, гьеб кинабго ракIалда букIинчIеб лъугьа-бахъин макьугIадин букIана гьесие. Гьеб макьидаса ворчIидал батIайиса ккезе бугеб гIадин, сундеяли лъалареб хьулалдаги вукIунаан Мирза.

Жиндирго гIелалъул гIолохъабалъ бищун гьаракь берцинав, аваданлъи бокьулев, махсараби гьарун аскIор ругезе живго вокьизавулев махщел бугев вукIана гьев. КIудияв инсуца инсуе сайгъат гьабураб пандуралда килщалги кIутIун, панаго абулел гьал рагIабазухъ балъго гIенеккун йикIуна-ан, гьесда ракI бакъварай Сакина.

Ралъдал тIиноялде
Загьро тIинкIидал,
Мун щулалъичIого
Щвана дий тIири.

Щобазде хъвагIулеб
ЧIегIераб гъедо,
Гьебги дий батана
Дур тамахлъиялъ.

Ханица бахъулеб
ХъахIаб, чIегIераб
Хъалалда балагьун

Кьер лъалин тIанчIил.
Дур санагIатазе
Сун ракI кьуниги,
Сундуяли лъачIей
ЙорчIана дихъа.

Байтул магъмуралъул
Къададаги хъван,
Къаникье босила
Дуца кквечIеб квер.

Дару сундусалъул
Устулалда тIад
Дуца бихъараб ракI
Бахъун букъизе.

Лъица нигIматалъул
ТIагIам бичулеб,
ЦIияб балагьизе
Гьанже лълъугьине.

Хириял каказул
Кинабдай тола,
Мунги тун вукIайин
Дида малъулез.

Сакина-кIодода, цIализе Москвялде арай Айзанал батIи-батIиял харбал рагIунаан. Амма

гьалъие гьезул ургъелго букIинчIо. Мирзалги Айзаналги букIараб гьоркьоблъи лъималазул гьудуллъийин, тIаса бихьизабун тун букIана гьелъ. Мирзалгун гьоркьоблъи хун хадуб, гьеб ракIалда бухIун, кин кканиги кIварачIин, ракI бекун йикIана Айзанаги.

Сакинада рагIараб хабар букIана, гьей, бикъахъамиялъ хекко бечелъарав игIмаласул васасе йокьун йигин. Хадуб гьезул щиб ккарабали, лъалев чиги вукIинчIо..

КIиабилеб курсалде яхъун каникулал кьураб заманаялда, Нурбикал цо вугев васасе Айзанаги кьун, доба Москваялдаго бертинги гьабун, ячIун йикIана Айзанал эбел. Учителлъун хIалтIулев, магIна бугев, гIамал берцинав вас вугин, рази йикIана гьей.

Бечедав игIмаласул магIна гьечIев вас, мун жиндие рекIее гIун йигин, хадув лъугьун, бицинеги нечон чара кьосун йик1уна. Гьеб лъалароан Нурбикада. Жиндирго ясги гьечIин, ясалъул бакIалдаги йикIинейин, яцалъул ясги йигелъул, гьей жиндирго васасе ячине бокьана Нурбикада.

Дов, хадув лъварав вацгIаласдаса жийго йорчIизе, Айзана разилъун гьабураб ригьин букIана гьеб.

Школалдаса рокъове вачIунев чи, кирпичги кьабун, Айзанал гьайбатав рос чIван вугин абураб

хабар бачIине бахъинчIо гьел данделъун анкьго моцIгIан гурони заман.

ГьитIинго ракIалъ росарал рукIиналъ, Айзанаде бачIараб кьогIаб къварилъи захIмалъана Мирзае. Гьеб бич1ун, Сакина-кIодоца цогидал васазде гIадин лъади ячиналъул рахъалъ, Мирзада щибго цIар бахъулароан. Гьелда лъалаан цадахъ хIаллъарай, гIамал данде ккарай ясгун ругьунлъарав Мирзае, данде кколей яс ятизе захIмат букIин.

Мирзал мурадлъун букIунаан, вацазул руччабиги рачун росулъе бачIараб киноялде ине. ЦIакъго бокьулаан, хIалтIудаса рокъове вачIиндал, гьенир рагIарал батIи-батIиял харбал рицун, хабар-кIалалда рукIине.

Жедецаго гьабураб лъикIаб кванде ахIун, гьесул ретIел къачIан, цIакъго хъулухъ гьесие нусабазги гьабулаан.

33.

Мирза витIун вукIана рукъзал ралел бакIалда хIалтIулел, туснахъалда ругел чагIазда хадув халкколев чилъун практикаялде. ХIухь бахъиялъул заманаялда хабар-кIалалда ругел гьезухъ гIенеккизе бокьулаан гьесие. Гьединал хIалихьатал жал гьари-

зе бегьуларин гьезие цо-цо гIакълу кьолевги вукIунаан.

— Гьабураб квешлъи балъго хутIулареблъи хIакъаб жо буго. Нужеего квеш букIунеб жо гьабизе кин кIолеб, дида бичIунаро, — ян абулаан Мирзаца.

Гьел кантIилелгIадин, жиндаго рагIарал кицабигицин рицун, гьезда гъорлъ восун вукIунаан гьев.

— Инсуца кьун букIун буго ясалъе рагIи, вокьулев васасе гурони кьеларин. Гьелъие вокIулев цо гIалимчиясул васги вукIун вуго. Амма, эбел бергьун, цIакъго гьей эбелалъе вокьарав васасе кьезе, ккана гьезул къотIи, — ян, жиндаго рагIараб лъугьабахъин бицине лъугьана цо нухалъ Мирза. — Бертин гьабизе гьел къачIайгун, тухумалдаса цо-цо чи хун нахъ тIамулеб букIун буго гьез бертинги. Къокъаб унтиги чIван хун йиго, гьеб бертинги бихьичIого гьелъул эбелги. Цинги, ясалъ абун буго инсуда, гьанжегIаги кьоге дун гьесиеян. Щиб лъалебин, нижер къадар батичIого букIинеги бегьулин, эбелги гьечIелъул, гьелда ракI бухIана инсул. Ясалъе вокьун вукIарав дов гIалимчиясул васасе гьей кьезе эмен гьанже разилъана. Йокьарай яс чияе ин хIехьезе кIвечIого, эбелалъе гьей кьезе вокьун вукIарав васас, гуккун гьелъул рос вачуна рохьове, чIван жаниве рехизе бухъараб донкIалде аскIове. Жиндиего гьабулеб бугеб жо сундуе гIоло

бугебалиги бичIчIун, гIалимчияс гьарун буго, кигIан дуда балъго хутIилин кканиги, дуца дун чIвай лъачIого хутIуларин. Хъизан лъимаде йикIинги бицун буго. Аллагьасул хIукму кин ккелебали лъалареб жо бугин, дун живго тейин, чиги чIван щвараб талихI букIунарин, гьарун буго гьес.

— Лъица бицун лъалеб мун гьанив жанив вукIин? — ян велъун вуго, гьев гIужие восарав,.

— Гьагъаб тIегьалъ бицунги, бицун лъалин, — ян битIун буго гьас лъагIелалъго тIегьан букIунеб тIегьалде килищ.

Килищ борхизе гьев ясалъул рос шуридал, цIакъго хIинкъарав гьас, речIун буго туманкI. Жаниве вортарав гьесде рухIго бахъилелде хъван буго тIаде ракьги.

Гьанже гьав, кIудияб гьунар гьабурав гIадин, росасул рокъойго йикIаго, гьелде кIалъазе лъугьуна. Вас гьавидал, цIар лъеялда гъорлъецин расги жо гьечIеб гIадин гIахьаллъи гьабула.

Гьеб заманалда, гьезул росулъе тохтурлъун хIалтIизе витIун вачIун вукIун вуго, гьединго къисматалъ талихI кьечIев, Сидикъ абурав чи. Гьесие, йихьигун дой рос ч1вай яс йокьула. Вас вукIин лъаниги, васгун цадахъ дие ячIайин гьелде абизе бакI щоларого вукIун вуго гьев.

ХIалтIизе вачIарав Сидикъги, гьалъул рос чIваравги кIудиял гьудулзаби лъугьун руго. Амма,

гьезда лъалеб букIун гьечIо, цого ясалъухъ рокьи ккун кIиялго холел рукIин.

ХIалтIи гьечIеб къоялъ гьел рохьоре гьан бежизе, квана-гьекъезе, ихтилат кепалъе унаан. Цо къоялъ, мехтарав, гъой гIаданалъул рос чIварав, лъикI гьаракь биччан велъун вуго цоги бакIалда баккараб доб тIегь бихьидал. Жиндаго тIад велъулевин ккарав Сидикъица, мун сунда велъаравин гьикъун буго. БицинчIеб мехалъ, Сидикъица гьасул къан щекъер ккун буго, жинда тIад жеги чи велъичIин. Гьесда тIад живго велъичIевлъи гьесие мухIканлъизе, гьас, цIакъ балъго тезе кколеб хабар бугоян, жинцаго чIварас килищ битIараб тIегьалъул хабар бицана.

Гьалмагъасги гьеб балъголъи цIунун буго.

Хадуб, заман индал, Сидикъида лъан буго, дой жиндие ячIайин абизе йокьарай гIадан, асул цIияв гьудулас лъадилъун ячуней йигин.

Сидикъица, мун инехъин йигев чияс чIван дур рос гьанив лъун вугин, ячун гьелда ракьул гохI бихьизабун гьеб балъголъи жиндаго кин лъарабали кковухъе бицуна.

Вокьарав росги, васасул эменги ками захIмалъарай ясалъ, жиндаго бицараб къагIидалъ гуккун, рохьил цоги рахъалдеги вачун чIван вуго жиндир рос чIваравги.

— Гьеле бихьулищ? — ан абуна Мирзаца. — ТIегьалъ бицунги тIатана, лъица рос чIваравали.

АскIов вукIарас абуна: Ясалъ абухъе, гьезул къадар гьечIони, Аллагьас щиб-щибги багьана батиларищ?

Цоцалъ хъаталги кьабун велъанхъана Мирзада тIад, туснахъалда вукIаразул цогидав:

— Щай хутIулареб, валагь хутIула тIатинчIогоги. ГIарцохъ, кирпичги кьабун цо учител чIварав дир гьудул тIатинчIого хутIана. Амма, гIакъуба бихьичIого гьабураб хIалтIухъ гьаб гIарац гIолинги абун, бащдабги кьун махсароде ккуна гьев. Гьаниве дун ккараб куин абуни, дида гIайибцин букIинчIо. Токен бикъизе арал цIогьал рачIинегIан кIалтIа чIчIайин тарав дун, ккуна. Дида гьел цIогьодизе инцин лъалароан. Гъол бикъулел рукIарал жеги цIогьодилел руго. Диде тIаде гьебги рехун рорчIана, гIарацги кьун. Дун анлъго сонги кьун жанив тIамуна. Гьебищха нужер битIараб?

Мирзада кIолаан цIидасан гьев тамихIалде цIазе. Балъго хутIараб, чи чIварав чи тIатинаби букIана гьеб. Гьелъухъ хIалтIудасан тIадегIанаб цIарги щвезе бегьулаан. Амма, живго вугев бакIалда чи чIвай балъго хутIанин бицинегIан, гIакъло гьечIев гьасие квешаб гьабун щаян ракI гурхIиялъ, живго тана Мирзаца гьев, кигIан жиндаго тIад велъаниги.

Сакина-кIодойин абуни, мехмехалъ, чIужу ячеян абичIониги, вореха дир вас берцин вукIайин, дие цIакъ бокьуларин милициялъул хIалтIийин,

лъиего квешлъи гьабугейин, чIчIечIого гьардолей малъарулей йикIунаан.

— Дадал-эбел, щиб дуца бицунеб? Гьез гьабураб квешлъи тIатинабизе тарав чи вуго дун. Гьелъухъ дие тIадегIанаб цIарцин щвезе бегьула. Амма дица квешлъи киданиги гьабичIо, гьабизеги гьечIо, — ян кIодол ракI парахат гьабулаан Мирзацаги.

34.

ЦIияб бакIалде хIалтIизе инев вугин, вачIана цо къоялъ Мирза.

— Гьез кьолеб гIарац дица кьела, цо бигьаяб хIалтIиялде лъугьа, дир вас, — ян абуна СакинакIодоца, гьагъабго хIинкъи рек1елъги ккун гьарулебг1адин.

Гьелъул ракI парахалъун букIине, гьанисалалъ Мирзаца бицана, кирпичги кьабун чIварав учителасул хIакъалъулъ туснахъалда вукIарас бицараб хабар.

— Гьев чицин, дица живго тана. Дица абуна дуда, квешлъи дица лъиениги гьабизе гьечIин! — ан абун, лъугьинабуна бицунеб букIараб хабар Мирзаца.

Школалдаса вачIунев Айзанал рос, кирпичги кьабун чIвай лъалаан Сакинада. Гьелда ботIролъе

кIанцIун бачIана, щай ва лъица гьеб гьабурабали щаклъизецин лъалев чи ватичIевлъи.

— Гьелъул мухIканлъи кин лъазабизе кIолебали дида лъаларо, — ян абуна цудагьай ургъун кIодоца. — Айзанал рос чIварав чи ватани, гьев нилъеца вахчизе кколаро.

КIодоца абичIого, дидаго щай гьеб лъачIебан, суалалъе ккана Мирза.

Ахир заманаялда туснахъалда гьеб бицарав чиги вихьула вукIинчIелъул, ракI бухIун, гьелда тIад цIидасан ургъизе багьанаби гIемер рукIана гьанже Мирзал. БукIаниги, кин щиб ккарабали лъалареб жоги бугелъул, цIакъго гьелда гъорлъе лъугьине, Айзанаги гьоркьой йигелъул, бокьунги букIинчIо гьесие.

Мирзае бокьана, милициялда хъвай хъвагIайго гьабичIого, гьелъул хIакъикъат цин жиндаго лъазабун, кин щибан цIех-рех гьабизе.

Къварилъиялда цадахъ къварилъийин абун бугелъул, лъабго моцI гурони гьоркьоб инчIого тIоцее Айзана йокьун хадув лъугьун вукIарав эбелалъул вацасул вас машинаги бегун хванин бачIана къваридаб хабар. Багьаяб машина инсуца босун хадув лъугьун вукIана гьев вас наркотикин абулеб жоялдехун вуссун. Берталъа вачIунев гьев, машинаги бегун хун вачIараб сордо, гьесул инсуе цо рахъалъан парахатаб, цоги рахъалъан пащманаб букIана.

Гьедин батIи-батIиял квалквалаз цIакъго ххалат бахъунеб букIана Мирзал балъгояб цIехрехалъул хIасил.

Цо къоялъ асул цадахъ хIалтIулев васасул бертин букIана. Бертин, кеп бокьулев вукIаниги, гьелде гIемер ракIго букIинчIев Мирза, берталъе ине бокьарав цогидав гьудуласул бакIалъ, цIияб корпусалде гьесул бакIалда хIатIизе ине разилъана. Гьенив, вачIаравго вихьана Мирзада дов жиндаго тIад велъун, хабар бицарав чи.

— Дун дуда ракIалда вугищ, — ан хIухь бахъиялъул заманаялда асковевгIанги ун гьикъана Мирзаца.

— Щай гьечIев? Мун вуго дов, хабарал рицине бокьулев чи, — ян гьимун абуна дос.

— Дур хабар дидаги рагIана. Яги дуца бицинеб гьаб сагIат, лъица гIарац кьун букIараб, дов учител чIваралъухъ, яги дица дуда тIасан цIияб дело рагьизе буго, — ян абуна Мирзаца.

— Дуца бицунеб щибин? — ян чIчIана гьав — Дица шивниги чIван вукIинчIо!

— Гьереси. Гьев мун вукIинчIевани, дуца бицине букIараб жо гуро гьеб, — ан т1аделъана Мирза.

— Бокьараб гьабе, амма, щибниги жо дида тIад чIчIезабизе дуда кIоларо. Дуе гьелъие нугIлъи гьабизе чиги гьечIо.

— Ракьулъан вахъунги дица гьев дуе гIарац кьурав валагьизе вуго, — ян ццин бахъун абуна Мирзаца.

— Гьеле, гьениса вахъе. Дида рагIана, машинаги бегун гьев хваравин, — гьениса вахъани гьес бицина дуда кинабго дун щай дуе? Гьанже кантIана Мирза, щив дов гIарац кьурав вукIаравали. Нурбикал вацасул вас гьоркьов ватидал, цIакъго ургъаликье ккана гьав. БукIине бегьулеб жо гурин гIажаиблъарав Мирза, цин Сакина-кIодохъе щвана гьеб бицине.

Хехго жаваб кьолеб суал гьеб букIинчIелъул, Мирзал хабаралдаса хадуй хIал хисун, ккарай Сакина-кIодо, цин жиндирго как-диналде юссана.

Щиб абилебали чара тIагIарай гьалъие маслигIаталъе цебе чIана доб «Чодулав чIварав Мусал» къиса.

Сакина-кIодоца хIисаб гьабулеб букIана гьадин.

— Цо лъагIелалда жаниб лъабго моцI гурони гьоркьоб гьечIого, кирпичги кьабун чиядасан хвана Нурбикал вас, ва жиндирго машинаги гъоркье ун, хун вачIана гьелъул вацасул вас. Гьел рукIана гьитIинаб гIумруялъул гIолохъанал васал. Гьеб бу-го кIудияб къварилъи. Вацасул васас гIарацги кьун вас чIвай лъайдал, гьев хварав вас кIоченабулеб цIияб къварилъи Нурбикаде бачIина. Гьебгийищха дир васас гьабун букIарабилан, яцалъукьа нечон,

васас гьабун батараб нахъегIанаб хIалихьатаб ишалдаса, эменги ракI бихъун хвезеги бегьула. Яцалъул яс сабалъунищха вацасул васас дир вас чIваравин, гьезда гьоркьоб кIудияб тущманлъи багъарила. Айзана жиндие ячIинчIин квеш букIун, гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул хал гьабичIого, вацасул васас гьабураб нахъегIанаб иш тIатин, гьеб буго доб тухумалде гьоркьобе бачIине бугеб питна.

— Мирза, дир вас, — ян абуна кIодо-эбелалъ, гIемерал хIисабаздаса хадуб. — Мун витIун вукIана, гьеб къварагIел гьечIеб квешлъиялде гьоркьове лъугьун щайин доб мехалъго ракIалде ккарав. Дунги йитIун йикIана, Айзанал бетIергьанчи чIварав чи вукIин лъан, хадуб гьев щивин лъазе бокьарай. Нилъеда гьеб кинабго лъана. Нилъер намус бацIадго буго. Хал гьабураб мехалъ, гьеб загьро тIинкIани тIири щоларев чи дида ватичIо. Нилъеца тамихI лъие гьабилеб, гIайибиясе тамихI Аллагьасго гьабун, хIукму къотIун тIобан бугеб мехалъ? Гьев ч1варалъухъ г1арац босарав чиги, жужахI бичун босарав гъарин ккола. Аллагьас жинцаго гьабила нилъеда хъвачIого гьесие тамихI.

Гьелда тIаде, гьел васазде хъварабг1адин, тIаде ракь хъвай дуца, дов ахихъан МусалгIадин гIадин, дурго гIумродул зазил гъветIалда тIегь бижизе.

Гьениб цо къварагIел гьечIеб жо букIин бичIчIун букIана Мирзадаги. Гьедин гьикъарабги

букIана Сакина-кIодода. Гьелъул хIукмуялда цIакъ ракI рекъана Мирзал. Жинцаго кIодода гьикъиял-даса воххунги вукIана гьев.

Доб къоялъ ккарабщинаб кIодода бицунеб мехалъ, гьеб къватIиб чIвазабуралъухъ дие тIадегIанаб цIарцин щвезе бегьулин абун букIана гьас. Гьанже, гьеб балъго цIунизе кIолеб къагIидалда бачине кIваралъухъ, жиндиего кьолеб букIана Мирзаца гьеб кIудияб цIар.

35.

Гьелдаса хадуб г1емер заманго инч1ого, Айзана ясгун эбелалъ жидирго рокъое росолъе ячана.

Гьей росулъе ячIун хадуб гIадамал, балагье, жеги росасе кьезе гIечIей ясалъул къараб талихIан, гьелъул бицунел рукIунаан.

Лъимер гьабизегIан, инсул цIар лъезе вас щвелин хьулалда йик1унаан Айзана. Яс гьайидал, жиндирго ракIалъ Сакина абураб цIар лъезе къотIана гьалъ. ГIемер жиндиего йокьулей йикIиналъ, Мирзал эбелалъул цIар ясалде ахIизе щвей букIана гьелъие гьаже талихIаблъун. Жиндирго ц1ар ясалде лъунин раг1индал гъаркь бук1араб гьуинлъи ц1илъун гьелда рак1 бух1ун йик1унаан Сакина-к1одоги.

Айзанахъ балагьун Сакинада НухIигун жийго хутIараб куц ракIалде щолаан. ГIамалалъул бер-

цинлъиялъ берцин гьабун букIана гьелъул пуланлъи. ХIалтIудаса Мирза росулъе вачIиндал гьей рокъоса къватIие яхъунароан. ЧIварав росасде хъвараб гIадин жиндиргоги тIалихIалде тIаде ракь хъван бугин кколаан гьелъул гъаримлъиялда балагьун.

ГIакъилай, гIемер къварилъи къулчIарай Сакинал таваккал гIуна, Мирзада Айзана ячине разилъеян абин гьесул х1ал бихьизе

— Дуцаги къоло щуго сон балеб буго цогидай Айзана ятуларого, — ян абуна Сакина-кIодоца гьесда. — Диеги, Аллагьас хъван батани, гьанже кьезе тун букIун батила гьитIинаб талихI. Дирго цIар лъурай Айзанал ясги хьихьизе щун, дидаго эбелин абизе гьелда малъизе… Цо лъикIлъи батила гьениб.

— Айзанаги, мун вокьичIого, мекъе ккечIо, — ян абуна цIидасан Сакина-кIодоца. — Гьениб нилъеда, яги гьелда бараб жо букIунаро. Гьеб буго Аллагьасул хIукму, согIал гIумроялъул къисматалъул сверабазул балъголъи.

Мирзада гьеб бегьулеб жойин ккунцин букIинчIо, амма цойги батIаяй яс йокьиги ракIалдаги букIинчIо.

Мирза разилъун хадуб, гьеб ригьин гьабизе санагIатаб къагIида балагьулей йикIана Сакина. Гьес, жинцаго абейин абизе, бетIергьанчи хварай

чIужуялде цIидасан къасд ккун бугин Мирзалин рагIинеги ракIалъе гIолеб букIинчIо гьелъие.

Рамазан моцI букIана гьеб. Сакинада рагIана Москваялдаса Нурбика росулъе ячIун йигин. ЛъикIаб-квешаб бичIчIулей, магIна бугей гIадан йикIана Нурбика.

Сакинал хIукмо ккана, Мирзал хIакъалъулълъ бицен, Айзанал эбелалъулгун гуреб, Нурбикалгун гьабизе.

ГIемер тIаде гъоркье ун йихьичIониги, щибго абизе гьелъукьа хIинкъулареб, цо батIаяб рокьи букIана Сакинал Нурбикадехун.

ХIисабал гьарун ругьунай Сакина гьанжеги лъугьана хIисабазде гъорлъе.

— ГьитIинай гIаданги йигелъул, нагагь Айзана рукъалде ине ккани дуеги захIмалъизе буго, — ян цин рокъой жиндиего бицун, гьелде абулеб куц къачIалей йикIана Сакина. — ИнчIого, рокъой чIчIеялдаса лъугьине жоги гьечIо. Дуеги, гьей чияр гурелъул, яцалъул яс лъидал, кидаго гьелъухъ балагьун ракI бухIун йикIине бигьа дуеги букIинаро. Лъимал разилъани, Аллагьасги, гIадамазги лъикIаблъун рикIкIун, лъималазе талихI кьун, нилъее кIиязего кири щвела. Гьеб дида бихьараб цIакъ захIматаб къварилъи буго. Мун разилъани, дирго цIар лъурай гьей ясги дицаго хьихьила, гIемер гьей яс йокьиялъ гьейги гьоркьоса яхъулей йикIинчIо Сакинаца.

МаркIачIул мех букIана гьеб. Сакинада лъалаан Нурбикалги, Айзанал эбелалъулги минаби цого азбаралда рукIин. Сакинаца кIутIана канлъи бугеб гордода. Айзанал эбелалъул гъоя гьалда ратана Нурбикаги цойги мадугьалги.

Цудагьай гьелгун хабар -кIалалдаги йикIун, Москваялдаса ячIарай Нурбикаде щвезе жийго ячIарайлъун гьабун, щибго жо абизе санагIатги ккечIого Сакина, рокъое ине тIаде яхъана.

Гьей нухарегIизе яхъарай Нурбикаца, цо хIажалъи бугеб гIадин, нижер дое илъинарищин абун, Сакина азбаралдаго бугеб жиндирго рокъое ячана.

Жание лъугьун кIалъай-калам халат гьабичIого гIедегIана Сакина, Айзанал цIар бахъун, жийго щиб къварагIелалъ ячIараяли бицине.

— Мирзаги дие чияр чи гьечIо. — ян абуна Нурбикаца. — Айзана — яцалъул яс ятани, Мирза — эбелалъул яцалъул вас вуго дие. Гьелъул бицине къваригIун, киндай мун йихьелейин йикIана дун.

Гьелъ жиндирго мурад бицинегIан кIалъачIого чIезе кьечIин Алагьас сабруян, ракIалде ккана Сакинада.

Нурбикал бицине гьемераб жо букIин бичIчIана гьалда, тIаса кIазги бахъун магиялда гьей берцинго гIодокIиндал.

Лъабабилеб сордо

— Эмен хвараб соналъ дица эбел дидаго аскIое Москваялде ячана. Гьелъие дагьаб ургъелги бигьалъизе хъулухъги гьабилин, щиб унтун батаниги даруги гьабилин, — ян абун, Мирзаги Айзанаги гъорлъ гьечIеб жо Сакинае бицине лъугьана Нурбика. — Гьение щун дагьал къоял рахъараб заман букIана гьеб.

Цо къоялъ, хIалтIудаса ячIун рокъое жание лъугьунаго, дида лъана эбел гIемер гIодун къваридго йикIин. Эмен ракIалде щун гIодун ятилин, дица гьелда щибго жо гьикъичIо. Гьалеха, течIо дун гьание ячинчIого, — ян абуна эбелалъ. — Гьадин ккезе букIин лъанго букIанин. Эмен хун хадуйниги гьелъухъе щвезе ине бокьун букIараб куцин. ХIетIго бухьана, хваяй дунин, — анги абун дагьайги гIодизе лъугьана эбел, жийго къварид йикIин лъаниги дун кIалъачIого чIарай мехалъ. Вай, пакъир, унтун йигинцин рагIичIо, тIаса лъугьайинцин абизе щвечIо, щай дун дур инсухъ гIенеккарайин, чвахун магIугун, гIодулей йикIана гьей.

Киданиги, щив хваниги, гьедин эбел гIодулей, дида йихьун йикIинчIо. Бице, щиб ккарабалийилан, дица гьелъие лъим кьолеб букIана. Цинги, рокъой кумек гьабулей гIадамалъ абуна, нужер

росулъа цо гIадан ячIун йикIанин. Гьелъ Сакинал эбел хванин абидал, гьелдаса тIокIай чIечIого гIодилей йигин.

Дагьай гIодое йичарай мехалъ эбелалъ бицана дида, мунги гъойги рахьдал яцал ругин. Жий гьаюраб мехалъ бакъул унтиялъ кутакалда унтун, хвалде ккун йикIун йигила жиндир эбел. Рахьги гьечIогун, хвезехъин йикIун йигила жийги. Цинги, росулъ лъимер гьабурав чиго гьечIищан цIехедал, нужер эбел ячIун йиго ячун. МоцIгIан заманаялъ, эбелалъе мадар лъугьинегIан, гьелъ хьихьун гIурай йикIанила жий. Гьедин, нижер эбелалъ бицухъе, мунги гъойги рахьдал яцал руго. Цо нухалъ хаханицин вас-яс ругони, рахьдал вац-яцин ригьин гьабизе хIарамаб буго шаргIалда. Нижер эбелги мунги цого заманаялда гьарурал, кIицадахъ гьаруралгIан, цIакъго гIагарал ругин абуна гьелъ. ГIадатияй гурей, батIияй, гIакъилай, гIамал берцинай гIадан йикIанила нужер эбел. Гьелъул керен хахун гIурай йикIиналъ, лъималазда гъорлъ цIодорай, цIализеги лъикIай, гъолда релълъарай лъугьанин жийгиян абулаанила гIагарлъиялъ. Гьеб бицаралдаса дун йикIунаан мун йихьизе бокьун. Заман гIолароха нилъее лъикIлъиялъе.

— ГьадагIан чи гьечIел ниж! Дида щайха эбелалъ гьеб кинабго бицинчIеб? — Нурбикаца бицараб уяб батизе бокьиялъ, каркарун бералгун гьелъухъ балагьана Сакина.

— Дицаги кьуна эбелалъе гьебго суал, — ан абуна Нурбикаца. — Ниж дагьал кIудиял гIураб заманалъ, жиндие балагьалъе гIадин, кисаяли лъалареб цо гьой бачIун букIанила росулъе. Цинги гъоб гьой, ракьа-гьан гIемер букIунеб бакIалде нужер гъобе хьвадун, бекьараб хуриб гебегун, рагъиде бачIун, тIарс, лъим бегизабун, цIакъ санагIат бахъи гьабулеб букIанин, бицана эбелалъ. Гьеб гьоялда гьабизе жо тIагIарав нужер инсуца, гьелъие кьезе загьро балагьеян тIад къан буго дир кIудияв инсуда. Балагьун бачIараб гьеб загьро, дир эбелелъухъе кьун буго инсуца.

Радал-бакъанида гьоркьо-гьокьоб, тIехалде гьоцIоги жобан кванай, букIун буго гьезие даимлъараб квенлъун. Гьеб къоялъ тIех буцизе цIалкIараб тIахьтIиялде цудагьаб нахги жубан, гъоб гьоялъе кьезе букIараб загьро гъорлъеги тIун къачIан букIанила жинца. Гьелъие загьроги кьун жиндиего цIар-рец къваригIун йикIунги ятила гьей. Гъоб гьой, кигIан сверданиги доб къоялъ батун гьечIо. БачIиндал кьезе, азбаралъубго тараб суркIа кIочон буго гьелда. Гьеб бицунеб мехалъ, бихьулеб букIана эбелалъухъа цо кIочонареб гъалатI ккун букIин.

Кутакалда чIахIиял, лъикIал гIачи рукIанила нужер. Рехъадаса рачIун азбаралъуре лъугьараб кIиго гIака хун буго. Гьойги хвечIого батараб мехалъ, загьро жаниб букIараб гъадароги чIобого ба-

тун, лъаларищха щай гIачи хваралали. Нужор эмен хехав, кьогIав вукIанин абуна эбелалъ. Щиб ккарабин, вачIунев жиндир инсуда кьабунин, нагIана батадинги абун. КIудияв эменги гъодинаб жо квеш бихьулев чи вукIана. Жиндие нагIанаги кьунин, щиб кканиги жинде квер борхизеги бегьулароанин, тIокIав нужер гъове нижер кIудияв инчIила. Ун ятани, гьеб къоялъго рокъое йитIилин, эбелалдаги лъазабунила.

Гьедин ккечIебани, цере ниж рукIарал берцинин, абуна эбелалъ. Цояца гьабураб квен цоязе кьечIого кунароанин, кIиязего, рахьдал яцалин, релълъараб гурони ретIелги босулароанин…

— Гьедин лъикI гьуинги рукIиндал, маслигIат гьабулев чигойищха гьезда гьоркьов вахъинчIев? — ан чIезе кIвечIого, бицунелда гьоркьой кIалъана Сакина.

— Дица гьикъичIо. Амма, эбелалъ бицунаан, цебе умумузул заманаялдаго, гьезул ккун букIун буго гьединабго къваригIел гьечIеб жо. Гьебги ракIалде щвезе гьабун, квешезе гьабураб жо гIадин гьоркьор мацIихъабиги кIалъан, гьениб рекъел бачIун гьечIо. Щиб-кинин абизе нижги хIинкъун, гьедин гьоркьоб бакI батIалъун хутIанин, абулаан эбелалъ.

Цодагьаб заманалъ кIияйго гIадан кIалъачIого, жиде-жидер ургъалида рукIана.

— Айзанаца ясалде Сакина абун, дур цIар лъеядаса дун йоххана, — ян абуна Нурбикаца, доб цебе жинцаго бай бихьараб лъугьа-бахъин бицине бокьичIеб гIадин. — Гьеб дир эбелалъулгун кIи бикьараб цIар бугелъул.

— КIи бикьун цIар кIигьаруразде гурищ лъолеб, — ан гIажаибго йохун кIалъана Сакина.

— У-ха. Нижер эбелалъул цIар Сия букIинчIищ, Сия-Сакина букIине Аллагьасго рекъезабун лъураб букIанин абулаан эбелалъ. Гьанже нилъер цогIагиязул эбелги гьечIелъул, дида ккун букIана дуда абун телин... Дун цо лъабго къоялдасан, рузман къоялъ гьел васазул хабадеги ун, рокъое Москваялде тIад юссине йиго, — ян абуна Нурбикаца.

Гьел васазул хабаде яхинейин абидал, Сакина гIодое ялагьун чIчIана. Гьелда ботIролъе бачIана, доб Мирзаца бицараб хабаралъул ккарабщинаб.

— Дуца диде абухъе, гьел лъимал разилъани, дир тIокIав васги гьечIо, дица ахIарал мехалъ гьел дихъе Москаваялде ритIе, — ян К1алъана ц1идасан Нурбика — Гьеб букIана дие дуда гьаризе бокьараб жо. Ясалдаги дуца, дур цIар лъурай йигелъул, дуего бокьараб гьабе. Алагьас кьуни, щвелеб батила диеги дирго васасул цIар лъурав вас кодов кквезе. Киназул кинахъ бугониги щиб гьеб талихI? Дуе яс щун, дие вас щун — гьел руго нилъер лъимал. Гьелъул бицине нилъ тIокIал рихьиларо. Мун лъикIлъи

босун сабабалъе Алагьас йитIун ятила. Дида букIараб ургъел, киндай мун йихьилаян. Гьел лъималазул цебе букIараб гьоркьоблъи лъаралдасаги, гьелда тIад ургъулей, кин гьеб абилебали лъаларого йикIана дун. Мирзадеги абе дуца, гIагарлъи бугин гьабуни букIунеб жойин, Нурбикаги йигин дур рахьдал ункъгIалин.

— Гьалеха, цо-цо дица мунагь гьабулаан, дуда гьеб цебего лъалеб букIарабинги ккун, — ян рогьинехъин бугин, сагIтихъ балагьана Сакина гьеб цIи гьабизего бокьичIого.

ХутIараб заман гьезул ана, Нурбикал васасул лъикIал гIамалазул, гьесул гIумроялде букIараб анищалъул, Айзана лъимадае йикIиналдасан гьев вукIарав вохиялъул бицун.

АхIмадил тIоцее ячарай чIужуялъул доба рогьараб гIадаб, пашманлъи-рохел жубараб, цIар лъезе лъалареб, гIажаибаб сордо букIана гьеб.

Как базе рокъоего ина дунин, яхъана тIаде Сакина-кIодо. РатIалъулелъул гьез, цоцада къвалалги ран къулчIулеб букIана пикрабазулги, ургъалабазулги, хиялазулги цIураб къулгIа. ГIемер цоцаца данде къаялъ, гьазул букIана, гьел хIасратал эбелаз керен хахараб рахь цоцазул рекIел бидулъе жанибе чвахун унеб гьаракь гIинда рагIунеб гIадаб асар.

РатIалъана гьал щибниги жо абичIого.

— Дун йикIунаан, дун цIакъай чIужу йиго, — жиндиего абулей йикIана рокъое унаго нухасан Са-

кина-кIодоца. — Киназего рекъезеги гьабулей, бихьарабщиналда щукроги лъолей, лъикIаб-квешаб жанибеги бачуней, гIакъло бугей гIадан йигин дун абун Амма, гьай Нурбика, лъик1лъиялъе гIемераб манзилалъ дидаса цеегIан йикIун йиго.

36.

Лъималазда, я Айзанал эбелалда бицун, гьабизе бугеб ригьиналъул хабар Нурбикада рагIинабизе Сакина гIедегIичIо. Гьелда лъалаан, васасул йикIарай чIужу чияе инейин бицараб хабар рагIинчIого гьоркьоб заман ани, лъикI букIунеблъиги. Щайдай гьабулеб гьечIоян, Нурбикада анищ ракIалде бачIинегIан тани, гьелъие гьеб къварилъи бигьалъизе бугеблъиги.

Айзанал эбел кинабго жо Нурбикаде т1амун тарай г1адан йик1ана. Гьаюрай ясалдасан йохун гурони гьелъие бат1ияб талих1 бук1ине гьеч1ин кколаан гьелда. Нурбикал рак1 бакъвазабун, васасул ясалда бат1ияв эмен вихьизавизе, цоги гьелъул бук1иниселдеги нуц1а щулаго къан бук1унуна эбелалъ.

Айзанал эбелалъул бук1ана гьеб къоялъ хуриса бак1арун т1орщел рокъобе баччулеб гвай (болхъа). Сакина-к1одол бук1ана, жедергоги хурракь г1емер бугелъул, х1алт1изе хьихьараб, росолъго бищун лъик1аб х1ама.

Москваялдаса яч1арай Нурбикаде щвезе яч1аралдаса йихьулаго гьеч1ин, гьейги йихьизе, гьеб торщел баччизе х1ама биччайинги абизе Айзанал эбел ана Сакина-к1одохъе. Дунгоги яч1инаян, абуна гьалъ, комек гьабич1ониги кваназениги йик1инин, гьелъул рак1 батизе махсароги гьабуна .

Хадуб щиб гьикъилебали лъаларей Сакинаца, макьилъг1аги вихьич1ищин дурцан, гьев рак1алде щвезавуна. Дуда гьеб бицинейин йик1анаян, цо лъик1аб жо гьелъ рак1алде щвезабураб г1адин, йохана гьей. Берцин рет1а-къан, цо лъаларел лъик1ал г1адамалгун вугоанин абуна гьев. Дица гьесда аск1ов гьеч1елъул, вацасул вас кив вугев, гьев вихьуларищин гьикъана–ян, абуна Айзанал эбелалъ. Вихьич1оинги абун, гьес дида бихьизе гьабуна гьоц1оялда гъорлъ наялги бугеб ц1орол ящик1, ясалъе босеинги абун. Айзанае талих1 кьезе батайгийин къот1ун гурони гьелде бат1ияб жо абизе Сакина-к1одо х1инкъана, Нурбикаца гьелда щибго бицун гьеч1еблъиги бич1ун .

Гьей ун хадуб йик1ана, чанги къисматал сук1араб жиндирго рак1алда гьикъун, гьеб макьо бат1а бат1айиса къот1улей.

37.

ГьитIинай Сакиница лъагIелгун бащдаб бан хадуб, Алагьасул къадар къотIуде щун бачIана Мирзалги Айзаналги данделъулеб къо. Амма, кигIан жиндиего анищлъун букIаниги, ХIосениеги Абакариеги гIадинаб бертин Мирзае гьабизе Сакина разилъичIо. Айзанал эбелалъул рокъобе, элъие цIар чIвараб чумаданги битIичIого, цойгидал нусабазе кьураб щибго батIалъи гьечIеб хъалим, кьуна СакIина-к1одоца бертадул къоялъ. Гьеб букIана бищун Сакинал гIакъло-адаблъун рикIкIин гьеб бичIчIулеца. БахIарай ячун рачIарал Айзанал гIагаралъи кIодо гьарун сайгъаталги кьуна.

Цого-цо, зурма-къали гьечIолъи гурони, камураб жо гьечIого, кинабго кколеб къагIидаялда букIана Сакинаца чIчIезабун.

НухIие чIужу ячуней мехалъгIадинаб дандеруссин букIана гьеб. Лъималазул мурад тIубай роххи бихьун, кванач1ониги гIорцIун, релъичIониги йохун, рокьаразе рокьарал щун мурад тIобана Сакинал.

«Цоял талихIалъулъ лъедолелин» абун, жинцаго анищ гьабулей йикIиндал, гьей жиндирго цIарги лъурай ясги щун, талихIалъулъ лъедолей йикIана гьанже Сакина-кIодо. Хадуй кIудияй гIарай мехалъ жийго хьихьизе, жиндирго бакIалда тезеги,

цIияй Сакинада тIад къалеб жо гIемерлъун, йохизе рес щвана гьелъие.

Халисатин абуни, бищунго талихIайлъун йикIана Аликица жив эмен вукIине вугин бициналъ.

ХIосенги Асяги, Ибрагьимица гьезие Черкескиялда сайгъат гьабураб секциялде рахъун берцинаб магIишат гьабизе лъугьана.

Киг1ан Нурбикае бокьаниги, гьение Мирзаги вачун Масквяялде т1ад юсун ине Айзана разилъич1о.

Щиб кканиги, гьезул карабщинаб лъалеб бук1индал, Сакина-к1одоеги Мирза гьениве ун гьезул вацалгун жовазе вокьич1о. Нурбикал рак1 бохxунги бук1ине, Айзанал эбелалъулгун цадахъ бугеб рокъоре рахъана гьел.

Абакарги ГIатигатги Сакина жийго жаний йикIараб минаялъур рук1ана.

Цойги Сакинал ракI парахалъараб жо букIана, Зубаржатица бачIараб кагъаталда, жиндие вас гьавунин хъвалеб букIин. Дур гIадаб гIумроялда, васцин гьавизе бегьулин дуцайин, жинцаго абун букIараб ракIалдеги щун, гьеб унгояблъун лъугьиндал ракI бохун йикIана гьай.

РитIухълъи берцинай Сакинаца, кинабго бихьарабщиналда гьоркьоб жиндиего бокьулеб гуреб, букIине кколеб битIухълъи хIалтIизабидал, гьоркьоса нахъе къотIун ана къисматалъул согIлъаби.

2 тIехь

КЪИСМАТАЛЪУЛ СВЕРАБИ

1.

ГIисин ккун балеб букIана цIад. Лъел къатIраби машинаялъул цIералдаги речIчIун, гьелда цере ккезе рекерулел ругин кколеб букIана, хIинкъадго кIичI-кIичIарал нухлул сверабазде балагьун хиялазда йигей Зубаржатида.

— Къварилъиялъ гIадан хехъо хисула. Роххел, къварилъи гIадин, гIедегIуларо гIадан хисизавизе. Дие гьанже щвараб талихIалда рекъон гIумро хисани, чан сон барай гIадай гIадандай дун йикIинаан, — ан пикраби гьарулей йикIана, ГIумарасхIабгун тIоцобесеб нухалъ росолъе ячIуней Зубаржат.

— КIодо йикIунаан, нахъа талихI кьуразул рас нахъаса халатаб букIунин. Дие кьураб талихIалда рекъон бижани, нахъасан хадур рехъерхъун халатаб расгун киндай гьел рукIинаан, — абун жиндиего рокьулел гъалазул халалъи цере чIезарулел йикIана гьей.

МугIрузде нахъе тIерхьун унеб бакъ сун унеб, гьелъул канлъи циндаго гвангъун бачIиндал, хияладзаса тIуркIун ячIана Зубаржат.

— Балагье, балагье, нур чIун. ГIажаибаб, батIи-батIияб кьералъул къанагIатаб нуралъул хIубиялъ зоб кIихIи бикьизабун бугеб куц. Вай, Аллагь, балагье гьелъул берцинлъи! Нилъее баракат босун бачIараб батайги. ГIумарасхIаб, чIезабе

машина, АхIмадин къватIиве вачине. Гьесда тIоцобе бихьулеб буго гьеб нуралъул кунчIи.

Жийгойин абуни, кверал ги цере ккун дугIа гьабизе, Аллагьасде гьардезе лъугьана.

— Дир хварай эбел ячIинаро гьарун, тIокIаб щиб гьарилеб: васасе гIумру кьеги. Аллагь, Аллагь, дуда щибго гьаризе гьанже дун нечон йиго. Кье, Аллагь, дуца дие гIакълу. Цо гIадалаб хвелалъ хвезе йигей гIадин, дун хIинкъун йигей куц, — ан нуралдехун ялагьун цохIого жо гьарулеб букIана гьелъ.

Мунагьалъе гIечIев АхIмадиница «амминин» абуни, гьеб къабуллъизе бегьулин, Зубаржат гьесда кверал цере кквезе малъизе лъугьана.

2.

Зобги нурги к1иябго бихьулелъул, гьеб заманаялда рокъой Сакина-кIодоги йикIана гьитIинай Сакинада абулей:

— Дуда тIоцебе бихьулеб буго гьеб тIабигIаталъул гIаламат. Дур гIумруялъул нух гьеб нуралъул кунчIиялъ гвангъизабулеб батайги. Мун берцин тIобазегIан гIумру диеги батайги, — ян абун, Аллагьасде гьардолей.

Гьеб нур бихьигун ракIалде щвезе жо гIемераб букIиндал, гьел пикрабаздаса хадуй заманаялъ цо гьаглъарай чIужу гIадин йикIана Сакина-к1одо.

Кьижизе рокъое яхъине кIвахIаллъун, рагьда букIараб мангиялда гъапуллъун кколей йикIана гьей. Макьилъ вихьун вачIана Сахратил эмен:

— Дур дугIа-гьари щвана. Амма гьей Сакина гуро, Сакинат йиго.

Гьев чиясул сурат, пунцIараб шар гIадинаб «ти» хIарп лъугьун, цебеса тIагIун ана.

РакIалъ къотIухъе, битIун кколаан Сакинае макьу. Эбелалъ къуръаналъулгIан къимат гьабейин васигат гьабун тараб «Къисматалъул аманат» абураб тIехьалда гьикъичIеб жоги Сакинаца гьабулароан. Гьеб тIехь букIунаан гьитIинаб багIараб гъултухъалда. Т1ехь рагьарабго батана Сакина-к1одода жиндиего къваригIараб бакI. Гьеб букIана, эбел жийго макьу къотIизе гьев индал, элъие дибирас бицараб хабар.

3.

ГIияхъанасда цеве хIалтIулев вукIун вуго эбел-эмен гьечIев бесдалав. ГIи тIаса ками ккечIо-го цIунун, кьагIи кIи-кIи гьарурал гIиял ратIа хьихьун, гьесул хIаракаталда цIакъго рази вукIана гIиязул бетIергьан. Гьелда гIажаиблъарав гьес гьикъула гIолиласда:

— ГьадагIан лъикIав мун, дов цIаказул лакай гьабулес хIалтIудаса нахъе щай къотIарав?

— Дида цо гIажаибиб макьу бихьун букIана. Дица гьеб бицинчIелъул, гьеб сабаблъун къотIана дун нахъе, — ян кковухъе бицана гIолилас.

— Дидагийищха дуца гьеб бицинареб? — ан гьикъана гIиязул бетIергьанас.

— Дудаги бицинаро.

ХIалтIаралъухъ кьолеб гIарац цIикIкIун кьелин абуниги, хIалтIудаса нахъе рехилин абуниги гьес макьу бицунгуртIи бичIчIарав гIиязул бетIергьанас, ццим бахъун, жиндиего квеш кканиги, нахъе къотIула гьев гIолилав.

Гьединго цоги-цоги бакI-бакIги хисун, хIалтIи гьечIого вукIарав гьев, цо херав ахихъанас жиндирго ах лъалъазе вачуна. ЦIакъ бокьулаан гIолиласе хурул хIалтIи. ТIаде цIиял ахал гьарун, батIи батIиял пихъил гъутIби ч1чIун, гьев ахихъанасцин жо гьикъулевлъун лъугьана. ЛъикIаб-квещаб рокъоб гьабизе ккарабги гьесда данд бачIого гьабулароан ахихъанас.

Цо къоялъ гIолиласда ракIалда ккола, щибго гьес гьикъулеб гьечIелъул, щибун гьас абулаян, жинда бихьараб цо гIажаибаб макьуйин абизе.

— ЦIакъ лъикIха, дир вас. РакIалъ къотIухъе мурад тIубайги, лъикIалъе-рохалиеги батайги, — ян абула ахихъанас, макьуги бицейин, щиб дуда макьилъ бихьарабинги гьикъичIого.

ХIикмалъун хутIарав гIолилас жиндаго бихьухъе гьеб макьу ахихъанасда бицуна: дунго

ханлъун вахъун вихьанин, ва ханасул ясги ячанин, гьелъул берцинлъиялъ диде бецлъиледухъ бакъ речIчIун ворчIизавунги бихьанин.

Ахихъанас гIолилав, кверги ккун, жиндирго яс йигеб хъалаялъуве тIаде вахинавула:

— Гьалеха дуе дир ясги, гьаб дир ханлъиги, мунги, дир вас, — ан абун, макьуялъул ахир гьас ракIалъ къотIухъе лъугьуна.

4.

Сакинада, гьеб хабар цIалун хадуб ракIалде ккана:

— ГьитIинай Сакинада Сакинатин цIар хисила дица. Хвараз лъураб цIар талихIаб букIуна, — ян къотIана гьалъ жиндирго макьу.

ГIадамаздаги лъан букIине, эбел-лъималги кванде ахIун, кIудияй йигониги, гIинзунибе цIарги ахIун ракI парахалъулеб берцинлъи гьабуна кIодоца. Ясалъе жиндиего цIакъ бокьана гьеб цIияб цIар. Цо лъаларев чияс Сакинайин абуни, «Дун Сакина гуро, Сакинат йиго», — ин абулаан.

Жиде-жидер рукъазде васасул лъималги руссун, гьитIинай Сакинатгун хутIиялъ, гьитIинго рос АхIмадги хун, НухIигун жийго хутIараб гIумруялъул гIаданлъун йихьулей йикIана гьанже Сакина-кIодо жийго жиндаго.

Зубаржат ракIалде щванщинахъе, гьелдехун букIараб рекIелгъей камун, кин йикIинеяли лъаларого йикIунаан. Цо-цо ракI чучизе чи хIажалъидал, кочIол рагIабиги абун, гIисинаб бакъаналъ гьел рикIкIунейги йикIунаан.

Гьаб кванирукъалъул
Къварилъи бихьун,
Дуе щвараб талихI
ХIалаллъиладай.

ЧIабтIи кIкIалахъе ун
Халтаги бетIун,
ЦIурачадал квинчIин
Мун аралдаса.

Дуда гIайиб гьечIеб
ГIузродул гъалай
Дир гъаримлъиялъе
ГъалатIлъун ккана.

ХIанчIчIи-кIкIалахъ хурзал
ЧIарай хутIана
ГIедераб дур квали
Камуралдаса.

Копое кьурдизе
Къолой кьабулеб

Жеги магI хисичIо
Резил тIарсица.

Ахбазан бакъвалел
Къанада гъоркьан
ЧIахI-хер буго баккун
Хухал гIорцIулеб.

Хварал умумузул
ГIарз буго бачIун
Нижер гьаб каникул
Кида лъунебин.

Дур бахъухъалъул махI
ХIалада лъандай,
ХIажатго гьечIого
Дица гьукъараб.

КвегIаб-кваранаб квер
Бижарав Аллагь,
Дие кьуни лъие
Камулеб талихI?

Дуе щвеялдаса
Дун йохун йигин,
Ккараб бицине мун
Кида йихьулей.

Гьеб дур гIамалалда
ГIамал релълъарай,
ГIадан ялагьулей
Дида бугеб къо.

Щибаб сентябер моцI
ЦIилъулеб мехалъ,
ГьитIинай Сакинат
Куцазе кьезе.

Сакинада киданиги ракIалда ккелароан ГIумарасхIабги Зубаржатги васгун жиндихъего гьоболлъухъ рачIине рукIинги, гьеб лахIзаталда гьел нухда рукIинги.

5.

Нухлул рагIалда бугеб тIегь-хер гIемераб гъутIбузул рагIдукь свак чучун, хIалхьи гьабизе чIчIезабуна ГIумарасхIабица машина.

АхIмадинида дуе кваназе бокьун бугищин Зубаржатица гьикъидал, дицаги кванала, росе дур-го хинкIалинги абун, ГIумарасхIаб биччараб харда тIад, квачайдал нахъа базе босараб Зубаржатил биццатаб кIаз тIамизе лъугьана.

Чабахалда гъорлъан хер баккараб бакI букIана гьеб. АхIмадин вукIана гьениса гIисинал

чIинхал рищун жиндирго тамахал гьитIинал кверазда жанир лъолев.

Гьес кодоре росарал чIимихазда гъорлъан цо гьитIинаб чIимих билъун ун, квердаса гIодобе хъахIаб лъим чвахизе лъугьана. Биччараб херал гьесул кверал бугеб хъахIаб ракьалъул хIарщ нахъе бацIцIине лъугьана Зубаржат.

— ГIумарасхIаб, балагье гьаб ракьалъул хъахIлъи. СиногIадин рекIун, ине гьабизецин кIолеб гьечIо. Лъим буго дица гьекъезе хIажалъаниян босараб. ТIаса лъугьа, босун вачIинарищ? Гьаб цощинаб квешаб жо батизе гурин хIинкъун йиго дун.

АхIмадинил квер чуричIого биччазе хIинкъун, кковухъе тун букIана Зубаржатица гьев вачIинегIан.

Кверал даса хъахIаб синогIадаб ракь чурулаго ГIумарасхIабида цебе бачIана доб дебурукъ. Дебурукъин абулаан доб мехалъ рукъ хъахIгьабизе бахине хъахIаб ракь бахъулеб бакIалде.

Росулъго цIар бугей, яцIцIадай гIадан йикIана Зубаржатил эбел. Гьениса ракь босун бахун, хъахI гьабун чIезабун букIунаан рокъоб гьелъ цIад щолареб бакIалда бугеб азбар-къоноцин.

ГIумарасхIабица, тIагIине гурин, тIеренго тIолеб букIараб лъим, кверго чурун бахъинчIого пикрабазда жинцаго щиб гьабулеб бугебалицин лъачIого, гIодоб лъуна. Гьев пикрабалъ вукIин

бичIчIарай Зубаржат, бацIцIад гьабун кверги чурун гьеб бацIине лъугьана.

— Вай, жиндир мунагьал чураяй, гьанже нилъ рихьизе йикIарайани, рекIел мурад тIубан кигIандай йоххун йикIинаан дур эбел, — ан абуна Г1умарасхIабица.

— Дир эбел я? — ян гIажаиблъана Зубаржат.

— У. ГьитIинав мехалъ букIараб жо кIочонаро. Вокьулаан дун ножор эбелалъе. Гьедин батила, щиб кканиги, дирги гъолдехун букIараб рокьи тIагIунареб.

Эбел ракIалде щвезаюн, гьелъул ракI бакъвазе бугин ракIалдеги ккун, ГIумарасхIабица абуна:

— ТIасалъугьа, дун гIабдал, ракIалде ккараккараб бицунев вукIуна!

— ГIабдал щай мун вукIунев, дир эбел ракIалде щун ватани? Дие эбелалъул бицунев чи щвани, дун йоххула. Бице-бице, дир эбелалъегийищ мун вокьулев вукIарав?

— Жакъа гIадин цебе буго дида доб къо, — ян бицине лъугьана ГIумарасхIаб. — Дун школалдаса вачIун, тетрадалги, тIахьалги жанир лъураб хамил гьабураб таргьаги мангиялде рехун, квен балагьулев вукIана. ГIодилаго жание ячIун эбелалъ, гьуя-гьуяйинги абун, мангиялда букIараб палас цIан бахъана. Квенги кIочон дунги хадув вахъана. Щиб ккарабин гьикъизе заман гьениб букIинчIо. Хадуб, сихIкъотIидал, дун цIидасан

кванилрокъове лъугьунаго, росулъ вугевщинав чи киналго цого рахъалде балагьун, рекерун унеб хIатIазул гьаракь бахъана. Дунги векерана гьел унел рахъалде, цо дидаго лъалареб цIияб жо бихьизе гIадаб гъираялда.

Магъилъехун балагьун рекерун гIемераб нух тараб мехалъ лъалхъана киналго. Кодой ккун йосун ячIуней чIужугIадан, доб нижер эбелалъ мангиялдаса бахъун араб паласалда тIад лъуна. Цинги, хис-хисун цоцазе кумек гьабун рекерун гIадин, киналго нахъ руссун нужер азбаралде кавудахъе лъугьун ана. Щиб ккараб лъаларев дида рагIулеб букIана: «Жийго ине бегьилаанищ, лъимаде йикIарай гIадан… ЦIакъго хъахIаб ракь балагьулей йикIун ятила… Гьелъул хъахIлъи гIоларого йикIунаан, мунагьал чурад. Цо чи хвей гурелъулха. Вай, гьей йоххун йикIарай куц лъимаде йикIиналдаса. БачIараб кIудияб къварилъи, ясалдагIаги щиб гьабилеб?» — ин абулаго гIодулел рукIана руччаби.

Бицунаго ГIумарасхIабида ракIалде гIемераб жо бачIунеб букIана. Гьениса цо-цо бицине кколеб гIадаб Зубаржатидаги бицунеб букIана.

— Дун-ни, доб къоялъ цадахъ цIалулей яс Умиятил эбелалъ школалдеги ячIун, егизеги жидехъего ячана. Цебе кигIан дие бокьаниги гьениб сордо бан дунго толароан эбелалъ. Гьеб сордоялъ дирго букIараб цо батIияб хIинкъи. Киналго къва-

ридго дихъ балагьулел балъго гIодулел рукIана. Санал унин жеги инчIо дир рекIелъа… Гьабсагiатги букIуна, кигIан дун елъаниги биунареб, къараб гуллагIадаб гамачI ракIалда жаниб.

— Дидагийищха кIвечIеб гьеб биинабизе? — ян абуна ГIумарасхIабица, бицунеб букIараб хабар цоги рахъалде буссинабизе бокьун.

— Дуда кIвана гъолда сверухъ бугеб цIер биинабизе.

— Гьеб гамачI биине щибха гьабизе кколеб?- ян нахъойги гьикъана гьас.

— Расги гьабизе кколаро. Дуда гIайиб бугеб жо гуро гьеб.

Цо кидаялиго жиндаго рагIун букIараб кочIол мухъал къваридго рикIкIине лъугьана Зубаржат:

Эбелалъ нилъ гьари
Сунца бецIулеб,
Лъималаца улбул
Гьаруларелъул.

ЭлъгIаги батила,
Эбел камидал,
Каранлъ къалеб гулла
Къоял лъвинегIан.

Бихьулеб букIана бицунеб хабаралдаса цоги рахъалдехун ин Зубаржатица жиндир эбелалъул

кIвар гьабичIеблъун рикIкIине букIин. Къваридаб бугониги гьелъул ккараб лъазе бокьулеб букIинги.

— Цойги, доб букIана бакъанил мех, — ан гьей гIенеккизе тIамулев вукIана ГIумарасхIаб.

— У, дун къалъудаса хадуй цIалулей йикIиндал, дидаги ракIалда буго. Нижее цо тIарамагъадисеб дарсги кьечIо гъоб къоялъ… Гьа, бице-бице, — абун, гIенеккана Зубаржат.

— Щибха букIинеб, къаси кватIун ячIана эбел рокъое. ГIемер гIодун берал багIарлъун рукIана гьелъул. Эбел ячIиндал, инсуда щибдай эбелалъ бицунаян, дун гIенеккун чIун вукIана.

— Щибиланха абураб? — бицинегIан чIчIечIого гIедегIун, суал кьуна Зубаржатица.

— Эбелалъ абуна, гIажаибаб жо кканин, дебурукъ тIунин. ГамачI щун лъукъараб бакIги гьечIоанин. Гьей чурулелъул балагьун йикIанин жий. Цинги абуна гьелъ, нилъер гIадат бугин, гьагъадинай бахIарай гIадан хварай мехалъ, цо гъат жиндирго берцинаб бахIарлъуда букIараб ретIел ретIун къачIалей. Къаси доба ретIелалъул бицунеб букIинчIин. Дида гъолъ бицун букIана, мина балеб мехалъ гьеб бичи рак1алда бух1ун йигин. Мун разилъани, дида ккун букIанин, дур эбелалъ дие кьун букIараб доб хъабало босун, къасего гьенибе щвезабизе ине. ГIемерал саназ цоцахъе кьеялъ цIакъго басралъунги бугин гьеб. Щибизеин дие гъоб кIодол букIарабги, дир

лъабгогIаги гьечIищин. Гъолда цо ретIел ретIизе нух бугелъул, дирго яц хIисабалда кьуни, берцин букIинин. Амма дуцаги разилъун гьелда гьеб назро гьабизе кколин. Дунни рази вугин, цIакъ лъикI букIинин, абуна инсуца. Вай ккараб жо! Гъодинай гIадан цойги йижизе рес гьечIо. Гьанже Бисултанида киндай захIмалъила гьелъул, гьадай гIабдал сабаблъун бакъвазабун букIараб ракIин, тIаде жубан абуна инсуца. Лъаларин, абуна эбелалъ, гьединаб жоялъе хIамакъотIгIадав чи вугин гъов. Хадуб, вай-вай-вай-инги абун, эбел гъансиний квалквадизе лъугьун йикIана, дун инсуца вегизе айин витIулев мехалъ.

— Гьедин батила, радал дун эбел йихьизе ячиндал, гьей жиндирго йикIунеб къагIидаялда гурей, бахIарай гIадин, батIияб къагIидаялда къачIан дидаго йихьарай. Амма гьей, дун тун йик1унарин, балъго нахъе ячIуней гIадин йикIунаан дун, цо бакIалъан яккун гьей ячIунейгIадин.

ГIумарасхIаб лъалхъидал, бице цойги эбелалъул щиб бугониги дуда лъалеб лъугьабахъинин, - ан гьесухъ балагьана Зубаржат.

— ХутIараб дица дуда машинаялда жаниб бицина. Васги квачалев вуго, — ян тIаде вахъун ГIумарасхIаб, жинцаго тIамун букIараб кIаз бакIаризе лъугьана.

6.

— АхІмадинил кверал дасса дуца хъахІаб ракь чурулелъул, ракІалде щун бицунеб хабар букІинчІо гьеб дир, — ан гьелъго гьикъичІого бицине лъугьана цІидасан ГІумарасхІаб. — Доб нилъеца гІажаиблъи гьабулеб нуралъ щвезабуна дида гьеб кинабго ракІалде. Гьей нужор эбел хабалъ лъолеб мехалъ, хобалда тІад чІчІана доб къоялъ гьадинаб нур. Дида гьеб щибали лъалароан. ГІадамал, кинабго жамагІат букІана гьелде балагьун, балагье мугІжизаталъухъин, гІажаиблъи гьабулел. Гьей шагьид йигин, ургьиб лъимергун хварай гьелъул лахІдуялъубе нур лъугьанин.

ЦІцІорон хутІана Зубаржат.

— Йо, гІабдал, дун вуго тохтур, — ан абуна ГІумарасхІабица. — Гьединаб жо бицараб мехалъ, хІисабал гьаричІого гІодизе ккола. Цинги жаниб букІараб щинаб къварилъи магІугун цадахъ къватІибе уна. ГІодичІого жаниб ккуни — бакІлъула, гьелъ унти гьабула. Гьале ахирги нилъ цолъана. Нилъер улбузул мурад тІубана. Гьалдаса рохизе ккола нилъ.

ГІумарсхІабица рулги биччантун хІинкъизаюна гьей. Къваридал пикрабаздаса йорчІизайизе гьабулеб махсаро букІана гьеб.

— Вай-вай-вай! Воре, воре, гьанже хвезе рес гьечІин. Чанги букІана хваниги къварилъи гьечІеб

заман. ГьадигIан лъикIаб жойищ аб гIумру букIараб. Гьанже хIинкъун йиго дун, дур хиралъиялъ цо гIадалаб хвелалъ дунго хвезе йигей гIадин! — ан абуна Зубаржатица, гIажаибго гьесухъги ялагьун.

Кьижарав васасде тIаде бахъун жиндирго жикет рехун, жийгоги кьижулей йигейгIадин ГIумарасхIабил гъежалда тIад бетIерги лъун, берал къанщана гьалъ,.

Гьеб хабаралдаса хадуй гьей кьижизе гьечIейлъи лъалаан ГIумарасхIабида.

АхIмадин гьави баркун вачIарав гьудулас, гьасул вохи бихьун, дур мурад тIубанин абидал, гьас гьале дир мурадушкайилан, Зубаржат йихьизаюн йикIана. Гьелдаса хадуб ГIумарасхIабица жиндиего щибниги жо хIажалъидал гьалде мурадушкайин абулаан. Гьаб нухалдаги гьас гьей еэдун:

— Йо, мурадушка! Мун йикIуна кинабго жоялда хадуй мунго гъолейгIадин. Ахирги нилъ данделъидал, умумул мурад тIобан рохизе рукIанин щибун абураб жойин, щай дида гьикъичIеб?

— Гьале гьанже нилъ данделъун гьечIищха. Гьедин абураб жо батилаха.

— Гуро… Гьедин гуро, — ян абуна, гьелдехун гьелъул пикру буссине бокьун ГIумарасхIабица.

— Кинха?

— Бицинаро.

— Щай?

— Щай гурелъул, гьедагIан дуца кIвар гьечIого тараб суал бицаниги бицинчIониги, гьелъул пайда щиб?

— Дие ургъел гьечIо, кин батаниги нилъ данделъидал.

— Гьедин батани, дуе нилъер улбузул мурад тIубалаанин абураб жоялъул, щиб мурад гъозул букIарабали лъазе бокьун гьеч1о. Уйищ?

— Щай? Эбел йикIарайани, йохизе йикIана гьейги нилъедаса.

ГIумарасхIаб цо жо жиндиего ракIалде щвараб гIадин велъизеги велъун, гьелъие ункъг1алалъулгун ккараб бицине лъугьана.

— Дун микьабилеб классалда цIалулеб заман букIана гьеб. Дир эбелалъул яц ун йикIана аскIоб бугеб росулъе гордеялъе хам босе. КIиго сордоялъ гьей ячIинчIелъул, гьитIинав чи дун хадув витIизехъин вукIана. ЯчIана гьей. КIодоца гьикъана гьелда, щиб ккараб, щай кватIарайин? Гъой базарганалъул хам жаниб бугеб посылка бачIун батичIин, цо жиндиего багъилиябин гьелъ бицунелъул, хIехьезе кIвечIей кIодоца абуна, ццидахун гьелъухъги яалагьун: “Дур бох бекун букIинчIищин?” Гьанжиги велъана Г1умарасхIаб, Зубаржатги елъизе къварагIун. БукIинчIин, абуна ункъг1алалъ, дуе гьеб бекизейищ къваригIун

букIарабин? БукIана, валлагь, бекун батизе къварагIунан, — кьварун абуна кIодоца. Бох бекани сахлъулин, амма гьеб гуреб багьана гьечIого хъизанги рукъги тун кIиго сордо аскIоб бугеб росулъ балев чиясе дару гьечIин, гьеб унти сахлъуларин.

— Эдин батани, дир бох бекун батана, уйищ? — ан гьимана Зубаржат.

— У.

ГIумарасхIабица бицунаго гьоркьоб къотIараб хабар, цIидасан гьеб бицине къварагIараб бакI ккечIого хутIараб, амма магIна кIудияб жаваб букIана.

— Дуда лъалеб батила, — байбихьана гьас, — дой, тIоцее ячарай чIужу дие йокьун, гьей кьолараго йикIараб заман?

— Гьа, цинги щиб? — абуна Зубаржатица, цогидаб хабар бицине гьев лъугьунев вугин ккун яшичIей гIадин.

— Эбелалъе бокьун букIинчIо гьеб ригьин. Гьелъ абуна, жиндир дуе ячине къачIарай яс йикIанин. Гьанжи гьейги жинца дуе ячунарин, дуего бокьараб гьабейин.

— Гьей эбелалъе йокьарай яс щийха йикIарай?

— Дица эбелалда гьей яс щий йикIарайин гьикъичIо. Доб мехалъ гьеб къварагIунги букIинчIо. Цо къоялъ дун эбелалъухъе щвезе индал, эменгун къваридго кIалъалей йикIана гьей.

Амма дун вачIанин, бицунеб жо гьоркьоб къотIизабичIого, инсуца абуна, нилъеда гьениб щибго гьабизе кIолеб жо гьечIоин. «У-хха, талихI букIарабани, эбел хутIилаан. Бесдалалъул талихI къин бихьулищ? — ян абуна эбелалъ. — Вай пакъир, йигей лъикIай гIакъилай жоги лъугьун, кколей йигей бакI бихьулищ? Хварай эбелалъул рухIалде хIал щвела, гьей ккараб бакI лъани. ХIалада къосараб жо букIунаро», — ян, хIехьезе кIоларого къулчIулеб букIана эбелалъ къварилъи.

Эмен цIакъго ракI лъикIав чи вукIана нижер. Гьедин ккелеб лъараб ани, щай букIарабила нилъее гьелъул эменги, гьес ячарайгийин, абуна гьес. Нилъее щварай нусги, цIакъайищила йигей? Гьел чIухIдаризарулел рукIинчIого, ячунго дой йикIарайани, ясгIадин йикIинаан нилъеейин, къотIана инсуца.

— Дуца бицунеб жо щиб? — ан абуна эбелалъ.

— Щибха букIинеб! Диe захIмалъараб жо, киназдаго лъалеб букIиндал нилъеца ригьин гьабун букIин. Эдин, нилъги гIадамазда жанир, эбел хведал гьей яс ячинчIого тарал чагIи лъугьана.

— Я-гъарин, гьагъадинай чIужуги хун заманго бахъилелде, гьагъай хIама-щвантIих хадуйги лъугьун, чIужуйин гьейги ячун лъимал гьаризе лъугьарал, гъозде гъорлъе кин нилъ лъугьинел

рукIарал? Жийго ясалда барахщун йиго дун. Къвана гьелъул талихI

Гирулеб эбелалъул магIу бихьана дида. Дида гьеб мехалъ бичIчIана, эбелалъ дие ячине къачIарай яс мун йикIарайлъиги, улбузул нилъ данде гьаризе гьабураб къотIи букIараблъиги.

— Дида гьеб бесдал эбелалъул жо лъаларо-ан... Пайда щиб, тIаса тIом бахъилаан дица гьелъул, — ан цIиндахъ абуна Зубаржатица .

— ЧIчIа-чIчIа, бахъун гьелъул тIом нилъее щай? Аллагьас жинцаго гIазабалда бахъула гьеб, заман щведал.

Бихьулеб букIана гьелде ракIалде щвезе жо гIемер букIараблъи.

ГIумарасхIаб жиндирго пикрабазда, Зубаржат жиндирго пикрабазда, гьазул аваданлъи сихIкъотIиялде буссун гIемераб нух тана.

7.

— Гьале нилъ районалде щолел руго, — абуна цо заманаялдасан Зубаржатица. — КIиго километра гурони гьечIо районалдаса дун учительницалъун хIалтIулей йикIараб Сакинал росулъе. Гьей йихьизе йокьун урхъун холей йигей куц дун. Дие эбеллъиги яцлъиги гьабурай гIадан йиго гьей. Росулъа аралдаса гIемер заман дица гьейгун бана. Дир росулъ вихьизе чи гьечIо. Дие гьанжи гьев

эменги къваригIун гьечIо. Вачe васги, биччанте дур вас вукIин киназдаго бихьизе. Дун щвезае дирго гIагарай, дихъ урхъарай, дун урхъарай Сакинаде аскIое. Гьеб буго дир мурад.

— Вагь, гьанже бицана цIакъаб! АхIмадин мунги тун, кидаго вилълъинаро дунгун… Гьесие бокьараб гьабила нилъеца. Бегьила гурищ? — Цадахъ гьей илъине бокьиялъ, кверги хьвагIун къокъ гьабуна ГIумарасхIабица, разилъичIого дагIбадун ворчIизе бакI гьечIеб хабар.

Районалде щолел ругелъул, Зубаржат цIакъ хал ккун чIчIун йикIана ГIумарасхIабица машина кибехундай буссинабулаян.

— Ле-ле, дида росулъеялдасаги лъикI лъала Сакинал росулъе нух. Дагьайищ дун гьениса лъелго хьвадарай. Гъобго нухасан квараниса буссинабизе ккола машина.

Васги кьижун вугелъул, росулъе цадахъ рилъине бокьун, кигIан ГIумарасхIабица лъикIаб бицаниги, Зубаржат Сакинал гъоре ине гурони разилъичIо.

Богол гIуж букIана гьеб. Сакина йикIинчIо рокъой. Зубаржат цадахъ илъинчIого гIайиб щун вукIиналъ, Сакина йихьизегIан чIчIечIого барщаравлъун ине бокьун, кьижарав Ахмадинги жаниве восизе кумекги гьабун, кьурун бусинабун машинагун ана ГIумарасхIаб.

8.

КIичI-кIичIарал свераби чIалгIун, живго хутIидал, хIисабазда киве щваравали лъаларев гьав, цо санул рагIалда машинаги чIезабун, хIалхьи гьабизе чIаралъув кьижун ккана.

Радал машинаялдаса къватIиве вахъун батIияб тIабигIат, бацIцIадаб гьава, цIияб дуниялалда данд чIвалев вугев гIадин, цIавуцIунев вукIана ГIумарасхIаб. Гьес цIавуцIун борхараб квер тункараб гIаркьел букIана, чанги дой тIоцеесей чIужу СалихIатгун гаргалаго сардал гъоркь рогьараб чинаридул гъветI.

— ВахI, Оцомил кIкIалахъе щун вукIун вуго дун. Балагье, жулам багIарлъун. Арал щинал сонал. ЧанцIулдай гьеб нижги гьечIого тIегьана? Кидаго ккелароан гьадин ккелин.

Цоцаздаса ратIалъунгуртIиялъе кьурал рагIаби нугIзаллъун, жинда тIад гьел гъутIбузул тIамхал релъулел ругин, гьелъие дун гIайибияв гьечIин жаваб кьолеб асар букIана ГIумарасхIабил. Дагьаб добегIан, СалихIатида берцин вихьизе, сандасан гъоркье гирулаго мегIер тункараб гамачI бихьана асда. Гьеб би чуризе кIиялго ЦIумазул кIкIалахъе араб куц ракIалде щвана.

ЦIалулев бакIалъа вачIинелде эбелалъ рокъое ячун ун ятун йикIана СалихIат. ГIумарасхIабида гIайиб ккараб, алъул хвараб ракIги букIинчIо. Доб

къоялъ МахIачхъалаялде унелъул, мун вачIинегIан дун кин йикIинейин, пашманго хадуй балагьун, рокъой тарайгIадин цее чIолей йикIана гьанжи гьей ГIумарасхIабида.

— Хъурумсахъ! — ан ахIулеб ццидалаб гьаракьалъ нахъ балагьидал, машинаялда аскIов вахъун чIчIун ахIтIолев чи вуго рукъ цурав мадугьал.

— ВахI, ГIумарасхIаб, мунищ вукIарав? Бачея, вац цо квер! Киндай эмен вохила! КигIан лъикI, вай, кигIан лъикI! ТIокIав виччаларо нижеца мун. ГIела! КидалъизегIан къватIив вукIинев? Гьанже дагьав унтунги вукIана эмен, херлъунги гьечIищха. Духъ рухIдаллъун вукIуна ле гъов. ВахI, кигIан лъикI, кигIан лъикI! Хадубго цун, метер ГIалие, ГъалбацIил васасе, чIужу ячунеб бертингиха нилъехъ бугеб.

— Гьа, гьебни лъикIин, мун цIогьор кквезе вачIун вукIана, гурищ?

— У-ха! Дур ахикь машина чIун бугин абидал. Гъоркьисаги щвечIо, вац, квине цоцин гьаб ламус гени!

— Гьедин батани, ваха машинаялъуве, цадахъ рилълъинин… ЧIа, лъил гъоб бертин бугеб?

— Дур йикIарай дой СалихIатил йикIана, вац, гьитIинай яц. Эбелго гIадай кIалбазар, — живго берцин вихьизе гьезда гIайибги гьабун, цIияб хабар бицине жувана мадугьал. — Дуда лъалареб ба-

тила, СалихIатил эбелалъул яцгIалха кколей дир хъизанги. Дица гьей ячараб куц лъани, мун кIарун ккела.

— Гьая, гьая бицея,бицея !

— Дой ножор эбелгIадин дур йик1аралъул яц дица ячине рекъоларого вукIана эмен. Дунги вукIана цо борзав жо, бокьараб гурони гьабуларев. Гьей ячунгурони чIчIеларин дица абидал, ячейила, кисан дуца гьей ячунеяли, дир азбаралъуе гьей ячIинарин, чIана эмен. Дица бокьараб жо гьабичIого толареб лъан, шибаб сордойил кавуялда цебе босенги тIамун вегулаан гьев. Цинги дунги ургъиларищха, киндай гьей ячинаян рокъое. Кварицаги юхьун, тIохтIаса гъоркьеги егьун, моцIниги бан батила: кавуги хьихьун эменги, жанир рокъов парахат нижги.

— Гьеб дида рагIун букIинчIо, хадуб щибха ккараб? — ян велъана ГIумарасхIаб.

— Дой сихIиралъе, лъазе бокьиларищха. КидалъизегIан яхчун йикIиней? Бакъвараб бакьги тIамун махI бахъинабун, хинкIалги гьарун йикIинарищха… Ражи бухун буго лъикI гьаракьги бахъинабун. Кваназе бокьулев чи вукIана эмен. Щибдай гьаб дванкийилан жаниве ваккарав мехалъ, гьав рекIеде ватун кIалъалелде, гьалъ цебе квен рекъезабидал, кваначIого чIчIезе кIвечIин, гьелда бугеб гIайиб щибин… Дун найихъа вачIинелде кIиялго цадахъ гIодоркIун кваналел рата-

на… ЧIа-чIа, чIезабе гьаб бакIалда машина, гьаниве щварав чи цо найихъеги щвелин, — ан рещтIана мадугьал, бицуна букIараб хабарго лъугIичIого.

9.

Зубаржатин абуни, жиндирго рокъое щварай гIадин, васасе диваналда босенги тIамун, столалда тIад батараб хъабаялдаса стакан рахьдалги гьекъон, сваквaялъ хехго кьижун ккана.

Радал, йорчIилелдеги, ячIун ятичIо Сакинаги. Зубаржат, цебего гIадин, рукъ бакIаризе лъугьана. Гьелъие, кибего квер щвезабун, ункъабго бокIоналде яккун гьабизе бокьулаан рацIцIалъи. Хъурщиялъур гьалда ратана жинцаго Сакинахъе хъварал кагътал. Гьел рахъун сукIун лъолаго, гьездаго аскIоб бугоан Сакинал жиндирго хатIалъ цебего хъвараб, добе гьанибе рехун басралъараб, гьадинал мухъал ругеб тIамачги:

Гьал къварагIел гьечIел
Къварилъалаби
КъватIир рукIун руго
Тезе кколел жал.

КъотIуде щвезегIан
БачIине гурин,
ХIинкъанщинаб бихьи

Буго хIадислъун
Дица тIаде цIараб
ТIокIаб щинаб жо,
ТIалаб дица тедал,
Къана добегIан.

ТIадаб гуреб гьабун
Анщинаб заман,
Мун гьанже щиб кьуни
Щолеб дий нахъе.

Бачаралъуб дунял
Рилълъунебани,
ЛъикIабги квешабги
Бижилароан.

ХIажат гьечIеб ккараб
Лъиде рехилеб,
ГIумрудул гъалатIал
ТIаса дир ккезе.

Чирхъида гурелъул
Канлъи букIунеб,
Кварги бачинчIони,
Нартги тIечIони.

ХIатIазда щиб лъалеб
Ине кколеб бакI,

Дур рекIел команда
КвегIиса ккани.

Дирго гIайиб бугеб
ГIузро батана,
ГIадамаз къунани
Босулареб жо

КъечIеб хIажаталъул
Бугеб гIайиб щиб?
Дуе бетIергьанас
БитIун гьечIони.

Гьел кагътазда хъварал мухъаздасан Зубаржатида цебе чIолеб букIана Сакинал жийго цадахъ гьечIеб заманалъул къварилъи.

— Дихъе ритIичIониги, дунгун гьечIолъи жиндиего квеш букIиналде гьарурал рагIабазул гъварилъи.

Сакинаца цониги кагътие жаваб бачIинчIелъул, гьелда жиндирго кагътал швечIого ратилин кколаан. Кагътал рихьаралдаса гьеб багьана гьоркьоса ана, щаяли гIилла лъачIониги.

Гьениса хъирщун жинцаго гьелде хъварал кулпетал цIализе лъугьана Зубаржат:

Хьул букIинчIеб къадар
Къокъидго щванин,

ЛъикIаб щванщиналде
Щаклъи буго ккун .

Мунги хисун щвараб
ТалихI батани,
Рохелгун пашманлъи
Бащад ккун бугин.

Дир саламал хъварал
Кагътазде данде,
Жаваб гъаримлъизе
Гъая дир щибдай?

Къасд ккаралъуй дуца
Рекъон йитIидал
Дида гIайибазул
ГIузру киб бугеб?

Панкъал дуца режун,
Нах дица бахун,
Цадахъ кваназе дий
Кидадай щвела

ТIалда хурзал рекьи
Бокьун бугеб куц,
Нахъа пуруц ккун — мун,
Оцал рачун — дун.

Дол ургъалабазул
Чадиралъул дугъ
МокьрогъотIоде дир
Урхъараб салам.

Милъирщодал босниб
Чан къанин ягъун
Дий гъулгъули тараб
Катиде салам.

Гьабзазул хIапиги
ХIелкил гIегIейги
Макьилъ бихьаниги
Хъул буссинаан

Как ахIулев будун,
Дваргъолеб гьобо,
ГIурчинаб харда щуб,
Щолеб кида мун.

Анкьабго рекъараб
Къоялъ цIадги бан,
ЦIалтун биччун буго
Духъ урхъараб бакI.

Хьул къотIуда гьоркьоб
Бикьулеб рахIмат,
КонвертгIаги битIе
ТIад цIар дирги хъван.

Дирги гIачи рохьдолъе гъезе рачейин, мадугьалалде абулей, Сакинал гьаракь къватIисан рагIана Зубаржатида.

Сакинада гьел кагътал жиндаго ратараллъи лъазе бокьун, гьалъ хъурщи рагьухъе тана. Гьелда жийго йихьилелде нахъасанги речIчIун, гьелъул беразда кверал лъуна.

Лъай, щиялиин, абураб каламалда гъорлъ гIоди букIиналъ, вай Зубаржат, мун кий йикIарайин, Сакина гьелда габуний хурхана.

ГIодун свакачIого гьал цоцадаса ричIичIо. Чвахараб магIуялда цадахъ чурун бацIцIалъун, ургъелги ун, гъоркьго букIараб рокьул гIоралъулъ гъанкъун, гIащикъго ялагьулей йикIана Сакина гьанже Зубаржатихъ.

— Балагье, Абакарица нолъ рокъое йиччачIо, кватIун бугин, — абуна Сакинаца, сундасан байбихьилебали лъаларого.

— Диеги, мун рокъой ятичIеб нолъ сордоги, араб щинаб заманги бащалъана, — ян абуна Зубаржатицаги, гьелда вихьизе васасде тIаде юргъанги бачунаго.

— Вай Аллагьасул хIукму, вай Аллагьасул хIикмат! Сон къватIие уней мехалъ рокъой тарай гIаданин ккола. Дуда ккоге мун аний йикIинчIейин. Жибго гьаб рукъ букIана дур кверазул квалквади гьечIого кунчIи ссун, — ан кьуна гьелъул рацIалъиялъе къимат гьалъие.

Гьанже Сакинае сундулго ургъел букIинчIо. ГIумарасхIаб вуго Зубаржатил рос, гьезие гьавурав вас — кIудияб талихI. АхIмадил цIарги, г1олохъанго хварав вук1иналъ г1адаталда рекъон цо х1арпги хисун, АхIмадинин лъун буго. Зубаржатидаса цевесев чи жиндирго ракIалъе вукIинчIелъул, АхIмадил цIар ахIизе бокьарай Сакинал рохалие гIорхъи букIинчIо.

ГIемераб мехалъ нахъе лъун тун цIунараб хIалуцараб шампанский кьвагьарабгIадин, бицине лъугьана гьанже Сакина.

— Мун хекко Москваялде йитIиялъулги, кагътазде данде жаваб хъвачIолъиялъеги гIила букIана, дов дур вукIарав рос дир АхIмад чIварав чи вукIин лъай. Цойги дуда лъазе кколеб жо, гьев дур вукIарав рос чIварай гIадан тIоцее АхIмадил йикIарай чIужу йикIарайлъиги, гьанже дир нусабазул кIудияй эбел гьей кколейлъиги.

Зубаржат хаган, йиххун хут1ана. Киг1ан лъик1 дида гьейги, гьеб кинабгоги лъалареб бук1арабин, — рак1алде ккана гьелда.

— Дой, АхIмадил эбел, гIолохъанго хун йик1инги бицине ккола дица, — абун, Сакинаца тIадеги яхъун доб багIараб гъултухъалъуса бахъана жиндирго эбелалъул «Къисматалъул аманатин» абураб тIехь.

Бицунеб букIараб тIубан бичIчIун букIинчIелъул, Зубаржатица гьикъана:

— ЧIчIа, гьитIинго хун йиго АхIмадил эбел. Сахратулагьица хадуй чIужугойищ ячинчIей?

— Гьеб къисматалъул кьогIаб лълъар гIумру хвезегIан гьекъон буго АхIмадил эмен Сахратулагьица, — ян абуна Сакинаца. — Эбел хведал, гьелъул хIакъалъулъ тIехьалда хъван батараб бицинейин дица гьаб тIехь цебе бахъараб. Дир талихI къиналъе къор гъурабги гьеб къисмат ккан-нин абун, хъвалеб буго эбелалъ. Жийго хвани, цониги чиясда бицун букIинчIелъул батила. Эбелалъ жиндирго васигатги, цойги гьезул ккараб жиндаго лъалебщинабги гьаб тIехьалда хъван батана. Гьале гьеб лъугьа-бахъин:

«ЦIад гуреб, цIер балеб букIана гьеб сордоялъ. ГьитIинаб хоногIанасеб балеб гороялъ гъотIодаса тIамах цо хутIичIого гъенезабулеб букIана. АхIмад гьитIинав мехалъго бегIерав жо вукIана. ЦIалтун виччун, кьерги тIун вачIана гьев жаниве. Эбелалъ гьабсагIат мунги ячун гурони вачIунгейин витIанин, абуна гьес сородулел кIутIбуца. Хадуй ячIине течIого жинда цадахъ ячине вачIаравлъи бичIчIизабуна дида АхIмадица. Хехго тIад жоги ретIун, тIад ккквезе жо босизе цоги рокъое инчIого, гьесдаго цее екерун ун, жание лъугьингун, рухI бахъулей ятана АхIмадил эбел.

— Вай, хвана дун гIадада! Воре, дир вас дуде аманат… Нилъер къотIи биххизе тоге, — ян чвахулеб букIана гьелъул магIу.

Гьеб цIад тIаде ккарай дидасаги йиччун гIетIул хIорда жаний цIалтун, цIел короний гIадин йихьулей йикIана гьей.

Щиб дуца бицунеб? Щиб дур унтун бугеб гьабсагIат тохтур ахIила. Ккараб щиб? Мун сонги расги гьечIого йикIинчIищин, дица гьикъидал, гьелъ абуна, гIилаго гьечIого Сахратула къватIив кватIун вачIун, гьеб квеш бихьун, гьесул ракI бухIизейин жинца рахъу гьекъон букIанин. ГIемерлъун батилин, канлъиги анин, дунги холей йигин. ТIадежоялъе, гъов витIаравги вукIун вугин. Гьанжи гьабизе кIолеб жо гьечIин, воре, лъидаго лъазе тогейин, хадубги цо жо бицине бокьун йикIанин гьей.

Жаниве лъугьун вачIана Сахратула. Гьес абуна, жинда кинабго рагIанин, дун вацIцIадго вугин, вацIцIадго дуде тIаде вачIинеги вугин. Гьелдаса чан сон араб, чIужу ячиналъул цIар къватIи бахъизе гьес биччачIо.»

— Щиб ккун букIарабали эбелалда лъалеб букIун батиларо. Сахратги тIаде вачIун гьезул хабар къотIун букIиндал, хадуб батIияб жо хъвалеб гьечIо эбелалъ, — лъугьинабуна цIалулеб жо Сакинаца. — Гьа, рахъа, цо-цо чIайгIаги гьекъезе, нилъ гIемерлъулел руго, тIокIаб къогойищ гьечIеб нилъее.

ТIадеги яхъун Сакина чай гьализе цIа бакизе лъугьана.

— Дун-ни якъунцин йиго, — ян жиндаго щаяли лъалареб хIалхисиги лъугьун, кванан нахъе хутIараб квен цIидасан цебе босизе лъугьана Зубаржат.

Гьанжи гьелда ботIролъе бачIунареб пикру букIинчIо. ХIалада лъараб гIадин ГIумарасхIаб росулъе живго витIи ракIалда бухIун цо жо рагIине бугебгIадин хIинкъулей йикIана гьей.

Ккезеги гьедин ккана.

10.

Цадахъ чIужу-лъимал гьечIого ГIумарасхIаб вачIаравлъи, росулъ хабарчагIаз хабар хехго тIибитIизабуна. Гьес цIакъго йокьун тIоцое ячарай чIужу нахъе ячун, гIайибго гьечIого берцинаб рукъ бихи, киназдаго лъалеб жо букIана. ГIумарасхIабица Зубаржат ячин, гьезул васги вукIин лъалев чи росулъ гIемер вукIинчIо. Амма, гьесулги СалихIатилги букIараб рокьул, гьелъул къисматги лъаларев, гьел ратIалъун чIчIеялда гIажаиблъи гьабичIев чиги вукIинчIо. Гьелъ букIана ГIумарасхIабги СалихIатги хеккого кIалъазе щвезе гьоркьохъабазул сихIраби гьалаглъун.

ГIумарасхIаб нахъисеб къоялъ, ахIичIониги, пикрабаз вачун къаденахъа гIадин, щвана СалихIатил яцалъул берталъе.

Зурма, къалиялъул гьаракь рагIани кьурдичIого чIезе кIоларев ГIумарасхIабида, гьеб берталъ кьурдич1ониги, гIахьаллъизецин живго рекъон букIунареблъи кIочана. Кьижун букIараб росу борчIизабураб гIадин, живго лъалелщинал гIажаиблъизаруна гьес. Бертадул сверуда гуреб, рагьтIа жидеего кеп гьабулел рукIарал гIолохъабазухъа пандурги босун, ГIумарасхIабил бакъан рагIанин бицине жо гIемер букIана гьеб къоялъ.

Гьелдаса хадуб рузман къо букIана. Зубаржатидаги бицине букIине, гьелъул эбелалъул хобалде зиярат гьабун лъикIин ун, тIад вусун вачIунев ГIумарасхIабида, хадуй ячIуней чIужугIаданалъул хIатIил сас рагIана. Гьей йикIана СалихIат.

— ЛъикI щварав, ГIумарасхIаб, — абуна гьалъ чIухIадго. — Дие цIакъ бокьун букIана мун вихьизе. Дуралдаса, дир мун вокьи кIудияб букIун буго. Цодагьалъ сабру гьабизе кIвечIого Москваялде мунги ун дие дагьаб захIмалъана нилъер васасул гIумру цIунизе. Эбелалдаса бергьине кIвечIого рокъое аниги, дида лъалаан гьеб нилъеда гьоркьоб гьабураб дуда гIайиб гьечIеб питна букIин. Дудаги лъала гьеб кин ккарабали. Гьединлъидал, рокъое аниги, дун кидаго мунгун йикIана. Цоги бат1ияв дир рак1алъ восизеги гьеч1о, бук1а абе дие квеш.

— Щив вас? Щиб дуца бицунеб? — ан цIорон хутIана ГIумарасхIаб.

— Доб мехалъ эбелалъ дун Дербенталде тIансаби гьарулел фабрикалде цIализе йитIана, гьенир ругел цIакъ божарал гьалбадерихъе. ЦIали гуребги, жиндир мурад гьез тIубазабеян гьарун хъвараб кагъатги букIана эбелалъул гьезухъе дица кьезе кколеб. Кагътида бугеб жо дида лъикI лъалаан. Дида бугеб хIалалъухъ ялагьун, цин гьей гьоболалъ лъимер гьабун жиндие кьейин гьарана. ГIодун, жийго лъимер гьабуларей йикIиналъул бицана гьелъ. КигIан гьараниги дун разилъун гуртIи бич1чIиндал, абуна гьоболалъ, нилъее кумек Аллагьас гьабулебин, дуца расги ургъел гьабугейин. ЦIакъ кьварарай гIадан йигоан гьей.

— Цоцаде нухал къотIараб, цIакъ кьог1аб хасел бугеб сон букIинчIищ доб, — ан цIидасан бай бихьана бицине СалихIатица. — Вас гьавун дун рокъое ячIинелде бищун бабущкIабазе бокьулеб, велъулев, хадув гIодулеб гIужалде щун вукIана васги. ЦIар гьесде дой эбелалъул гьоболалъ, ралъдал гамихъанлъун хIалтIулев вукIун гъанкъун хварав, хоб гьабизе кодове щвечIев жиндирго вац Идрисил лъун букIана. Гьале Аллагьас лъикIлъиялъухъ жиндие гьабураб лъикIлъиян, цIакъ йохун йикIана гьей, мунагьал чурад Идрисил цIар ахIизе щванин. Кидаго гьев вихьизе гьесие сайгъатал росунги ячIунаан.

Гьелъ бицунелъухъ гIенеккун ГIумарасхIаб лъавуда вукIинчIо: «Балагье, гъоркь йикIаралдаса-

ги берцинлъунги йиго. ВахI, гьаб щиб хIикмат! Дун кив вугев? Хваралъищ, чIагоялъищ?» Нахъа тарал хабаладехун вусана.

Жийго гьес ялагьизе йикIин, гьесул хIалахъ балагьун бичIчIарай СалихIат, гIедерго галабиги росун цееса тIерхьун ана.

Нахъисеб къоялъ, къотIиялда рекъон ГIумарасхIаб Сакиналгун лъай хъвайги гьабизе, Зубаржатидеги ячине ине кколеб къо букIана. Радалалде цо кIудияв чи хун ватиялъ, ГIумарасхIаб росулъго хутIана.

Гьеб къоялъ Зубаржатилги, кIодохъе щвезе Абакарги ГIатигатги рачIун рукIун, роха-хинлъун, ГIумарасхIаб вачIинчIолъиялда тIад ургъизе гьелъул заманго букIинчIо

— ГьадагIан бабаеги йокьулей, нижги дуца хьихьун гIуна, гьанжи, щаяли, мун дагь гурони ячIунаро нижехъе. Нижеца мун т1окIай Москваялде йиччеларо. Анийго щай йикIунарей? — ан гьелъул ракI бохизабулев вукIана Абакар.

— Лъаларо, дир лъикIлъиго щиб букIинеб, лъикIай гьей жийго йиго. Нужорго щиб бугеб, эбелалъулги, цоги рокъосезулги щиб бугеб? — ян, ГIатигатиде юссун абуна Зубаржатица

— Гьай нус, доб дица бицараб гъотIодаса йортун хварай Къурайщил яс йиго, — ян битIизабуна Сакинаца, жинцого гьелда бицун бук1арабги рак1алде щвезабун.

Гьел регизе индал, жиндирго гъалатI бацIцIине гIадин Зубаржатица абуна Сакинаде: — КъварагIел гьечIеб жо цойги абизе гурин, дун кIалъачIого чIчIун йикIана. Дов бесдал инсуца чу кьижизе дару кьолеб бихьанин нугIлъи гьабурав чиясе кьун йикIун йиго гьей пакъир. Гьедин квешезе, дов малгIуница, дурц вахунеб гъветI ургъунго гъоркьа хъухъан букIун буго. Гьеб къоялъ, ай жийго яхун, гъотIодоса йортун йигин бицунеб раг1ун бук1ана дидаян.

Сакинада рак1алде щвана жинцаго Халисатиде чанги гьединаб квещлъи гьабурав чи вук1ун ватилин жинцаго абун бук1араб.

— Гьединал жал гIемер рукIунаян абуна Сакинатица. Эбелалъ бицунаан, рукIанин цIо кIиго моцI гурони ячун бачIел бахIарал. Сардил радакьлъиялда къватIисан тункIал кьвагьулеб гьаракь бахъиндал, гъой бахIаралъ, къватIиве унгейин цIунизе кколеб бакIалда, цо кьвагьи бугин росулъ, щибдай бугоян балагьизе айин витIула жиндирго рос. Гъов гIужие гъурасдаса, гьав цеве ккун, гуллаги гIадалъ щун, расги гIайиб гьечIев бахIарав чIвана. Балагьея, дир ясин, абулаан эбелалъ, дудаги лъазе кколин, гьадинал лъугьа-бахъинал рукIунеллъи. Кици бицен гьечIони, бицараб бичIчIунарин, метра гьечIони, хам борцунарин. ГIадат гьечIеб гуреб гIадлъуларин. ГIамал гьабичIони мурад тIубаларин. Щакдари-

сантIариялде аскIобе иблис бекерулин абулин. Дагьабги, дун гьелъухъ гIенеккизе цо-цо рикIкIунел куплеталги рукIунаан.

Эбелалъулин, гьел рикIкIине лъугьана Сакина, Зубаржат гIенеккун чIчIейги бихьун.

БитIарабги тIекъабги
БатIа гьабизе лъалеб
ГIарас майданалдагIай
БакIго батилародай.

Дун доегIан къанагIан
ТIаде-тIадегIан къалеб
ТIекълъи къолеб бакI щвани,
Щибго жо кIварич1оан.

Палугьанас вахине
Махул квар щула ч1вала
Щибго ккураб бак1 гьеч1о
Боржунеб буго заман

Батунин хайир гьечIеб,
КIочонин зарал гьечIеб,
Заманаялде щведал
Лъан пайда щиб гIузраби.

Гьалъ, Бицунеб жо жиндиего цоги рахъалде бусинабизе бокьараб мехалъ бачунеб бакъан Зу-

баржатида ракIалдеги щвезабуна. Цебе бук1араб эзил х1ерчги босун гьелда килщалги к1ут1улаго.

Огь чара хварал къоял,
Чан жо нилъер хут1араб.
Чара бух1араб мехалъ
Каранда къан бицине.

Бергьараб тIасан арал,
ТIамурав гьоркьан лъварав,
ХIакъикъат гьечIеб батила
Байтуман гьаб дуниял.

— Яхъая, яхъая, сасун кьурди кIочон бугищан бихьизе! Гьале, чан къо ина бугеб мун ячIаралдаса. Нилъеца гьабизе кколеб жо гъоркь хут1ула буго, — ян елъана гьай, цIан гъежгун Зубаржатги яхъинаюн. Цо-кIиго свериги гьелда бахъизабун, Сакинат жиндирго рокъое кьижизе ана.

Рокъоб къварилъи батундай — ургъел. Унтундай хутIана — гурхIел. Росулъ йикIарай тIоцее йокьун ячарайгундай дандчIвана — щакдари. Беролел пикраби гьаризе лъугьана гьанже жийго хутIидал, рахIат хварай Зубаржат.

Гьеб кинабго битIунги букIана.

11.

СалихIатица бицарабщиналда щиб гьабилебали лъаларого, тIоцебесеб рокьиялъ гьалаг гьавунги, Зубаржатида лъазе гурин нечон, хIинкъунги вукIана ГIумарасхIаб. Гьей цадахъ илълъинчIолъиялъ кинабго гIакса ккараб гIадин, сардал къоял кире щваралалицин лъалареб ургъалилъ гъанкъунги вукIана гьев.

Нахъияб къоялъ радал Сакинаян ячIана мадугьал. Метер жий зигаралъе ине кколей йигин, Хатипатил бетIергьанчи хун, нужоразда цадахъ жиндирги гIачи рохьдолъе рачейин.

Гьей зигараялъе уней йигоан ГIумарасхIабил росулъе. Рос хварай Хатипат кколаан Мирзал йикIарай школалъул директор.

— Дагьаб лъикIлъийищ гьелъ нилъее гьабураб, Нух1и цIализеги лъечIищ? — абун, гьелъ гьабурабщинаб лъикIлъи ракIалде щвезабуна Зубаржатица, Сакина-кIодоца гьеб къварилъи дагьаб бигьаго тедал.

Хатипатил рос жидерго росулъа вукIиндал, гьедин хутIун, вачIинчIого ватилин ГIумарасхIабгиян, цодагьаб ракI гIодобиччайги лъугьана гьалъул.

Нахъ юссун ячIарайго, дой зигаралъ росулъе арай мадугьалалъ бицана, болъода кIкIалахъа эхе-

де ГIумарасхIаб тIоцее ячун йикIарай гIадангун накъиталда унев вихьанин.

Гьеб хабар гIуна Зубаржатие, Сакинаца АхIмадил эбелалъ гьекъанин бицун букIараб рахъуги гьекъон, хвел тIаса бищизе.

Гьелъги ГIумарасхIабил ракI бухIизе гьабун букIун батизеги бегьула. Радалалде кьижаралъуй хун яти гурони, гьелъие щиб лъугьарабали лъалев чи вукIинчIо.

Жийго Сакинаги щаклъизе йикIинчIо, гьелъ хъван тараб кагъат батичIебани.

Дуе дурго йикIарай
Йокьун рагIулин,
Кьолеб гIумруялда
Дун барахщичIо.

Йокьаралъ мунги ун
Хадуй балагьи,
Гьеб дица хIехьолеб
ХIалкIолъи гуро.

ГIумру кIиго кьечIо
Рокьи-кьалалъе,
Дий кIиябго щвана
Щукру лъезегIан.

Гьелъий мун къуркьараб
Къо бихьизегIан
Дица къанабазукь
Къоял рищана.

Эбел йихьилилан
Хьул лъун бугеб куц,
Дицаго бицине
Нилъер вас вугин.

Гьелда къвал базе дир
Къасдги гIемерлъун,
Къуват щвана дие
Дунял тун ине.

Сакинада аскIов
Толев вугелъул,
ГIемер ургъел гьечIо
Дий АхIмадинил.

Эмен викьулезде
Гьоркьо бакIалъул
БакIаб гьир баччарай
Дунго йикIиндал.

Цо-цоял рукIуна
Къоял хиралъун,
КъадаргIаги щайдай
Эзул гIемерлъун.

Мун квачалей йигин
Каранде къараб,
Къо цо гIоларебищ,
ГIумруйин тезе.

Дун гIедегIараб жо
ГIумру тун ине,
Дуцаги кьун щварал
ТалихIал къоял.

Гьелда релълъараб жо
Алжан батани,
Дуе талихI тани
Гьеб дийго телин.

Дунилан гIодизе
ГIемер чи гьечIо,
Дунго йиго гIодун
ГIураб къадаралъ.

Доб дунялалдаги
Мун дий щоларо
Духъ урхъун къанщун лъикI
Лъим лълъварал берал.

ЯчIунин йохичIеб,
Ун пашманлъичIеб
Гьалмагъго бугодай
Дир гIумруялъул.

БахIарайги гурей,
Херайги гурей,
Гьоркьохъеб дир заман,
Дуе къо мех лъикI.

Сакинаца, Зубаржатил росулъа эмен-гIагарлъи гьарун рачIаниги, гьезул мурад гьабичIо. ГIадаталъе ритIухъай йигониги, нижер росу бокьун гьаний чIчIарай йикIанин гьей, жиндаса цевесев чиги гьелъул гьечIин, нижерго умумузда аскIой лъезе йигин, гьезул росулъе гьей юкъизе кьезе Сакина разилъичIо.

Сахратазул АхIмадги, гьезул умумулги рукъараб бакIалда хоб щун берцинлъана Зубаржатил хвел.

ГIумарасхIабида лъалаан, жинцаго росулъе цадахъ йилълъаян гьелда гьаранщинаб. Гьелъул гьениб рокьи букIанин, гьениб ракь хъван букIунги батилин, Сакинахъе аманат гьаюн толей йигей гIадаб бигьалъиги букIана гьесие, Зубаржатица бицараб щинабги ракIалде щун.

Вас Ах1мадин Сакина жиндихъго т1елин абуна. Щиб кин кканиги жий гьесул эбеллъун йик1инин, Зубаржатиеги гьедин бокьизе бук1анин абилал Умарасх1аб разилъина.

Сакинаде зигара базе рачIараз хвалил талихI бугей гIадан йикIун йигин гьейин абун, гьелъул рак1 батулаан. ХIакълъун лъалареб, Зубаржатица

тIаса бищараб хвелалъе гIилалъун ккараб багьана жиндиего захIмалъаниги лъидаго гьалъ бицинчIо. Сакинада лъалаан ГIумрасхIабиеги живго сабаблъун гьелъ тIаса хвел бищи захIмалъизе букIин. Гьесде хъвараб бугониги, кагъатги, цо заман бачIинеб батилин, бихьичIо нахъа лъун тана.

Жийго йикIунаан цо-цо рагIаби абун кидаго гIодулей, гьейгун гаргалей, ракI чучулей:

Духъ тIезеги магIу
ТIокIлъун букIинчIин,
ТIокIаб сайгъатгойищ
Дур дий букIинчIеб?

Бекараб, бакараб
ГIумру квегъарай,
Кибе мун щварабин
Щай цин лъалхъичIей?

Дур берал къанщараб
Къо дие кьезе
КъотIи хисарав щив,
Зарал ккараб лъий?

Замзамги цIорола
ЦIоралде щвани,
ЦIал духъ бугеб барти
Тараб щай чидай?

Дунго къуркьичIелъул
Къун йигониги,
ЧIолохъжо хисизе
Хан дица течIо.

Дуй щвараб хIалалъул
ХIисаб чучизе
Дун кий ун йикIарай,
Мун кие арай?

Бихьарабщиналъе
Щукру гьабизе
Щвана цойги гIилла
Дий гIумруялъе.

ЛъикIабги квешабги
Жаниб бахчарал
Дир нуж кирдай щвана
Щак хIакъал къоял.

Дийго бокьичIелда
Кьо гIебаб лъечIин,
КъечIеб бахъулезул
Мухъилъе ккечIин.

РитIучIил лълъаралда
Тирулеб дунял,
Дийги бертин буго
Мун тезе букIин.

Дун бергьун ятилин
Тун буго дица,
Ургъел батIиязде
БитIизе ккечIин.

Киналго руссунеб
Сапар буго гьеб,
Дуе нух битIаяй,
ТIаса лълъва дида.

ГIумарасхIаб, Сахратулагь гIадин, чIужу ячинчIого чIечIо. ЛъагIел инелдего росулъе тIоцее жиндиего йокьун ячарай чIужуги васги рихьизе, гьезулгун кIалъай гьабизе хьвадизе лъугьана гьев. Ахирисеб нухалъ гьел рачине росулъе вачIунев ГIумарасхIаб Зубаржатил хабатIеги щвезе, АхIмадинги вихьизе, Сакинал росулъе сверана.

Гьесда лъалароан Зубаржатица цебе ккараб кинабго Сакинада бицун букIараблъи. Сакинаца лъади ячиналъул гьикъидал, багъилияб бакI ккани чIужу ячине йигин абуна гьас. Гьебги балъго гьабичIого абидал, Сакинаца тана жиндирго гьабураб адаблъун.

Сундулго хIал лъазе течIей Сакина, цIакъго йохун йикIана, нахъа цо жо букIинин жинцаго бахчараб кагъаталдасаги.

Биччанте цоги хъизамалъе лъукъичIеб талихI букIине. Зубаржатиеги щвана цо гIаркьелниги та-

лихIаб гIумроялъул. Наслуялъе нахъе вуго вас. Сакинада лъалаан, мадугьалалъ жинда бихьанилан Зубаржатида бицараб хабар ГIумарасхIабида лъани, нахъе ккун гьесул талихI лълъукъизе букIинги.

Сакиангун к1алъан Умарасх1аб ине т1аде вахъана. Амма гьаб нурхалъ, эмен вихьаралдаса, гьевгун ани эбел йихьилин хьул лъурав АхIмадин, щиб бицаниги Сакинада аскIов ч1ч1езе рази гьавизе гьезда кIвечIо. Щибха гьабилинги абун, Умарасх1абица вас ана йадахъ вачун.

Гьелде тIадеги, Нурбикаги яч1ун, цIализе кколин, гьитIинай Сакинатги щагьаралде ячун ун, цIакъ ракI бакъван йикIана Сакина-кIодо.

Амма, кин кканиги, эбел-инсуда аскIор лъикIин гIадлуялъеги милаталъеги, гьел иналдаса жиндиего рек1ел-ракI парахалъи балагьулейги йикIана.

КIиявго васги тIоцее йокьун ячун йикIарай чIужуги рачун ГIумарасхIаб жиндирго рокъове тахщаралде тIад вуссана.

12.

Санал ана хекко. Школа лъугIун хадув АхIмадин цаби-гIусал къачIалеб техникумалде цIализе лъугьана.

Идрис дагьав гогьав, кIвахIалав, цIали-хIалтIи гьабизе бокьуларев вукIана гьезул. Вук1аниги ракI лъикIав, тамахав вукIун малъа-малъараб гьабун, АхIмадинидасаги живго гьитIи-нав гIадин адабалда вукIунаан.

ЦIалула вугониги, АхIмадин хIагъабго ц1алулеб бак1алда бугеб, цIаби-гIусал къачIалеб поликлиникалде хIалт1уде лълъугьана. Жиндиего кабинетги щун гьелдаса цIакъ вохунги, чухIунги вукIана гьев.

Цо къоялъ, къалъул заманалда, АхIмадин жиндирго кабинеталда гъецI-къайиги раццун, шкапалда лъолев вукIана.

— Приема нет. У меня перерыв! — нуцIа рагьиялъул сас чIвайгун, щиван валагьичIого, хъачIго кIалъана АхIмадин.

Гьавищ гъов лъикIав тохтурин, магIарул мацIалъ абулеб рагIун валагьидал, нуцIида кIалтIа эхетур йиго кIиго гьайбатай яс. ТIеренай гIадалда тIад хъахIаб халгIатги бугоан.

— Рилълъа-рилълъа, цIакъав чиясухъе ритIун рукIун ругин абила нилъеца, — ян ине лъугьана ясал.

— ЧIчIая-чIчIая, лъицая нуж ритIун рукIа-рал?

— Лъица ритIаниги щиб? ЦIунулеб гIусалъе перерыв букIунареблъи лъаларев тохтурасухъе ккани, — ян абуна халат ретаралъ.

— Ясал, ясал, щай хехлъулел? Дица квер хъвани, кIалго рагьичIого сахлъула дур гIус, — ан гьезул гьайбатлъиялде балагьун, махсаро гIемер бокьулев АхIмадинил гьезулгун накъит гьабизе къасд ккана. — Гьая, бицея, адрес кинаб гIусали? Нижний-верхний, где какой? — ян, кверал цоцазда лъухьизаризе лъугьана гьав, кIаркьен ккуралдехунги валагьун.

— Дуца нижеда щибго гьикъичIелъул, щиб лъалеб дуда ниж щибизе рачIаралали? ГIусал къачIалев чийищха мун кколев? — ан гIад-хочI гьавуна гьав халгIат ретIаралъ.

— Щай лъалареб. Унтарав чи гурони дихъе вачIунаро, — ян ургъичIого, магIнаго гьечIеб жаваб кьуна АхIмадиница.

— Мунго вихьула унтун! Дурго унтIиялъул бице адрес! — ан гьалмагъалъул рахъ ккун кIалъана нахъойги халгIат ретIарай.

— Гьелеха батIияб хабар! — ан кушеткаялда тIад кверги лъун, АхIмадиница ясазда гIодор чIезе бакI бихьизабуна. — Дир унтуе диагноз лъолев чи къварагIун дун. КигIан лъикI мун ячIарай. Щиб лъалеб, дуда лъазе бегьула дир унтиялъе дару.

— Рилълъа-рилълъа, гьанже мун кватIана цIакъго довегIан ваккизе, — ян гIус унтун чIезе кIоларого йигониги, гьеб унтун рачIараллъунго гьаричIого гьесда цебесан нуцIаги къан, къватIире лъугьун ана ясал.

Ун рукIахаян гьел таниги, ракI бухIун цо хIалхиси букIана АхIмадинил:

«Балагьеха ккараб жо. Аллагьас жалго тIаде ритIун рачIун рукIарал ясал нахъе риччана. ВитIарав вуго эмен. Кида, кин гъол ясал ралагьилел, гьагъадигIан гьайбатал ясалги нахъе риччани…»

Гьел жиндихъе ритIарас ахIун бачIинеб батилинги тун, нуцIаги рахан, кисинир кIулал лъолаго рихьана АхIмадинида гъол ясал унтаразул цIарал хъвалеб рукъалъул нуцIида цере эхетун.

Килщида кIулалги дализарун, гьел рихьичIел хвелги гьабун вачIунев гьасда, гIус унтаралъ абулеб рагIана, балагье-балагье, вачIунев вугоян.

Гьадавни нилъер тIалъиялдаса гIадав жого гурин кколин цадахъ йик1аралъ халг1ат рет1аралъ.

— Вагь, ясал, нужоца гьаниб гьабулеб щиб? Рилълъа дица хъвай-хъвагIайго гьабичIого хекко риччала нуж, гIарац батани, — ян нахъойги махсаро гьабуна АхIмадиница, нахъ вуссине нахъехун галабиги тIамулаго.

— Рилълъаха, щибилеб? Къасеги кьижичIогойищ йикIиней? ГIарацни нилъеца асие почалдасан битIилин, — ан данде махсароги гьабун, гъежги ккун цIангIадин ячана халгIат ретIаралъ, чIчIезе кIоларого кIаркьен ккун йикIарай Сакинат.

Нахъе лъун рукIарал жиндирго гъецI-къайиги цебе босулаго АхIмадиница гьей адабалда гIодой чIезаюна.

Агьин гьелъ абилелде гIус бахъаниги, гъецIалъ ккун бугеб гIусалдеги балагьун, цо гьитIинаб кьибил бекун гъоркь хутIун бугин кколин, цоги нухалъ балагьизе рагьейин кIал, тIаделъана АхIмадин

Унтараб рахъ бахъидал, гьале къотIанин унти, щай дуе дир гIусалъул кьибилин, тIокIаб гьелда кIал рагьизабизе кIвечIо.

Ясал цереса ун хадуб, гьезул берцинлъиялъ мехтун вукIана АхIмадин.

«Балагье, цIаргIаги гьикъичIо гьезда? КIалдиб квасквасгIаги лъурабищ дица гъолъул. Нилъер тIалъиялдаса гIадав жого гурин абураб жоялъул магIна щиб? Росулъгийищ гьададинал ясал рукIунел?» — ан гьезул пикрабазда ккана гьав.

13.

Гьелдаса хадуб гIемер къоялго ун рукIинчIо, вачIана гьасул лъикIав гьудул ГIузаир. ГIумру аваданав вас вукIана гьев. Гьеб къоялъ цеве-цеве гIадин гурев, пашманго, цIакъ ургъалилъе ккарав гIадин вихьулев вукIана.

ГIузаирица жинцаго бицинегIан, щибго гьикъичIого сабру гьабуна АхIмадиница.

— Ахмадин, ты знаешь..?

— Бицея-бицея, щиб ккарабали? Цо жо ккараб гIадин, вукIкIун вихьулев вуго дида мун. Салам-калам кибараб?

— Щиб ккелеб, дуда лъала цIалул сон лъугIингун ниж ритIула практикаялъ. Дун хъван вуго росулъе витIизе. Эбелалъ гьабизабураб жо батула гьеб, лъаларо щиб гьабилебали? — ян жиндирго ургъалил бицине лъугьана ГIузаир.

— ВахI! Элдаса лъикIаб жо щиб? Дир бугебанищ гьедин хIалтIизе ине росулъ бакIги, гьениве витIизавизе эбелги.

— Дуца бицунеб щиб, дирги эмен вукIаравани, гьадин букIинароан. Жиндирго мацI гурони эхе жо биччаларей гIадан йиго эбел.

— Гьей йитIун ятилаха, элдаса лъикIаб дуе бокьараб щиб? — ан абуна АхIмадиница.

— Практикаялъ ритIараб бакIалде цIали лъугIиндал хIалтIизе ритIизаризеги кIолелъул, гьедин гьабизабураб жо батула гьеб эбелалъул.

— Гьеб тIадеги лъикI гьечIищха!

— Росуги эбелги рокьуларого гуро дун вугев. Дие бокьараб жо батIияб буго.

— Дида бицине бегьулеб жо бугищ гьеб? — гьикъана АхIмадиница.

— Доб къоялъ, духъе гIус бахъизе ячIарай яс гьечIищ?

— Гьая, бицея? — ян дой ясги ракIалде щун, дагьав цIорон абуна АхIмадиница

— Дир яцалъул гьудул йиго гьей. Доб къоялъ, гьелъул гIус унтун бугин яцалъ абураб мехалъ, дур кабинет бугеб бакI бицана дица. Дуда йихьанагури гъой. Гьей лъаралдаса, гьале лъагIел унеб буго, гьаглъун вуго дун. Дунги дирго росулъе ани, гъойги цоги росолъе ани… Цинги, хадуб дун гъолдаса ватIалъизе гурин хIинкъун, гьеб буго гьениб бугеб гIузро.

— Гьебищ букIараб? Мун унго-унгоги гьаглъун вихьула. КирегIаги унаро гьел ясал. Щибго ургъел гьабуге. Жедерго мурад тIобазе бокьараб хIила ургъула гьез, ханасул яс ятаниги.

Ханасул ясин абидал ракIалде щун хабар бицине лъугьана АхIмадин, гьесие ургъел бигьалъилебгIадин.

— Ханасул ясалъе къватIи росолъа васги вокьун, гьесие гурони батIияв чиясе инарин яс чIчIедал, гьабизе жо тIагIарав инсуца, ясги ахIун абула, вокьарав васасеги кьечIого дур талихI гьукъизе бокьун гьечIин. Амма, дун разилъун, мун нилъерго тайпа гурев чиясе кьуни, гьеб дун гIодовегIанаб жо бугин. Дур гьечIо эбелин. Малъизе чи гьечIого ясалъул ккараб гъалатIин, тIаса ккезе бегьулин гьеб. Дун рокъов гьечIев мехги балагьун, мун мунго айин дуего вокьарав чиясеян. Рокъоса дуего бокьараб жоги босейин цадахъ.

Гьелдаса хадуб гIемераб заманго инчIого, эмен чанадаса вачIинелде, гьес абухъе уна яс рокъоса. Амма гьелъ бакIуги, цо гьитIинаб гьелда тIад лъолеб къандалъоги, цо ящикI конфетазулги гурони рокъоса ун батуларо.

Гьей ханасул яс арав васасул букIун буго гIемераб ракь. Гьей ясалъ ургъун буго, инсуе бищун бокьулеб дараби гьарулеб хурдул рекьун, гьел гIезаризе. Росолъ ругел чагIаздаса, къват1иса ячIарай ц1ияй бахIарай жийго батIаяйлъун йихьизе, гьелъ, бетIергьанчи годекIаниве унев мехалъ доб яшикIалъуса цо-цо канфет кьун, мадугьалзабазул лъимал ритIулел рукIун руго, гьесда гъоркь лъезе, васас бакIу босун, ясалъ тIад лъезе къандалъо босун. Рос тIаде вахъиндал, нахъе росунги рачIайин. Гьедин адаб-хIурмат гьабун, гIадамазги хIурмат гьабулев лъугьуна. Заманго бахъичIого гIун руго дараби гьарулел хурдузул ахал. Гьеб бичулеб бугин, къварагIарал чагIи цIехон росабалъ хабар тIибитIизабула гьез. Дараби хирияв дов ханасдаги рагIуна цIияб хурдул ричулел бакI. Гьелъул бетIергьан бечедав гIакъилав чи рагIулин. Ханас гьев хъизангун жиндихъего гьоболлъухъ ахIизе, жиндирго караван хадуб битIун буго. РачIингун гьал ханасда аскIор бихьизабураб бакIалда гIодор чIчIола. Жиндирго ясалъ гьабураб букIин бичIун, воххарав ханас абула, даран-базар къотIи-къай гьанже букIине гьечIин. Дирго кара-

ванги хадуб битIизабун дир яс рокъое ахIун ячун вачIарав чи, вугин хан. Ханлъиги гьесухъ букIине бугин жакъаялдаса. Гьедин букIуна вац, дуца расги ургъел гьабуге.

— Гьеб дур хабар дие данде кколаро, — ян бетIер дагьабги гIодобе къулана ГIузайирица. — Дуда дир чара хвей жеги бичIун гьечIо.

— Щибха гьениб бугеб батIаяб ургъел? Гъой ясалъ жинцаго щибун дуде абулеб? — ан гьикъана АхIмадиница.

— Абизеги-тезеги гьелда кIалъазе кIолев чи щив? — ан абуна тIепун чIун ГIузаирица.

Махсаро бокьулев АхIмадин, кеп щун тирщун тIаде вахъана. Щиб абилебалиги лъачIого кечI цIализе лъугьана:

Цо гIурул рагIалда
ГIалаги бухьун,
ГIалистан къачIана
Къаси чанаде.

Абурав ватилин
Хал гьабичIев гьас,
ЦIар рагьун гьикъана
Рукъалъул номер.

Жаваб рагIилелде
Гъванщилъ щвана зар,

Данде кин хьвагIилеб
Хьварун индал гьас.

Къан ккунаха галстук,
Нужер росдал цIар
Дида кIочанилан
МукIурлъейилан.

Зурма къалиялъул
Гьаркъиде данде
Кьурдиладай хIатIал,
Доб зарги хIехьон.

БатIияб жоялде
ТIаде ин гьечIеб,
РакIалъ гьабулелъухъ
Балагьилин нилъ.

БацIикьа хIинкъарав
Рохьов унаро,
Вихьун гурев, шайих
Бицун лъаларо.

Заманалъ бицина,
СихIру боцина,
Хадур балагьила
Бергьин къеялъухъ

Жиндаго тIад велъулев вугин ккезе гурин, халатаб кечI цIалидал, АхIмадиница гьасул гъажалда кверги лъун абуна:

— Дов УхIумил чIужу гьечIищ, Бика? Гъозул ккана кIудияб история. Ав УхIума, гьелъул абурав вас вукIин лъаларев чи, цин гьелдеги кIалъачIого, гьезул росулъе уна гъой ясалъул хабар цIехезе. Цинги дова вухун вугин рагIидал, гьесде дица гьарурал рукIана гьал куплетал. Гьединги ккола. Кканиги щиб, гъой йокьарай яс ячун гурони УхIума чIчIечIо. Доле месед гIадал васалги руго, росуго урхъараб магIишатги буго. Бокьахъе ккезе бегьула, цебе ккун гьеб кин букIинебали лъиданиги лъаларо.

— БитIараб гьабун буго! Дунги ч1ч1еларо, абуна Г1узаирица.

— Гьанже бицея дуца, хадубги чан лъагIел нилъее къварагIунеб гьелда кIалъазе кIвезе ккани? — ян гьикъана цIидасан АхIмадиница.

— Дуца гьедин гьикъизе букIин, дида рокъобго лъан букIана…..

— Гьикъизе, бокьараб жо гьикъизе бегьула. Амма, йокьарай ясалда щиб гьабилебин, дун гьелъие вокьун гьечIони, гьеб суалалъе жаваб ясалъул гурони букIунаро, — ян велъун абуна АхIмадиница.

— Гьелеха. Дун вокьичIого ятиларо гьей, — ан вахъана тIаде ГIузаир. — БатIияб росулъа чиясе кьезе эбел рекъеларин, хIинкъулей ятила.

— Эдинги букIине бегьула. Додинги букIине бугьула. Дурго эбелалда гIайиб гIемер гьабуге дуца. Гьелъул дуе ячине йокьарай ясги ятизе бегьула.

— Эбелалдани гьелъул хIакъалъулъ жеги щибго лъаларо, — ян цIидасан гIодовчIчIана ГIузаир.

— Гьеб дагьабги квеш гьечIищ? ЙикIарайанищ цо дир эбел, гьелъие бокьараб гьабизе. Гьеб щвеялдаса кIудияб талихI дие букIинароан. Хоб росулъ гьечIелъул батила, диегIан гьей эбел камурав чи ватиларин вукIуна дун.

— Нижерги иш гьелъул рахъалъан, батIаго дуралдаса гIемерго лъикIаб гьечIо, — ян абуна, дагьав гIодовеччарав ГIузаирица. — Къарумлъиялъ, магIишат цоги чиясе ккезегурин, вацгIаляцгIалзаби рачун ригьин гьабула нижер. Дирги йиго дидаса кIудияй яц. Гьелъул эмен батIияв вукIун, кIудияй эбелалъ хьихьун гIурай йиго гьей. Дирго эмен хведал, гьикъун букIана дица гьелъул инсул. Нижедаги лъаларин абун, гьезие бицине бокьичIелъул, дица тIокIаб гьикъизего гьикъичIо. Лъанги щай дие гьеб. Цо-цо гIузру камураб хъизан букIунареб батила, амма йокьарай яс щвечIого тезе дидаги ракIалда гьечIо. Гьей гIемер ракIалъе йокьун йигониги, цо мурад тIубалареб гIадаб

хIинкъараб бакIги букIуна дир, — ан абуна ГIузаирица къваридго АхIмадинихъги валагьун. — Лъаларо щай гьедин бугебали…

Къварагlараб бицунеб букIараб хабар лъугIизабизе бокьун букIинчIониги, цо бакIалде ине кколев гIадин, сагIтихъги валагьун, тIаде вахъана ГIузаир. Гьев нухда регIизе къватIиве АхIмадинги лъугьана.

КъватIире лъугьаралго азда данд чIвана беralги цIахIилай, тIерен-халатай яс. ГIузайир вихьигун, ворчIамиги кьечого, бераз гьав кванала-го абуна:

— Гьа, ГIузаир, мун-ха дие къварагIун вукIарав. Октябрь моцIалъ росулъ одноклассника-зул вечер бугелъул, дуда лъалищ энире рилълъине кколеблъи?

— ВахI, щай лъалареб! Гьениве ине къоял рикIкIунев гурищ дун вугев, — ан абун, живго нухда регIизе вахъарав АхIмадинида къолъикIинцин абичIого, ана ГIузаир гьей берал цIахIилайгун цадахъ.

Гьелдаса хадуб гIемер мехалъ вихьичIого, ясал гъорлъ ругеб жо букIиндал, щибдай гьесул кканаян хIисабалда вукIунаан АхIмадин.

14.

БачIана октябр моцI. БатIи-батIиял бакIазда цIалулел ругел гIолохъанал ясал-васал, ракIарана жедерго росулъе, цIидасан школаги бихьизе, цадахъ цIалулел рукIарал гьалмагъзабигунги дандчIвазе.

ГIузаирил яц Залмуда цадахъ унел гьалмагъзабазада гъорлъ йикIана Сакинатги. Гьеб лъан гьас гьарана яцалда киналго гьудулазаби цин жедерго росулъе гьоболулъухъе ахIизе.

Росулъе шваралго киналго ракIарана ГIузаирица кIодол ахикь букIараб кIудияб минаялда. Гьелгун лъай-хъвайги гьабизе, дой жиндиего йокьарай Сакинатги йихьизайизе, на гьав эбелалда хадув. Цебе цингIаги эбелалъулгун данд бан букIинчIеб хабар гьелъие сайгъатлъун букIинин воххун вукIана гьев. Амма, гьел ясазда цадахъ дие йокьарай ясги йигин гьас бициндал, эбелалъул кидаго бихьичIеб ццидаллъиялъ гIажаиблъизавуна ГIузаир.

— Дир вас гуро мун! Гьаб росуги дур гуро! А дир рокъоса! ТIокIав дида вихьуге! — ахIдолей йикIана, сабру тIагIарай эбел.

Кинаб бугониги дару гьабизе бегьулеб унти, даруго гьечIеб жоялде буссинабизе лъугьун, хIаладаса ун йикIана гьей.

Г1узаирил вихун, хаган ч1еялде балагьун, кидадай гьев вач1инаян йик1арай эбел дагьай г1одойеччана.

— ГIузаир, дир вас, мун хьихьарай дур кIодоэбелалъ дуе ячине вацасул ясалда кIилкIал, лъабго моцI барай жо гьей йигей мехалъго ран рукIана. Тухумалда т1ок1ав васги гьечIин, чияе биччазе бегьулеб магIишатги гьечIин, гьелъ гьабураб ригьин букIана гьеб. Гьеб гуребги, дир вацасулгун гьоркьоб бакI хола, гIумруялъ тушбаби лъугьуна ниж гьей дуца ячинчIони. ГьабсагIат мун гIадамазда вихьилелде, гьел ясалги рачун, хехго росулъа нахъе а, — ян ахIдон, нахъойги гьалаг гьабуна гьелъ, гъобго ццин гъоркь букIаралдасаги гучалда.

Эбелалъ, кин лълъугьаниги, къватIиве гъедал, гьев расги гьечIебгIадин цин ясал-васал ругеб бакIалде вуссана. Гьенир ихтилаталда, кьурдикечIалда ругоан киналго. ГIузаир, гIемер эбелалъулгун ккаралдаса ракI бакъваялъ, гьеб бахчизе бокьун, дагьав батIияв лъугьун вукIана роххелбакъалда гьеб сордоялъ.

Сардил радакьлъиялда цIад бачIониги, зоб гъугъан, гьури бахъун квачазе лъугьана. Ясал квачалин гьезукьаги нечон, тIад базе юргъан босизе эбелги бат1ияй лъугьун гьеч1одаян бихьилин, ана ГIузаир ц1идасан эбелалъухъе.

Эбелги егун ятун, гьей къижун йигин ккун, юргъанги босун къват1иве лъугьуна вук1ана Г1узаир. Унев гьесда хадуйги йортун, кодоса гьебги бахъун, нуж жеги анирищ ругелан, гьанжеги ццидалъ ахIтIана эбел. ТIад вуссун рокъове иналдаса ракIги бухIун хIалуцарал пикрабалъ, йокьарай яс гъорлъ йигел ясазухъе векерун унев вукIарав ГIузаир, нух къотIулаго зунун бачIунеб машинаялде гъоркье ккана.

Гьесда машина тункарав шоферас хехго гIагарда бугеб больницаялде щвезавидал, тохтурас жидеда гьабизе кIолеб кумек гьечIин, хехго гIагаразда лъазабеян абуна.

Дагьайго ригь арай, гьединаб жо гIемер бихьарай тохтуралда лъана гIагарал чагIи рачIинегIан гьев хутIуларевлъи. Гьесул гьайбатлъиялдеги гIолохъанлъиялдеги балагьун, батизе бегьулин гьасие абизе бокьараб жо гIагаразда бицине букIинеян, гьесде берцинго кверги бахъун абуна гьелъ:

— Вай, дир вас, дуе лъугьараб щиб? Гьале дун, дур эбел ячIун. Щиб дуе ккараб? Дуе абизе бокьараб жо щиб бугеб? Абе, бице дида, — ян эбелалъ гIадин ракI бухIун гьесда кверал рахъизе лъугьана гьей.

ХIалихъе щурщулел рукIана гьесул кIутIби. Цо жо кквезегIадин хаполел рукIана кверал. Гьес щурун гIадин абуна:

— Дир йокьарай яс ахикь йиго дихъ ялагьун… Сакинат… Гьелде дие мун йокьулин абизе дие щвечIо. Гьелда абе, дица абунин, дие мун йокьулин… Мун дир эбел гуро… Баркала дуе, дие бокьараб жо абизе щваралъухъ. Доя магъилъ дихъ балагьун яс… Доя ахикь бугеб нижерго рокъой… ясалгун. Эбеладеги абе, дида тIаса лъугьайин… Дун цIакъ вокьулаан гьелъие… Дие гьей цIакъ йокьулин абе…

Гьадинги бихьинал дагьал тухумалъул наслуялъе вас ками букIана балъгояб, лъачIого тIаде бачIараб кIудияб къварилъи. Эбелалъе ракIалда къазе жо гIемер гъорлъ букIун, рекIелъа бахъулареб захIмалъи гIемер бугеб балагьлъун букIана гьеб.

Гьелде щвезе рачIараз жидерго къварилъи гьелъулалдаса кIудияб бугин бицун, гьелъие сабру кьолел рукIунаан.

Цояз, кигIан лъикI чIужу ячун йикIинчIей, вас хвеялдаса нус рокъое уней къо захIмалъулин.

Цогидаз, жедерав арав бакI лъаларин, хоб бугебани жал гIодилароанин, ччугIа квезе гIолохъабигун анин, тIокIаб жо лъаларин.

Шиб бицаниги, жийго гьесде ягъараб куц ракIалдаса инабизе кIолеб букIинчIо гьелда. Жинцаго гьесда кодоса юргъан бахъараб куц, бегьулеб батани те эбелин, абулев вугев гьесул маг1ил

ц1урал беразул валагьи, цебеса инабизе кIолеб букIинчIо керен бух1арай эбелалда.

ГIузаир машинаялъ чIванин хабар рагIидал, АхIмадинги вакIарана гьесул росолъе зигаралде. Авгун цадахъ гьесул гьалмагъзабиги ана.

Гьединаб бакIалда гьабулеб жо гIемер лъикI лъалароан АхIмадинида. Цадахъ вукIарав гьалмагъас, эбел йихьун лъик1 бук1инин зигара гьабизеян абуна.

Руччаби рукIунеб рахъалдехун индал, азбаралъурго рахъун чIчIун г1одулел рук1ана г1емерал руччаби. Гьезда аск1орго рук1ана дой гIус бахъарай ясги, цадахъ йик1арай ясги. АскIове щолаго, дой берал цIахIилайги, цойги ясалги рачIана тIаде. Гьазда гьикъичIониги лъана гьездехун кIалъалей цIакъго ракI лъукъун, г1одулей г1адан Г1узаирил эбел йикIин. Щиб кин ккарабали гьикъун цIех-рех гьабун бицунеб хIал гьелъул букIинчIо.

АхIмадинги, цадахъ рукIарал гьалмагъзабиги зигараги гьабун гьебго къоялъ т1ад руссана.

Ана дагьалги къоял. Щамат къо букIана гьеб. ХIалтIуде унеб бакI АхIмадинил рикIкIад бугониги, гьав кидаго вилълъанхъун гIодосан унаан. ЦIад букIана дагьа-дагьккун щенелеб. Автобус чIун батидал, гьеб къоялъ рокъове вуссунев чи виччизе гурин, АхIмадин жаниве вахана. Вахингун гьав

гIажаиблъана, кIудияв вац Идрисги, гьевгун хабаркIалалда гъой берал цIахIилги рихьун.

ГIузаирил хабар цIехезе гьей цIакъ къварагIун йикIана АхIмадиние. Живго гьезда вихьичIониги, аскIове вилълъун салам кьуна. Гьеб расги бокьичIо цIахIилие. БукIаниги, АхIмадиница жиндирго мурад бицана.

— Доб къоялъ нуж цадахъ аралдаса тIокIав ГIузаир вихьун вукIинчIелъул, мун йихьизе бокьун вукIана дун. Балагьеха, ккараб жо, — жиндиего захIмалъиги къулчIун, абуна гьас. — Дуда лъалеб батIаяб хабарго гьечIодайин гьикъизе бокьун букIана. Дида дос ясал цадахъ рачинин абунги букIинчIо. Хадуб пикруйищ гьев гъарима-сул хисарабали, нуж киналго цадахъ рукIиндал, ясаздаса ватIалъун дове нухда дов кин ккарав чи?

— Кий дуда дун гьевгун иней йихьарай? Дида гьев вихьунцин вукIинчIо. Дун гьесда цадахъги инчIо. Гьенийги дун йикIинецин йикIинчIо, — Идрисида жийго къварагIун кIалъалев вугев чийин, гьересияв гьавуна цIахIилица АхIмадин.

Гьелда гIажаиблъун, абизе жого лъачIого, жиндирго рукъалде аскове щун, рещтIана АхIмадин. Рокъове щведал, кидадай Идрис вачIинаян рахIатги хун вукIана гьев.

КватIун вачIарав Идрисиде эбелалъ абуна, дагьайго гьимизеги гьимун:

— Жакъа мунгун йикIарай яс, киса щварай жо?

— Кир дуда ниж рихьарал? Мунго гурищ йикIуней, дуда ясалгойищ ратуларин! — ан абуна Идрисица, цудагьав барщарав хвелги гьабун.

— Лъаларо, гьагъай жо — борохь чIвалеб тIилгIадай жо йиго, — ян гьесул жавабалда ракI хвечIого елъана эбел.

Эбел цее ккедал, гIенеккун чIезе ккана АхIмадин. Хадуб цIакъго багъил ккана гьесие. АхIмадинил рокъовеги вачIун, мун вукIинчIищ кумекалъе хIалтIизе чи валагьулевин, щварави-щин, гьикъана Идрисица.

— ХIалтIизе чи щвечIо. Щиб, гьагъай берал цIахIилалъейищ дуца хIалтIизе бакI балагьулеб бугеб?

— Дида бихьараб гьелъул квешлъи гьечIо. Гьадин кIалъанго гурони, дица гьелъие кьураб рагIиги гьечIо. Эбелги, рагIарайищ, цин къва-рагIуна гьелъие ясал, цинги — рокьуларо. Дун расги жо лъаларев чилъун гьавула нуж кIияцаго.

— Ниж дуе лъикIлъи бокьуларел чагIийищ?

— Гуро. Амма лъикIалдаги бокьиялдаги гьоркьор рукIине бегьулароха.

— ЧIа, дица бицина дуда гъой кинай гIадана-ли, кинаб бакI гъолъул жакъа рекIее гIечIебалиги. Гьеб абизе мун къварагIун вукIана, — ян абуна АхIмадиница.

— ГIенеккея, — цIидасан бай бихьана абизе АхIмадиница Идрисги столалда нахъа гIодовкIинавун. — Жиндирго къварилъи бицине вачIун вукIана дихъе цо къоялъ ГIузаир. Гьев нухарегIизе вахъана дунги къватIиве. Нухай гьесухъ балагьун чIчIун йикIана гьадай цIихIил. Дида бихьидал цадахъ унаго гьезул букIараб накъит. ЛъикI цоцазда лъалел чагIи гIадин рукIана гьел. НухарегIизе вахъун чIчIарав дидехун вусун къолъикI гьабизе кIочана ГIузаиридаги. Гъой рагIарайищ, дида гьев лъазецин лъаларила, гьесда цадахъги инчIила, вихьизецин гьевги вихьичIила, гьенийги жий йикIинчIила. ГIузаирил росулъе зигаралде арав мехалъ, доя руччабигун рагьтIа йихьунги йикIана дида гьей. Эбел йитIун йиго. Гьединал жал ралагьейин абун букIун батилароха. Цо саламатай яс ялагье ле.

— Нужода цIакъ лъикI лъалеб бихьула, кинай яс дие къварагIунейяли. Диеги нужоца ялагьеха, — ян абуна Идрисица.

Гьес абигун, АхIмадинида ракIалде ячIана дой, ГIузаирил эбелалда аскIой яхъун чIун ятарай, гIус бахъизе ячIаралда цадахъ йикIарай яс. Гьеб къоялъ цIакъго берцинлъун йихьун йикIана гьей АхIмадинида.

— Дида ятун йиго дуе цIакъ данде кколей яс. Амма дида гьелъул цIар лъаларо, — ян абуна гьас.

— ВахI, гьелеха лъикIаб хабар, — ан тIирщун вахъана Идрис. — ЛъикIай йикIин кисан лъарай? Азда ятарай ясалъе цIарцин къварагIунаро, лъикIай йикIин лъазе ккани.

— ЦIарги, киса-щиялиги лъазе захIматаб жо гуро. Гьеб дица лъазабила.

КъватIиве лъугьун инев вукIарав Идрис нахъги вусун, цIидасан столалда нахъа гIодовчIана.

— Гьа, бицея!

— Цин дицаго кин щибан лъазабила. ЛъикIай яс йик1ине ккола гьей. Амма хадуб хутIараб щинаб дуцаги гьабе, — ян абуна АхIмадиница.

15.

Сакина-кIодо цIакъ ракI бакъван йикIана гьел саназда. Гьанже институталда цIализе захIмат бугин, х1алхьиялъул заманалдацин щвезе Сакинат ячIуней гьеч1инги, Зубаржатил хабаде вахине вачIунелъул ГIумарасхIабица, вихъизе цIадахъ АхIмадин вачун вачIунгуртIиялъги.

Жийго къваридаб мехалъ гьелъие бокьулаан цо-цо куплетал кочIолги ургъун, жиндиего гьел берцинаб гIисинаб бакъаналъ ахIулей йикIине:

Дица хIасраталъул
ХIор биччан тана,

ХIажатал чуризе
Чвахе тIадейин.

Дица рокьиялда
Кьо гIебаб лъуна:
Цоцазе рокьизе
ТIасан рахайин.

Дица, кереналда
Картаги бахъун,
Щивасул хасият
ХIарпаз бикIана.

Цо-цо ккун дица гьел
Карандеги къан,
Къимат гьезухъ тана,
ЛъалкI дихъго тана.

Хадуб гIумруялъул
ГIорхъи цIехана:
РагIа-ракьанде щун
Щиб дир ккарабин.

Бергьараб-къаралъе
Къварилъи кьуна,
Дун тIаса лъвинчIеб бакI
ТIаде бахъайин.

ГIумруялъул чодул
Чангит къараб бакI
Къварид балагьана
БергьичIилан дихъ.

Чода цIалги кьабун
Гъоркье кIанцIараб
Замана гIодана,
ГIайиб лъидайин.

ЖужахIалъул цIаялъ
БухIулареб ракI,
Дун гьелде гьардана,
Гьабе кумекин,

Гьелъ дида абуна
Жиб кьуруларин,
ГIумрудул киб бакI дуй
Бокьун бугебин?

Заманалда рекъон
Къварилъи баччи,
Гьеб къаркъалаялда
Бараб жо бугин.

Амма черхалъул хан
Хиялги дунги
ХIухьел тIагIинегIан
РатIалъиларин.

Дий гьеб гIумруялда
ГIадлъун ккараб жо:
ГIодуларел берал,
БухIулареб ракI.

Цинги, къуват букIун,
Дун къезе чIчIечIо,
БецIичIеб лъикIлъи тун,
Лъан гIаданлъи тун.

Берзул магIуялъул
Къуват батила
Ралъдал тIину кквезе
ТIоцебе гъоркь лъун.

ТIаде чвахараб жо
Анищ батила,
Гьелъул карачелалъ
Бачун хьвадулеб.

Цо-цо ракI гъоларей мехалъ, эбелалъ нахъе тараб т1ухумалъул тIехьги босун, гьеб тIехьалда-сан гIакъилал харбал лъугьабахъинал цIалулей йикIунаан Сакина-к1одо. Гьелъ, ракIалде щибниги суал ккани, рагьулаан гьеб тIехь. Цо-кIиго гьел су-алалде данде кIолел лъугьабахъиналги цIалун, жиндиего гIакъло, сабро-кантIи гьенисан босун, тIалаб гьабулаан.

Гьанисалалъ цIалула бугеб хабар кIодое цIакъго бокьулаан. Гьелъие гIила букIана, кIудияв инсул заманалда жедерго ккараб, бачIунеб гIелалда лъазе букIине, эбелалъ гьеб тIехьалда хъван тун батиялъ.

«Нахги, нисоги бахъараб риди жанибе тIураб хъабаялда тIад, чурараб мехалъ жиндиего гьитIинлъараб горде лъун букIана эбелалъ.

Собраниялде, базе кIаз кьеларищин ячIарай мадугьалалъ, жиндие бегьуларишан, бихьизе кьейинги гьикъичIого, босун гьеб горде ретIана:

— Вай гьадинаб тамахаб хамалъул горде бокьунха дун йикIарай. Диего тела дица гьаб, — сукIун къвалакь лъуна мадугьалалъ горде.

— КIаз щай кьолареб? Дуда рекъонги бук1уна, берцин къазеги лъала, цин гъелъие рец кьун, абуна эбелалъ. — Амма, горде дица гъой г1адамалъе кьелин абун бук1ана.

— Диеги кьечIого гъолъие кьезе ккеларищ, гъолъ ножор эбелалада туснахъалда рорчIизарурал сардалги кIочон! Гъойги расги нечоларо дуде гьардезе ячIине, — барщун ана мадугьал.

— Эбел, щиб гъой мадугьалалъ бицараб? Нилъер кIодо туснахъалдайищ йикIарай? — ян гьикъана дица.

— Мун гьит1инай жо йик1ана доб заманалъ, — бицана гьелъ. — Бечедал чагIийилан, боцIиги

бахъун, рокъоб бугеб къайиги бахъун, рикIкIаде цIоралъул мугIрузде адрис лъалареб бакI-бакIазде ритIана нилъер умумул. Нилъер кIудияв эменги гьединго витIун индал. Эбел ана МахIачхъалаялде, гьенив лъалев чиги вукIун, гьесул комекалдалъун кIудиясе дагьаб квен нухабе кьун бажаруларищан бихьизе.

Гъой, риди кьейин нилъехъе яч1уней гIаданалъ гIарза хъвана, гьадинай чIужу лъайхъваялдалъун квен жанибе кьезе анин. Гьединаб балъгояб жо тIатинабуралъухъ, кьолеб хасаб гIарацги букIунаан доб мехалъ.

Хал гьабидал квен жанибе кьолел чаг1азул ц1аразда гъорлъ, эбелалъул цIарги батун, цIан гьеб квенги кодоса бахъун, туманкIги цузабун рехула гьей, нилъер мацIги лъаларел руччаби ругел рокъое. Дуе квен жанибе кьезе комек гьабулев вук1арав чиясул цIар бицейин, бицинчIони ханазе йигинги абун. Гьединги бицинчIеб мехалъ, вачун вачIун вуго кудияв эмен. Дуца гьикъейин, бицани к1иялго рокъоре риччалин. Гьеб мехалъги лъаларищха гуккула рукIин. Инсуда абун буго, дуца гькъеин, дуда щивго чигойищин лъаларев. Лъалин абун буго гьалъ, щайин дида чагIи лъаларел: мадугьал ГIумар лъалин, гIиял вехь Исуб льалин, Абакар лъалин. Гьеб мехалъ гъозул цIакъго цим бахъана. Гьезда цадахъ Сибиралде йитIизе йигин гьез абидал, жиндир рекIел бахъараб гIадаб гьар-

акь, щив хваниги, щиб кканиги рагIинчIин, йикIунаан гьей. Хадуй, гьениса цо мазалияв чияс гъежги ккун ехъерхъун ячун, малги бан реханила. Шуризе хIинкъун чIун йикIанила жий. Рогьун канлъи беччедал къват1ие рехун ятанин. Гъениса яхъун гъалбадерихъе ани хадуб хал ккун батизе гурин х1инкъун, росолъе щвезег1ан жий лъелго яч1анин…

— Гьеб дида лъалароан, — ян абуна дица. — ТIокIай гъой гIадан гьардезе ячIа цо! Гъолъие дица гьабулеб бихьизе…

— Вай, дир яс, вай, дир яс! — ян абуна эбелалъ. — Цебе гьединаб лъикIаб-квешаб ккараб Аллагьасул хIукмойин толаан. Чиясдасан чиясе зарал кканицин, къо тIагIарасе багьанайин, илбис гьоркьоса нахъе хъамизе гIакъилзаби маслихIаталъе рачIунаан. Хадуб бачIана гьеб инжитаб заман. Гьелдаго рекъон гIадат цIуниги, гIаданлъиги, ккаралда тIаса лъугьинги адабги тIаг1ана. Гьанжеин абуни, ножое дагьаб бокьараб бицинеги, абизеги, гьабизеги бегьулеб бигьаяб заман бачIана, дир яс. Дуца бицунеб щиб? Гъолда релъон нилъго гьечIолъиялда щукро гьабизе ккола. Кинаб заман бачIаниги, бахъараб рет1елги, ридиги дида гьарулеб гурони заман гьелъие кьечIо Аллагьас. Гъолъиеги, гьейгурейлъиеги кьезе кIолареб заман, дидеги бачIине течIо Аллагьас. Валлагь, кьела! Дун хвани, дуцаги кье. Квещлъи гьабурасе

гьабураб лъикIлъиялъухъ, лъикIлъи Аллагьас жинцаго гьабичIого толаро. Дицаги кьуна, ножоцаги кье: гьеб буго дир васигат…»

Гьеб т1ехьалдасан жиндиего г1емераб г1акъло-малъиял щведал, цо-цо жинцаго лъималазе ц1ализе малъиял хъван толаги йик1унаан гьеб т1ехьалда гьанже жийго Сакина-к1одоги.

16.

Унти-щокълъи гIемерлъун бугин, Абакарица Сакина-кIодо жиндихъего ячун йикIана. Хаселго гьезда аск1об тIамизе разилъиялда ракI бухIун йикIана гьей.

Гьеб соналъ х1алхьиялъул заманалъ хъулухъ гьабизе Нурбикаца Сакинат йитIунги ячIун, жиндирго минаялде тIад юссине багьанаги батун, рохел щвана гьелъие. Жийго лъугьун Сакинатие батIи-батIиял квенал гьарун, гьейгун гIагаразухъе гьоболлъухъ ун, кидаго унтичIей чIужу гIадин лъугьун йикIана Сакина-кIодо.

Гьоркьо-гьоркьой, Сакинат йохун йикIине, квасул тIагIелалда иц базе гурин, цIулакьодал тIамах бетIизе гьейги йитIун, гьоркьоб гьеб лъун къачIалел рукIунаан. СандукIалда цебе гудур лъун, гIункIкIалъ борлъизегурин хIинкъун йикIунин, къайиялъул бицун, гьеб хъаи гьелъул букIин

бичIинабун, цIунизе захIмалъиялъул бицунейги йикIунаан.

Гьел хIалхьиялъул лъикIал къоял хеккого ана. Сакинат юсана тахщагьаралде. Гьеб хIехьезе кIоларого, квачан, якъун, къечонги гьечIин, цо жо билараб гIадин, кин йикIинеяли цIар лъезе лъаларого гIодизе багьана балагьулей йикIунаан Сакина-кIодо.

Гьелдаса гIемерал къоялго ун рукIинчIо, ахIдана пачталион.

— Сакина-кIодо, ва Сакина-кIодо, рокъойгIаги йигейищ?

— Йиго-йиго, щив гъов?

— Сакина-кIодо, дун йиго. Гьале Сакинатил кагъат буго духъе.

— Гьаб квач1араб заманаялда бигьаяб хIалтIи гуроха гьеб, дир яс, — ян гьелъие баркала кьуна кIодоца.

Аллагь, лъикIаб хабаргIаги батагийинги абун, щибдай алъие бокьун буго-ян гIедегIана кагъат цIализе. Салам-каламалда хадуб гьениб хъван батана:

«Сакина-кIодо, дида цо вас данд чIван вуго. МагIарулавги вуго. Берцинавги, ворхатавги вуго. Жеги дица лъиданиги бицинчIо. Дие кумек гьабе. Дун гьевгун кIалъазе бегьилищ? Дие гьев вихьигун рекIее гIуна. Эбел разилъичIони, дир

рахъалда йикIинарищ? Дун дур яслъидал. Дир йокьулей баба, дие дугIа гьабе».

— Аний йигей мехалъ расги бицинчIеб, шагьаралде щун къокъаб заманалда гьалда ватарав магIарулав щивдай? — ан ургъел ккана Сакина-кIодода. — Балагье, кколеб бугеб... Кин кьелей гьагъадагIан лъикIай яс къватIие? Аллагьас хъван букIун батиларо дие бокьараб ккезе. КигIан дие Сакинат АхIмадингун данделъизе бокьаниги, ди-цаги цо щиб бугониги гьел цоцазда рихьизаризе гIамалго гьабичIо. Заманги араб куц хекко! КигIан хекко гьай кIудияй гIурай? Гьаб къо бихьизегIан дунго хутIулеб жойин ракIалде ккунго букIинчIо. Гьадинаб жо буго эбел гьечIолъи. АхIмадинил эбел Зубаржат чIаго йикIарайани, кидаго къватIие ккезе Сакинат телароан. ЦIакъго гъорлъе ккечIого щивалигIаги лъалев ани. Гьелъие кьезе къачIараб-щинаб къайи! ТIокIай тухумалда гьечIей яс, лъил рокъобедай ккела?

Мунагьал чураяй Зубаржатги ракIалде щун, гьейгун кIалъалей гIадин, тIад юсун гаргадизе лъугьана гьай, гьелда рагIунебгIадин.

— Дида гIайиб гьечIо. Дуца аскIов таниги, АхIмадиница малъараб гьабичIо. АскIовали киса чIчIезавизе кIолев, щвезецин нагагь гурони вачIинчIо. Аллагьасул хъвай, гьел лъимал цоцазда рихьизарун дихъа бажарич1о, мун дида тIаса

лъугьа, — ян ракI бакъван гIодизе бачIана Сакинае.

Кавудал гьаракь бахъана. ВачIунев чи шивдайин ялагьидал, йиго эбелалъего йокьуларей йикIарай тIасияб авалалдаса гьелъул мадугьал.

ГьайгIаги кий йикIарайин, бералги рацIун цIалулеб букIараб кагъат аскIоб букIараб къандалъоялда гъоркь бахчана.

— Поч бикьулей яс дир нусалъул яцха гъой йигей, — ан жание лъугьунаго абуна мадугьалалъ. — Гьелъ духъе Сакинатил кагъат букIанин абидал, щибдаян хIинкъун, аниса унги заман ун букIинчIелъулин, ячIуней йикIанаян.

— ГьечIо батIияб жо, жийго рокъое берцинго щванин буго бицунеб. Нилъеда ургъел букIунелъул, ургъел гьабугейин ятила.

ТIокIаб жо Сакина-кIодоца абичIелъул дагьай аскIоегIан къана мадугьал.

— Гьанжисалалъ ячIун гьей йихьарай мехалъ АсхIаб вукIана цIакъ гьей еццулев, йигей лъикIай яс Сакина-кIодолин. ЛъикIай ятани, дурго васасул васасе ячейин дица абидал, мун гьаглъун ятилилин, нилъгIадал чагIазе кьелищила гьез яс… Дун чIвазехъин йикIана. Махсаро букIанин, хIалихъе чIчIезавуна.

— Ниж, батIаго, щибун батIаял ругел? Дидани гьединаб жо ракIалдего кколаро. Нилъеца абухъе букIунаро, Аллагьас хъвавухъе гурони.

— Цоги нижер дагIба ккараб жо. Нижер Да-да-ХIажие кьун йикIун йиго нужер Хасбика. Гьелъие гьавурав вас вукIанила жиндир инсул эмен Шигьабудин.

— Гьев витIун вуго. Эбел йикIунаан, Хасбика кIийиде-рекъай йикIун кьун йикIанин гъосие. Гьедин нужергун дагьаб гIагарлъиги бугин.

— Жийго рекъай йигониги, лъикI хIалтIулел нарталгIадал васал рукIана гьелъул.

— РукIанаха. РукIинчIелани нилъер хьон ххунеб гьобо лъица хIалтIизабилеб букIараб. ТIалъиялда лъел гьабал гъозлъидал ургъарал. Дун цо къваригIелалъ иней йиго. Дуе тIокIаб къва-рагIараб жо букIарабищ? — ан гьелъулгун хабар къокъ гьабуна Сакинаца, гьей аскIоса ине бокьун.

Мадугьал ингун Сакина цIидасан кагъатги босун столалда нахъа гIодойикIана.

«Бокьарасе айилан жакъаго хъвала дица кагъат. Къуркъбузул удаманасул хьул лъураб бакI бихьулищ! Гьел рагьтIасан ракки букIана бихьичIого хутIараб жо кIодода» — ян цойги нухалъ кагьатги цIалун, цIидасан гIодизе ургъалаби гьабизе лъугьана ай.

17.

Сакинатица кагъат хекко хъваялъе гIилла гьадин ккана. Рокъоса х1алхьиялъул къоялги

лъугIун ячIуней гIадан, гьай вогзалалда рещтIана. Къайиги гIемер бугин, бачIунеб машина чIчIезабизе квер борхулей йикIана гьей. Жанив чиги вихьун гьелъ цебе квер кквечIониги, гьалде цебе щвейгун чIана цо такси. Балагьидал, вуго дов, гьай гIус бахъизе ун вукIарав тохтур. НуцIаги рагьун жаниса къватIивеги ваккун: «Девушка, красавица, вам куда?» — ян гьикъана АхIмадиница.

Киг1ан г1одое йичарай, намус ц1унарай яс йик1аниги, добб къоялъ гIус бахъаралдаса жийго гьесда ракIалда хутIарайлъи лъан йоххун йихиялъ, алъулги: «Мне к зубному», — ин абун борчIана.

— Тогда нам по пути, — ин абун, гьев гьалъул сумкаби таксиялъуре росизе лъугьана.

— КIварачIо-кIварачIо! А дурго. Дие гьабсагIат цойги машина бачIина, — ян абун, гьес росулел сумкаби нахъе росизе лъугьана Сакинат.

— Гьалда рекIун аха. БатIалъи щиб? — ан гьелъие цадахъ рекIине бокьун гьечIолъи бичIчIидал, живго щваравлъун гьавуна АхIмадиница.

Нахъехунги рекIун гьелъ къалеб букIараб нуцIа тамахго рагьун ккуна гьас:

— Дуда ккун букIун батила тIокIал нилъ данд чIваларин… Почалда доб гIус бахъаралъухъ кьезе букIараб гIарацги бачIинчIо. ЦIар-адресгIаги бице, гьеб балагьизе кколелъул. Дида цIар АхIмадин буго.

— ГIадалав вихьула мун! Налъулазда адресищ бицунеб? — ан махсароялда данде махсароги гьабун, нуцIа къазе цIцIалаго, дида цIар Сакина бугин абуна гьалъ. Гьебги жиндирго цебе букIараб цIар абуна, «ти»-ги гьечIого.

АхIмадинги, хех хадусеб машинаги чIчIезабун, гьей рещтIунеб бакI лъазе гьалда хадув ана.

Идрисилгун лъай-хъвай гьабизе бокьарай ясалъул хабар гьалда гьикъиги букIана гьесул мурад. Цоги рахъалъан, гьей ясалъул цIехезе къварагIун бугин, жиндиего кIалъазе щвезеги букIана адрес чара гьечIеблъун.

Городалъул бакьулъегIан бугеб щуго тIалаялъул берцинаб минаялда цебе чIчIана такси. Гьей жание лъугьунеб нуцIа бихьизегIанги лъалхъун, цебесан унеб машиналъув АхIмадин вукIаравлъи пархана Сакинатида.

Жийго йигей бакI лъазе АхIмадин вачIаравлъи бичIчIун, Сакинатида гьелдаса хадуб, хIинкъиялъ, щив чи вихьаниги, жиндаго хадув хал ккун вугин кколеб букIана. Гьединаб жоялъе ц1акъ намус ц1унарай яс йик1ана гьей.

Сакинатил къасд ккана, жиндиего ургъел гьечIого букIине, АхIмадинил кIалъазе гьев хIалтIулеб бакIалде ине.

Цо къоялъ гьение шведал, АхIмадинил хIалтIулеб кабинет рахан бугоан. КIалтIа ятарай рукъ бацIцIуней гIадамалъ абуна киналго

хIалтIухъаби, цадахъ хIалтIулев васасул берталъе росулъе ун рукIанин. Гьел киналго сонго тIад русанин, АхIмадин хутизегIан.

ТIад юссун рокъое инеги бокьичIого, росулъа Залму ячIун йикIиндал, ГIузаир хваралдаса гIемер рихьунги рукIинчIин, аскIоб батараб тукадаса конфеталги росун, гьелъухъе щвезе ана Сакинат.

Рихьигун кIиялго лъикI гIодана. Хадур, цоцазе сабру кьезе лъугьана. ГIемераб мехалъ цадахъ рукIарал ракI-хIал бащадал гьудулзабазул бицине жо гIемер букIана.

Ине тIаде яхъиндал, Сакинатица абуна:

— Доб къоялъ ясалгун дое цадахъ илълъине бокьунго букIинчIеб куц дие. Ниж цадахъ рукIинчIел ани, гьададин ккечIого хутIизеги бегьулаан.

— Хвел буго Аллагьас хъвараб. Гъов разиго вукIарав куц. Гьудулзабигун кьурданщинав. Мун нижгун илълъине разилъиялъ вукIарав воххун. Разилъун кьолаан гьес гIумру гьеб къоялъухъ… — ан абуна Залмуца.

— Хадурги рихьила… Мун ячIун йигелъул. ЧIчIечIого ячIина дун, — ян тIоцебе рагIунеб бугеб гьеб, гьанже къваригIунго гьечIеб калам бичIчIинчIеб гIадин, тIокIаб жо рагIизе бокьичIого, къолъикI гьабуна Сакинатица.

18.

АхІмадин гьелда хІалтІуда ватичІолъиялъе гІилла букІана. Къурбаналъул тІарамагъадисеб къо букІана гьеб. Росулъе щварал чагІи, гьебги баркизе, Зубааржатил хабадеги рахине, Ах1мадинги цадахъ вугелъул, Г1марасх1аб Сакина-кІодохъе щвезе ана. Гьел рачІиндал, бакъвалеб букІараб гъветІалде лъим тІун цІилъараб гІадаб асар щун йикІана Сакина-кІодо.

Цебе букІараб лъикІаб-квешаб кІочонеб гІумруялде яхарай Сакинада, жакъаялдаса йохараб къого букІинчІин ккана ракІалде.

— Гьа, бицея АхІмадин, дурго щиб буго, хІалтІул щиб буго? ЧІая, дурги ясазулги щиб кколеб буго? — ян кидаго кьечІеб суал АхІмадиниде гьикъизеги щун, йоххулаго абуна Сакинаца.

— Сакина-кІодо, дун гьанжилъизегІан шагьар хъирщун дур цІар бугей яс ялагьулев вукІана.

— Щибха ккараб? ЯтичІейищ?

— Ятунни йиго, лъаларо щиб ккелебали.

— ЛъикІха, дир вас, талихІ кьейги! Дуеги гІумру кьейги, — ян абун, разиго ГІумарасхІабидехун юссана гьай.

— ЧІужу нужоца йокьарай йище, — ян абуна Сакина-кІодоца. — БатІаго, диралда цІар релъарай гьечІониги бегьила. Амма бертин, хвечІого

хутIани, кIодол аниб гьабизе ккела, эбелалъул рухIги боххун букIине.

Гьедин АхIмадин цо къоялъ кватIана Мосваялде х1алт1уде т1ад вусине.

Залмул дояса рокъое инин йикIарай Сакинат, гьелъулгун ккарал хабаразул пикрабаз ячун, киехун иней йигеялиго лъачIого, цIидасан АхIмадинил кабинеталъул кIалтIе щун ятана. КватIун хIалтIуде щварав АхIмадин живго ватун, гьанжисалалъ нух битIана гьелъие.

— ЯчIине бегьилищ? Гьаб гурищ доб, бащдаб гIус бахъун кьибил гъоркь толеб кабинет?

Виххун ккун АхIмадиница абуна:

— У. Мун йитIун ккун йиго. ГIусалъул бахъичIого хутIараб кьибил балагьизе кIал рагьизе кколеб кабинет буго гьаб.

ТIадеги вахъун, жиндаго гъоркь букIараб бакIу гьелда цебе хъурщана АхIмадиница. Щиб абилебали лъачIого Сакинат кIалъазе кватIидал, гьас гьикъана:

— Гьаб нухалда рагьизе бугебищха кIал?

— КIал щибизе рагьизе кколеб? Дуца квер хъварабго гIус сахлъулин абун букIинчIищ? — ан гьимана Сакинат.

— Квер хъвазеги кинаб гIус унтун бугебали лъазе ккеларищ…

— АхIмадин гурищ дуда цIар? — ан хабар къокъ гьабуна Сакинатица. — Балагьея, нилъ

гьитIинал чагIи гуро. Г1ус бахъизе ниж духъ рит1арав вас гьеч1ищ, нижер кIиго сонниги гьесул яцгун гьудуллъиялда ана. Гьес, мунагьал чурадица, дида дур цIар щибинцин гьикъичIо.

Холев вукIин лъайдал, врачалде абун гурони, мун дие рекIее гIун йигинги абичIо. Мунин абуни, доб къоялъ дир рокъове щвезегIан хадувги вачIун, дун кинаб рокъое лъугьунаян халги гьабун ана нахъе.

— ЧIчIая, мун мекъе кколей йиго. Дур рукъ лъан дуда цIехезе къварагIараб жо дир батIияб букIана. Цоги рахъалъан, мун рекIее гIун йигин абизе бокьарав чи, рухI бахъулеб букIин лъазегIан кIалъачIого чIчIезе кколев вуго, уйищ?

— Гьебни кIваричIин, бице дур щиб къваригIел букIараб дир рукъги балагьун дида цIехезе.

— Дой, ниж зигаралъ рачIиндал дуда аскIой йикIарай яс гьечIищ, гIус бахъизе рачIараб къоялъ халгIатги ретIун мунгун йикIарай. Гьей цо дир лъикIав гьудуласда берцин йихьун, дида лъалари-щин гьикъидал, дун валагьилин абун букIана дица. Цинги, мун индал, гьебги ракIалде щун, гьесул къваригIел тIубазе къварагIун букIана мун йигей бакI лъазабула.

— Гьа, гьебищ букIараб? ГIузаирил яц йиго дой, лъикIай ясги йиго. Дида лъалеб рахъалъан гьелъул рекIее гIурав васги гьечIо. Дой ГIузаирил бесдал яц ккола, эмен батIияв вукIун, кIодоца

хьихьун гIурай йиго дой. Дуе гьелъул лъазе цоги щиб бокьун бугебали гьикъеха.

— Гьей кий гIумро гьабун йигейги, гьел цоцазда рихьун лъазе бокьилищалиги руго суалал. Лъай-хъвай гьабизе кумекги гьабизе ккела.

— Гьединищ? Гьеб бигьаяб жо, дида ккун букIана гьезул къадар хъвазабейин абизе бокьун бугин. Гьеб камуна гьениб гьоркьоса.

— ЦIакъго гIодойиччаге мун. Гьедин дуда абулеб бакIги камиларин, — ан гьимана АхIмадин.

— Гьей гьикъун гурони, дун гьикъун чиго вачIинчIищ духъе? — ан абун индал, гудракье ккарай гIадин гьес щибниги абизе гурин хIинкъарай Сакинатица, хех, ине тIадеги яхъун жиндирго сумка кодобе босана. — ГIусги цоги нухалъ къачIала, дун гIедегIун йиго янги абун.

НуцIикIалтIе щун, цIидасан АхIмадинихъе юсана гьай.

— Нижер буго киналго цоцазда лъикI лъалеб мина. Гьениве дун цIехон чи вачIун вукIанин дида рагIинабуге, — ян жиндирго мурад бичIчIизабуна, яхъунги чIчIун гьесухъги ялагьун Сакинатица.

АхIмадин гьединаб жоялъе чалухлъи гIурав вас вукIана.

— Дов мун цIехон вачIарав чи кивеха витIилев? Адрес кьун те, дица гIамал гьабила.

АхIмадиние жавабго кьечIого рагIичIебгIадин къалеб букIана гьалъ нуцIа.

— ЧIчIа, чIа! Гьале дир телефон, — ан тIад номерал хъвараб кагъат кьуна гьас. — Дуе бокьичIони, дун кIалъазеги кIалъаларо. Гъой ясгун к1алъан щибун абулаян, ахIе дихъе.

— УнтичIеб гIусалъул багьанаги батун, дун цIехогеян абизе ячIун йикIана дун. Гьале телефоналъул номерги босун иней йго. Алъул ккараб щиб? Кье дурго, тIубала дица дур къварагIел, — абун, ана Сакинат.

Гьей ун хадув, Сакина-кIододе щиб ккелебали лъаларин абун букIиндал, кIудияб хазина кодобе щун, гьеб рокъобе киндай босилаян пикру гьабулев вукIана гьанже АхIмадин.

— Гьаб лъабго къоялъул халалъи. Гьудуласул берталъе росулъе ана. Гьенир кванан, кьурдун букIараб аваданлъи. Гъосул игIмал ниж кIодо гьарун кIалъарав куц. Цинги эбелалъул хабаде щвана. Хадуб, Сакина-кIодол гъоре ун, гьелъулгун букIараб кIалъай. Гъолъул каламалъул хинлъи. Гьенив вугев мехалъ эбелалъул махI чIвалеб бугеб гIадаб парахалъи букIана дие. ЧIаго гьей йигейани киндай букIинаан.

Гьедин ургъулаго, жиндагоцин лъач1ого, цуцада хадур рак1алде рач1арал мухъал рик1к1ине лъугьана.

Кинаб заман бач1ун
Хиси кканиги

Къала мун каранда
Камурай эбел.

Кинабго дунял кьун
Бокьухъ таниги
Дур т1аг1ам бахчулеб
Чи гьеч1ей эбел

Эбел мун хисулей
Цо бак1 раг1ула
Раг1ун гурони
Мух1кан лъалареб

Алжан бикьулелъуй
Гьоркьой ятани
Кинаб босилебан
Суал, бач1унеб

— Свакан вугониги, рокъове инчIого гьанив вачIин лъикI ккана. РакIалдаго гьечIого, жийго ячIун, Сакинагун кIалъазе букIараб анищ тIубана, — ян разиго вохулев вук1ана АхIмадин.

РацIцIалъи гьабулей гIадан, гьасул кабинеталде ирга щун нуцIа рагьидал, гIажаиблъун хутIана. Мун гьикъун радалго цо берцинай яс ячIун йикIанин гьелъ абидал, АхIмадинида бичIчIана Сакинат радалги ячIун йикIарайлъи. Живго гьикъун гIемер чи вачIунелъул, рукъ

бацIуней гIаданалдаги гьей ясалъул батIияб къваригIел букIинги бичIчIана гьесда. Нухасан рокъове щвезегIан, хIалхьиялъул заман щвейгун Сакинакlодоца кьураб ахикь кIитIалаяб минаги бан, бахIарайги ячун, жаниве вахъине дагьаб хутIун букIана АхIмадинил паланазулъги, хиялазулъги.

З тІехь

ЧІАГОЯБ ЗАНИ

1.

Нилъеца ц1ебехун бицун букIана, гьитIинаб мехалдасаго Мирзае йокьун йикIанин Айзана. Ц1ализейин тахщагьаралдеги ун Нурбикал васасе гьей ин захIмалъун, чIужуго ячинчIого чIун вукIуна гьев. Сакинат ургьийгун, бахIарав росги чIван Айзана хутIидал, гьанже гьелда ракI бухIунги вукIунаан.

Лъималазул гьоркьо бакI лъалеб букIиналъ, гIакъилай Сакина-кIодоца, яс гьаюн хадуй, ясгун цадахъ ячана Мирзае Айзана. ГIемерал саназ гьезие лъимер гьабичIого ракI бакъван йикIунаан гьей. Гьанжи, халатаб заманаялда анищлъун букIараб, лъимер гьабун, к1удияб данделъи бак1арулеб бук1ана. Амма Москваялдаса яч1арай Нурбикагун цадахъ Сакинат яч1инч1о. Киг1ан гьелъие росулъе яч1инеги, кIодо йихьизеги бокьун бук1аниги, следователас Залмулги, Сакинатги тахщагьар тун къватIире унгуртIизе гъулбасарал кагътал росун рукIана.

Сакинат цадахъ щай яачинч1ейин гьикъаразда, Нурбикаца абулаан, цIалулеб бакIалъа ихтияр кьезабизе к1веч1ин. Амма Сакина-кIодода ккараб бицинчIого тезе букIинчIо рес.

Сакинатги Залмуги следователас Москваялда чIчIезариялъе гIилла букIана гьадинаб. Цадахъ цIалулей ясалъул тIагIана абурав, цадахъ ц1алулев

васаса кьураб багьаяб курхьен. Гьеб рагIизе бокьичIей гъой яс лъидаго цIар бахъичIого чIана. Курхьен бикъарав чиясдаги дидаги гурони гьаб лъачIого хутIани, гьеб курхьен тIагIиналъул цIар бахъарав чи вукIунин гьеб босарав цIогьорин. Цадахъ ругел ясаз гурони гьеб босизе ресги букIинчIо.

ТIоцебесеб маялъул байрамалде киналго ясал цадахъ квана-гьекъезе, кьурдизе, жидеего рекIелгъей гьабизе унаан. Гьаб соналъги гьенире индал цадахъ йикIарай гIурус ясалъул тIагIана гIарац жаниб бугеб кошелек. Кивего щивго чи аскIоса инчIелъул, жив-живасул сумкабахъе балагьизе лъугьиндал, Сакинатил сумкаялъуб батула гьеб.

Сакинатица гьединаб жо гьабулареблъи ясазда лъикI лъалаан. Гьазда цадахъ йикIана дой берал цIахIилай ясги. Цин Сакинатил сумкаялъуре балагьейин абун бихьизабизе гьей гIедегIидал, ясазул цIех-рехалдаса хадуй, жинца махсароде гьениб лъураб жо букIанин, мукIурлъана гьей ц1их1ил.

Гьеб къоялдаса нахъе курхьен тIагIарай яс ЦIихIилида щаклъун, гьелда хадуй хал ккун йикIана.

Зама-заманаялда гьел ясал, ГIузаир хваралдаса гьесул яц Залмухъе гьоболлъухъе унаан. Экзамен бугеб къо букIана гьеб. Гьезул гьалмагъ гьечIониги, ЦIихIилги йилълъана экзаменалдаса хадуй гьелгун гьоболлъухъ.

Щиб-щибги бихьараб жо бицун гаргалел рукIана ясал. Амма, цере гIадин, кьурди-кепалда, кеч1 бакъаналда, релъа-рохун рукIинчIо. ЦIихIил гъорлъ йигелъул, гъоркь букIаралдасаги тIагIам гьечIого рукIана гьоболлъухъ. Ясазе гьей йокьулароан.

Гьезда гьоркьоса цо ясалъ цIогьазул, росулъ цо ясалъ квешезе жиндирго якьадалъул бикъараб гIарцул, гьелъул нахъегIанлъиялъ ккараб чIвайхъвеялъул хIакъалъулъ бицунеб букIана. ГIенеккун чIунги йикIун, ЦIихIилалъ абуна курхьен тIагIарай ясалда:

— Дур курхьен бикъун бугин рагIун букIана. Гьеб дуе кьурав абурав вас мунгун барщичIого чIун вугищ?

— Рокъоб буго дир курхьен. Лъица гьеб бикъизе кколеб? — ан хабар къокъ гьабун чIана гьей яс, жиндиего гьелъ бикъи хIакълъидал.

Гьениб кIалъай ккун, гьеб батизе щвараб ресалдаса ине гурин хIинкъун, цIакъ пикру гIатIидай яс йикIана гьей. Гьеб киналъего гIакъло САкинакIодол гъоре Сакинатгун индал, гьелъ бицараб хабаралдасан щвараб букIана гьелъие.

ЦIихIилица абухъе, курхьен бан бихьулеб гьечIелъул, гьай ясалда дагьав барщун вукIана гьелъул абурав васги. Гьей ясалда ракIалда ккана, цоги рахъалъан рагIизегIан, ккарабщинаб жинцаго абурав васасда бицине.

Гьесул лъикIав гьудул вукIана следователлъун хIалтIулев. Гьаз кьураб гIарзаялда рекъон, следователас гьелъул гьикъи-бакъи гьабизе ЦIихIилай ахIидал, гьелъ гьоркьор ясазул цIарал рехсон рукIана. Гьедин росун рукIана Сакинатилги Залмулги гъулбасарал кагътал, шагьар тун къватIире унгуртIизе гъов следователас.

Сакинат ячIинчIого, пашманлъиги, вас гьавун, йохиги — кIиго батIияб асар букIана гьеб сабалъун Сакина-кIодол.

— Балагьеха, гьей ясалъе ккаралъухъ! — ян Нурбикаца гьеб бициндал абуна кIодоца. — Малъизе чи гьечIони, гьедин букIуна. Кин гьеб ккарабали дида лъаларо. ГьитIинаб жо гуро гьеб. Гьикъа-бакъи, милиция, суд дие бокьуларо. ЛъачIезда лъала, рагIинчIезда рагIуна. Цояз дозда гIайиб гьабула, нилъеда гIайиб гьабулевги ватула. Абуравги щай вукIарав гьей гъарималъе гьоркьове вачине, босарав чиги хIакълъун лъараб мехалъ? Жиндирго гьудулзабаздасан кумекги тIалаб гьабун, гьебги балагьун, гъажалда курхьенги ххун чIун йикIарайани, яцIцIадай яс йикIинаан. Дозие закон гьабулаго цо кинаб бугониги бакI нилъергоги чуруклъичIого хутIуларо. Гьей, нужеца абулей ЦIихIилалде ясалъул курхьен бикъарайин абулеб гIадин, курхьен бикъун цо базар букIарайин, тIаса унареб цIар щола гъой ясалъеги. Гьединаб жо ккезе толарев чи цIодорав вукIуна. Ккун хадуб гьел-

даса ворчIизе кIварав чи гIакъил вукIуна. Гьеб балагьизе лъан гIакъиллъаниги, гIадамазда лъаялдаса тIуризе цIодорлъи гIун гьечIо гьей гъарималъе. Балагье, гъоб квешлъиялъул бутIа нилъеегицин щвана. Сакинат гьечIого йикIин гурейги, чан чиясе гьереси бицине ккараб, гьей цIалулеб бакIалъа йеччан гьечIин. Божаралищ гIадамал гьелда? Ккараб куц битIун бицани, дагьабги квеш ккола, нилъгоги лъола хабарчагIаз гьеб квещлъияда гьоркьор. ЛъикIалде бачайги гьеб Аллагьас.

2.

Айзанае вас гьавун, гьев киниялда лъей гьабулеб мехалъ берталъе гIадин гIемер гIагарлъи бакIарун букIана гьеб къоялъ.

Бертин берцин гьабизе кочIохъаналъ кечI ахIулеб гIадин, бищунго берцин рукIана кIодоца вас киниялда лъолелъул абурал рагIаби. Эбелалъ гьаюралдаса гIадамасда цебе далай абичIей гьелъул бакъаналъухъ гIенеккун, гIагарлъи букIана х1айранлъун, цоцазда гьелъул раг1абазул камиллъиялъул бицунел.

Меседил кеп чIвараб
Кини къачIала
Хьул къотIуда щварав
Дарман вущине.

ГIарцул къатIипадул
Юргъан букъила
Наслудал тIоралда
ТIаде рехизе.

Бичас гьарун кьураб
Гагудал хоно,
Хиялго букIинчIо
Мун кодов кквелин

Дуй ах бачунелъул
Малайкзабицин
Кваналел лъугьина
Дир хIал бичIчIани.

Анищал щущалел
ТIогьол щобазда
Щвана диеги бакI
Дур кини лъезе.

Мурад тIубаралгун,
ТIаде яхъине
ТIоцебе дий кье рес,
БакIлъанин талихI.

Лъицадай гьарана
Дие гьаб рохел,
Наслудал чIваданиб
ЧIван гъветI баккараб

Инсул къибилалъул
КьучIде хъил тIунин,
Жавгьар-якъуталъул
ТIад гьабила рукъ.

ГIодулеб лъимадул гьаракь, тамахаб гIетIул махI, вас баркун тIаде рачIунел эбел-лъимал… Сакинал букIана ракI гIорцIараб аваданлъи.

3.

Киг1ан лъик1 бугониги, гьезда аск1ой хут1изе Нурбикае бук1инч1о рес. Х1алт1ул гуребги, Сакинатил ц1ех-рехалъул ургъелги бук1ана гьелда. Гьедин хекко т1ад юсине ккана. Масквяялде щварайго, вас гьави баркун, Сакинатги йохун йик1ине, гьелъул гьудулзаби ясал рак1арун киналго данделъун, к1удияб квана-гьекъей гьабун букIана гьелъ.

Гьеб къоялъ ясазда цадахъ гъой, ЦIихIилалъ курхьен бикъун арай ясги йикIана. Гьелъул пашманлъи, нечей бихьун, щаклъун йикIана Нурбика, гьай яс ятилин гъоб курхьеналъул бетIергьанин. Вас баркун хадуб тIаса лъугьайин абулеб кIалъай, цIакъго берцин букIана гьелъул.

— КIварич1оан, бачIунго букIинчIебани дие гьеб курхьен. ЦIакъ рекъечIеб жо ккана дун сабалъун. Нужекьаги нечана, цоги-цоги биларабги

гьелъ ун батилин, хал гьабулел рагIула. Гъов васасул эбел-инсуда рагIизе гурин хIинкъун, хекко тIубазе бокьун буго, — ян ккараб щинаб бицуна, цIакъ къваридго йикIана гьей.

Эбел-инсуда лъазе гурин хIинкъун йигин гьелъ абидал, Нурбикаде ракIалде бачIана, малъизе чи гьечIони, гьедин букIунин Сакикlодоца бицараб щинаб. Цо рагIи гьоркьоб течIого, дуда гIайиб кIодоцаги гьабунин, дагьаб тIаде жинцагоги жубан бицана гьей кантIизе, кIодол малъиял.

Цебеги, Сакина-кIодоца бицаралъ кантIун, гьелъ малъаралдасан ккарай йикIананин дун дой ЦIихIилалде тIадегийин ясалъ абидал, Сакинал малъиял рокьулей Нурбикаца тIад-тIад йиссун гьикъана, кIодоца щиб бицун букIарабин.

— Росдал цIарги бицун букIана кIодоца, дида кIочана, — ян бицине бай бихьана гьей ясалъ. — Цо чиясул бикъун букIун буго багьаяб кIарцIал кьагIазул къехьалъул гьабураб тIагъур. Лъидаго бицинчIого чIун вуго гъов тIагъуралъул бетIергьан, жиндир тIагърил цIар лъицадай бахъулаян халги ккун. Росулъ хварав чиги вукъун рачIунаго, цояс абун буго гьасда, дуца доб кIарцIаб тIагъур лъунго бихьуларин, бикъарав чигIаги ватичIищин? Цинги гьас гьавугьин гьесул гIинзунибе щурула: «Къасе, доб букIараб магIалда тIагъур батичIони, жакъа гьадав нилъеца хобалъув лъурав чиясда ас-

кIов, метер гьеб босарав чи лъезе вуго» — ян. МагIида бачIониги, азбаралъуб лъун батун буго гъобго сордоялъ тIагъур.

Сакина-кIодоцаги дуда гIайиб гьабунин бицаралъул хIисабги гьабун, гьей ясалъул пикру ккола, жеги кодобе щвечIеб гьеб курхьен жинцаго цIехон, ЦIихIилиде жийго ун кIалъай гьабизе гьей ялагьизе.

ЦIихIилалъ данчIваялда цин абуна, жинда лъаларин, лъицайин абураб гьеб дица босанин.

— Лъицаго абич1о, — ян, абуна гьай ясалъ. — Дудаго лъица бицун лъараб дир курхьен таг1ун бук1ин?

Курхьеналъул бет1ергьаналъул суалаздаса хадуй, ножоца г1арза нахъе босани кьелин жинца нахъе курхьенин, жинцаго босиялда гьей мук1урлъана. Гьелъ кьураб рагIиялда божичIого, гIемер гьарун, курхьен бугеб бакI бицун кодобе щвани гIарза нахъе босиялде ЦIихIил жийго божизаюна.

Расги нечечIого ЦIихIилалъ жиндирго цIахIилал берал паркъезаруна:

— Дие дур курхьен къварагIунго букIинчIо. АхIмадинида бахъараб ццималъ ккараб жо букIана гьеб. Гьес, берцинго дунгун лъикIаб гьоркьоблъиялда вукIарав жиндирго кIудияв вац кьурун вусинавуна… Борзав, лъугьарав жо вуго дур абурав вас. ГIус къачIазейинги ун, АхIмадинил хъурщи-

ялъуб лъезе босун бук1ана дица гьеб. Гьесул хъурщиялъуб бугин дур абуралъул курхьенин дур абурасдеги бицун, лъикI вухизавизе бокьун букIана дие гьев. Ахирги духъего щолеб жо букIана гьеб, мунго гIедегIана. ГIайибги дудаго буго. Дие дур курхьен къваригIунищ букIараб?

Дагьайги хIинкъана гьей яс, ккезехъин букIун бугеб бихьулищилан.

— Щибха ккараб? Гьанже гьеб курхьен кибха бугеб? — ан гьикъана гьалъ.

— Гьебги босун дун чанцIул гIус къачIазейин аниги, гьеб хъурщиялъуб лъезе багъилаб заман ккечIо.

— Гьанжи кибха гьеб бугеб? Щиб дуца гьелда гьабураб?

— Щибго гьабичIо. Курхьенги гьикъун, дихъе следователь вачIинелдего. Дир божарав чиги гьечIо, рокъоб гьеб тезеги бокьичIо. Дов, мунагьал чурад, ГIузаиргун росолъе шварай къоялъ цадахъ босун бук1ана дица гьеб. Эбелалъул рокъобги гьеб бахчизе бакI батIичIо. Эбелалда гьединаб жо лъани, дун гъолъ чIвала. Нижер буго цо жинцаго жибго хахулеб гIака. Эбелалъ гьеб къинлъигун гьелъул габуралда, хахизе кIал гIунтIичIого букIине, гIемераб хамги жемун, махул гор тIамулаан. БокьобгIаги бахчилин жание лъугьиндал, гьеб гIака бихьигун дида ракIалда ккана, дица хамги бихъун жаниб гьебги лъун цIидасан

букъилин. Балагьизе рачIани, гIакаги рехъада букIунин, къасе бокьоре гьелги раккиларин. Дица гьединабго жо Хадил гордеялъеги гьабун букIана. Бицинищ? — ян гьоркьоб чIвазабун абуна расги нечечIого ЦIихIилалъ. — Гъодинав лъикIав рос щванин гьелъие, жахIдалъарай дица, бертин лъугIун нахъияб къоялъ ретIизе гьабураб гьелъул горде бикъана. Цинги, гъолъул эбел жийго ячIана, мун цо лъикIаб-квещалда гъорлъ йикIуней гIадан йигин, балъголъи лъалев чи лъаларищин? Лъалаан дида балъго жо бицуней гIадан, амма дун гьелда божулароан. БожичIониги илълъана дун гьейги ячун гьеб горде босарав чи гьикъизе. Дореялъул, нухасан дица гъоб горде цо хамалъги жемун, Хадил эбелалъухъе жиндирго сумканиб лъезе кьуна. Дихъ сумкаги гьечIин, гьаб цо ххам дур сумкаялъуб лъейинги абун.

Дой балъголъи лъалей гIаданалъ абуна, кибегIаги ун гьечIин, дудаго аскIобегIан бугин горде. Нужерго рокъоб батизе бугин, ургъел гьабугейин. Гьелдаса божана дун гьей балъгояб жо лъалей г1аданалда.

Рокъоре щвегун, дие кьезе сайгъат босизе цоги рокъое гьей индал, гьей яч1инелде дун дирго хамги кодоб ккун йик1ана, нахъе босун мангиялда гъоркь гордеги лъун. Дие гъолъул горде щибизе?

Гьедин ятила дун ясазе йокьуларей. РогьинегIан дун, метер лъие щиб квешлъидай гьабилаян

ургъулей йикIунаан. Гьанже гьаб гьикъа-бакъи ккаралдаса эбелалда, гIадамазда росулъ рагIинчIо-го йорчIани, дица кидаго лъикIаб гурони гьабилароан. Щай гурелъул, дун йиго диего кумек гьабулев чи валагьулей.

Кумек гьабеян гьаризе, дица лъикIлъи гьабурав чиго ватулев гьечIо. АхIмадинидаги лъалаан дагьавго гьев следователь. Гьел лъаларев чи вукIунарелъул. Гьев, дур абурав васги, гьудул вукIана гьесул. Кинабго тIубазе, гьезда гьаризе щолебани дие кумек, — ан ракI бухIуледухъ гьелъул гъажалда бетIер лъун гIодана ЦIихIил.

Гьеб гIака бугеб бакI балагьизе росулъеги ун курхьен кодобе щваралдаса, гIемер екерахъдизе ккана гьей яс, курхьен кьурав абурав васасдеги, живго АхIмадинидеги гьардон, жинцаго кьураб рагIи хвечIого букIине гьеб гIарза нахъе босизе.

4.

Квещлъиялда аскIоб лъикIлъиги букIуна.

Гьеб лъугьа-бахъиналда гьоркьоб ЦихIилица Залмуги, Сакинатги рехсон рукIиндал, гьелгун кIалъазе багьана щвана АхIмадиние.

Идрисилги Залмолги гьоркьохъанлъи гьаби хIалае ккун, Сакинатилгун жиндирго гьоркьоблъи букIана АхIмадиница щула гьабулеб. ЦIияб дунялалде вачIарав гIадин сагIтида заман гьикъун,

моцIрол къоял цIехон, батIаго балагьулев вукIана АхIмадин гьанжи гIумруялъухъ.

Сакинатилгун ккараб кIалъаялдаса хадув, кIал кколеб моцI кидадай бачIинаянги вукIана гьев, цIидасан Сакина-кIодода гьелъул бицине бокьун. Дуралда цIар релъарай яс ятун йигин, лъаларин щиб ккелебалийин абун букIиндал.

Цо къоялъ АхIмадин, жиндирго гьудулас ахIун, инсул гIус бахъизе гьезул рокъове вачун ун вукIана. ЦIакъ бокьулаан гьесие херал, унтарал чагIазе хъулухъ гьабизе. Гьениса кватIун рокъове щварав гьес тIаса ретIел бахъулаго, цояб рокъоса вачIана эмен.

— Лъабго къо хутIун буго кIал кквезе. Нилъ росулъе ине ракIаризе ккола. Цин нелъерго росолъеги рек1ина. Нахъруссуда ина эбелалъул хабаде рахинеги, Сакина-кIодохъ швезеги. Заманги гьедин данде ккола. Радал рилъине къачIан вукIа, — ян абуна инсуца.

Гьеб г1идалъул къоялъ росулъа нахъ руссун рачIунаго эбелалъул хабаде гьел щвараб заман, кинавго чи хабаде рахунеб зухIаялъул гIуж букIана.

АхIмадиние бокьулаан, гьелда рагIулеб гIадин, эбелгун гаргадизе. Гьаб нухалда эбелалда бицине жо гIемер букIана гьасул. Гьелда бицине букIарабги кIочон гIажаиблъана АхIмадин, гьенир

Сакина-кIодода аскIор цодагьал руччабиги, гьезда гъорлъ Сакинатги йихьун.

Гьев вихьаралдаса, асдасаги пикрабалъе ккарай гIадин йикIана Сакинатги.

Хабадаса рахъун хадур рокъоре унаго, Сакина-кIодолгун бицунеб жого рагIунебцин букIинчIо АхIмадинида. Сакинат кинаб кавудухъедай унаян хал ккун. гьаб кавудахъе анин дица бицуна бук1арай рак1алъе г1урай ясин кIодода бихьизабизе бугеб ургъелалъ.

Гьейин абуни, дагьай цее-цее хех галабиги росун ун, Сакина-кIодол кавудахъе жание лъугьана.

Виххун хутIарав АхIмадинги, рагIиго абичIого, киналгун цадахъ жаниве лъугьана.

КIодоца хIадурун тараб квен столалда тIад лъезе Сакинат ячIарай мехалъги ас рагIи абичIо.

ЯхIго гьабизе кIвечIого, Сакина-кIодо къватIие индал, АхIмадин гьелда хадув къватIиве вахъана.

— Сакина-кIодо, нилъер гьай Сакина гIагарайищ кколей?

Гьасул гIедегIи букIана, гIагарлъи лъалареляъул, ячине бегьуларей гIагарлъи бугей яс ятизе гурин хIинкъи.

— Гьей Сакина гуро. Сакинат йиго. ГьейгIаги гурейищ дуда ятарай, дир цIар гIахьалай? — ан

абуна гьалъ, гьасул хасияталъул хехдариялъухъги ялагьун.

— Гьай ятани щиб букIунеб? — ан гьикъана хIинкъадго АхIмадиница.

— Расги букIунаро. ЛъикI букIунеб жо щолей гIадан гуро дун, гьедигIанасеб талихI дие киса…

Гьелда хадуй къватIие Сакинат яккигун, АхIмадин хекко жаниве лъугьана.

Щибниги батIаяб жо батизе гурин, гьесдасаги хIинкъун йикIиндал, жание лъугьун уней кIодол горде цIцIан чIчIезаюна Сакинатица.

— Гьав вуго дица кагътида дун кIалъазе бегьилищин хъван битIун вукIарав вас. Дов чиги гьасул эмен ватила. Гьанире гьал кин ккарал? Нилъее гьал щал?

КIодоца, цоцада гIемерго хваларедухъ квералги лъухьун, гьурмада рахъана.

— Дир цIакъ ракI бухIун букIана нуж цоцада лъалел гьечIолъиялда. Гьеб нужеца бицунеб рохалил хабаралда букIунеб жойин, дун лъугьун хадуб гурони божуларо. МакьилъгIаги ятугеги. Лъалев Аллагь вуго, гьеб къадарги, гIажалги гIадан хадув гъолеб жо батичIо. Жибго бачIун талихI, чIобого щвараб давла! Дуе щиб гьабилеб, Аллагь? — йикIарайлъун Сакинатги тун, жание ана кIодо. Рокъор жанир жалго гьелги тун халатаб заманаялъ рагьда кIалъала хутIизе рекъон букIинчIо.

Инсуда лъалеб жо букIинчIелъул батила, АхIмадиница тIокIаб батIияб калам я балагьи гьабичIо.

Гьел ине гIедегIун рукIин бихьун, берцин кванач Iоха нуж, къаси анир чIоларел ратани, сапар халатаб бугин, берцин гьелги нухда регIун, лъугьана кIодо Сакинатида гьеб кинабго ккараб куц бицине. АхIмадинил эбелалъул хоб нижерго хваразда аскIоб букIинги, гьей учительницалъун хIалтIизе ячIун гьазул рокъой йикIарайлъиги. Сакинат жийго гьитIинай жо йигей мехалъ, АхIмадингун цадахъ рукIинги.

— Вай, вай, вай! Нолъ макьилъгIаги щибдай дида бихьун букIана. Гьаб щиб дун йохараб хабар, — ан абуна Сакина-кIодоца. — Аллагьас дида ракI гурхIун батила, нужго малайкзабаз берзул тIелех цIан данде рачарал.

Цебе гьабилин букIарабщинаб кIочарай, хадуб щиб гьабилебали жеги лъаларей чIойогояй гIадан лъугьана гьанже Сакина-кIодол.

5.

Рокъове щун хадув, АхIмадинил пикру ккана, гъой ЦIихIилидаса ватIалъун вукIинги лъазе, бесдал эбелалда цин кIудияв вацасулгун ккараб

хабаралъул бицине. Гьесда лъалаан, Идрисие хъизан гьабизе гьелъул букIараб хIасралъи.

— Диецин чIужу ячине цебего заманги щун буго, — ян цин живго вацасул ургъел гьабулев вугевлъун гьавуна гьас. — Дидаги лъалей лъикIай яс йиго гьей, цIарги гьелде Залмо буго. Дица гьелъул бицен гьабидал, Идрисги рази вуго ян.

— ЦIакъ лъикI, дир вас. Эменги цIакъ вохила. Гьелъул хIалтIи кинабго дуда лъикI лъала, —ян гьесие кьимат кьуна СалихIатица, гьесул пикроялдаса йохун.

АхIмадинил гIакъиллъиялда кидаго бахиллъун, унго-унгоги гьесукьа жийго нечарай гIадин йикIунаан гьей.

Залмо Залмоян, жиндаго ракIалда хутIизе цIарги абулаго, цIияб, жийго йохараб хабар ГIумарасхIабида бицине гIедегIарай гIадин, тIаде щибго жо гьикъичIого СалихIат жедерго рокъое лъугьун ана.

6.

Залмол эмен щив, кив гьев вугевали лъаларин бицунел рукIун гурони, нилъеда лъазе ккелариш гьелъул эбел-эменги, гьеб ккараб куцги.

Гьеб ккана гьадин.

Студентал каникулазда рукIараб заман букIана гьеб. Ибрагьимги цоги студенталги

ритIула фабрика балеб бакIалде хIалтIизе. Кисаго рачIарал васал-ясал роххел-бакъалда рукIунелъул, берцинав, гьайбатав Ибрагьим батIа чIч1ун вукIунаан. ЧIужуги баршун ун, гьавурав вас гьелъ вихьизеги течIого, живго жиндаго вичIуларого ургъалида вукIунаан гьев.

ТIоцеве Ибрагьим вихьаралдаса, цогидаб курсалдаса Симисхан абулей яс, жиндирго имсуца г1агарав васасе кьезехъин йигин, жий. Ибрагьим щайин жиндир имсул г1агарав вас ватич1евин ясазде бицуна йик1унаан. Гьесул ц1арго гьелъ бахъи г1адлъун рук1унаан ясалги. Бищун ясазда гъорлъ гIодойичарай, гIамал берцинай, сабурай яс йик1ана гьей.

ХIалтIул эркенаб заманаялда ясаца, столоваялъул квен чIалгIун, киналго гIахьаллъун, рокъор гIадин тIагIамал квеналги гьарулаан.

Цо къоялъ, цIурахинкIал гьарулаго, ясазда ракIалде щола берталъ бахIарай ячун нахъисеб къоялъ цIурахинкIал гьарулелъул гьабулеб букIараб аваданаб хIай. Гьез цIурахинкIал гьарулаго гьанада гъорлъ балъго жидеего бокьараб хъван гьитIинаб кагъат лъолаан. Гьеб хинкI кванаазе щварас, кахтида хъван батараб тIубазабичIого толарев, хIукму къотIулев судиявги вищулаан. КечI ахIизе, кьурдизе, гьойгIадин хIапдезе, гIанкIогIадин къвакъвазе хъван батараб жо цIалун,

гьеб гьабизе тIамулаан судияс. ТIубачIого тани, судиясе жиндиего къотIулаан суд.

Школалъул партаялдасаго Ибрагьим рек1ее г1ун йикIарай, гьев чIужугун рарщун гьезул ккарабги лъалей, росулъа чанкIкIарай цо яс, гьанже щванин дихъе гьевин, гьевгун гIагарлъизе хIилла ургъулей йикIана.

Гьеб къоялъ гьей ясалъ хъвала кIиго кагъат. ХинкIал гьарулезда гьоркьой жийго йигелъул, цо кагъат — Ибрагьимие, гьес жиндиего йокьарай яс йищизе, цогидаб кагъат — жиндиего, ккезабизе вас вищизе. ХинкIал релъиндал, гьалъ цояб хинкI Ибрагьимие кьолел хинк1ал ругеб гъадароялде ккезабуна. Цогидаб жиндиего ккезабизе букIараб хинкI, батIа гьабизе къосун, дой Ибрагьимил г1емер бицуней Симисхан абулей ясалъе ккана. ЦIакъго къвакIарав ккун вукIана гьеб къоялъ судияв, кагътида хъван батараб тIубачIого толарев.

Хадуб букIунелъул ургъел гьечIел гIанчIал ясазе гьанже кеп-ихтилат къварагIана. Т1огьилаб пахьул куналъул баргъичги гьабун, гьеб битIулайин, бертен гьабулайин, бицаде хут1улеб г1адаб г1емераб роххел-бакъ аваданлъи щвана ясазе.

7.

Симисханил эбел ч1ах1иял шагьаразде хьвадун, гьениса хам, чараб пархит босун бичун, балъгояб даран-базар гьабулей г1адан йик1ана. Доб заманаялд яс рукъалде кьолелъул къеда, гордал-нуц1бузда, бигъизе щолареб жолъун бук1ана гьеб. Росолъ жидерго эбел мнсул токен бугел чаг1и рук1ана гьел. Къайи босизе ун ц1акъго ургъун бет1ер х1алт1изе кколеб пища бук1ана гьеб.

Х1алхьиялъул лъабго моц1 лъуг1идал ц1идасан школа рагьун лъимал ц1ализе унелъул, гьеб заманаялда лъик1аб даран бук1унаан лъимазе щколалде рет1изе босулеб рет1елалъул. Гьаб нухалда Симсханил эбелалде рак1алде ккана ясалдеги щвезе гьей х1алт1изе йит1араб Чиркесск щагьаралдего ине къайи босизе.

Мунги щай илъунарев, г1ададa рокъов вук1инч1огоян, бет1ергьан чиги рази гьавуна ц1адахъ ине. Лъималазе дарс малъулев муг1алим вук1ана гьев. Цадахъ чи вугони, ц1ик1к1ун къайи босизе бажарулаан.

Симисханиде щвезе рач1арал эбел-инсуца г1езаг1ан кваназе жо, нах-х1ан, рокъобго бухун къач1ан гьан ц1оросалъул ханжуялде г1унт1унги квенал гьаризе жо бач1ун бук1ана.

Щвезе рач1ин къанаг1атаб жо бук1индал, Симсханида цадахъ гьезие регизе бат1а рукъги кьун бук1ана.

Погьмо бугей г1аданги йик1ана Симисханил эбел. Гьей яч1аралдаса йохун, цо к1одол рукъалде гьабураб риккейин Симисханица абидал, жедерго къимат бицунеб мухъал ругелъул, гьел риккине лъугьана эбел.

Вай, эбелалъул рукъ,
Эбелалъул рукъ,
Гьоболас квер тункун
Каву чIикIараб.

Вай, збелалъул рукъ,
Эбелалъул рукъ,
Лъалареб малъараб,
ГIечIеб бацIцIараб.

Рамазан моцIалъул
ХIурматги гьабун,
Лъеберабго тарахI
Таруларе рукъ.

Авараг гьавураб
Мавлид моцIалда
ШапагIат камиллъи
Камулареб рукъ.

Къварилъи чучизе
Чи къварагIани,
МагIна-гIиллаялъул
ГIор чвахулеб рукъ.

Гьуинабгун кьогIаб
Бикьуде ккани,
Илбисалъ тIинкIизе
ТIири течIеб рукъ.

Дур баракат щвезе,
Кири бокьараз.
Дуца квер хъваралъуб
Квер бахъураб рукъ.

Карамалъи тIокIал
Устарзабазул
Анкьабго тIарикъат
ХIакъ гьабураб рукъ.

Бичасул рахъалъан
ЛъикIабгун квешаб –
Бихьарабщиналде
Шукру лъураб рукъ.

БачIунеб гIелалъе
ГIелму дурусаз
Ункъабго къедалда
ВагIза хъвараб рукъ.

Мун накъмолъаниг
Муридзабаца
Зиярат гьабейин
Малъун тараб рукъ

ХутIарал наслабаз
Силсила гьабун
Цуцахъе гIелмо кьей
КъочIой лъуруб рукъ

Гьенире щун т1асияб къоялъ, гьезие ц1оросоролъил хинк1ал жаниб картошкаги лъун гьарулей йик1ана эбел.

Ясца копоего Симисхание махсараби гьабулел рук1ана, доб къоялъ ц1урахинк1азул ккараб бицинч1ебищан? Цойги дагьайго т1адагьай ясалъ, жеги эбелалда абурав вас вихьизавич1ого ятиларин гьейин, релъа-роххизаруна. Махсаро бугониги, Симисханил эбелалъе ц1акъ бокьана дов Ирагьим вихьизе. Вихьигун, гьесдаса ц1акъ разияйги йик1ана.

Симисханил инсул к1удияв вацасул ч1ужу — эбелалъул дандияй — ц1акъ къварагI1ел гьеч1ей г1адан йик1ана. К1иго вацасда гьоркьоб бугеб боц1и бикьулелъул гьоркьоб ккараб х1айван хъун, бащдаб-бащдаб гьабун махмаралъул ургу бакьулъа къот1ун, г1ерет1-гулгун рик1к1ине лълъугьун, бит1араб гьабулей йигей г1адин, г1адамазе жинда-

го г1емер г1аиб гьабизабулей г1адан йик1ана гьей.

К1удияв вацасул рокъов г1урав вас вук1ани, г1адат1алда рекъон, яс къват1ие кьолараан. Ясалъул бук1инеселде ригьиналъул ихтияр к1удияв вацасухъ яги имг1аласухъ бук1унаан. Гьедин, ясазул эбелазда гьабизе к1олеб жо гьениб бук1унароан.

Амма гьединай якьадалде цее жиндирго цо йигей яс кьезе бокьун бук1инч1о Симисханил эбелалъе. Гьел ясаца бицараб хабар, рососда бат1айиса бицине къасд ккана гьелда. Гьагъадаг1ан лъик1ав васас гьарулей йигин нилъер яс, нилъее г1адамал щайин, г1адамазул г1айибалдаса ясалъул талих1 к1удияб бугин, абун, г1емер зах1мат бугониги, гьасда аск1ор малъарухъаби гьеч1елъул, гьев дагьав мук1урлъизехъин вук1ин бич1ана эбелалда.

Эмен разилъаралдаса, г1емер гъой дандиялъ бакъвазабураб рак1алъ, хадубккунги бук1ине бугебщинаб цебе ч1ч1ун, гьанжи гьей эбелалда даран-базар, хайир к1очана.

Ибрагьимие г1емер жо бицине ккеч1о. Махсарайин гьединаб жо тезе бегьуларин абун, гьей ясалъул эбел-эмен гьеб сабалъун рач1ун рук1ин гьаруна.

Ясалда бух1ун бук1араб рак1алъ, нахъа щиб букинебали ургъич1ого, гьей яс бат1а рукъги ккун яхъинайизе унеб г1арацалда эбел барахщич1о.

Ибрагьимил рахъалдасан бук1ине кколеб къаг1ида щибго т1алаб гьабич1ого, х1алалаб къаг1идаялъ ясги рукъалде кьун, рокъоре т1ад русана Симисханил эбел-эмен.

Бищунго дой дандиялда бец1изе бокьараб жо бук1ана гьалъул, гьай Симисхан йик1инч1ейани, бокьараб бак1алъа васасе яс жинца ячинаанин абун бук1ин. Т1адеги, гьей кьейин абизе жий инарин, бихьинаца бокьараб гьабейин, яс абизецин гьей ч1ух1ун, ц1арго бахъич1ого хут1ун бук1ана гьеб. Гьедин Симисханил эбелалъ щиб гьабуниги, дандиялъе я вацасе щибго абизе жо бук1инч1о.

ЦIакъ разиго унеб бацI данде ккун бугила царада. Цараца гьикъула, щиб цIакъ разиго унеб бугебин. БацIица абунила, цо цIакъаб нахул цIураб нус батанин дида, гьебги кванан гIорцIун унеб бугин. Церал абунила, къватIибе бачIунелъул балагьилин.

Гьелъухъего, лъабго моцIги бан рокъорокъоре тIад руссине мех щведал, Ибрагьим цадахъ вилълъине къварагIана Симисхание.

Ибрагьимица гьелда жиндирго ккараб щинаб бицана. Армиялда хъулухъ гьабулеб мехалъ гIурусалъулгун лъай-хъвай ккун гьелъие гьаюрай ясги йигин жиндир. Гьеб лъаралдаса барщарай, тIоце-

бесеб курсалдасаго йокьун ячарай чIужуги, жеги вихьичIев васги росулъ ругин дир.

— Щай дуе дун сабалъун дурго гIумру хвезабун. БатIалъи батичIони, дун илълъина, амма дургун г1умро гьабизе ресги дуе кьезе талих1 дир гьечIо, — ян абуна Ибрагьимица.

— Тогда, будь счастлив, — гIурусалъги абун, гьесулгун гьоркьобакIги тIезабун, пахруяб тухумалдаго цо гIурай Симисхан, ясалгун цадахъ рокъое тIад юссана.

Я жиндирго росулъе, я гьел ясал ругеб цIалулеб бакIалде тIад вуссине бокьичIев Ибрагьимги, гIарзаги кьун гьенивго фабрикаялда балеб бакIалда хIалтIуда чIана. Фабрика бан лъугIун хадуб, жиндирго гIамалалъул лъикIлъиялъ, хIалтIизе бугеб махщелалъ, тIаде-тIаде вахун ккарав вукIана гьев фабрикалъул директорасул заместительлъун.

Рокъое ун хадуб Симисханил ккараб тIокIаб Ибрагьимида лъалеб жо гьениб букIинчIо…

Хадубги ккана гьадин.

8.

Барщун арай Симисханида, заманго бахъилелде лъана жийго лъимаде йикIин. Симисханил эбел-эмен, лъимал къанагIатал чагIи рукIиналъ, лъимадае гьей ятиялдаса рохун, гIагарал чагIазцин лъимадул инсул цIех-рех гьабизе

гьезие бокьулароан. Эмен вач1ун лъимер бачун инин х1инкъун. Яс гьаюн хадуб, росулъе батIияв чи вачIаниги, гьеб лъан, лъимералда хадур рачIарал гIадин хIинкъун, гьей цIунулел рукIунаан.

Симисхание гIемерго бокьичIониги, жиндирго гIагарав васасе хехго гьей росасе кьей эбелалъул, жиндиего хьихьизе ясалъул яс Залмо хутIизе мурадлъун букIана.

Симисхан арав кIиабилев росасул тухумалде, чIужуялде щакдарулелин абулаан. Гьеб захIмалъун чIечIого эбелалде гIарз бахъулей йикIунаан гьей. РакI лъикIав чи вуго, хIехье дир ясин, абулаан эбелалъ. Абухъего Симисханил вакьад лъималазе дарс кьолев мугIалим, росулъго къимат бугев чи вукIана. Жиндир чIужуялъухъги балагьун мадугьаласул хIелеко гIегIеданин, гьес туманкIги речIун чIванин букIана бицен. Гьениб кIудияб питна ккезе бегьулаан. ГIузаирин букIана гьев мадугьалас цIар. Дуца чIван течIого габурги къотIизе кколаанин, хIелкида гIайибги гьабун, тана гьав мадугьалас. Ккаралдаса живго нечон, нижер тухумалда вас гьавуни, дур цIар лъезе бугин, гьесул квер босун къотIи гьабунги букIана. Гьедин лъураб букIана, рукъалде ун Симисхание вас гьавидал, ГIузаирин цIарги.

КIудияв гIедал цIализе хасго хIисабалъе цIакъ бетIер хIалтIулев вас лъугьана гьев. Гьедин

ккарав вукIана Москваялъул тIадегIанаб лъай кьолеб институталде цIализе.

Жиндирго гIамалалъул лъикIлъиялъ, гьалмагъзабаз, дур ракьцоявин вачун лъай-хъвай гьабуна гьес АхIмадинилгун.

Гьедин лъугьун рукIана АхIмадинги ГIузаирги, нилъеца цебехун бицухъе, гьудулзабилъун.

ГIузаирил бестIал яц Залму, АхIмадинил кIудияв вац Идрисие ячине кIиязего бокьун рагIалде щун букIана. Амма, гьоркьоб ккараб гьеб кIудияб къварилъиялдаса хадуб Симисханихъе гьелъул бицун инеги рекъон букIинчIо. ГIузаир хун лъабго сон ун гурони дица яс рукъалде кьеларин абуниги, эмен ГIумарасхIаб разилъидал, Сакинатил кумекалдалъун баргъичги кьун, Идрсил абурайлъун гьаюн тIобан букIана.

АхIмадиниде гьелдаса бетIер биххараб заман бачIинчIо. Жинцаго гьабулеб битIун бугодайин, диргоги Сакинатилги щибдай ккелайин ургъалида вукIунаан.

Ургъел гIемерлъидал, тIамур кодобе босун «МунгIаги гьечIебани дица щиб гьабилеб букIарабин», — бакъан тIамилелде, цин лъикI гьебгунги гаргадулаан АхIмадин. Кидаго ахIичIо гьес гIанчIаб гогьаб кечI. КIаркIарун велъулев чи вихьани, кколаан сундасадай гьев вохун вугоян. ЦIакъго къварилъи чучизе къваригIиндал босана гьас гьанжи жиндирго тIамур кодобе:

Анищ бугебалде дун
Щоларелъул,
ГIемер мун йокьизе
Бокьун гьечIо дий.

Бокьараб щолезул
Мухъилъ бакI гьечIев,
Мурад тIубалеб бакI
ТIегьаларебин.

Дица хиялазул
Хурзал рекьани,
Гьава бакъги хисун
Хасел бачIуна.

Хурго бекьичIезе
Бокьухъе щолеб
Дий хьул тIирщулареб
Щиб гIаламалъи.

БетIергьан, рихунге
Дун гьардонилан,
Гьаб цо къадаралде
Къасд ккун буго дир.

Гьарарасе кьолел
Дур нигIматазул
Бище дие тIаса
ВитIун кколеб рахъ

Гьудуласул рекIелъ
ЙикIун ятани,
БакIлъун кколеб буго
Гьесул бакI кквезе.

ТIад вуссин гьечIелъуб
НухтIа мун индал,
Дие шагьра буго
ШаргIалъул рахъалъ.

Эбел, мун гьикъизе
КъваригIунареб
Къого бижанадай
Дуниялалъул.

Дир анищ барщараб
Щакдариялда
Щаклъи кколароан
Мун йигей ани.

Мун хисун ячарай
Чияр эбелалъ
ТIасан ракI бацIцIуна
ЦIваки лълъунареб.

ЦIал гьечIеб чуялъул
Хиялазда дун,
Цин рекIине лълъуна,
Цин хадуб цIала.

Рокьийин, вокьийин
Бикьулеб бакIалъ
Дару сабабалъул
Сангар гьечIодай.

Рукъилан, лъималин
Хважайинлъани,
ХIисаб дихъго тезе
Рес щолародай.

МагIарде гIи уна
ГIадра кваназе,
Вехьас тIил босула
ГIадлу гьабизе.

Дун гьаб гIумруялъул
ГIиялищ, тIилищ,
Лъида гьикъани дун
Мекъи кколарев?

Эбел, дуца кьураб
Дарс щвечIониги,
Мунилан кIутIулеб
РакIалъ хьихьидал.

Дур къимат гьабулел
Коял рихьичIев
Гьаб дуниялалда
Дий гьечIеб рохел.

Эбел дур тIегьалъул
ТIор барщун бугин,
ТIаде яхъинарищ
Катан букъизе.

Дир мурадги тIубан
ТIад юссун ине,
ЯчIа, эбел, рокъой
КъваригIун йигин.

9.

Дунцин гIун вугин, АхIмадиница абун букIиндал, Сакинатилги АхIмадинилги гьоркьоб бакI бичIчIарай бесдал эбел СалихIатица ГIумарасхIаб рази гьавуна, кIудияв вас Идрисихъ балагьичIого, цин АхIмадиние чIужу ячине.

— КIудияв цевеги тун, ячуней йигин абиларо, — ян абуна гьелъ. — Балагье, гъосул эбел гьечIелъул, цебе ригьин гьесие гьабунин, гIадамазе нилъ тIадеги кIодолъила. Идрисиеги яс абун баргъич ххун бугелъул. АхIмадинида жанибги гьеб гьесул адаб тей букIине кколаро.

ГIумарасхIаб разилъун хадув, СалихIатие бокьана, жеги цониги нухалъ йихьичIей Сакинахъе, Сакинатил бицун ригьнал кIалъай гьабизе жийго ячIине.

Гьеб хабар рагIана Сакина-кIодода. Амма, Зубаржатил хвалие гIиллалъун ккарай гьей, АхIмадиние яс кьейин жиндирго рагьде яачIине намусалъ къабул гьабичIо.

СалихIатгун кIалъан, гьелъулгун гьуинлъи гьабизеги Сакина-кIодое бокьичIо.

Мирзал берталъ жинцагIадин, нусалъе кьезе бокьараб хъалин, бертин гьабулеб цебесеб къоялъ гьоцIибе бачIайин, цоги щибго жо къварагIунарин абун битIана.

Зубаржатил рух1алъул адаб гьабураблъун жиндирго намус бацIцIад гьабун парахалъи щвезе бокьана гIакъилай Сакина-кIодое.

Бертен гьабулеб къоялъе заман цIан хадуб гIадат букIана, бахIаралъе кьолеб рецIелги, гIагаразе гьабизе кколеб гIаданлъиялъулги данд базе кIиго чи витIи.

Зубаржатил васасда жинца рецIел къотIуларин, гьев вас гьелъ жинда тIад къан тарав вас вукIанин, гьелъул бицун чи витIизеги СакIина-кIодо разилъичIо.

Зубаржатил хIурмат гьабун, киназго кьурал сайгъатаз берцин гьабун букIана, цебесеб къоялъ бертаде къачIараб гьоцIибе бачIараб чемодан бачIиналъул дандеруссин.

Нух1ил васазе гьабураб гIадаб бертин гьабизе щвеялъги, бахIаралъе кьолеб къайи жинцго АхIмадиние бараб минаялъубе кьезе щвеялъги йо-

хун, талихIалъ гIорцIуларого йикIана Сакина-кIодо. Гьезул гIасрабазул къатIрабаз цIурал бара-каталъул кIиго гIор цого хIоринибе чвахун ралъадлъун лъугьун букIана гьеб къоялъ Сакинае.

БахIаралъе кьолеб къайи, бертин лъугIун нахъияб къоялъ бахIаралги рокъоре ахIун кьолаан. Гьебги букIана гIадат.

Жинцаго кьураб хуриб, ГIумарасхIабгунги рекъон АхIмадиние бараб мина, бахIарай ячIун бертин гьабилелде жаниб къайи лъун къачIазе бокьана Сакина-кIодое.

Ахираб заманалда гьединаб къайи кьурай бахIарай тIалъиялда лъугьинчIин, гIадамаца аби гIадада букIинчIо.

Сундаго гъорлъ цIакъ цIар бокьулей гIадан йикIана Сакина-кIодо. Кьезе бугеб къайи къачIалеб мехалъ, махмаралъул ургазда жаниб кьагIазул митис-квас лъолеб букIин лъазе, гьеб самизе росдал ясал ахIун рукIана.

АнцIго гIеретI. АнцIго гулгун. АнцIго хIули-дул къандалъо, анцIго юргъан. Рукъалда рекъеза-бун къайи къачIазе бугеб къаг1идацин ургъун букIана гьелъ.

БахIарай лъадае ячунеб къо гьабулелъул, цадахъ ругел ясазе гьел гIертIал раччизе ралел къвалал, тIаса меседил кьераб куналъ угьун гIертIазул щекъералда ран кенчIелел рукIана.

Цояб рахъалда бугеб къед, тIинабиги рорлъун магIида ралал гъудрузул цIун букIана. Гьезда жиб-жибалда тIад бугеб накъищалъ бицунаан, гьел щиб тухумалъул, чан кьери хисун тараб ругелали. Гьезул гIумруялъул тарихалде балагьулел рукIунаан гьелъул къимат-багьа лъазе бокьарал.

— Гъоле доб, азул мунагьал чураяв Къадил Къади наибасулго букIараб силсилаялъул махмар. Балагье, жакъа гьабураб гIадин, цIиго чIезабун бугеб куц.

— Дуца гьаб васазе кьечIого кин тун букIараб? — ян, жидедаго гьелъул адрес лъалеблъи бихьизабулел рукIана цIар къварагIарал.

Цогидаб бакъбаккул рахъалдехун бугеб къед букIана, гьоркьосан хъарщиги лъун рахъун чIчIезарун ругел эзил тIарсазул цIун. Жаниве вачIунев чи, матIуялда жанисан гIадин вихьулаан, гьезул цIвакиялъ.

— Гьаб Сахратица жаниб чу чурулеб букIараб саргъасин, — цоцада бихьизабулаан гIажаиблъи гьабун, гьеб лъалез. Къедалъул борхалъиялдаса кIодолъун, дагьаб гьетIизабун чIун букIана гьеб.

Кьохъа мастIерги вачун гьабураб гъамсида жаниб хIанчIил рахьги камураб нигIмат букIинчIо лъун кIодоца.

Чу гIадин, кьилиги лъун къачIан бачIун букIана хIама, ролъул гьирги лъун. Гьелда т1ад

рукIана бакъвараб гьанал хьалбал. Гьезада тIасан чвахизарун рукIана цIурал бакьал.

Цоги букIана гIадат, бахIарасул минаялъубе къайи босизе рачIараз, кьечIебги бикъи. БахIаралъул рахъалъ, бикъизе толарел, рукъ цIунун тарал чагIиги рукIунаан. Бикъизе аз толарого, бикъичIого васасул чагIаз толарого, ахIи, релъи, хъуй, рекIелгъей букIунаан. Кьураб къайиялдасаги кIудияб къиматги букIунаан, бикъараб жоялъул. Бикъун бажарарав чиясеги гьеб бикъарабин цIар хутулаан.

Къайиги гIемер бугин, цебесеб къоялъ кьола бугелъул, бикъилареб батилин, рукъ цIунарал чагIи тезе щайин ккана Сакина-кIодода.

Амма жидеего рекIелгъей гьабулеб, бищун аваданаб къо гIадада тун гIолохъаби рукIинчIо. Хьодол хъаба, нахул балон, найил тIала, кеп гьабизе бокьараз, хIата-рагьтIа рукIарал кIодол гургуралцин ккун рачун, чIобого гьабуна гьеб къоялъ кIодол рукъ.

Бищунго кеп букIана, гьеб гIадат лъаларел АхIмадинида цадахъ рачIаал гьудулзабазе. Кидаго гьединаб жо бихьичIел гьезул гIажаиблъи рохел бихьун вохун вукIана АхIмадин.

Нахъияб къоялъ радалго бай бихьана бертин. Кив щив ватаниги гьунар бугелщинал чагIи ракIарун рукIана бертадул сверияльде. Алжаналъуб тIагIамго тун гьечIин алъ, абулеб букIана гьалда

рагIинедухъ жахIдаяз, гIемер гьеб берцинлъи бокьичIониги.

Бертин бакьулъги вахъун чIчIун гIелас, бахIаразе кьолеб чIагояб боцIиялъул сияхI цIалана. Гьебги букIана гIадат. Къайи гIемер Сакина-кIодол бугониги, гIиял, боцIи, цIани Нурбика-кIодол рукIана гIемер. Васасул яслъидал, инсул букIарабги гьелъие кьун Сакина-кIододаса къун чIчIоларого къец букIана кIиязулго.

Хадув вахъун АхIмадинил кIудияв инсуца, гьеб боцIи хьихьизе ГIарахъ-мегIералъул жиндие кколеб бутIа АхIмадинил бугин, назро гьабуна. Зубаржатил эбел хварай мехалъ, магIна гьечIей чIужу ячун тухум нахъегIан чIаниги, живго къартI бугев чи вукIана гьев.

— Балагье, ясалъул васасе бертин гьабулеб къоялъ кьезе лъараб сайгъат. ГIарахъ мегIералъул бутIадул бетIергьан вахъинавуна АхIмадин, — ан абулеб букIана гIагараз.

Гьабизе кколеб гьабун, гьеб къоялъ жиндирго къадру цIунун кьезе лъараб сайгъаталъ, лъикIаб къимат щвана кIудадае.

КIудияв чи, тIоцее бахIарай кьурдизе яхъинайизе гьоцIо бакьулъе гьев вахъарав мехалъ, эбел ракIалде щун ватилин, АхIмадинил бадиса тIинкIараб магIу столалда тIад квер бацIцIине лъураб кагътиде тIинкIулеб букIанин, бицунел рукIана гьеб бихьарал.

Васал, нусал, лъимал, гьезулги лъимал кIудиял гIун, ункъабго рахъалъан гIагарлъи данделъун букIана гьеб къоялъ.

Кутакалда берцин кьурдулев, бертин-кеп бокьулев чи вукIана Нурбикал кIудияв вац. Яс кьолеб берталъ цевесеб гIагарлъиялъул бихьинал кьурди, цIакъго гIадат гуреб жо букIана. Щиша свери гьабулел гIолохъабазда цевеса унев, гьесдехун буссун чIана шишаялъул кIал. Бертадул гIелас суд къотIараб жо гьабичIогоги бегьулароан. Гьесие кьурдизе суд кьотIидал, гьев кIодо гьавун кинацаго рахъун чIун хъатги къабун, гьев кьурдарав куц. ТIогьол квацIиялда гъоркьоб лъезе рес щвараб тIегьгIадин букIана гьеб балагьаразе имгIаласул рахъалдасан.

Бертада гIахьаллъизе Сакина-кIодоца ахIун рачIун рукIана Ибрагьимги, Халисатги. ГIажаиблъизарун рукIана, Зубаржатги ракIалде щун, Сакинаеги ГIумарасхIабиеги баркала кьун гьез абурал рагIабаз.

ЦIияй нус йигелъул, сайгъатал кьун, Идрисил абурай яс Залмуги кIодогьаюлей йикIана гIагарлъиялъ.

Я берталъе, я чемодан босун ине Симисхан, я гьезул гIагарлъи рачIинчIо, яс Залму гурони. ГIузаир хун къварилъи гурони гьел гIахьаллъунгуртIиялъе гIилла букIинчIо.

10.

Бертин лъугIун рокъоре тIад руссун унел рукIана Ибрагьимги Халисатги. Рок1к1унебги бугин, гьез жийго ине течIого, росолъе щвезайилин цадахъ ячана Залмуги.

Росолъе швейгун, ячун ячIарайлъунги йикIине, гьелъул эбелалдаги кIалъазе Залмугун жание лъугьана Халисат.

Залму швезайизе Халисат жийго ячIиналдаса разияй йикIарай Симисханица абуна:

— ЦIакъго нечараб жо ккана ниж гIахьаллъичIолъи. КIудияй эбелги хадуй ракI бухIун йикIана. КIвечIоха рачIине.

Цудагьаб мехалъ калъан, ниж кватIулел ругин абун, Халисат яхъана ине. Гьей нуха регIизе, сайгъаталъ цо ящик гIечул босун машинаялда аскIое илъана Симисхан.

Жаниве щай лъугьунаревин, гьай машинаялъуе къуланиги, гIемераб къварилъи бихьиялъ хисунги йик1ун ятила, цIакъго гIемер заман гьоркьоб унги букIиндал, Ибрагьимида Симисхан лъачIо.

Гьеб г1ечул ящикI нахъисеб нуцIаги рагьун лъейин, Ибрагьимица абидал, гьесул кIалъай цо лъалев чиясулалда релълъон бихьана Симисханида. Живгоги цо кидаялиго-кивалиго вихьарав чи вугин кколев вукIана, рокIкIараб заман букIаниги.

Гьеб сордоялъ, эбел ракI хIунсун унтун лъугьун, гьелда тIад ургъизе заманги букIинчIо Симисхание.

Радал, кидаго кватIуларей эбел щайдай ячIуней гьечIоян къватIие лъугьунаго, ячIана мадугьал. Нужер эбелалъухъе щун йикIанин, цояб рахъалдеги йиссине кIолараго, цо батIаго йихьанин, дуде бицине ячIуней йикIанин, абуна гьелъ.

Эбелалъул рокъое щвезегIан цо къого нухалъ абуна Симисханица жинцаго жиндего: «Эбел чIаго ятани, гьей яхъани дица тIокIаб ГIузаирил бицинаро! ТIаса лъугьа, Аллагь!».

ЦIаларав чиги ахIун, дару сабабалдаса хадуб, эбелалъ гьесда бицана ГIузаир хвеялъулги, жедееего ккараб къварилъиялъулги.

— ДугIаги гьабила, мадарги мун лъугьина, — ян абуна гIалимчияс. — Амма, дир лъимал, нужер рокъобе бачIун букIун бугеб кIудияб къварилъи. Нилъ дагIбадун бергьунеб жо гуро гьеб. Гьеб буго Аллагьасул хIукму. Гьеб букIуна гъабугъараб лъимгIадин. Гьеб нужеца багъаризе гьабунагIан гъабугъунеб букIуна. Гьеб лъим гьекъезе бегьуларо. Аллагьасдаги гIадамаздаги гьоркьор нужерго кьерги гьеб гъабугъараб лъималда релълъараб букIуна. Гьеб багъаризабичIого тIокIкIине тезе кIвани, бацIцIалъула. Аллагьасул рахъалъги хIукмуялда сабру гьабураб даража щола. Ургъалил

бакIалда цоги лъикIаб жо ракIалде щвезабизе ккола, гьудулзабахъе гьоболлъухъе ине ккола. Гьеб буго гьелъие дару.

Гьелдаса хадуй дагьай мадаралдаги йикIун, унти чIвараб къоялдаса лъагIел данде щун, гьеб унти чIвараб рогьалил гIужалъ хвана Симисханил эбел.

Хъулухъ гьабизе щванин батизеги бегьула, Симисхан жийго батIияй лъугьун, ясалъе, Залмойецин сабру кьолей йикIана. Цо-цо гIадамал гьечIеб жийго хутIарай мехалъ, гIодун ракI чучизе, гьадинал рагIабиги абулаан:

Эбел, къойил щуцIолго
Щибулин дун щолеб,
Щуго кIичI кавуялда,
Кие гьанже дун иней?

ГIузаирилги бицун
Цоцазе кьолеб сабру,
ЦIидасан гьелегьанин,
Гьанжи дун лъихъе иней?

Эбел, мун йигеб заман,
Замзан чвахулел ахал,
Сундулго ургъел гьечIеб,
БукIун дуца дий течIеб.

Эбел, гьечIеб гIумрудул
ГIазаб цодай букIуна,
Гьикъулелде нух къанин,
Кьолелъул баркат анин.

Рузман-хамиз бачIиндал,
Чвахун чIоларин берал,
Дуде тIириго щолищ
ТIинкIараб магIуялъул?

Рогьел-рукIкIен бихьидал,
БухIун уна ургьиб ракI,
Диде щолеб хIалалъул
ЗахIмалъи бугищ дуе?

11.

Риидал каникул кьураб мехалъ, Идрисида цадахъ цо классалда цIалула вукIарав васасул бертин букIана росулъ.

Залму жиндирго къварилъабаздаса дагьабгIаги бетIерги чучун йикIинин, Сакинатица ахIун, ана гьеб берталъе.

Бертадаса хадуб ихтилат-кепалда СакинакIодол гъоба сордоги бан Залму рокъое тIад юссана. Эбелалъ гьикъизегIан чIезе кIвечIого бицине лъугьана гьай, АхIмадинилдасаги кIудияб, гIемерал батIи-батIиял чагIи ругел бертин букIанин.

Чодаги рекIун вачIанин бахIарав, бахIарай рекIинайизе цадахъ хъахIаб берцин къачIараб цоги чуги хадуб цIан. ЦIакъго берцинго букIанин, бахIарасул азбаралде щведал, цин бертин бугеб гьоцIиб рещтIинелде, гьез свери бахъулеб мех. Чуязулги, гьезул ретIелалъулги кьер релълъараб букIанин. Киназго рахъунчIчIун хъат чIвалел, тIаде тIугьдул, канфетал ралел рукIанин.

— Лъалищ, эбел, доб къоялъ машинагун дун щвезайизе вачIарав чи гьечIищ, гьес яхъана чодаса бахIарай, АхIмадинил берталъгIадал берцинал рагIабиги абун. Бертадул бакьулъ бахIарайги чIчIун, сверун гьев кьурдарав куц букIараб берцин. ЯчIун бахIаралъул гьудулалъ ретIана бахIарасда гужгат. Гьелъул бакьулъан гIарцул хъанжарачел бакъгун къацандулеб бугин кколеб букIана. Хадуб дов чигун данде дун кьурдизе яхъинаюна. БахIарасул эбелалъ къана дида гьаб кIаз. Балагье, цо берцинлъи! — ян мугъзаде гьебги рехун, эбелалда цее кьуркьудизе лъугьана Залму. — ЧIчIа, цойги, бахIаралъул чуда хъахIаб, бахIарасул — тIулакьераб, гормендаби рукIана рухьун. Вай, букIараб берцин!

Дун рокъое щвезайизе вачIун вукIарав чиясин абидал, доб къоялъ гьесул кIалъайги, гьев живгоги цо лъалев чиясда релълъон вукIанин, гьев ракIалде щвезавизе лъугьана Симисхан. КигIан ургъаниги, гьелда гьев ракIалде вачIинавизе кIвечIо.

Бертадул бицаралдаса, жидерго бертаде цIараб заман халалъун бихьун йикIана гьанжи гьей. Гьеб бертадул бицун ахираб заманаялда гьезул чи вачIунгуртIиялъ рахIат хунги йикIана.

Гьеб сордоялъ Сакина-к1одол рокъоса тIагIана гьелъие Къуръан гIадин хирияб, доб «Къисматалъул аманат» абураб техь. Сакинатги Залмуги гурони рокъове тIокIав батIияв чиги лъугьун вукIинчIо. ГIемер гьелъул хIал лъаларей Сакина-кIодо, гьелде щаклъизе бокьичIониги, тIехьалда хадуб бакъвараб ракIалъ мацI кIочон лъугьун йикIана.

Нагагь Залмуца ун батани, жинцаго вац Идрисида гьей еццун бицараб щинабги цебе чIчIун, чара къосун вукIана АхIмадинги.

Цо щибниги къварагIел гьечIеб жо жидехъаго абун ине гурин, Симисханил доре инчIого унебги букIана заман.

ХIалхьиялъул заманги гIадада унеб бугин, кIодолги ракI лъикI букIине ахикьги хIалтIун вачIунев АхIмадинида данде чIвана гъой ЦIихIил. Цогидаб мехалъгIадин гурей, цо батIаго йихьана гьасда гьей.

— АхIмадин, мунищ? Дур гьудуласул дое берталъе ячIун йикIана дун, амма мун вихьичIо, — ян гьикъулебго букIинчIеб, бертадул бицине лъугьана ЦIихIил, гьес кьолеб букIараб йорчIамицин буссинабич1огун рек1еда ятич1ого.

— Мун, Дибирил яс кьолеб берталъе ячIунищ йикIарай?

— ЯчIун йикIана. Щиб?

— Щибго гуро. ЛъикIаб букIарабищха бертин?

— Бертин квешабищ букIунеб? — ян кIалъана ЦIихIил.

— Бицея-бицея, батIаяб жо щиб букIараб? — живго гьенив вукIинчIев гIадин цIехолдизе лъугьана АхIмадин.

— БатIаяб жо щиб букIинеб? Дие гIемер бокьичIо. Дун хеккого нахъе ана… — абун, ине бокьана ЦIихIилие.

— Мун кие гIедегIарай? БахIарай берцинго къачIан йикIанищ?

— Дида щиб лъалеб? БахIарай бадибигъги бан букIнида гIодойкIун йикIунелъул.

Чодаги рек1инаюн ячарай бахIаралда бадибигъ букIинчIелъул, дабги лъазе бокьун АхIмадиница гьикъана:

— Кваназе щиб букIараб? ЦIергIадин бечелъи тIибитIун букIун батила цIаруе Дибирица. ТIокIал лъималги гьечIелъул гьесул.

— Дун гьединаб, дунго ахIичIого араб берталъ кваналаро.

— Диени ине щвечIо… Мун кьурдизегIаги яхъинчIейищ? — ян цойги суал кьуна АхIмадиница.

— ЯхъинчIо! Щибизе дие гьеб КъурахIил аргъан? Зурмаялда данде гурони дие кьурдизе бачIунаро… — янги абун, хехго аскIоса ине бокьана ЦIихIилие.

— Кие? ЦIакъ гIедегIун йихьула!

— Кие йигониги, дуе щай? — цо жоялдаса хIинкъарай гIадин, — «Куда хачу — туда иду», — гIурусалъги абун, хех галабиги росун гьай ана.

АхIмадинида ккана, цощинаб гьалъул хIалтIи бугодай гьеб тIехь боси. РостIадаго лъалеб, кинабго гIакъло жаниб хъвараб «Къисматалъул аманатин» цIар лъураб техь букIиндал, босизе бегьулаан гьеб. Яги цойги щиб бугониги квешлъи гьабизе гьелъие рес щвей хIакъаб жо букIана.

Берталъ гьав вукIиндал, гьениб бахIарай, цогидал бертабалъ гIадин гурей,росолъ тIоцебесеб нухалъ столалда нахъа бахIарасда аскIой гIодойкIинаюн йкIана. БахIаралда бадибигъги букIинчIо. Радалиса букIана аргъан. БукIинеги гьев росулъ вугев КъурахI вачине ккун вукIана, цоги лъикIав аргъанчи сапаралъ унги ватун, зурма бачунев чи вачIинегIан. Гьев вачIунеб мехалде гьай ун йикIине ккола. ТIокIаб гьалда бихьараб жоги гьечIо. Гьений йикIунги гьай йиго. ЙикIинчIей ани гьалда КъурахIги аргъанги букIараблъи лъазе букIинчIо.

Рокъоб Идрисида бициндал, гьезул хIукму ккана, цее йикIарай гьудул хIисабалда дандчIвай

гьабун, берцин кIалъан, Ц1их1илалъул хIал бихьизе Идрис живго тIамизе.

12.

ГIемер къоялго инчIого Идрис вачIана АхIмадинихъе ЦIихIилица хъван бачIараб кагъатги босун.

Цебе гIемераб салам-каламги бугоан.

Хадуб: “Нилъ кидалъизегIанин гьадин рукIинел? Дида лъалаан мун диде тIад вуссуневлъи. Дуда цадахъ доб къоялъ столовалда кванараб гIадаб тIагIамаб квен гIумруялъго бихьарай гIадан гуро дун. Дур квералда тIад лъураб квер, жеги хинлъи инчIеб, гьебги кIаркьеналда гъоркь лъун кьижараб гIадаб макьуги дие киданиги щвечIо. Нилъ лъихъго гIенеккичIого нилъехъго гIенеккизе ккола. Мурад-сахлъи.”

Хадур рукIана кочIол гьал мухъалги:

Ралъад къанани, гама
Ракъдада хьвадуларин,
Хьухьан бугин дуниял,
Дуца мугъ баралдаса.

Къаси мехалъ баккулеб
Бакъулги гIадат гьечIин,
ГьечIин дие тIокIаб къо,
Къаси сордо гурони.

АхІмадиница абуна, гьеб кагъат Сакина-кІодода бихьизе кколин. ЦІихІилалъул гурел гІадал рагІаби гьенир ругин. Дуде гьарурал гІадал рагІабиги гьел гьечІин. Гьединал цІодорал рагІаби ургъизе лъалей гІаданги гьей гурин.

Кагъат цІалигун, кІодо лъикІ гІодана.

— Гьел мухъал рукІана эбелалъул доб тІехьалда хъван, — ан абуна кІодоца цудагьай гІодойеччарай мехалъ. — ЧІужуги хун къварид вугев мехалъ, Сахратулагь гьел рагІабиги абун гІодилев рагІанин хъван бук1анин т1ехьалда. Гьелда хадубги букІана, “къасе дица гІадал сардал рогьайгийин”, цо хьамун гІадин абулел рагІабиги… Дида гьанже ракІалда гьечІо.

ЦІихІилица тІехь босун букІин тІобанго лъайдал, АхІмадиница абуна Идрисида, нилъ гьелъул рокъоре ине кколин. Дун инин гьелъул рокъоб хал гьабизе. Мун ЦІихІилги ячун, цо кивениги айин. Цоги къагІидаялъ гьеб балагьизе нилъ лъугьун, жиндего нилъ щаклъараб лъани, гьелъ цоги хІилла ургъун гьеб тІехь тІагІинабизе бегьулин.

13.

ЦІихІилалъул рокъоб столалъул хъурщиялъуб лъун бигьаго батана тІехь. Дол кочІол мухъал

хъвараб тIамачги кIичIизабун жанибехун чIвазабун букIана гьениб.

ТIехьги босун кIодохъе щведал, кIодол букIана хваралъуса нахъ юссун эбел ячIарай гIадин, йохиялъ гIодизе бачIараб батIияб асар.

АхIмадиница гьелъие бокьилеб гIадин абуна.

— Дир лъикIав гьудул лъугьун вуго следователь. Гьесухъеги ун хIужаялъе гьале кагъатги буго. Курхьен босун букIарабги тIад чIчIезабун, тусснахъалъуй туризайичIого теларо гьанже дица цIихIил.

АхIмадиница абураб цIакъ бокьичIо кIодое. Амма кин гьараниги, щиб бицаниги, к1одо ц1унун гьелъие хъулухъ гьабулеб г1адин, Ц1их1илай жийго те ин абураб жоялда Ахмадин кантич1изавизе к1веч1о. Гьеб бичIчIарай кIодо, цин щибдай гьабилаян ургъизе заманги букIине, как кватIулеб бугин жание рокъое ана. Гьев кантIизавизе къварагIарай гьалде ракIалде вачIана Нурбикал дов, кирпичги кьабун чIварав вас.

— АхIмадин, дир вас, — ан ахIана кIодоца. — Гьаниве вачIая, г1одовк1ая дида аск1ов Дуда ракIалда бугищ доб Нурбикал вацасул бертин? Мун вукIинчIищ дова?

— ВукIана. Дуда лъала гури, дун гьенив вукIаравлъи.

— Кинаб къиматха дуца бертадуе кьураб?

— Дудаго бихьичIебищ? Гьеб дида щибизе гьикъизе кколеб? Кинабго цIакъ берцин букIана. Нахъияб къоялъ дол палупаназ ургъараб жо бихьарабищ. Доба гурони дида палупан кварида кваназавулев, хадубккунги кибго бихьичIо.

— Бокьана дуе бертин, гурищ?

— У. Нурбика жийго йигей цIакъай гIадан! Кинабго жо берцин гьабизе долъул бугеб махщел.

— Гьелеха, гьанже гIенеккея дихъ. Дозие бертинали киса, жужахIалъул цIаялде буссунаан дозул гIумруго, — ян абуна кIодоца. — Гьев, жакъа мун гIадин вачIана нилъер Мирза, следователлъун живго хIалтIулев вугев мехалъ. Кирпичги кьабун Нурбикал вас чIварав чиги ватанин, гьев чIваралъухъ Нурбикал вацасул васас кьун букIанин жиндие гIарацин гьевги мукIурлъанин. Гъос абулев вацасул вас гьеб лъалелде машинаги бегун хун вукIана.

— ЧIа, бичIчIинчIо, гъов чIвалелде цевейищ Нурбикал вацасул вас машина бегун хун вукIарав?

— Гуро. Цеве чIван вукIинищха. Хварав чияс гIарац кин кьолеб? Дуда бичIчIулеб гьечIо

— Щиб гьел вацгIалзабазда гьоркьоб ккараб?

— ГIорхъолъа ун нахъегIанав жо вукIана гьев, машинаялъ чIварав вас. Инсул гIарац гIемерлъиялъги вукIун ватила. Лъабалго вацяцазул хъизан буго гьеб. Гьев вас вукIана Нурбикал цояв вацасул вас. Жиндиеги йокьун

йикIанин Айзана, амма Нурбикаца жиндирго васасе гьей ячанин, гьединаб берцинаб гIумру гьезие теларин гьабураб нахъегIанаб пиша букIун буго гьеб, дов туснахъалда вук1арава васас Мирзада бицунхъе.

Дица малъана: Мирза, дир васин, гьел васалги ракьулъ ругин, гьес дуда бицарабги дуцаги ракьулъ лъейин. Гьеб лъай гьезие васал хвеялдаса захIмалъизе бугин. ГIайибиясе судги Аллагьас жинцаго гьабун бугин. Лъидаго бицинчIого гьеб питна бахчани, Аллагьас дуе лъикIлъи гьабизе тIаде босизе бугин. Гьанже, доле, бихьанищ? Дозул алжангIадаб дуниялги, дуниял-гIалам урхъараб бертинги дозие букIинааниц, доб судалдеги кьун дозда гьеб кин ккарабали тIатарабани? Тушманасе чан сон кьуниги, чIварав нахъе вачIунищ? Вацяцалда гьоркьоб гIумруялъго тушманлъи, гIадамазда жаниб нахъегIанаб гIодорегIанлъи, тухумалъе дару гьечIеб унти букIинчIищ гьеб?

Нилъеца гьеб тIехьги нилъедаго жаниб, цIар къватIибе бахъичIого, билунцин букIинчIебин тела. ЦIихIилалъе судги Аллагьасго гьабун буго, гъодинаб гIамалги кьун, лъиего жийго йокьуларейлъунги гьаюн. Следавателги щай? Жиндирго квералъги хъван кагъатги босун жийго ячIарай гIоларищ? ТIадеги кинаб лъалк1 балагьизе лъугьинев следовател?

— Гьебги битIун буго. Амма, гьабу-гьабурабги хIехьон рукIинчIого чIолеб бакI лъазабичIони, метер цойги, гьелдасаги кIудияб гьабила гъолъ. Цинги щибилеб?

— АхIмадин, гъодинал чагIазул чIел буго ццин. Ццидал чIчIей букIунаро. ТIадеги цоги квешаб нилъее киндай гьабилаян ургъизе тIамичIого, гьабуралдаса жалго нечон, жедеего квешаб гьабизе нилъ ургъулел ругин хIинкъадго тараб лъикIаб букIуна. Цинги Аллагьас, нилъедаги хъвачIого, жинцаго цоги рахъалъан бецIула, дир вас. Квешлъи буго, гIайибияв гурев, кIал цебе ккарав бергьаравин кици батараб байт. Эбелалъ абулаан, вас лъикIав вукIунин къо ккечIев. Нилъее гьеб щай, тIехьги кодобе щвараб мехалъ.

— ЛъикI буго, к1одо, мунги йит1ун йиго. Гъолъукьаги хIинкъун, нелъер рокъоеги яч1ун техь босун арай гъой, бергьунищ гьанжи тезе кколей!

— Гьелеха, жеги бичIчIун гьечIо дуда кинал бергьун, кинал къун ругелги. Бергьен-къеялъул магIна щиб? Бергьарав вукIуна битIун ккарав. Бикъараб тIехь рокъосаги босун кIалъачIого нилъ чIей, гьеб гъой бергьинищ?

Кин бицаниги АхIмадинида гьеб тезе ракIалде ккечIин хIинкъарай кIодода, бергьунин гьес абураб мехалъ, ракIалде бачIана цебе заманалда букIараб цоги лъугьа бахъин.

— Гьаниве балагьея, анкьго-кьерилалин абулаан цебе цIакъго мухIканлъи лъалеб гьечIеб заманаялде. Сурат бахъулеб жо букIун гьечIо доб заманаялда, кверал гьеб бахъулел Аллагьас кашпурлъи кьурал махщалилал гурони. Гьединал суратал рахъизе лъалев цо васасда, ургьиб лъимер бугей гIолохъанай яс данде ккола. ГьитIинай гьелъул гургинаб борхараб чехь, гьеб бихьичIого букIине тIаде бачараб кIазил рагIалдасан чвахарал халатал симсал, нечарабго гьими бахчулеб гьумер… Жиндирго бугеб махщалидаса чIухIун, гьей лъимаде йигей гIадамалъул сурат бахъизе къасд ккола гьев васасул. Я гьелде кIалъан, я гьей щиян гьикъун гуреб, гIицIго сурат берцинаб лъугьин гурони мурад букIинчIила васасул. ЦIакъго берцинаб сурат лъугьун гьеб бихьарав гъой ясалъул росас, жинцаго кьураб ретIел-месед тIасаги бахъун, ургьиб лъимергун гьей расги гIайиб гьечIей лъади, хIатIида гIицIго рокъое тIад юссинаюн йиго. Сурат берцин бахъи гурони, тIокIаб гIайиб гьечIев, цо нухалъ гурони гьейги йихьичIев, гъов сурат бахъарав жеги лъадицин ячинчIев гIолохъанав васги чIван вуго.

Лъимер гьабизе хIараги чIван гьай бахIарай йигеб сордоялъ, кутакаб цIад балеб букIун, хIаршулъ къараб чияр гьоко цIалев вукIарав чи, кварги тIун кьурулъа гъоркьеги вортун, гьеб лъимер гьабураб сордоялъ хун вачIана живгоги.

Сундаса гъов бергьарав? Аллагьасда лъала кинабго…

— Щибха гьев чияс гьабизе кколеб букIараб? — ян гьикъана АхIмадиница.

Гьанжисалалъ гьеб жиндиего гIакълу къваригIараб суал букIана гьесул.

— ЦIакъ берцин бахъун буго, диего телин дица абин, абураб ани, лъугIун букIана, чияда бихьизе бокьун букIун батичIони. Суратги гурищ гьеб? Я бихъе, я бухIе, я бахче. Чи чIваялдаги, лъимаде йигей лъади хIакъир гьайиялдеги данде лъолеб жо гурелъул гьеб? Кин гъов бергьарав?

— Гьеб дица щибизе бицунеб бугеб жо? — ян цIидасан гьев гIенеккизе тIамуна кIодоца. — Чан сон долдаса аниги, УхIума вортараб кIкIалин цIар лъуна гъоб кьуруялда. Гъов щиб сордоялъ вортарав, щиб квешлъи гъос гьабун букIарабалиги жеги кIоченчIо... Гьеле гьанжи дудагицин лъана. Гъозул тухумалдеги, гьоко цIалаго вортаразулин, жакъаги васасе яс абизе кканиги, яс росасе кьезе кканиги гIадамазда жаниб агьлуго гIадахъ гьабулареблъун хутIана. Сундаса гъов бергьарав? Гъой ЦIихIил, жаний щиб сабалъун тIамурайин гьикъуларебищ? КIодол тIехь бикъун гурищ? Чан нухалъ ЦIихIилалъул цIар бахъаниги, цадахъ кIодоги рехсезе, нилъго гьелъ тIехь бикъарал чагIийин гьаризе, эбищ цIакъаб жо? Щиб дуца бицунеб! — ан

гьаб нухалда цудагьай ццим бахъун хъачIго кьварун кIалъана кIодо.

КIодолги ЦIихIилги цIар данде рачунеб бакIалде щведал цIакъго бичIчIана АхIмадинида гьеб киналъулго магIнаги, багьаги. Ине тIаде вахъарав АхIмадиница, дица гьанже Идрисги валагьизе ккелин абидал, лъана Сакина-кIодода гьесул пикраби батIайиса хисараллъи.

Гьев ун хадув жийго хутIидал, къварилъигIатIилъиялда йигей мехалъ абизе рачIунел рагIабиги абун, жиндиего бокьулеб бакъаналъ ракI чучизе гьел рикIкIине лъугьана Сакина-кIодо:

Нилъекьаго къолеб
Къварилъи гьанже,
Къоги щун бусада
Хварав чи вуго.

Къоял тIагIун хадуб
ТIаде бачIунеб ,
Бичасул хIукмуйин
ХIалхьи батулеб.

БетIергьан, дуца дун
Йижулеб мехалъ,
ХIажат гьечIеб ургъел
КIиго лъун буго.

РахIатги хIалхьиги
Бикьулеб мехалъ,
Гьоркьоб лъолеб тIамач
КIочон тун буго.

Анищ бугел къоял
Арал куц къварид ,
Унго бац бугодай
Дир гIумруялъул.

Цинги гIумрудул чу
Чанас квегъичIеб,
Дий рекIине чIечIин
ЧIчIа балагьилин.

Гьаб дуниялалъул
Пайда гьечIолъи,
Чода рекIаразда
БакIлъи лъалареб.

Цинги гIумруялъул
ГIунгуртIалаби,
ГIодоре рещтIиндал
Щвараб бакI гьечIеб.

Чанги къоял ана
Къаназухъ урхъун,
ТIад гьел чIвалеб заман
БачIинарин ккун

ТIаса лъугьа, Аллагь,
Дукьа нечераб
Заманги бачIинин
КкечIей дидаса.

БорчинчIони рачел
Бичуларелъул,
Дие гьал къоязул
Щун бугеб къисмат.

Дуде щиб гьаризе
Цере кквелелин,
Кверал сородулел
Санал рихьидал.

Сонххол пихъ бижулеб
ГъветIги букIуна,
Дие щвечIеб талихI
Щвана лъимазе.

Рокьуй кьер щай кьечIеб,
Вокьулев Аллагь,
Дир талихIалъул кьер
Кинабан лъазе.

14.

Жиндагоги лъалев, лъалесдаги гьикъулев — гIакъилин; жиндагоги лъаларев, лъалесдаги гьикъуларев — ахIмакъин, батана кици. Абухъего, цIакъго ракIчIун вукIана Идрис, жиндиего йокьарай ясги гIун, гьеб абадияб талихI жиндие бикьун кьурав гIадин парахат. Гьал ЦIихIилил хIалал рихьулел къояздаги гьесда кколаан, жив талихIалъе гIоло рагъда кинабго битIун ккезе къеркьелев вугин. Царал лъалкI батарав чанахъанасда нухлул халалъи лъалареб гIадин, АхIмадинил кIодол тIехьалъул лъалкI лъаралдаса, гьеб балагьулаго унел къоял кигIан аралали лъачIо Идрисида.

Кинабго якъинлъун хадуб щвана Идрис жиндирго абуралъухъе, щибго мунагь гьечIев малаик гIадин, жалго данд чIвалеб бакIалде гурев, гьей риида практикаялъ росолъ йикIиндал, хIалтIулей йигеб бакIалде.

Гьеб заманалада гIакъилал пикраби гьарулей йикIана Залмуги.

— Гьагъадин ракI бакъван эбелги тун, къватIи-росулъе росасе ине дун щай кколей? КигIан лъикI, мунго довегIан къана. Гьедин букIуна гьоркьор чагIиги лъугьун гьабураб ригьин. Заман бахъанагIан кIодо-эбел хваралдаса батIаго херлъун, гIамал хисун лъугьун йиго эбел.

Дунги ани, долъ щибилеб? Гьелда ракI бухIун йигин, абила дица Идрисида. Багьанаги берцинаб буго, — ян гьесде абизе жо къачIалей йикIана Залму, цо лъаларей яс, мун ахIулей йигин цо васасин ячIарай мехалъ.

АскIове щвелелдего, Идрис, гъоркь гIадав гурев, цо батIаяв чилъун вихьана Залмуда. Жиндаго бугеб гIайиб бацIцIадаб роцIцIараб гуреб, цо жо бахчараб гIадаб балагьи букIана гьесул.

ЦIихIилайгун вукIаравлъиги, цойги ккарабщинабги бицинчIого, жидерго гъоркь букIараб къагIида хIазе лъугьун, гьеб лълъунарого вукIана гьев. ГьадагIан заманалъ дандчIвазе щай вачIинчIевали жинца хадуб бицинин, жиндагоцин бичIчIулареб къагIидаялъ гьес рицарал харбаздаса хадуб, Залмуца абуна:

— РачIа нилъ гьудулзабилъун хутIизе. Дир мекъе ккана гьеб баргъич босизе хехго разилъи. Гьанже гьаб бертинги гьабун, цоги нухалъ мекъе ккезе дие бокьун гьечIо. Дуца гьанжи бертин гьабизе ялагье вацас йихьизаюрай гурей, дурго ракI рекъарай яс. Гьаб жо нилъер гIумру буго, расанди гуро. Аби гьечIищ, гьоркьохъанлъиялда аскIосаги ун, рокьиялда аскIоб чIун бугин талихI. Дун йохарай йиго, гьанжениги мун мунго кантIидал, — ан ЦIихIилайги гьоркьое ячинчIого, гьесулгун ракI хвечIого, кинабго бицине, бахъун карта цебе лъурабгIадин, бажарана Залмухъа.

Гьев ун хадуб жиндиего цо дагьал куплеталги магIу гIадин абуна гьалъ гIодилаго:

Басрияб рокьуде кьурун вуссиндал,
Кьабе, Идрис, дуца дунялалъул кеп.
Къанин талихIилан дагIба бачIого,
Дицаги гьаб гIумру гIодилеб телин.

ТалихI бекьаралъуб кьаву баккидал,
Чармил кьуруялда кьурун гъела михъ.
Бортун унин талихI теларин хьул лъун,
Дун гIемер хьваданин хьул гьелдеги лъун.

Дица гьанже рекIел альбом рагьила,
Гьелда жаниб бугеб сурат бихьизе.
Гьелда нахъа хъвараб анищ бихъила,
Нилъер гьанже гьелъул заман лъугIанин.

Рокьи ккарас толел, кьурасе унел,
Нежерго гIадатдай дий насиб буго?
ВацгIал-яцгIалзабаз цоцахъе кьолеб
Ирсил законалъе хвелго гьечIебищ?

Сундаго хадув гъоларев, гьединаб жоялде гьоркьове гIемерго ккечIев Идрис, гьелда аскIоса ун хадув, гъалатIалдаги тIад гъалатIги гьабун Залмул, эбелалъухъе рокъове ана. Гьас ЦIихIил гъорлъ йигеб жо Залмуда бицун букIинчIо. Щиб

сабалъун ЦIихIилгун данд чIван вукIаравги, кIодол тIехьалъулги Залмул эбелалда бицани, живго гьелдаса вацIцIалъулев гIадин, мекъса кколеб пикру бачIана гьасул ботIролъе.

— Гьеб АхIмадинил кIодол рокъоса тIехь босун батилин щаклъарай гIадан ячинейищха гьанже дуе бертин гьабизе бокьун бугеб? — ан сихIираб суал кьуна Симисханица.

ЦIихIилги, тIехьги, кIодоги жубан, жинцаго гьелда бицараб къагIидаялъе жаваб кьезе кIолареб хIал ккана Идрисил.

— Сакинатги Залмуги гурони, тIокIав чи вачIун вукIун гьечIо кIодохъе. Гьедин гурищ дуца абураб? — ан дагьабги ццин бахъун гьикъана Симисханица.

— Гьедин гуроха! Батидал гъоб тIехь, — ан кватIун лъана Идрисида живго витIун гьечIолъи.

— Щайха мун, ЦIихIилида хадувги лъугьун тIехь батизегIан, гьеб бицине нижехъе вачIинчIев, щаклъун вукIинчIев ватани? Гьанжи дица дуе яс, гIумруялъ рос щвечIого рокъой хутIаниги, кьоларо! — ян кьварун абуна Симисханица.

— Щай? Гьей дир абурай гурищ? Ниж цоцазе рокьула! Дуда дун вичIулев гьечIо!

Гьединаб рекъечIеб, къварагIел гьечIеб жоялъе цIакъ чIухIарай гIадан йикIана Симисхан.

— Абурай яс я?! АбичIей гьайила нилъеца ей гьабсагIат!

Йортун жаниеги ун, босунги ячIун, босулаго а, дир васин абун, баргъич Идрисида кодоб лъуна, ццимги бахъун Симисханица.

Гьелдаса пашманлъарав Идрис ана ккараб АхIмадиниде бицине. Цого къоялъ Залмухъеги, эбелалъухъеги ун гьабураб гIадалаб кIалъаялдасан ккараб рекIел хвей гьеб букIин, бичIчIана АхIмадинида.

15.

МаслигIаталъе щив витIаниги, гьезде нижеца абулеб жо гьечIин, эбел хун жийго хутIаралдаса къватIиб росулъе яс кьезе бокьун гьечIин, эсие жиндиегоги гIемер къварагIараб жо гурин гьебилан, калам къокъ гьабун, ритIулаан Симиханица.

РачIарал чагIазде щибун абуниги, Симисхан дагьай гIедегIана ригьин щулалъиялъе бачIун букIараб баргъич Идрисихъе жиндихъего кьун хехго тIад бусинабизе.

Гьеб кинабго цоцада бичIчIулареб, гIайибиял киналали ралагьулеб лъугьа-бахъиналда гьоркьоб, бертин гьабизе цIараб заман тIаде щолеб букIана.

ГIумарасхIаб ана Сакина-кIодохъе, мунго ани Симисханихъе щибдайин букIинаян, гIакълу данд базе.

— Дида Сакинатица бициндал, гьелъул хал гьабулей йикIана дун. Балагьеха, бищун нилъ

гьезда чиядасан рагIине гурин хIинкъараб гьеб хабар, Идрисица живго ун бицун, къварагIел гьечIеб жо ккун буго, — ян ургъел гьабулей жийго йикIин, бичIчIизабуна кIодоца. — Залмудаго бицун тун букIарабани, гьенибго тIубалаан. Дун, нужехъе ячIинчIониги, киндай лъикI букIинаян гьелда тIад ургъулей йикIана. Цеего инаан дун. Амма, гьединаб, нилъедаго гIайиб бугеб бакIалде чияр чи витIани лъикIаб букIуна. Нилъго ани, гьениб «дуца-дица» гIемер букIине бегьула. Халисат ячIун рагIула Черкесскиялдаса, хадув вачIине Ибрагьимги тун. ВачIинаго дихъе щвезе вачIинчIого гьев вукIунаро. Дида ккун букIана, гьев кIалъазе лъалев чи вугин, кIиялго гьел ритIани лъикI букIинин гьей эбелалде кIалъазе.

Гьедин цIакъго лъикI букIинин, разиго анна ГIумарасхIаб.

Гьебго къоялъ бакъани как бан лъугIарай Сакина-кIодода рагIана нуцIа рагьун жаниве чи вачIинев. Гьев вукIана Ибрагьим.

— Вай, Ибрагьим, мунищ вукIарав! КигIан лъикI мун вачIарав. Лъазеги лъала дун кIочIон толарейлъи. щиб бугеб нужер? — ан кив гьев г1одов ч1езавилевали лъараго йикIана Сакина-кIодо.

— Квеш гьечIо. Дурго щиб бугеб? Сахлъи кин бугеб?

— Квеш гьечIо, дир вас, квеш гьечIо… Гьадаваго фабрикалда чIчIанаха мун. Нижее мун

камун вукIунев куц. Гьале жакъаги мун къвараг1ун кидадай мун вач1инаян йик1ана, Аллагьас витIун, тIаде мунго вачIана, — ян абуна гьалъ, Ибрагьимида цебе гьесие бокьулеб бетараб рахьдал крушка лъолаго.

— Ккараб жо бугищ? АхIамадинил щиб бугеб, г1енеккулев гьеч1огойищ?

— Гъосулни, щибго гьечIо, ту-ту мащааллагь, — ян абуна Сакина к1одоца. — АхIмадинил бесдал вац Идрис гьеч1ищ? Гьесие абурай ясалъул эбелалъ гьей яс кьеларин, раг1и къаялъе къураб баргъич нахъе кьун бачIана. Гьенире маслигIаталъе мунги Халисатги ани щибдай букIинаян ккун, гьеб дургун бицинин йикIана дун.

— МаслигIатал гьабизе цIакъ бигьаяб жо бугго, гIайиб лъида бугебали лъаралдаса. Гьел щал? Дида лъалел чагIи ругищ гьел?

— Доб, АхIмадинил бертен ракIалда бугищ? Дица дуда кьурдизе ахIейилан абун йикIарай яс йиго гьей. ЦIарги гьелъул Залму буго. Элъул эбел — Симисхан.

— Лъаларо… КъватIир росолъа гьечIищ гъол? Симисхан… Симисхан я? — ян ургъулаго, гьикъана Ибрагьимица. — Эмен щив?

— Инсуда яс йикIинцин лъалеб гьечIо. Гьей ясалда жиндагоги цониги нухалъ вихьунги гьев гьечIо.

— Эб кин? Кинав эмен вукIунев, жиндир яс йикIин лъаларев, гьелъул тIалабги гьабуларев?

— Долъул гIагараз гьей гьайицин лъазе тун гьеч1еб мехалъ, гьев гъаримасги щибха гьабилеб?

— Гьа, тIокIаб жо гьоркьоб гьечIеб батани, гьеб бигьаяб жо.

— ГьедагIан бигьаяб жо гуро, дир вас, гьеб. Дуда лъала, тIагIараб жо нахъе щвезе бигьаяб жо букIин, амма тIагIараб божилъи бигьаго нахъе щолареблъи.

Гьеб кинабго баргъич нахъе кьезе сабалъун ккараб куц кковухъе бицана Сакина-кIодоца

— Сакина-кIодо, щиб букIаниги, дида нуж лъикI лъалелъул, дица гьеб кинабго тIаде босила. Метерго Халисатги ячун гьезухе ина. ГьабсагIат дихъ балагьарал чагIиги руго, хадур рихьила, — абун ана Ибрагьим.

16.

Нахъияб къоялъ, ретIа-къан, къачIа-кIатIан Ибрагьим Халисатгун азбаралъуве вачIиндал, гьев вихьигун Симисханида сири бачIана. Кинабго кIочон гьелъул пикру щвана, доб Черкесскиялда гIолохъанго фабрика балеб бакIалде хIалтIизе ритIараб мехалде.

Вай, доб сордоялъ машинаялъув вихьидал гьав лъачIого вукIине ккани, гьадигIанищха дун

талхарайин, гьабизе жо тIагIараб бакIалде ккана Симисхан.

Жаниве лъугьун йихьарайго, вагь гьай Симисханищха йикIарайин, бицине букIараб кIалдибго хутIун, хIал хисун лъугьана Ибрагьимги.

Гьанже гьесие маслигIаталдасаги къварагIараб жо букIана, Халисат щаклъичIого хех гьениса къватIире рорчIи.

Щиб кканиги, рихха-хочун рукIун, столалда нахъа сверун гIодорчIана киналго.

— Нижер кIудияй Сакина-кIодо лъикI лъазе ккола нужеда, — ян абуна Ибрагьимица. — Лъияб, саламатаб тухумалъул чагIи руго гьейги, гьелъул чагIиги. Идрисги, квешав вас гьечIо. ГIолокъанав вугевлъул, цо-цо гьединаб жо ккечIого букIунаро. Гьедин, нилъеца малъизе, гIакъло кьезе ккола гьитIиназе. Идрисги, кIодо хиралъиялъ, гьелъул ракI бакъвай хIехьезе к1вечIого кинабго кIочон, гьелъул ургъалида вукIун гурони, я нужехъа, я Залмухъа нечезе кколеб жо гьабулев вукIун ватуларо гьев. Амма, гьеб цIакъ тIеренаб жо букIиналдаги, мекъи бичIчIине бегьулеблъиялдаги тIад, жиндирго гIолохъанлъиялъ кантIун ватиларо гьев.

Гьеб бицунаго Симисханиде берал рорхизе кIолеб хIал букIинчIо Ибрагьимил. Хадуб цудагьаб мех ана шивниги чи кIалъачIого.

Вай, дица столалда тIад щибниги жо лъечIогуриин абун, Симисхан яхъун кванил рокъоехун ана.

— Валла лъаларо, — ян абуна жийго хут1арай Залмуца. — БачIинахъего рекъел-маслигIаталде ккараб, хадуб щиб гIумру букIинеб нижер? Гьев Идрис ЦIихIилгун дирго беразда вихьаралдаса, хадуб гьес бицаралда кинха дун божизе йикIарай. Гьеб тIехьалъул ккарабги буго эбелалъе цIакъго захIмалъараб жо… Валла, лъаларо… Кие арай гьай эбел? — абун, яхъана йиххадго Залму.

— Эбел щай нежее? Ниж квананги руго. Мун мунго йихьизе бокьун рачIун рукIана, — ян абун, ине тIаде вахъна Ибрагьимги.

— Нижеда эбгущинаб жо щибха лъалеб букIараб. Живго лъикIав вас вуго Идрис, — ян абуна Халисатица, Ибрагьим щай хекко тIаде вахъаравали бичIинчIогун. — Гьедин ццин бахъун хехго гьабураб жоялда хадуб ракIги бухIула. Нужги лъикIал чагIи ругелъул, нужергун гьоркь-обакI биххизе цIакъ бокьун гьечIо гъозиеги…

— Гьедин тела нелъеца гьеб, — ан, расги магIна гьечIеб рагIиги абун, Ибрагьим къватIиве лъугьана.

Азбаралъур гьел рукIадго, щай нуж унел кванчIогоин, ячIана къватие Симисханги. Кавудал

кIалтIе щведал, Залмуде нахъе айин ишанги гьабун, Халисатидехун юссана гьай.

— Нужер гъое берталъе арай мехалъ, цIакъ нуж реццулаго ячIун йикIана Залму, — ян абуна Симисханица Ибрагьимида рагIиледухъ. — Дунгоги гьеб киналдего бетIер бихизабиледухъ ракIгун гьечIо. ТIоцебе гьабураб гIадаб ригьин букIунарин абула. Щибха гьабилеб… ВитIеха Ибрагьим баргъич нахъе босун. Цо жо ккелеб батилин.

Жинцаго абуралдаса яс кьуруларейлъи гьезда бичIчIинеги, гьезул адаб гьабун гьабулеб жо букIинги гьезда лъазе гIадин, абураб жо букIана гьеб Симисханил.

Нахъе русунаго Ибрагьим кIалъачIого, жиндирго ургъалида вукIана.

— Дун Сакинада щиб бицинебали лъаларого йикIана, — ян абуна Халисатица, дагьал дорегIан щведал. — ЦIакъ чIчIара-хьарай гIадан йихьула Залмул эбел. Расги гIайиб гьечIо дозда. Гьезие бокьичIебани, нилъеда гьабизе кIолеб щибго букIинчIо. Ккараб лъикI! Мунги цIакъав вуго! Гьададин хехгоищ вахъунев маслихIаталъе витIарав чи?

Киналъго бетIер сверизабун, гьелъул хIасил гьабулев вукIиндал, дагьаб кватIун жаваб кьуна Ирбагьимица:

— Идрис гIадав лъикIав вас, киса щолев гьезие? Гьединал жал ккечIого лъил хутIулел? Залмуца бицараб жо, кинабго эбелалъе гIоло буго.

— У-ха, битIараб, эдинги букIине бегьула. Гъоле абурав Инусидаги чIухIун, ХIава жеги долдаса рагьде чиги вахинчIого, рокъой йиго. ГIадамаца абула ясалъул талихI эбелалъул кIалалъ къинабунин. ЧIухIдаризе бегьуларо. ЦIодорай гIадан ятила Залмул эбел. Къокъаб, кьучIаб калам бихьарабищ долъул?

17.

Ккараб бицине, Сакинахъе ине кIолеб хIал букIинчIо гьанже Ибрагьимил.

— Жаниве лъугьун дица батIияб щиб бицинеб, мунго а ккараб бицине. Дун какги базе мажгиталдего ина, — ян мащинаялдаса кIалтIе гьайги рещтIинаюун, ана Ибрагьим.

Кидадай гьал рачIинегIан йикIана СакинакIодо. Жание лъугьарайго Халисатгун кIалъазе гIедегIарай йикIаниги, Ибрагьим киве аравин гьикъана гьалъ

— Идрисида гIайиб гьаби, гьеб захIималъун букIун батилин гьесийин, ккана дида. Дове унев мехалъ вукIарав вохун. Гьел рихьаралдаса, цо батIияв лъугьунги вукIана Ибрагьим. Дун как базе мажгидалде инин ана, — абуна Халисатица.

Хадуб, гIодое йиччан, ккараб щинаб бицана алъ Сакина-кIодода.

— Эдинха дие нуж ине бокьун букIараб. БацIица гурони цIе чIваларин, цIеца гурони бурутI гьабуларин бугелъул. Нужеего гIумру кьейги, васасе талихI кьейги, — ян лъикIаб дугIа гьабуна кIодоца. — Гьанжи цоги нухалъ Ибрагьим гьениве витIизе дун намуслъила. Баргъич босун Сакинат йитIила нилъеца. Залмуги йихьизе, гьелгун хадуб гьабизе бугелъулги бицине.

Черкесскалде тIад вуссине кколаан Ибрагьим. Симисхан ракIалде щун, цо-цо гьелъул хадуб ккараб лъазе бокьунги вукIана гьев. Гьесул къасд ккола, баргъич босун Сакинат ячIине йигин бицине багьанаги батун, Симисханихъе живго гьейгун кIалъазе ине.

Симиханилин абуни, сордо бер къачIого борчIуда ана. Ясалда бицинадай, бицинародай? Кин бицинеб? Гьикъизе эбелгIаги йикIарай ани. Жийго гьевгун йикIараб заман цебе чIезабун, къоялъго мехтарай чIужу гIадин йикIана гьей. БетIер унтун бугин, Залмудаги абун, азбаралъуб бугеб мангиялда егун, гъолго пикрабазда гъапуллъун кколей йикIана.

МаркIачIулги бакъанилги гьоркьоб гIуж букIана гьеб. Кавуялъул сас бахъун ялагьидал, жаниве лъугьун хIинкъадго вачIунев чи вуго Ибрагьим. Щибго йиххичIо, йоххиялъ, гьаб нухалда

Симисханица, гьесда рагIунедухъ кIалалъ абичIониги, рак1алде щварал кочIол мухъал ц1алана.

Мун гьанив вачараб чу киб бухьараб
Чакарул кIалцIи кьун кваназабизе,
Мунго вачIиналъе гIила щиб ккараб
Гьале дун дуй къурбан къабул гьавизе

Цере-хадур гьел азбаралъуса рокъоре рачIинел рихьидал, эбелалъ баргъичалъул бицун букIун, гьеб босун вачIаравлъун ккун нечон Залму, цоги рокъоехун иней йикIана.

— ЧIая, чIая, дир яс, унге. Мунги гьаний чIчIая, — ян иней йикIарай гьейги чIч1езаюн, Ибрагьимие гIодов чIч1езе бакIу лъуна Симисханица.

— Залму, дир яс! Дуца дида кидаго гьикъичIо дур эмен щив-кив вугевин. Лъаларо щай гьикъичIебалиги. Лъалеб букIун батила дуда гьев дидаги кив вугевали лъалареблъи. Холей мехалъ эбелалъ васигат гьабун абун букIана, дур г1амалалдеги балагьун, гьалъул эмен ватулин ц1акъ маг1на бугев чи. Нагагъ гьев данд чIвани, цин жинда тIаса лъугьайин абейин гьесда. Дуда эмен вугин бицинелде, цебе гьесда гьечIеб гIайибалъулги бицейин. Къисматалъ вачун живго нилъехъе вачIарав Ибрагьим — гьав ккола дур эмен. Цоги дуда лъазе ккола, асдаги жиндирго яс

йикIин лъалареб букIараблъи. РакIалда ругищ, Ибрагьим, дол нилъ данделъизе багьанадай ккарал цIурахинкIал? — Ибрагьимидехунги юссун дагьай сихIирго гьимана Симисхан. — Гьале дур яс... Дунги тун мун аралдаса дир бадиса къватIибе арабщинаб магIу... Дуда аскIоб араб кIиго моцI гурони тIокIаб дие гIумро кьун букIун гьечIо Аллагьас.

— ВахI, сон дирго ясгун маслигIат гьабизе витIунишха дун вукIарав? Къисматалъ гьаниве дун вачун бихьулищ, дирго цIакъ божарал чагIазул къварагIел тIубазе вачIун. Аллагьасул хIикмат! Дир яс я! Дун, кьуниги талихI боссе лъаларев чи вугелъул, Аллагьас дие цIунараб хазина. Идирисие абурай ясин йихьарайго, цоги ясаздаса тIокIайлъун йихьарай яс… Гьей яс дирго яс… — ян къвалакье ячана Ибрагьимица Залму.

Хадуй, к1иябго кверал ккун жиндехъего юсинаюун, бадиве валагьана. Нахъойги каранде къан цо гучаб бат1аяб т1аг1ам кванан, гьеб къулч1изе к1оларого вугев чи г1адин вук1ана Ибрагьим.

Залмуе, эмен ватун, батIаяб рохел букIинчIо. Эмен гьечIин ракIалде ккезе тараб къагIидаялъ хьихьарай ясги йикIинчIо гьей. Амма, берталъ, гьединав эмен вугел ясазда жийго бахиллъун йикIунаан Залму. Гьев чи жиндирго эмен ватиялъ,

рекIелъе боржун бачIараб чIухIиялдаса йоххун йикIана гьей.

Инсуда кодосаги йорч1арайг1адин гьей хех цоги рокъое индал, Симисханида бич1ч1ана гьей гьаракьги биччан жийго гурони гьеч1еб бак1алде г1одизе арайлъи. Залмуда хадуй арай Симисхан, дагьаб заманалдасан нахъе юсун яч1ана. Гьелъ кодоб ккун бук1ана г1емерал санаца к1век1араб, чурич1еб гъизараб кьералъул квербац1. Г1едег1ич1ого, лъалищ Ибрагьиминги абун, аск1ойги г1одойк1ун, гьелъ гьавугьин гьеб квербац1ги бичун, гьениса босун баргъич жиндирго килищалда бана. Ибрагьимида бихьигун лъана гьеб щиб баргъичали.

— Рак1алда бугищ, доб къоялъ гьабги босун мун вачIинавизе нижер ясазда, щиб бицаниги, кIвечIо, — абуна гьалъ къваридго, килищалда бугеб баргъич добе гьанибе сверизабун.

Доб, завод балеб бакIалда ясазе жидеего рохел-бакъалъе баргъич бит1и гьабизе къваригIиналъ, пахьул къебедасул васас куналъул кьурун гьабун бук1араб баргъич бук1ана гьеб.

Ибрагьимида рак1алде бач1ана, кисанисаги бахъун, жиндирго квербац1алда гъорлъги жемун, дун щайин, ножоцаго кьейин, г1адахъго гьабич1ого гьебги босун ясал нахъе рит1араб куц.

— Гьаб дур квербац1ги, чанги къваридал къояз къан ккквезе дарулъун бук1ана дие, — ян

абуна Симисханица. — Чара бух1араб къояз ургъелги дица гьалде бикьана, мун камиялъул керенги дица гьалъие чучана, мун рак1алде щвейгун, мах1ги дица гьалъул сунт1ана… Дун херлъухъе херлъана гьаб, г1емер дир ургъел баччун. Балагье, гьалъул т1огьиллъи.

Килищалдасаги бахъун ц1идасан баргъич жаниб жемулаго т1инк1улеб бук1араб жиндирго маг1о бац1ана Симисханица гьеб квербац1алъ.

— Дуца дурго г1умроялъул карта бахъун бугин ккола гьеб дир квербацалда , — ян абуна, щибун гьелъул рак1 бохизабилебали лъаларого хут1арав Ибрагьимица.

Жиндаго г1айиб бугеб бак1 гьениб гьеч1олъиялдасаги воххун вук1ана гьев, жинцаго ячинайиги, жийго нахъе инги гурони, хадуб гьелъул ккарабщинабги лъалареб бук1иналъ. Халисатилгун гурони цоги бат1ияй г1адамалъулгун г1умроялъул рек1елгъей бук1ине бугев чи вук1инч1о гьев.

Ибрагьимица бичIчIизабуна, ГIузаирил инсул вацлъун гьавурав чи хIисабалда, ясалъул квер кквезе вачIин гурони, цIияб жо къватIибе рагIизе гьаб заманаялда рекъон гьечIеблъи.

— Нижерго бихьинчи гьечIелъул, ясалда магьари лъезе вакил валагьулей йикIана дун. Аллагьас витIун вачIун бищун къварагIараб мехалъ живго эмен щведал, гьелде тIаде батIияб талихI

дие бокьунго гьечIо. Мун хIинкъуге, ян дагьаб гьесда лълъуризабун абуна Симисханица.

Сакинат жийго баргъич нахъе босун ячIине йигелъул, гьезул хIукму ккана, Симисханица хехго тIубазе бокьун бугинги абун, Черкесскиялде Ибрагьим инелде гьеб бертин гьабун рагIалде бахъинабизе.

Къокъидго ккараб хIукмуялъул магIна лъалярого хIал хъубазул чахьал рукIана унтун. Гьеб баргъичалъул хабар рагIарабго Идрисиде къасд ккечIей яс гьезул росулъ хутIун йикIинчIо. Гьелъ букIана гьев къварагIарал жахIдачагIазул мугъал рекун. Бертин гьабизе цIараб заманаялъ гьеб гьабизе щвеялъ, цIияб жо гьелда гьикъизеги гьезие рес букIинчIо.

18.

Бертин гьабулелъул, доб Залмуда берцин бихьараб чода рекIун бахIарай ячин, кигIан бокьаниги гьелъие щвечIо. КIудияв АхIмад чоца рехун хваралдаса гьазул тухумалда, бахIарай чода рекIун ячарав чиги лъугьун вук1инч1о.

Сакина-кIодол росолъ букIинчIеб гьезда тIоцебе бихьараб батIияб гIадат — бахIаралъе кьураб къайиялда гъорлъ кинидал тIагIел — бищун берцин бихьун рукIана цоцазда бихьизарулел. Чияр росулъе унеб кини бугин кутакалда къачIан,

кинавго чи гьелъул бицунел, гIажаиблъи гьабулел рукIана.

Кини-къайиялъул иш гьаваялдасан бугониги, Симисханил росдаде бищун бертин мискинаб бакIин абулаан. Бицен букIана: гьезул росулъе берталъе арав росас рокъове вачIингун квен гьаридал, лъадиялъ, мун берталъ гурищ вукIаравин гьикъула; дагьав кепалда вугев гьас, вукIанин, амма доба дам-дам букIанин, чIам-чIам бикIинчIин, абун бугин.

Бертен гьабилелде цебесеб къоялъ киналго рахъун гьезул росулъе къварагIараб щинабги босун ун, лъилго букIинчIеб гIадаб кIиябго росу данделъараб квана-гьекъей гьабизе, гьезие кумек гьабулев чи вукIана Ибрагьим.

Кьурди-кеп гьениб букIунареблъи, гьеб рекъонги букIунареблъи лъалаан киназдаго. Гьединаб къварилъи ккараб рокъосан кьечIого, яцгIаллъул яги цеесей гьудулалъул рокъосан кьолаан гьезул адаб гьабун, бахIарай. ГIадат, г1аданлъи букIана гьебги.

Гьеб къоялъ бакъанида Сакинатица гьудул хIисабалда, бахIарай ячана жиндихъего росолъе. ТIасияб къоялъ гIагарлъиги хадуб бачIун, ахIулаго кечIгун, кьурдилаго, гIодосан бахIарайги ячун, ГIумарасхIабил азбаралъуб букIана кIудияб бертин.

Рекъезабизе гьоркьов Ибрагьимги лъугьун гьабураб букIиналъ, бищунго ц1огидал бертабаз-даса ракI гъолеб бертен букIана гьеб.

БахIарасул рахъалъан васаз, бахIаралъул рахъалъан ясаз, цоцазде ахIулел куплетал хIадур гьарун рачIун рукIана Залмул росуцоязги:

БахIарасул васаз:

Вай нижер бахIарав,
Нижер бахIарав
Меседил кьолбода
Кьурун кун ккурав.

Вай нужер бахIарай,
Нужер бахIарай,
ГъастIа кето гIадай,
САнкIикь гIункIкI гIадай.

БахIаралъул ясаз:

Вай нижер бахIарай,
Нижер бахIарай,
ГIинтIидул тIегь гIадай,
ТIей захIмалъарай.

Вай нужер бахIарав,
Нужер бахIарав,

Гьалда хадув хьвадун
Хьитал рагьарав.

БахIарасул васаз:

Нижер бахIаралъул
Билил гъадриниб
Найил гьоцIо буго,
КьагIрил гьан буго

Нужер бахIарасул
ЩагIил гъадриниб
Бежун гьоло буго ,
Гьалун чIер буго.

БахIарасул васаз:

Нижер бахIарасул
Каранлъ ракI буго,
Кидаго сунареб
Рокьул цIа бугеб.

БахIарал рахъиндал
Хъат зурун чIвалин,
РачIа рахъа тIаде
Цадахъ кьурдизе.

Ясалъе кьураб талихIалъ, дов гIалимчияс абухъе, къварилъаби тIокIкIинарулей, ГIузаирил бакIалда Идрисги васлъун ккун, вас гIадин гьесдаги вукIине лъан, йохун йикIана Симисхан.

Залмуца чанцIулги эбелалда гьикъулаан, дир Ибрагьимин эмен вугин Идрисида бицинищин?

— Вореха, дир яс, ца таралъ мегIер толин бу-го умумузул кици. Дур мацIалъ кквечIеб жо чияр кIалалъ кколареб. ЛъикIал чагIигун данд чIван ру-го нилъ. Жакъа цо бицун, метер цогидаб бицун рукIинчIого, щиб кканиги саламалъи цIунизе кко-ла. КигIан бегьулареб жо духъа кканиги, росасда битIун бицинчIого воре тоге, мун гьес чIвалеб жо ккун бугониги, гьениб маслиг1ат камулареб.

Гьаб буго гьесул инсул талихIаб гIумруялъе зарал ккезе бегьулеб, нилъеда кин гьезда бичIч1инебали лъалареб, нилъеегоги хIикматаб хIукму. Дида кидаго ракIалде щола, эбелалъ абу-лаан дида, гьеб дуца бицухъе сахав, лъикIав чиясе, жиндирго т1алаб гьечIого гьедагIан гIурай яс яти, захIмалъизе бугин. ТIоцебе гьесда цин нилъеего лъимер къварагIун букIараб куц бичIчIизабейин.

Эбелалъ абулаан, цIодорлъияда дагьаб сихIи-раб гъат букIине кколин. ГIемер малъулаан, яхI — чини бугин, кьватIани, гъалаялъ гьеб седоларин. БитIараб бугилан тараб тIекъалде, воре, цебе хIетIе дуца лъогейин. ГIумруялда жаниб гIемер жо кколин. Гьевгун данд чIвалеб къо дуе бачIани,

гьев дир ясалъул эмен вугилан, чияр талихIалде гъорлъе лъугьунгейин. Бикъун щвараб талихI дур рател гурин. КьечIеб бахъулезул мухъилъ нилъ кидаго рукIинчIин. Цо-цо йикIунаан, дун араб мехалъ, дагьабги дунял дуе бецIлъизе бугин. Хадуб гIасрабазул цоцазда рухьин, гьеб дур хьвадиялда бухьараб бугин. Эбелалъ абуна, мун гIодой ккани, тIаде яхъун кквезе нилъер чи гьечIин. Боржунеб хIинчI хъвачIин, тIад гъеду чIчIечIин, рацIадго нилъ щвараб бакI щулияб бугин. Чияр мацIазухъе цIар лъезе щвани, лъалкI хутIичIого гьеб чурун унарин.

Гьеб кинабго букIана Симисханил, жиндаго эбелалъ абунин Залмуда ракIалде чIчIезе букIине, гьелдаги малъулей йикIин бичIчIизе гьабулеб гара-чIвари.

— ЧIч1а, цо эбелалъ малъичIого дидаго лъараб бицинин, — абун, батIияб жоялде Залмул гIенеккизе гъира базабуна эбелалъ. — Ниж цадахъ цIалулей ясалда гьаюраб къо баркизе ун рукIана. Гьезул кIудияб хIадурлъиго гьечIоан. Дореялъул, ниж ракъун ругин, киналго кванил бицунел рукIана. Дун радалисацин кваначIин, цIакъго якъиялъул бицуней йикIарай яс, гьез квен цебе лъедал, цо гьитIинаб жоги кIалдиб лъун, кваначIого чIч1ана. Гьелъухъги ялагьун, дунги кваначIо. Рокъоре унелъул, гьей яс дихъ лъикI ялагьана: «Дудагийищ эбелалъ квен дагьаб бакIалда, цогид-

азе гьебги тун, кванагейин малъун букIараб, бетIергьаби нечечIого рукIине», — янги абун. Гьелдаса хадуб хутIана гьеб эбелалъ дида малъичIого лъараб малъилъун, гьале жакъаги кIоченчIо.

19.

Цо гъотIодаса цоги гъотIоде боржун, гъадил лачен лъугьунаро. Рахьгун кьураб ракьгун гурони толаро. ГIедал течIони, хведал тола. Дуего чияса гьабуни квеш кколеб жо, чияе дуца гьабуге. Гьел-гурелги гIемерал кицаби руго, щиб бугониги бицунеб мехалъ кантIизе, хIалтIизабизе умумуз тараб ярагълъун.

ЦIихIилай, цIихIилайин хъван тола рукIин гурони, нилъеца бицунго гьечIо гьей щий? лъил? киссан яккарай ва гьелъул эбел-эмен ва цIар щиб?

Доб, гьое кьезе босараб загьроги кванан гIачи хун ратидал, Мирзал чIужуялъул инсуда беркIалъ хъат барав чи кколаан ЦIихIилил инсул эмен. Цо-цо кьериялда цо-цо квещлъи гьабичIого чIезе кIоларел чагIи рахъунеб тайпаялъул тухум букIана гьеб. Гьедин наслабаца цоцахъе кьун квешаб гIамал щварай йикIана ЦIихIилги. ЦIар гьелде ЩугIайнат букIана. Жийго гIадамазе йокьун гуртIиялъ ЩугIуйин абун толаан. ЩугIуйин абизеялдаса гьелъие, щаяли лъаларо, ЦIихIилин

абизе бокьулаан. Гьедин киназго ЦIихIил гурони гьелде цIарги абулароан.

ЦIихIилил эбел росолъго лъикIайин абулей, гIодойиччарай гIадан йикIана. Эбелалъулги инсулги гIамалалъул батIалъи бихьун, михиралда хоно бухьараб гIадаб ригьин бугин рукIунаан гьезул гIамал лъалел гIагарлъи.

Гьей рукъалде кьун бертин гьабулеб мехалъин, бицен букIана, гьалда жийго кьолей йигев чи, цониги нухалъ вихьун вукIун гьечIин. Доб заманаялда батIияб гIадаб жо букIинчIо гьеб. Сахал ясал къватIире рахъун гуртIи, инсуца кьураб бакIалде россасе ин — гьеб букIана бищунго къиматлъун рикIкIунеб жоги.

ЦIихIилил эбел, бахIарай, ясазда гьоркьой бадибигъги бигъун гIодойкIун йигей гIадан, киналго тIадеги рахъун хъатги чIван кьурдулесе къимат кьун, гIажаибаб сасун кьурди гьабулеб куц бихьулищин ясаз абулеб рагIиндал, гьавугьин бадибигъги борхун, балъго гьесухъ ялагьун йиго. Кьурдиги берцин бихьун, дов чи нелъехъайищин, гьикъана гьалъ аскIой йигей гьудулалда. Гьудул елъун йиго, кисаяли дида лъаларин, мун нижеца нолъ щвезаюн йикIарай, дов вугин дур росс бахIарав.

Гьединал жал гIемер рукIана. Эбел-инсуца гьабураб ригьиналда разилъунгуртIи, рослъадиратIалъи — гьеб цIакъ къанагIатаб жо букIана.

Щайин абуни, гьезул лъайхъвай ккун цоцада гIамал лъалелде лъимал рукIунаан. Кинабго лъикIлъи, адаб, нич, россасе мутIигIлъи, лъикIал умумузул нух ккун унел ругони, жахIда, хIусуд, гьереси-рекIкI щибжоялицин лъалароан.

Берцинав, чалухав вугониги, гIемерал квещлъиялъул налъи Алагьасда цебе вугев чи вукIана ЦIихIилил эмен. Ресалда вукIиналъги, гIадан жолъун рик1к1унгуртIиялъги цоязул гIакдал рачIчI къотIун, цоязул оцол лълъар бекун бергьун гурони чIоларев чийин, гьесул хасияталъукьа хIинкъун, цIакъавин, довегIан къазавун толаан.

ГIужда какал рай, кIал кквей, какалъе квалквал кколеб щибго жо гьабулароан гьев инсуца. Расги лъаларев чигун, дуца как битIун бала гьечIин багьанаги балагьун, вагъулаан. Цо-цо жинцаго гьабураб квещлъиги бицун, жиндиего кеп щолаан гьесие. Гьеб цIарлъун ккун бицунелъул, гьелдаса вохунгицин вукIунаан.

Гьесухъ гIенеккун вукIарав жамагIаталда гъорлъа цояс бицана, гьасул гаргаралдаса хадуб.

— Дида гIажам тIехьалда батана, доб вахIиго рещтIунеб заманаялда, цо росулъ вукIун вугин цониги как баларев, кIал кколарев чи. Гьев унтидал, мун капур чи вугин, росолъа нахъе къотIун вуго, мун хвани вукъизе нижер хабалалъ хIарам бугин. Гьев араб бакI балагьун гьесие квен босун ун, гьевги хьихьун чIужуги йикIанин. Къокъабго

заманаялда хун вуго гьев. ХІинкъун, цІар бахъичІого чІола чІужуги. Цинги, зодосан вахІи рещтІуна, гьаб пуланаб бакІалда рохьов хун вугин цо вали, гьев берцин хабалъ лъезе айин. Гьенире индал, жидецаго росолъа къватІив къотІарав чи ватарав мехалъ, гІажаиблъун хутІун буго жамагІат. ТІокІаб щибго жо гьесул хІакъалъулъ лъазе кІвечІого, ахІун йиго чІчІужу, дуда лъалеб гьасие ккараб жо бицейин. ЧІчІужуялъ абун буго, дида лъалеб щибго гІаламат лъугьинчІин. Амма, рухІ бахъулеб мехалъ гьес абунин, зодоре кверал-ги ритІун: Аллагьин, бачІеб батани какги дуе бан букІинчІин, кквечІеб батани кІалги дуе ккун букІинчІин, дун гьаниве росолъа къватІив къотІун рохьове витІизе, дица гьал гІадамазе гьабураб квешлъи букІинчІин; Аллагьин, ракІ бухІанин, пащманлъанин, дудаги дидаги гьоркьоб бугеб хІакъалда мун дида тІаса лъугьаин. ГІадамазда жанив ракІ бацІадав, лъиениги квещлъи гьабичІев, чияр бикъараб-бахъараб бецІизе жо гьечІев, чи-ясда нахъасан щибниги рагІи абичІев чи вукІин-дал, Алагьасдаги гьесдаги гьоркьоб бугеб как-кІалалъул хІакъалдаса Аллагьги тІаса лъугьун, гьев шагьидлъун вуго. Гьев лъураб хобалъулги, гІадамал зияраталъцин рачІунел бакІ лълъугьун буго.

Хадуб дов чияс, ЦІихІилил инсудехунги вус-сун, абуна:

— Гьеб дуцаго бицанщинаб квещлъи г1адамазеги гьабун, Аллагьасда цебе дуца гьесие жаваб кин кьезе бугеб? Гьеб хIакъалдаса мун хIинкъуларищ?

— Валлагь, хIинкъуларо, — ян абуна гьес велъулаго. — Дораги гьел хIинкьизе ругин, дица цадахъ жалго жужахIалде рачине гурин.

Гьединаб жоялда ракI рекъоларей ЦIихIилил эбел, абизе гьесие бегьуларелъул, цин веццун, цинги гьесул бугеб гIамал бицун сариналдалъун гьесда гьеб бичIчIизабулей йикIунаан:

Бесдал лъималазул
БетIер лъухьиялъ,
Дур кверазул килщал,
Алжаналъул кIул.

Квешаб щинаб ккараб
Хъвалеб батани,
Мун рехани, свина
ЖужахIалъул цIа.

Дур гIибадаталъул
Камиллъиялъухъ,
Анкьумумузе бакI
ГIарщалъул рагIдукь.

ЦIар тIамун рекъарал
Къалмикье ккани,
Дур хIетIе хъущтIила
СиратIалдасан.

Эгъе хъахIабилан
Чу бергьинчIилан,
ТIаргъал рихъун рехи
ТIадаб жо гуро.

Оц бай дуца гьукъун
Дол пашманаб халкъ,
Чан гIазабдай буго
Духъ балагьун чIун.

Бакъуе тIад кколеб
Самаалъул дугъ,
Дирни хьул лъоларо
Дур алжаналде.

Дур гIазаб хIехьараб
Чан къодай буго,
ЦIидасан дий кьуни,
Кьурун йиссине.

Сонхолалъ пихъ бижулеб
ТIагIам гучаб пихъ,
Жаниса цIулакьо,
ТIаса чинквари.

Къирун-къварун дургун
Анщинал къоял,
Палажителнийин
Тун руго дица.

Жиндирго ясалъул гьединалго рекъечIел пишаби рукIин лъалароан ЦIихIилил эбелалда. Гьеб лъачIого хутIиялъул гIилла букIана, гIадамаз жидеего гьединал жал гьаруралъун рагIизе течIолъи.

Курхьен сабалъун милициялде ккедал, гьанжиялдаса жий лъикIай йикIинин ЦIихIилил гьабун букIараб тавбо, заман бахъилалде биххана. Щиб бихьаниги, кинаб кици тIамун нилъеца гьей кантIулеб жо бицаниги, гьелда жиндирго пиша тезе кIвечIо.

Гьаб нухалда гьелъ гьабураб нахъегIанаб ишалъе, бахчун хутIизе рес букIинчIо. ИчIиде ккараб тIатунин абураб гIадаб жо ккана гьанжесалалъ ЦIихIилие. Гьеб ккана гьадин.

20.

Росулъго дагьаб гIакълу гьечIин абулев васас, ЦIихIил цеесан уней мехалъ махсаро гьабуна:

— Йо, ШугIу, мунги дунги хутIун руго росулъ кIи-кIи рекъечIел чагIи. Дуе, жужахIалъул хIама лъун йикIинегIан, дие ячIаниго лъикIаб букIина.

Жийго цIунизеги цIакъай йикIана Ц1их1илай. Хадуб балагьилин ракIалъги къотIун, гьесда кIалъан жийго дагьайги гIодоегIанлъулеб жо ккечIого букIине, гьаб нухалда гьалъул сабру гIуна.

Дагьал гIакълуялде щвечIезул цо-цо гIакълу цIакъго камилаб, нилъцин хадур гъолареб букIуна. Гъов васасда бичIчIана, кIалъачIого ЦIихIил чIчIедал, гьей жиндие цо щиб бугониги квешлъи гьабизе ургъизе йикIин. Гьелдаса хIинкъиялъ кидаго гьелда хадув хал ккун вукIанан гьев.

Риида хIалхьи гьабизе эбел-эменгун росулъе вачIарав васасда ЦIихIилалъул имгIал, ГIамирханил цохIо йигей яс берцин йихьула.

ГьитIинай жо йигониги, ясалъеги бокьун, кIиябго тухум рекъон ригьнал рагIи данде ккана.

ГIемер гьелдаса вохиялъ, ГIамирханица, абурав васги гIагарлъиги кванде жиндихъего гьоболлъухъ ахIана.

ТIад руссун кидадай гьел рачIинаян гъираялда вукIана, живго кIодо гьавизе бокьулев васасул эмен, нуж кин гьез къабул гьаруралин гьезда гьикъизе бокьун.

Кинацаго кIудияб гIаданлъиги гьабунин, кутакалда беццана. Кодоре сайгъаталги кьунин, нижер адаб гьабун, нечон, йихьизецин нусги ячIинчIин. Ниж къватире инегIан киналго рахъун чIун рукIанин. Кваналелде цере, меседил гIадаб

тIарсалда жанире гIарцул накъищал рахъараб гулгуналъ лъимги тIун кверал чуранин. Кваналеб мехалъ аргъаналъ панаял бакънал рачунел рукIанин. Кидаго рихьичIел гIадал батIи-батIияб тIагIамалъул квенал рукIанин.

«Нижекьа нечон йихьизецин нусги ячIинчIин» абураб бакI дагьаб бакIлъана, гIадаткъагIидаялъул нух ккурав васасул инсуе.

— Яс щай нечезе кколей, тIокIаб гIилла гьечIони? Нуслъун гьаюн сайгъаталги росун йихьизе арал нуж, лъихъе гьелги кьун, щийги йихьун нуж тIад руссарал? — ян ургъел ккун, гьелда гIажаиблъана васасул эмен.

— Эмен, щай мун гьедин лъугьунев? — ан абуна васас. — Дида гьей абурай ясалъ цебесеб къоялъго абуна, дун гьениве вачIунев вугони, гIадаталда рекъон жий нахъе ине кколей йигин. Абурав васасул чагIи рачIунеб мехалъ яхчизе кколеблъи ЦIихIилалъ малъичIебани, жинда лъазецин букIинчIин. Хадур рихьилин.

Ясалда гIайиб гьечIолъи бичIчIидал, лъикIха дир васинги абун, тана, гьениб гьоркьоб рагIигIайиб ккезе бокьичIев инисуца.

Къо тIагIарав чиясул рухI босизе вачIарав ГIизраиласгIанги, гIагарлъи, вац-яцлъи, гьудулгьалмагълъи батIа гьабулароан ЦIихIилица, квешлъи гьабизе ракIалде ккани. Бищун гьелъул

жахIда бачIунеб жо букIана эбел-эмен рекъон рукъалде ясал берцинго кьолеб мех.

Гьаб нухалда, яс йихьизе васгун гIагарлъи бачIиндал, гъоркьа тIурун йигин ккезе гьелъ ургъун букIараб рекIелхвей, эмен-вас гIакъиллъун ЦIихIилалъе щвечIо.

Гьел дурцасул чагIи рокъоре ахIун рачIиндал ккаралдаса нечон, гьелда гъорлъ ЦIихIилайги ятун, цIаялдаса гIадин хIинкъун вукIана ГIамирхан, щибго ккечIого яс рукъалде кьун тIаса ккезе бокьун.

Амма гьеб гьелда хутIичIо.

ЦIар-рецц бокьулев чи вукIун, ГIамирханица, дурцасе кьезе надалдаги нахъияб кIиябго эгъеялдаги чIегIераб тIанкIги бугеб тагьи-чу босула. ТIад лъезе, ЦIивунireги ун, гIарцул узденгалги ругеб кьилиги босула. Ячунеб къо цIайдал кьолеб кIудияб чемоданги босун рачIиндал, дурцасе кьезе къачIараб балъгояб сайгъат букIана гьеб. Лъидаго бицинчIого, рокъоре гьел тIад русун унелъул, бачун жинцаго чIолохъжоги ккун рекIинеги гьавун витIизе, букIана гьеб хIадур гьабун тун.

Лъилго букIинчIеб къагIидаялда, гьениб гIадат гьечIониги, цадахъ кьурдун, гьелде берцинал рагIабиги абун, рохел-загьир гьабулев вукIана ясалъул абурав. Нахъе унелъул, кавудал кIалтIа гьелги чIезарун, чIухIадго ана ГIамирхан, кьолонкъачIан бугеб тагьи чIолохъжоги ккун гIагараз-

даги бихьулаго гьесие сайгъат гьабун кьезе бачун вачIине.

КъватIиве вачIине гьев кватIидал, щай гьес чIч1айин абурабали лъазе бокьун, киналго ралагьун рукIана гьев араб рахъалдехун. ВачIунаго гьес ккаралда щивго чи щаклъиларедухъ хадуб цIан бачунги бачIун, кьили гьечIеб тагьиялъул габуралде чIолохъжо рехула, дурцасул хIал бихьизе кколин, жакъа кьили гьечIеб чуялда киндай гьев рекIунаян. Гьес гьеб рагIи абун бахъинелде, воржараб жо гIадин чодеги кIанцIун, гьелъул жал ккола дурцас. ЧIолохъжоги цIан нахъияб кIиго хIетIеялда квачIид бахъинабун айгъиргун, балагьун чIун букIараб гIагарлъи хагазаруна дурцас. ВукIинисев дурцасе гьединаб кIудияб сайгъат кьурав чи, росулъ цоги вукIинчIелъул, кьили букIине кколеблъиялдего ургъичIого, гIадамазда гьоркьоб гьеб цIакъго берцин хутIана.

Кьурди, кечI-бакъаналда гьал рукIаго, дурцасе кьолеб тагьиялъул кьилиялдаса квегIаб озденг къотIун ун батун букIун буго ГIамирханида. ГьедагIан кIудияб инжитлъи гьабурав чи чIвачIого толев чи вукIинчIо гьев. Доб заманалда, узденг кьилиялдаса къотIиги, тIохтIе гамач1 рехиги ц1акъ к1удияб, чи чIван гурони тIасса унареб рогьо букIана гьеб.

Районалдаса, бикъараб жо тIатинабулел махщелчагIи ахIана гьес. Хал гьабиялъул хIаси-

лалда, ЦIихIилил кумекалдалъун, жиндие ячIайин ЩугIу, жужахIалъул хIама йикIинчIогоян абурав васасул рокъобе батана хьитазул лъалкI. Гьенире швейгун, бахчун батана доб узденгги. Амма живго гьев вас кодове швеч1о. ГIайиб гьесда тIадги чIчIезабун, дело гьабизе лъугьана.

Гъов васин абуни, жиндирго хьитал рикъун ратун, гьеб сордоялъ ургъалилъе ккола: «Дир хьитал лъие къварагIун ругел?» ЦIихIилалъ цо хIилла ургъулеб батилин балагьизе, тIолабго росуго бихьулеб бакIалде, мадугьалихъ бугеб школалъул рагъиде вахун хал ккуна гьес. Школаги рахан, хъаравул рокъове ун жанив хутIичIевани, ЦIихIил кIицIулго имгIаласул дояса гьав васалул гъое уней гъосда йихьилароан.

Радал, хъаравул нуцIа рагьизе вачIинелде къватI лъухьулей гIадамалда вихьун, школалда жанив цо чи вугин ахIана. Гьев васасул талихIалъ, школа бикъулев ватанин, цIех-рех гьабизе гьагъавго следователасухъе кьуна хъаравулас.

Дагьав камуравги вугелъул, ЦIихIилалъукьа хIинкъун, гьез абу-абуралде уйинги абун чIч1ун вукIана гъов васги, щиб гIайиб жинда гIунтIизабулеб бугебалицин лъалареб букIиналъ.

Айгъиралда кьили лъелелдего, школа рахан жанив гъов вас вукIин мухIканлъидал, ЦIихIилие йорчIизе бакI хутIичIо. Жийго гьев васас хIакъир гьайи квеш букIун, имгIаласда гьев чIвазавилин

йикIанин, кковухъе бицун мукIурлъичIого букIинчIо гьелъие рес. Кинабго лъан хадуб, къокъаб заманалда судги гьабун Ц1ихIил жаний тIамуна.

ИмгIаласе гьениб лъикIабги квешабги кIиго рахъ букIана. Цо рахъалъан, дурц рокъове ахIун, кьезе кьолораб айгъиралъул кьилиялдаса озденг къотIун батун, гьедигIан кIудияб жо рагьтIеги вачIун гьабурав, чIвазе кколев чи валагьизе ккечIо. Жидерго вацасул ясалъул гIадаллъи батун, гьеб ургъел тIаса ана.

Цоги рахъалъ, гьедагIан кIудияб балагь ккезе бегьулеб жо, имгIаласул роххалида гьоркьоб рекIел бакъвай, жиндего абураб рагIиялъухъ квешезейин гьабулей яс, жидерго яти — к1иго.

Гьадинги гIиси-бикъинал къварилъаби гIемераб сон букIана гьеб. ЦIихIилалъ гьабураб бахчун тIубалареб нахъегIанаб пищаялъул бицунел, халатаб заманаялъ росдал гIадамал хутIичIо.

21.

Черкесскиялдаса хIалхьиялъул заманаялда росулъе рачIунел рукIана Ибрагьимги Халисатги. Рокъоре щолеб бак1алда, машина бегун, гьел больницаялда ругин бачIана хабар. Ибрагьимие гIемер лъугьараб жого букIинчIо. Халисат чIаго йикIиналда хIинкъи бугин рукIана тохтурзаби.

Анкьгониги къоялъ гIакълуялде ячIинчIого, киналго хIинкъизарун рукIана гьелъ.

Гьел къояца Сакина-кIодоца, гIакълуялде гьей ячIинегIан, аскIов тезе лъидаго божилъи гьабичIо. Гьелъ ккураб кверал ъул хинлъиялъ нижер дарабацаялдаса гьелъие комек гьабунин, рукIунаан тохтурзаби. ТIоцере берал рагьаралго аскIой Сакина ятун, гIодизе лъугьана Халисат.

— Вай, дун васигатги гьечIого хварайани, щибилеб букIараб? — ан гьелъул кверал да тIад квер лъуна Халисатица. — Дун хвани, Сахратазул хабалалъ Зубаржатида аскIой лъезе йосе. Дида лъала дуца гьениб дуего ккураб бакI букIинги. Ахираталдаги дие гьениб нужода аскIой бокьун букIана. Росу батIияб бугелъул, васигатги гьечIони, дие гьеб щвезе букIинчIо. Мун аскIой ятидал, дие гьанже хваниги къварилъи гьечIо.

АскIой йикIарай тохтуралъ, гьанже дуе васигат къварагIунарин, ракI бохизабуна. Бекараб бакI букIинчIелъул, дагь-дагь ккун яхъун хьвадизе, рокъоб гIиси-бикъинаб жо гьабизе, квалквадизе кIолей лъугьана Халисат. Гьелде щвезе рачIунаан росулъе хIалхьи гьабизе рачIарал росуцоял. Къасе цIад бан, къад бакъ щун, кидаго букIинчIеб берцинлъи бугин бицунаан гьез. Мун-ни хваралъе щун нахъе ячIанин, гьелъие рохел-рекIелгъей гьабулел рукIунаан. Гьелъ батила, чанцIул телефоналде ахIун, ячине вачIинищин Ибрагьим

кIалъаниги, машинаялда рекIинего хIинкъулей йигин, нахъ тIамулаан Халисатица.

Къо гьитIинлъулеб букIана. Радал-бакъанида дагьаб квачан, гъутIбуздаса тIогьилал тIамхал гьороца гIодоре ортизарулел рукIана. МугIруздаса гIиял, гIалахъ кулиялдаса хIайванал рокъоре рачун, жиде-жидер хир–хер рокъобе бак1арун, цоцазде чи регIулареб хасалихълъи букIана гьеб.

Жийго ячине вачIайин Ибрагьимиде кIалъан йикIиндал, Черкесскаялде инелде Сакина-кIодохъе къолъикI абизе ана Халисат. Кидаго унтичIей гIадан гIадин гьейги йихьун, гьелъие щиб хъулухъ гьабилебали лъаларого йикIана кIодоги. ЦIакъ аваданго йикIана Халисат, гьенире росизе рукъарал гордазул, бакъвазабураб гьаналъул, жий авариялде ккун йикIараб лъалелъул, щвезе рачIине ругел гьудулзабазул бицуна. Цо бакIалде гIедегIун йигей гIадин рахIат хунги йихьулей йикIана Сакина-кIодода гьей.

Цебесеб къоялъ мадугьалзабазул бертин букIана. КъватIиса рачIарал гIолохъабаз гьарурал гIодоб расандабазул бицун, хьиталги рахъун бетIералда тIагъралги лъун кьурдарал ясазул бицун, рохалил хабар-кIалалда рукIана гьел.

Тирщун тIаде яхъана Халисат, цо жо ракIалде щвараб гIадин.

— Нижни, гьез ахIунги рукIинчIо берталъе. АхIичIониги, Ибрагьимилги лъикIал гьудулзаби

рукIана гьел. Гьание аскIое щварай гIадан, гьевги вохун вукIине, гьезие гIаданлъи гьабун дагьаб гIарац кьезе ун ячIина дун.

Дудаго лъалин, Сакинаца абидал, инчIого чIчIезейин гIодойкIарай гьай, нахъойги тIаде яхъана:

— Инин дун.

— Дунги илъинаан, — ан абуна Сакинаца, гьелъул сантIари бокьичIого. — Дица ячун ячIарай гIаданлъун дуе щай? Мунго гьел гIадахъ гьарун ячIарайлъун ани, лъикI букIина.

Халисат арайго, рузман къоялъул бакъани как кватIулеб букIун, гьебги бан, хадуб дугIацин гьабичIого, гьалъие Черкесскиялде босизе кьелеб гIадаб сайгъат щибдаян балагьизе тIасияб рокъое яхуней йикIана Сакина-кIодо. Мадугьалзабазул рокъосан цо борхараб кIалъай-ахIи рагIана: «Тох-тур, хехго тохтур!» — ин, абулеб. Екерун азба-ралде щведал, тIун кьергун чIарбида халаса лъун йиго Халисат.

— Вай, алъие лъугьараб щиб? — ан тIад речIчIана Сакина.

— Расги гьечIого нижгун кIалъан, рокъое ине тIаде яхъиндал, жиндир канлъи ине бугин, гьелъ къед ккуна, — ян бицана гьезул цIияй ячарай ну-салъ. — Гьединги, гIодое йортичIого дихъе кквезе щвана.

Хехго тIаде щварай тохтуралъ гьей тIаде яхъине йиччачIого, киназго кодой ккун ячейин малъана. Районалдаса ахIун Халисатиде рачIарал тохтурзабазда гьелъул унти лъикI лъалаан. ГьанжелъизегIанги гьей чIаго хутIиялда гIажаиблъунги рукIана гьел.

КIиго къоялъ йикIана Халисат цо хIалалда.

Ибрагьим вачIун, гьев вихьизегIан чIч1ун йикIарайгIадин, цо гьесухъги балагьун, рухI ана гьелъул босун.

ТIокIал рагьуларел беразда тIад квер лъун, къолъикI гьабизе щвана Ибрагьимие. Жинцаго васигат гьабураб Сакина к1одол гъоеги яч1ун, расги унтич1ого гIажаибаб хвел букIана гьеб.

Ибрагьим вукIана, нужеца кьабураб тел дихъе щвечIин, дун гьелъие ккараб лъан вач1унев вукIинчIин, телефоналдасан жий ячине вачIайин, вихьизе вокьун вугин, гьелъ абурал хинал рагIабазул бицунев. Тохтурзабаз абуна Ибрагьимиде бокьараб бакIалда гьедин ккезе рес бугеб хIинкъараб унти букIанин гьеб. Нухасан ккезе ресги букIанин, нижеда лъан Черкесскиялде ячине нижеца йиччазеги йикIинчIин.

22.

Хваликьа цIакъ хIинкъулаан Халисат. Дуняалдаги Сакинал тIалабаз тIокIлъи щварай

йикIиндал, ахираталдаги, Зубаражатидаги гьелдаги аскIой йигони, гьез гIазаб тIаса бикьилебин кколаан гьелда. Гьедин гьабураб букIана васигатги. Гьале жийго Сакинахъеги ячIун, гьелъул рокъой хвей швана Халисатие. Гьеб рагIун, кинавго чияс хIикмалъи гьабун бицунеб букIана гьелъул васигаталъул.

Жалго авариялде ккараб мехалъ, дагьаб заманаялдасан рокъове вачIине кколин, Ибрагьимица къватIиса хIукуматалда хIалтIуда вугев васасде лъазабун тел битIун букIинчIо. Бищун захIматаб жо гьеб букIана Ибрагьимие. Гьелде тIадеги, гьесухъ букIана вас Аликил ахиралда бачIараб, жеги Халисатида бихьичIеб кагъат. Эбел-эбелан гурони, инсуде хъвараб жого букIинчIо кагътида.

«Эбел, — ин, хъвалеб букIана васас. — Рес ккани, цоги соналъ гьанирго чIезе бокьун буго, мун разилъани. Ты не переживай. Мама, я тебя так люблю, очень, очень.».

Эбел йохизейин, гьединал гIурусалъул рагIаби рукIана гьелъухъе цIализе щвечIеб кагътида.

Халисатида хадуб Симисханилги, гIел цояйги йикIиндал, унго-унгоги кутакалда ракI бухIана. Сакинада гьезул гьоркьоб бакI, Идрисил якьад хIисабалда гурони лъалареб букIиндал, дагьабги лъикI бихьулеб букIана гьелъул ракI бухIиялъул иман.

— Лъабаздаго гьоркьой бищун кIудияй дун йикIана, хвезе рекъарайги дун йикIана. ХIукму адин букIун буго. Балагьеха, ккараб куц. Дунго жаний лъезе ккураб бакIги Халисатие кьун, дунго бакьулъе ккезаюн, ахираталъул рукъги дицаго рекъезабизе ккана. Цо эбелалъ гьарурал рукIинчIолъи гурони, яцал рукIана ниж, — ян, жалго лъабалго цадахъ рукIаго ккарал лъугьабахъиназул Симисхание бицун, гIемер гIодулей йикIана гьанже Сакина-кIодо.

Цере, цоцазда тIаде-гъоркье ун ракI жубарал гьудулзаби рукIинчIо гьел. Гьанже, Зубаржатги Халисатги гьечIого хутIарай мехалъ, гьезул бакIалда ракI чучизе чара гьечIейлъун йикIана кIодое Симисхан.

— Сахратазул хараби ругел авалалда лъунин бицунел руго киназго. ЦIакъго къимат бугеб бакI батила нужер гьеб, — ан абуна Симисханица.

— Гьеб гуребги, шайихас кьучI лъурал хабзалинги абула гьеб бакIалде, — ян хабалазул хабар лъазе бокьун букIин бичIчIигун, абуна Сакинаца

Хабаралъ дагьабги ракIал гIагарлъизарулелъул, щай Сахратазул хабалин гьезде абулебали, гьеб ккараб куц бицине лъугьана Сакина-кIодо.

— Сахрат вукIана кIудияв наиб. Гьесул к1дияв инсулги ц1ар бук1ана Сахратин. Гьесул мадугьал вук1ун вуго гIанкIоязул мацI лъалев

шайих. Гьанжи, гаьав к1удияв чIч1ун вуго, дидаги гьеб мацI малъейин.

ГIенеккун чIун йикIана гьединаб хабар бицун рекIелгъеялъе гьалмагъ кидаго щвечIей Симисхан.

Сакинал гIамал букIана, цо жо бицине байги бихьун, гъов чиясул гьелде гъира бугищан хIал бихьулеб.

— БакъгIаги кибе щун бугеб? — ан рагъидасан зоб бихьулеб рахъалдехун ялагьана гьай.

— Жеги хеккого заман буго. Бице-бице, хадуб щиб ккараб? Гъосда мацI лъарабищ? — ан щвараб бакI лъазе малъарабгIадин, гьикъана Симисханица.

— ЦIакъ захIмалъаби хIехьезе кколеб жо бугин, малъизе бокьуларого бан буго гIемер заман. Ахирги, Сахратица абула, дун гIанкIуязул гIакълуялда хадув вилълъунев чийинищин дуда ккаравин. Гьеб лъалев чилъун дунго вукIине бокьи гурони, мун гьедаг1ан хIинкъизе ккараб жо щиб гьениб бугебин. Аллагьасул къадар къоял гьесие тIагIиналъе багьаналъун батила, дов шейх разилъана. ЦIакъго хIажатаб, гьечIого гIолареб жо гIадин, тIад чIч1ун лъазабула гьас мацI. ТIоцебесеб сордоялъго гIенеккидал, хIелекоялъ ахIула: «У-у-у, нилъее рохел буго. Метер хозяинасул чIужу базаралде ине йиго хIайваналъул бакIвали босизе. Цинги, гьел цоцалъги рагъун, чуричIого хутIун гьеб нилъее хъирщизе щвезе буго».

ЦIакъаб жо букIун бугин гIанкIоязул мацI лъайин абун, базаралдего йиччачIо Сахратица чIужу, рокъоб дагIбаги кколеб рагIулин, жиндие бакIвалигIаги щайин.

ГIемер мехго инчIого къватIиса вачIунев гьасда цо щурщур рагIула. ТIогьилаб гIанкIо буго ханазда тIад къурщида чIараб гIанкIоялда щурулеб, метер мунги тIаде бахъине ккелин, рехьадаса бачIунаго гъоркьеги бортун, хазяинасул куй хвезе бугин, эб мехалъ нилъее къоялъ хъирщадизе щвезе бугин.

МацI лъай букIун бугеб цIакъаб жоян, тIокIаб рехъаде битIичIого хасало боцIуе кваназе харихъ хисун буго куйги.

Гьанже жинца щибго жо гIанкIоязухъ гIенеккун хвезе теларин, мацI лъаялдаса цIакъго вохун вукIанила Сахратула.

ЧчугIа кквезейин гьудулзабигун хIалхьи гьабизе арав чи, азбаралъуве лъугьунаго чIиргъихъуй, къвакъвай бугила гIанкIоязул: «Гва-гва-гвай, — абула тIеметIи чIегIераб гIанкIоялъ. — Метер нилъер хозяинасул базаралдаса бачIинаго лъел кIкIалахъе щведал гьокоги бегун, чу хвезе буго. Эб мехалъ нилъ анкьица хъирщадизе руго».

ВахI, мацI лъай букIун бугеб цIакъаб жо. Базаралде хадув чиги витIун рокъобе бачинчIого, ас гьокоги чуги добаго бичула. Нахъеялъул гъоркье-

ги бортун хвеялдаса, гьадин лъикIилан, чуги хвасар гьабула.

Щиб жиндиего лъугьарабали рухIтIагIун, вахъинецин бокьуларого вугев чи, уна гьав, гIанкIуял ахираб заманаялда бутIрулги далун ругин, къва-къвайго гьечIин, гIенеккизе. Гьав вихьаравго цоцахъги ралагьун руцIухIун чIола гIанкIоял. ХIелкица абула: «Балагьеха, ккараб квеш! Дие цIакъ бокьун букIинчIо жиндирго гIумруялда цебесан холеб букIараб чуги хазяинас бичун хвасар гьабизе. КигIан нилъее бокьичIониги, гьанже нилъер хозяин живго хвезе вуго. Эб мехалъ бокьанагIан хъирщадизе нилъееги щвезеги буго».

Гьеб мехалъ бичIчIана гьасда, базаралде йиччачIей чIужу — куялда цебесан балагь босун холеб, бакIвали босизе иней йикIарайлъиги. Хералъухъ хисараб куйги, чуялдаса балагь босун, чуйин абуни, жиндидасаго балагь босун холеб букIараблъиги. Гьанже живго киве ворчIилев? Цинги, гьев, гьабизе жо тIагIарав чи, хвараб бакIалда лъейин живин рокъоб хъван васигатги тун, мугIрул-щобазде сверизе уна.

— Хваравищха? — ян гьикъана Симисханица, яхIго гьабизе кIвечIого, дагьай гьей лъалхъидал.

— ЧIч1а. МугIрул-щобал сверун хвеялдаса хьул къотIун рокъове вачIунев чи, росу рагIалде дол хабал ругел бакIалде щвейгун, гьесда бихьана нухлул рагIалда бигьародул гIабукI. Вакъи-квенго

кIочон вукIарав гьасул, гьеб къотIун, чехъон кваназе къасд ккола. Нусги рагьун къотIулаго, гьеб гIабукIалъул заз къай багьанадеги ккун, гьеб бакIалда гIодовги ккун, рухI босула.

Ккараб бицине ахIарав дов, гIанкIуязул мацI гьесда малъарав шайихас, васигаталда рекъон гьев рухI бахъараб бакIалда гьенив вукъеян, малъун вукъула. Гьедин, шайихас кьучI лъурал хабалин, цIакъго къиматги гьабула гьел лъалел гIадамаз.

— Вай-вай, — ан угьун, хIохьел биччана Симисханица.

Гьелъул гIенекки цIакъ бокьана кIодое.

— Тухумалъул хабалазул авалин абиялъе гIилла гьадинаб буго. Хадуб, заманго бахъичIого цо чIужугIадан хун йиго. Гьей чIужугIадан йикIинал, Сахратулал адаб гьабун, дагьаб добегIан гьабула гьелъул хоб. Гьелда хадур хваралги гьелда аскIорго лъуна. Гьел нижерго чагIи гурони лъолареб бакIлъун, Аллагьасго гьабун, Сахратазул хабалазул авалин абулеблъун хутIана.

Сакинаца, жийго чIаго йикIаго, Зубаржатие зани гьабулеб мехалъ цадахъ жиндиегоги гьабизабун къачIараб зани букIана. Сакина-кIодое гьезда гьоркьой жийго лъезе бокьидал, гьоркьоб бахъун чIезабун букIана гьеб.

Гьеб къоялдаса, хварав чи лъураб бакI лъазе къварагIараз, доб чIагояб зани бугеб бакIалдаса кибегIан ине ккколелин гьикъулаан.

— Нижехъги вукIун вуго щайих. ЦIарги Вали, живгоги вали, — ян гьоркьоб жинцаго цо щиб бугониги бицине рекъараблъун бихьун, абуна Симисханица. — Ахираталъул рукъ бухъун къачIан, тIаджоги бан тун букIана гьес. Бихьараз бицунаан, зама-заманаялда дунялалъул пайда гьечIолъи жиндаго бичIчIизе, гьенив жанив вегизе хьвадулев вукIун вугин гьев.

РакI бакъварал ругониги, цоцазде ракIал чучараб берцинаб накъит букIана гьезул.

23.

Симисхание цIакъго хIажат букIана гьанже жиндиего гIакълу кьезе, ургъел бикьизе чи. ГIолохъанав вас хун, гьоркьоб гIемер заман инчIого эбелалдаса ятIалъун, щиб къварилъи гьалъие кканиги, Ибрагьим рекIелъа инавизеги кIвечIо гьалда.

Яс гьоркьое ячинчIого, Сакина-кIододасан Залмул эмен Ибрагьим вукIин Идрисида лъазавизе бокьана гьанжи Симисхание. Сакинал ракI чучизе ячIарайлъун чIечIого гьелъие тIагIамаб квен гьабун, мунгун кваназе илълъанин, гьелъул ракI боххулел рагIаби абун, разиго гьелъухъе хьвадизе лъугьана гьанже гьай.

Халисат хведал, гьелда хадуб бекун бугеб ракI бихьун, гIагарлъиялда жидерго гьоркьоб ккараб жо лъалеб букIинчIелъул, гьанже нилъ кин

рукIинелин бицун, Ибрагьим жиндехун кIалъазе гьечIевлъиги лъалаан Симисханида.

Гьениб ритIухълъи дуда кин бихьулебали лъазеги бокьун букIанин, Залмудаги лъалин, Ибрагьимидаги лъалин, Аллагьасдаги лъалин, Сакинада кин абилебали ургъулаго, гьалда ракIалде ккана, цин мадугьалалъул гIакаялъул ккараб бицине.

— Нодоялда хъахIаб тIанкI бугеб гIака букIана нижехъа цо мадугьалалъул....

— Дирги букIана гIака нодоялда тIанкIги бугеб, — ан Симисханица бицине бокьараб гьоркьоб къотIизабуна Сакинаца. — Чияр гIархъиде кIанцIун хер кунеб букIун буго гьелъ. Цо нухалъ, бачIиналъул халги ккун, гьеб бухизе чIч1ун вуго харил бетIергьан. Гъов вихьигун, гъосухъ балагьун чIч1ун буго гIака. ТIилги нахъехун ккун ххерги цебе гьабун, бачIа-бачIайин абидал, жиндихъги балагьун гьелъ бетIер кIибикIанин, гIакагIакаго гIакъилаб бугин Сакиналин, бицун батана гьес годекIаниб… Гьа, бице, бице!

— Гьей мадугьалалда, гIакаялъ гьабун батана кIиго бече. Лъабго гурони х1айван цо рокъоб бегьуларин, ц1ияб х1укмуялда рекъон, хIукуматалъ бахъун унеб заман бук1ана гьеб.

ГIодилаго росасда бицине ун йиго дой, нилъер гIакаялъ кIиго бече гьабун бугин. Лъидаго

лъачIого рачIайин, гьеб цояб бече хъвезейин, вачун вуго рос гьел рихьизе.

ЧIужуялъ, гьел рихьизе чирахъ борхидал, цебесеб соналъ гьабураб бачилги нодо хъахIаб букIун, бокьго цIун бугин ккола гьасда берцинал нодо хъахIал бачазул.

— ВахI, гьаб лъида лъачIогун хъвезе кколеб? Дудаги лъала, дидаги лъала, гIакаялдаги лъала, бачаздаги лъала, бищунго лъикI Алагьасдаги лъала. Щай абулеб, гьаб лъидаго лъаларин? Аллагьасул хIикмат буго гьеб, нилъее хIал бихьизе битIун бачIунин, хъвараб бук1инин абун, чIезаюна гъос чIужу.

Ккараб бицаниги, гьеб хабар щиб мурадалъе бицунеб букIарабали абизе кIвечIого, гьаб нухалдаги нахъ тIамуна Симисханица. Гьалъул букIана, цогидаз абейин тезе — лъидаго лъалареб, жинцаго абизе — жиндаго яшулареб пахролъи. КигIан гьелда Залмол эмен Ибрагьим вукIин лъазабизе бокьаниги, гьанисалалъги жиндирго чIухIиялъ, рагьизе кIвечIо гьалада гьеб балъголъи.

— Дуда аскIоса ине бокьуларого, ун батула заман. КватIана дун, кида щолей рокъое, — ян Сакинаца щибниги гьикъилелде, хехго къватIие лъугьуне гIамал гьабуна Симисханица.

Гьединаб жоялда хадуй гъоларей гIадан йикIинчIо Сакина-кIодо. Гьелъул гъваридал пикрабазда лъалаан гьанже, Ибрагьим чIужу

гьечIого хIебтIуларевлъи. КигIанго Халисатил рухIалда лъан хIал щвелин кканиги, Симисханил хIал бихьун, Ибрагьимил цIарги бахъичIого кIалъан лъикIин ккана кIодода, гьезул гьоркьо бакI лъалеб букIинчIониги

«Дица абила Симисханида, — ян ургъулей йикIана Сакина-кIодо. — Мун мунго цоги росулъ щибулейин. Аний йигей ясалъеги дур ургъелги бугин. Унта-шокълъаниги, аскIор лъикIаб букIунин. Дуда тезе кIоларел гьел гIачи-гIанкIуял анирги хьихьизе бегьулин. Гьа, цойги дица бицина, Залмуда аскIой бокьичIони, инсул чIобого бугеб минаялъулги. Цин, Ибрагьимил цIарги бахъиларо, балагьила цо гъолъул хIал хисиялъухъ.»

Гьаб нухалда кидадай Симисхан яч1инаян йик1арай Сакина-к1одоца, гьей яч1арайго ракIалде кковухъе бицана гьелда. Гьелъул сабруялъе сайгъат букIана гьеб. ЦIакъго лъикI берцин ккана, жинцаго абизе ккечIого гьелдехун Сакина-кIодоца жинцаго кIалъай гьаби. ГьагъадагIан хIажат букIараб, щвараб ресалдаса инкар гьабизе бокьичIого, киндай жаваб кьелаян хIисабазда дагьай ургъалилъе ккун хутIана гьай.

ГIемераб мехалъ Симисхан кIалъачIого чIч1ана. Сакинада ккана, щиб мурадалда гьеб бицунеб бук1арабали гьелдаги бич1ч1ун, гьеб квешги бихьун, гьелъул гIайиб щварабин.

— Батила дида гIайиб, — ян абуна Симисханица. — Амма бокьилароан гьедин дуца абизегIан тIадагьай гIадан дун йигин дуда ккун батизе. Щай дун гьание ячIине кколеяли, дур мурад гьечIеб жо гуро гьеб дида бичIчIухъе. Дуда батIаяб бицун, битIараб бицине цоги дудаса цевесев чи вугей гIадан гуро дун. Мун ритIухълъиялъе гIакъло бергьарай гIадан йигелъул, дица инкар щибун гьениб гьабилеб… Залмул эмен ккола Ибрагьим.

Рагьана гьалъ жиндирго санаца жаниб бахчун хIехьараб балъголъи. Кида ккараб, кин ккараб, Ибрагьимида жиндирго яс йикIин щай лъалареб букIараб, кинабго бицана Симисханица гьеб къоялъ.

24.

Сакинаца АхIмадинида бицун, гьес Идрисида бицун, киназдаго гьеб лъалеб букIана гьанже. Амма, Ибрагьимги Симисханги цIидасан данделъиялъул къисмат къадарлде швеч1о Сакина-кIодол рак1алда гьеч1ого ба1ач1раб к1удияб балагьал.

Гьанжеги жаний йигей ЦихIилалъул баракат гьечIолъиялдасан ккараб букIана гьеб.

Туснахъалда Ц1их1илалде аскIое ккун йикIана рукъзал рикъизе кIудияб махщел бугей, цIар рагIарай цIогьор. Къасе-къасе макьу щолареб заманалда гьел киналго данделъун жиде-жидерго

ккаралъул, гьабураб квешлъиялъул, бихьарагIаралъул бицунел рукIунаан. Жедецаго гьарурал нахъегIанал пишаби гьез бицаралдаса, жинцаго гьарурал рицун гьездаса бергьине къварагIун йикIунаан ЦIихIилги.

Сакина-кIодол буголъиялъул, гьединал бечедал чагIазул вас жийгун кIалъалев вукIанилан гьалъ бицунаго, цIакъ гIенеккун чIч1ун йикIуна гъой цIогьор. Гьай шаклъиларедухъ батIи-батIиял суалал кьун, Сакина-кIодо йигей росу-рукъ, район лъазабула ЦIихIилалдасан дой цIогьоралъ. КъватIие йиччайгун ине, гIурусаз абухъе, жиндиего «добыча» хIадур гьабун букIана гьелъ.

НуцIа рахалареб, къоно тIамулареб магIарул росулъе цIогьор вачIинин лъиданиги ракIалде ккелароан. Цебе гьединаб лъугьа-бахъин цIакъго-цIакъ къанагIатаб жо букIана.

Туснахъалдаса къватIие йиччан хадуй, цIогьоралъ бигьаго балагьана, цIар лъалеб букIиндал, Сакина-кIодол рукъ. Жиндирго цIарги цIехон щиб къварагIелалъ ячIараяли лъаларей гIаданалъе гIаданлъи гьабун, чай лъезе яхъуней йикIарай кIодо, лъикI унтиледухъ къан гъежги ккун чIезаюна цIогьоралъ.

— Лъие къвагIараб жо гьеб дур чай. Дун гьеб гьекъезе ячIарай гIадан гуро. Хехго дур бугеб гIарац-месед босун дир гьаб сумкаялда жаниб лъе, дуе рухI къварагIун батани! СихI къватIибе

бахъани, хъвезе йиго, — ян къвачIаялъуса бахъун, кIичIвараб нус рагьун, бихьизабуна цIогьоралъ.

Гьелъие кьезе гIарац босизе цояб рокъое арай Сакинада, каву къалеб гьаракь рагIана. КIодол букIана тIаса рищун тарал къанагIатал, багьаял къакъадираби, баргъич-кIилкIал жавгьар-якъуталъул тIагIелал. Цебесеб рокъоб хъорщода хъабаялда жанир, тIаде лъелъги бан рахчизарун лъун рукIана гьел. ГIарац босун ячIуней гьелда столалда щущан лъелъ бихьана. ТIокIаб лъугьараб жо кIодода, заманаялдасан жийго йигьинегIан лъачIо. ЦIогьоралда цIакъ лъикI лъалаан щагIил хъабаялда жанибе бечедал чагIаз гIадада лъелъ ба-лареблъи.

ГIарацги дагьаб букIинчIо Сакина-кIодоца кьезе бачIун. Гьелъие захIмалъараб жо букIана умумузул баракат, аманат, жийго цееса индал кIодол батарабин лъимал роххизе букIараб къима-таб хазина рокъоса ин. Щиб бихьаниги къуркь-ичIеб ракIалъе, батIияб къварилъи багьаналъун ккана ахирисеб нухт1е яхъинег1ан дару гьеч1еб унтилъун.

Сакина-кIодоян цIар гьикъарай чIужу цIакъ йокьун йикIинчIо мадугьалалъе. Гьелъ цогияй ма-дугьалалдаги йихьизаюн йикIана гьей. Кинай гIадан йикIараяли бицун, йихьизайизе гьезул ку-мекалдалъун, шагьаралде щвелелдего кквезе щва-на цIогьор.

Рокъоса араб бечелъи кинабго нахъе щванигги, мацI бан цояб рахъ ккурай Сакина-кIодое гьелдаса хадуб кинаб дару гьабуниги, яхъине кIолеб сахлъи лъугьинчIо.

ГIаламалъе хирияй, тухум-кьибилалъул кIудияй, халкъалда жаниб цIар рагIарай Сахратазул хазина, Сакина-кIодое ккараб къварилъи захIмалъун, цоцазда зигара гьабуларев чи вукIинчIо тIалъиялда.

Цо рахъалъан гьеб квеш букIана Сакина-кIодол сахлъиялъе. ВачIарав щивав чи гьелда жиндиргун къо лъикI гьабизе рачIараллъун кколеб букIана. «Гьеб нахъе щвечIого кибе инеб букIараб, мунгIадай гIадамалъул бацIцIадаб хIалалаб боцIи. Чан чиясул дуца ракI бохизабураб, Салатавиялъул чIаголъи», — ин, гьелъие къимат кьоларев чи вукIинчIо.

КIодоян ракI лъукъизабичIого, гьелъул хIурмат гьабун, вай нижер Сакина-бажу-ханумин рачIунаан, гьей йокьулел яцаллъун тарал гьудулзаби.

РачIарал чагIазда кIалъазе лъан, нусабазда гьабизе кколебги малъун, гьел къояца Сакина-кIодода аскIоса кьуричIо Симисхан. Гьелда дагьдагь ккун тухумалде гъорлъе ячIине лъаялъ бичIчIулеб букIана Сакина-к1одода, жиндирго бакI ккун тезе бегьулей, гIакълу бугей гIадан гьей йикIин. Хвалда цее кинабго гьелда тIад къазе щун,

жиндирго хвалил ургъел бигьалъун талихIайлъунги йикIана кIодо.

Гьеб, жиндиего хирияб къисматазул тIехьги, НухIил чIужуялъ гьелдаса пайда босулареб лъан, тухумалъул т1ехь бук1индал, Симисхание кьун гуреб, гьелъухъ х1алт1изабизе тейин хъванги бук1ана Сакина-к1одоца.

Сакина–к1одол ахирисеб мурад т1обач1ого кьуризе бак1 бук1инч1о гьанже Ибрагьимиеги. Гьелъие бокьараб гьабун рокъоса яч1унелъул, Симисханица бач1ана, кие мун кканиги тухум хисизе тогейин, гьаб гьикъичIого нилъ щалали бицунеб нугIлъи бугин, эбелалъ тараб махмар.

Нусго гIезе кIиго камун сонал ран рукIана Сакина-кIодоца. НухIица эбелалъул сонал гьикъаразда гьеб хутIараб кIиго сонги жубан, нужееги кьейги халатаб гIумруян абулаан.

Аллагьасул хIикмат! ТIаде щвезе рачIарал, гьай йокьулел чагIи зигаралъе рачIаралин кколаан гьелда. Гьезие кьезе васигаталда хъван тарал сайгъаталцин, жиндирго кверал рикьизе щун, жийго хвелелде киналго мурадал т1оран хIадурараб жиндирго заниги цебе чIчIун, хIикматаб ахир, батIаяб хвел щвана нилъер Сакина-кIодое.

Сакина хун хадуй, лъабабго аскIоб бугеб зани лъугьана лъимер гьабуларез квер бахъулеблъунги, сапаралъ унев чи нухбитIиялъе дугIа гьабизе рачIунеблъунги, рагъ-кьал ккун, питна-хатIа буго-

ни маслигIаталъул занахъе гьардезе ун рукIаралищин цоцазда малъулеб бакIлъунги, зияраталъ, гьединаб бакI бугин рагIарал чагIи рачIунеблъунги.

Жидерго улбузе бокьулеб тIагIамаб квенпихъгун гIидалъул къо, къурбан къо баркун, киналго лъабабго хъизан гьел заназухъе данделъулаан. Гьезул лъикIал гIамалазул, гIаданлъиялъул бицун ракIал чучулаан. ЦIакъго гьуинлъун, улбузул хIурмат гьабун цоцахъе раккун ракIал журай, абадиялъго холареб гьезул намус цоцалъ бухьун тана Сакина-кIодоца.

Бищун кIудияб данделъи гьениб букIунаан эбелал гьарураб къоялъ. Гьенир данделъи — лъималазе дарслъун, рагIаразе — мисаллъун, нигат гьабуни — зиярат, наслабазул даимаб гъасито гьеб гурони дунялалда гьечIин абизе бегьулеб, къотIи гьечIеб силсила цоцахъе кьолеб бакIлъун хутIана.

Бищун гьей жиндиего камурайлъун йик1ана Симсхание.

Гьелъул тIехьалдасан ахирисеб т1амачалда хъван ратарал жиндего гьарурал гIадал мухъал цIалун, цIад гIадин гIодулаан:

ГьитIинаб тIанчиде
Т1инкIана магIу,
ТIокIаб бихьулареб
Кагъат биччизе.

Сородулел квераз
Бачана къалам,
ЛъугIанин къоязде
Къо лъикI гьабизе.

Гьадин къварид арал
Къоялги кIочон,
Къаникьги лъелаха,
Хванин, гьанже дун.

Къанщинаб талих1алъ
Тури х1ехьараб
ГIумру щвана дие
ГIелин ккезегIан.

Бергьараб тIасан ун,
ТIекъаб гъоркьан тун,
Къун бергьанин
Тана таманаб дунял.

ГIакълу цебе тараб,
Ццин хадуб тараб,
Гъаримаб таваккал
Тана дица мун.

Бихьараб къварилъи,
КъулчIанщинаб ццин
Гьеб дий гIибадатдай,
Яги гIозабдай?

ТIекъалда рекъеч1ел
Къун арал бак1ал,
Къварид балагьанин
Бергьинч1илан дихъ.

Дир г1умрудул чодрокь
Чагъана гьеч1о
Чияй рекъолареб
Бакъан бачараб.

Нусабго саналъулъ
Рас батиларо
Дийго х1ажалъилин
Гурх1ун ц1унараб.

Гъоб хъвазе къасд ккараб
Къисаялда гъорлъ
Жах1да ч1унтун буго
Ч1ух1и хьул буго.

Г1емер къвариг1араб
Г1акъло гъорлъ лъуна
Гьабизе малъараб
Дунго гуккараб

Дица дунялалда
Банин толеб мех
Доб анлъго соналъул
Лъебе-лъебер къо.

Дур х1ат1ил гьаркьихъе
Х1асрат бергьараб
Кьурун вусун мун ун
Хадуй угьдараб.

ГIодун халалъичIеб,
Йохун къокълъичIеб,
РекIел хиялазул
Ханлъи телеб киб.

Бикьизе чи щвечIеб,
Кьурас босичIеб,
СантIари бачина,
Билълъани, цадахъ.

Дунялалда тараб
Доб тетраталъул
ТIамач лъелародай
Дир къайиялъулълъ.

Нагагь жавабалъе
Жагъаллъи ккани,
Гьадинги букIанин
РакIалде щвезе.

Дуде лъураб щукру
Щивасухъ тараб
Щолеб даража дий
Мукъсанлъиладай?

Дуде гIагарлъизе
Бокьун бугелъул,
Ракьалда егизе
Заман щвейги лъан.

ЦеетIун тIуркIичIо,
ТIун нахъ хутIичIо,
ТIад гьан гьечIел лугбал
Тураниги щиб.

Дуца гIемер кьурал
ГIумрудул къоял
ГIазабалъе ратун
ПашманлъичIони.

Угьуйин гIодичIо,
ГIайин елъичIо,
МугIжизат гIемераб
Дир гIумруялъул.

Харида тIегь бач1о,
ТIогьол махI щвечIо,
Къадаралде щвана
Сон гьаюрай дун.

Т1ехьалда руго:

1 тIехь ЛЬАБГО БОРЧIАРАБ СОРДО 3

2 тIехь КЪИСМАТАЛЪУЛ СВЕРАБИ 205

3 тIехь ЧIАГОЯБ ЗАНИ 297

Все персонажи и события, описанные в романе, вымышлены. Любые совпадения с реальными людьми и событиями — совершенно случайны.